# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266 ЯНВАРЬ • 2020 • ФЕВРАЛЬ

1



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

январь **1** февраль

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий,
БищIо Борис, Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2020

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*УсакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

Лъэхъэнэм пэджэжу ........ 3
Къагъырмэс Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ........ 5
**Къагъырмэс Борис.** *Усэхэр* ........ 9

*ТхакIуэ Жылэтеж Сэлэдин къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

Куэдым хуэIэижьт ........ 19
**Жылэтеж Сэлэдин.** *Усэхэр* ........ 22
**Жылэтеж Сэлэдин.** *Рассказхэр* ........ 28

*Хормейстер Бицу Юрэ илъэс 80 ирокъу*

**ТекIужь Заретэ.** МыкIуэдыжын лъэужь. *Интервью* ........ 35
Бицу Юрэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ........ 40
**Бицу Анатолэ.** Дирижёр. *Усэ* ........ 43

## Прозэ

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Мэуэтхэр. *Тхыдэ роман* ........ 45

## Урыс литературэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Евгений Онегин»-р зэдзэкIа зэрыхъуам и IуэхукIэ ........ 77
**Пушкин Александр.** Евгений Онегин. *Усэу тха романым щыщ Iыхьэ* ........ 84
**Толстой Лев.** *Рассказхэр* ........ 109

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Сонет Iэрамэм адыгэ литературэм щигъуэта зыужьыныгъэр ........ 119

## Публицистикэ

**Къэбарт Мирэ.** Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ ........ 130
**НэщIэпыджэ Замирэ.** Бешто Зэкий и адыгэ хьэпшыпхэр ........ 136

## IуэрыIуатэ

Нарт хъыбархэр ........ 141

## ЩIэблэ

**ХьэщIэлI Заирэ.** Псым я нэхъ къабзэр псынэпсщ, гу къабзэ зиIэр цIыху нэсщ. *Интервью* ........ 145
**Гугъуэтыж Артур.** *Усэхэр. ЖыIэгъуэхэр* ........ 149

## Сабийхэм папщIэ

**Гуэнгъэпщ Хьэсэнбий.** Хьэмрэ жыгымрэ. *Рассказ* ........ 154

Нэщэнэхэр ........ 157
Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз ........ 158

*УсакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





# ЛЪЭХЪЭНЭМ ПЭДЖЭЖУ

*Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр Лэскэн районым хыхьэ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1935 гъэм январым и 6-м къыщалъхуащ. 1953 гъэм къуажэ курыт еджапIэр къеухри, зы илъэскIэ абы щолажьэ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу. 1954 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутым (иджы КъБКъУ-м) и филологие факультетым щIотIысхьэри, 1959 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар къеух, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ иригъэджэну къуажэ школми егъэзэж.*

*1960-1961 гъэхэм Москва дэт Комсомол школ нэхъыщхьэм щоджэ Борис, 1961-1965 гъэхэм «Советская молодёжь» газетым и къудамэм и унафэщIщ. ИужькIэ ар щылэжьащ радиом, «Ленин гъуэгу» газетым и редакцэм. 1986 гъэм къыщыщIэдзауэ, пенсэм тIысыжыху, «Iуащхьэмахуэ» журналым прозэмкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ. Къагъырмэсыр 1963 гъэм щегъэжьауэ Урысейм и Журналистхэм я союзым, 1972 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэтащ.*

*Къагъырмэс Борис и япэ усэхэр печатым къытехуэу щIидзащ 1950 гъэхэм. Абы и япэ усэ тхылъыр, «ФIэхъус апщий!» зыфIищар, 1962 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ и усыгъэхэмрэ и прозэмрэ щызэхуэ-*

*хьэса тхылъ 25-рэ – «ГъащIэ лъэужьхэр», «ЛIэщIыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпскI къудамэ», «Махуэм и макъ», «МахуэщIэ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Вагъуэбзэ», «Щыхьэт», «Гупыж», «Лэскэн пшынальэ», урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Москва къыщыдэкIа «Ветка молнии», «След солнца», Налшык дэт «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Быстрина», «Узлы», «Гостите у меня» сборникхэр, сабийхэм папщIэ итха усэхэр зэрыт «Дождевой телефон» тхылъыр, нэгъуэщIхэри. Зэрынэрылъагъущи, усыгъэм къыдэкIуэу, Борис литературэм и адрей жанрхэми хуэIэкIуэльакIуэт. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ зы сатыр, сатыритI фIэкIа мыхъу жыIэгъуэхэр, рассказхэр, басня кIэщIхэр, пародиехэр.*

*Лъэпкъ поэзием зи лъагъуэ щыпхызышыжа, ерыщу, и зэфIэкIым шэч къытримыхьэжу а лъагъуэм ирикIуа усакIуэщ Къагъырмэсыр. Ди зэманым и нагъыщэ нэхъыщхьэхэм, цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ тхакIуэм гу зылъитахэр IупщIу къэзыIуатэ сатыр куэд ди пащхьэ кърилъхьащ. Ар зэрыусакIуэ нэгъэсар и гуащIэ псомкIи белджылы ищIащ. Зэманым и жьы къабзэ зыщIихуа, лъэхъэнэм и дамыгъэ зытель, езы усакIуэм и гурыщIэ нэхукIэ, и гупсысэ узыншэкIэ узэщIа усыгъэхэр ди литературэм и зы Iыхьэф Iщ.*

*Борис и литературно-критикэ тхыгъэхэм къыхощ ар лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэм щIэгупсысу, абы егъэщIылIа зи чэзу Iуэхушхуэхэр IэкIуэльакIуэу зэпкърихыу, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я литературэм фIыуэ щыгъуазэу, абы дерс тэмэмхэр къыхихыфу зэрыщытар.*

*Къагъырмэсыр икIи зэдзэкIакIуэ IэкIуэльакIуэт. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ усакIуэ цIэрыIуэхэу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Шевченкэ Тарас, Петраркэ Франческэ, Мечиев Кязим, Хетагуров Коста, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр. Езым и гуащIэми апхуэдэ гулъытэ игъуэтащ, и усэхэр латыш, болгар, эстон, украинэ, осетин, белорус бзэхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи зэрадзэкIащ.*

*Ди лъэпкъ литературэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ Къагъырмэс Борис къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар КъБР-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, КъБАССР-м и Комсомол саугъэтым и лауреатщ.*

# Къагъырмэс Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Усэм хэт дэтхэнэ псалъэри Iэрыхуэмэ, гупсысэ зыщIэлъ нагъыщэм хуэунэтIамэ, ар поэзием деж нэрылъагъу щызыщIыр а гупсысэм и уасэр усакIуэм къызэрыгурыIуэрщ, ар зыгъэбелджылыри псалъэм и къэгъэсэбэпыкIэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, образ мыхъуа псалъэр усэм дежкIэ щIымахуэ жыгыу къонэ, тхьэмпи пымыту, мэ лъэпкъи къыпимыхыу... Гупсысэшхуэр дахэу, нэрылъагъуу къэIуэтэнырауэ къыщIэкIынщ поэзием и къежьапIэри.

А жытIахэр занщIэу уи гум къагъэкI Къагъырмэс Борис и тхыгъэхэм.

Борис усакIуэ щабэкIэ узэджэ хъунухэм ящыщкъым, абы и нэрыгъыр гумызагъэу, ерыщу, бэнакIуэу мурадышхуэкIэ гъащIэм бгъэдэт цIыху къэгъэлъэгъуэнырщ. А цIыхур ткIийуэ икIи пхъашэу зыкIэлъоплъыж, напэмрэ цIыхугъэмрэ я «щIэтхыкIкIэ» езым и гъащIэ псори, и нэгу щIэкIыу хъуари къепщытэ.

**СОКЪУР Мусэрбий,**
*критик*



* * *

Къагъырмэс Борис езым и лъагъуэ щыпхишащ поэзием. Тхэн зэрыщIидзэрэ Борис хущIокъу и псэр тхылъеджэхэм зэрахузэIуихыным. Апхуэдэ гулъытэ хэха зыхуищI тхылъеджэми и дзыхь усакIуэми кърегъэзыж, аращ и тхыгъэхэр сыт щыгъуи яфIэщIэщыгъуэу щIыщIаджыкIыр.

Борис зыхуэтхэр, зыхуэусэр езыр кууэ зыгъэпIейтей, псэкIэ игъэв Iуэхугъуэхэу езыр щыпсэу зэманым, езым и гъащIэм нэхъ пэгъунэгъухэрщ. Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр псэмыгъэпсэхущ, зэманым къыдекIуэкI Iуэхугъуэ псори жану зыхэзыщIэщ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Къагъырмэс Борис ящыщщ зи тхыгъэхэмкIи, зи дуней тетыкIэмкIи хабзэншагъэр, мыхъумыщIагъэр зи гум темыхуэу абыхэм япэувыф, и лъэпкъым жьэнахуэу къыщхьэщыж, и хэкум гумащIэу хуэлажьэ, емрэ фIымрэ щымыуэу зэхэзыгъэкIыф тхакIуэ гумызагъэхэм.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Къагъырмэс Борис литературэм кузуэ хэзыщIыкI, абы пщIэшхуэ хуэзыщI, литературэ щхьэфэрыдымрэ щхьэфэтегъэжымрэ зи гум темыхуэ тхакIуэщ, усакIуэщ.

Къагъырмэсыр, хьэлъагъкIи къэпщ, фIагъкIи къэпщытэ, – ди литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыхущ.

Борис, адыгэбзэкIэ щIэныгъэфI иIэ къудей мыхъуу, анэдэлъхубзэм и IэфIри, и дыджри псэкIэ зыхэзыщIэ, а псэкIэ къигъэщI гупсысэхэм япэхъун псалъэхэр дэгъуэу къэзыгъуэтыф литераторщ.

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Адыгей критик Чэмокъуэ Тыркубий гу зэрылъитащи, Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр емышыжу щIэм лъыхъуэу, мурадыфIым хуэпабгъэу и шы-уанэ зэтелъ зэпытщ.

Тыркубий къелъытэ Къагъырмэсыр КIыщокъуэ Алим и гъукIэгъэсэнхэм ящыщ зыуэ икIи абыкIэ арэзы умыхъун плъэкIыркъым. Борис и тхыгъэхэм ущеджэкIэ, япэу гу зылъыптэр усакIуэм и гупсысэр куэдым лъэIэсу, къиIэт Iуэхугъуэхэм я гъунапкъэм ину зиубгъуауэ зэрыщытырщ.

Къагъырмэсым гъуэзэджэу къехъулIахэм ящыщщ зауэм зи сабиигъуэр хиубыда щIэблэм я нэкIэ а зэман гущIэгъуншэр уэзыгъэлъагъуж усэхэр. Абыхэм пэжагъыу яхэлъым уагъэпIейтей, язынықъуэхэм дежи плъэмыкIыу уи нэпс кърагъакIуэ.

Дэтхэнэ усакIуэми и тхылъхэм ущыхэплъэжкIэ, гу лъыботэ абы и Iэзагъэм хэхъуамэ е хэщIамэ. Абы и лъэныкъуэкIэ къыжыIэн хуейщ Къагъырмэс Борис и творчествэм кIуэ пэтми нэхъ зэрызиужьыр, и дамэхэр нэхъ ину, нэхъ лъэщу зэришэщIыр.

**ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан,**
*усакIуэ*

* * *

Зэманым и къэхъукъащIэхэмрэ усакIуэм и гупсысэхэмрэ зэрыIыгъыщ, зэхэухуэнащ. Аращ Борис и усэхэр акъылыфIэ, гуащIафIэ зыщIыр. Зэманым и зыужьыкIэр, дунейм, цIыху гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр усакIуэм и гум, и псэм кузуэ зэрызыхащIэм и нэщэнэхэр щынэрылъагъу къудейкъым абы и усэхэм, атIэ, псом ящхьэращи, а «телъыджэхэрщ» Къагъырмэсым и пшыналъэхэр зыгъэбзафIэр, зыгъэкъарур, ахэр гуимыхуж зыщIыр.

Борис и усэ, поэмэ, басня, балладэ, пародие, эпиграммэ, нэгъуэщI жанрхэми иту итхахэм къыджаIэр зыщ: Къагъырмэсыр поэзием и лъагапIэшхуэхэм нэсыфащ, ар хъуащ къэбэрдей литературэм и щыгу нэхъ инхэм ящыщ зы.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр,**
*литературэдж, критик*

* * *

Тхылъеджэхэр куэд щIауэ щыгъуазэщ Къагъырмэс Борис и усэхэм, поэмэхэм, рассказхэм, пародиехэм, рассказ кIэщIхэм. Къагъырмэсыр сытым темыпсэлъыхьами, и IэдакъэщIэкIхэм я купщIэ нэхъыщхьэр цIыху гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ, нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, и гупсысэхэр къэгъэлъэгъуэнырщ. Зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр абы нэ жанкIэ къеубыдыф, фIым и щапхъэр, псэуным и мыхьэнэр езым и гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ IэкIуэлъакIуэу тхыбзэм кърегъэтIасэ.

**БРАЙ Адэлбий,**
*усакIуэ*

* * *

УсакIуэ Къагъырмэс Борис ди шынэхъыжьщ, ди ныбжьэгъуфIщ. Абы хуэфащэ псалъэ гуапэ куэд къыпхуэгъуэтынущ. Гъуэгу тэмэм дытеувэн папщIэ дэ Борис чэнджэщыфI куэд къыдитащ. Ар къыддэIэпыкъурт ди тхыгъэхэр газетхэм къытрадзэнымкIэ, радиом къитынымкIэ. Дэ ар зэи зыщыдгъэгъупщэркъым.

Къагъырмэсым и тхыгъэ купщIафIэхэм нэмыщI, и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми я усакIуэхэм, тхакIуэхэм я творчествэм теухуа статьяхэр, рецензэхэр, эссехэр, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ абыхэм я тхыгъэ куэд.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,**
*усакIуэ*



* * *

Тхэн зэрыщIидзэрэ усакIуэр тетщ езым пхишыжа лъагъуэм. А лъагъуэр цIыкIуу къежьами, иджы ин, бгъуфIэ хъуащ. Хуэм-хуэмурэ зашэщIащ абы и усэхэм, дамэ ягъуэтри, утыкушхуэ ихьащ.

Борис и творчествэр къулейщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зыпщIа нэужь, уогупсыс: ярэби, сыт хуэдэ Iуэхугъуэу пIэрэ усакIуэм игъэнэхъапэр, нэхъыбэу зи щхьэфэ иIэбэр, нэхъ къехъулIэр, жыпIэу. Абы и усыгъэхэр теухуащ Хэкум, анэм, зауэ екIуэкIам, пэжыгъэм, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм, гъащIэм зыщрихьэлIэ мыхъумыщIагъэхэм...

**МЫЗ Ахьмэд,**
*тхакIуэ*

* * *

КъыжыIэн хуейщ Борис бзэм зэрыхуэшэрыуэр. Абы къегъуэтыф гум къинэж зэгъэпщэныгъэхэр, образыфIхэр еухуэ. Абы къыхэкIкIэ дызэджэр наIуэу ди нэгу къыщIоувэ.

Къагъырмэсым и тхэкIэм и нэщэнэхэр уолъагъу: цIыхум и гъащIэр сакъыу къэхутэн, абы и гум щыщIэхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр зэпкъры-

хын, зытепсэлъыхь Iуэхухэм бзэр тэмэму хуэузэщIауэ, егъэлея хэмыту къэгъэсэбэпын. НэщэнэфIщ ахэр.

**ЩОКЪУИЙ Къадир,**
*критик*

* * *

Къагъырмэс Борис зэрыусакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэм нэмыщI икIи критик, публицист Iэзэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ Пушкин Александр, Шукшин Василий, ПащIэ Бэчмырзэ, Шортэн Аскэрбий, Сокъур Мусэрбий, нэгъуэщI куэдми ятеухуа эссехэр. А тхыгъэхэм абы Iэзагъ хэлъу къыщигъэлъэгъуащ а цIыху щэджащэхэм ябгъэдэлъа зэчийм и кууагъыр, лъэпкъым хуащIар зыхуэдизыр.

**АБАЗЭ Албэч,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

* * *

Сэ ди усакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис зэрысцIыхурэ илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъащ. Абы лъандэрэ си ныбжьэгъум литературэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм сыкIэлъоплъ, и тхыгъэу газетхэм, журналхэм къытехуэхэм, къыдигъэкI и тхылъхэм семыджэу зэи къэзгъанэркъым.

1954-1959 гъэхэм Борисрэ сэрэ ди университетым дыщызэдеджащ. А лъэхъэнэрщ абы и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыхуежьар. Къагъырмэсыр тхэн щIэзыдза ныбжьыщIэ нэхъ къыхэжаныкIхэм ящыщт. Ар фIы дыдэуи еджэрт, университет гъащIэми жыджэру хэтт.

А гъэхэм къыщыщIэдзауэ сэ си фIэщ хъурт Борис усакIуэ Iэзэ, лъэпкъ псом къацIыхун творчествэ зиIэ къызэрыхэкIынур. Апхуэдэуи хъуащ. АбыкIэ Борис хуабжьу сэбэп къыхуэхъуащ ар сыт щыгъуи гъащIэм и курыкупсэм хэту, лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу, щхьэх имыщIэу, ныбжьэгъухэм яхуэпэжу зэрыщытар. Аращ абы и усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр купщIафIэ зыщIыр, цIыхум и гум щIехуэбылIэр.

**ЖЭНДАР СулътIан,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ*

*Усэхэр* КЪАГЪЫРМЭС Борис

## СИ АДЫГЭБЗЭ

IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъыр,
Уи гуапагъэр
Куэд щIауэ псэкIэ зыхэсщIау сопсэу.
СлъэкIамэ, ахэр минкIэрэ згъэбагъуэу,
Сыпхуэлэжьэнти, си бзэ, гъащIэ псом.

Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур,
СиIэту уэрщ сизыхьэр лIыгъэ уэгу.
Ди лъэпкъым щыщми,
УзыфIэмыIуэхум,
Адыгэу сыбжу, симыплъэн и нэгу.

ФIокIуэдыр и пщIэр уи пщIэр зыгъэкIуэдым,
КъыпхужызыIэм: «Бзэ лъэрымыхь цIыкIущ...»
Уэ къыпхуэпэж уи бын гуащIафIэ куэдым
Я тхыгъэхэр ипхьащ дуней утыку.

Сэ уэ къыппэплъэм согупсысыр куэдрэ...
Сыхуейщ уи гъащIэр хъуну нэхъри кIыхь.
Насып иIэжкъым лъэпкъым, и бзэр кIуэдмэ, —
ЗауэлI Iэщэншэу, мэхъу ар лъэрымыхь.

Хуэблэжыр лъэпкъым нэхъри уэ бгъэбагъуэу,
Ди адыгэбзэ, куэдрэ утхуэпсэу.
IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъым,
Уи гуапагъэм
Щыгъуазэ сщIынт, слъэкIамэ, дуней псор.

## ШЫ ЗАКЪУЭ

Губгъуэм щызожэ шы закъуэ,
ФIыцIэрэ-фIыцIэу и сокур.
СIыгъыу аркъэныр, сысакъыу,
Ар субыдыным изокур.

Шы хъыжьэ губгъуэм щыджэгум
Сыдихьэхауэ сощакІуэ,
СфІощІыр апхуэдэ щымыІэ,
Махуэр сыгугъэу согъакІуэ.

Ар си Тхъуэжьейуэ къыщІэкІтэм,
Сэри слъэкІынур лъэгъуэнти!
Шыр къэзубыдрэ сышэстэм,
Си гур зыдэплъэм сыкІуэнти!

Шы емылыджыр сІэщІокІыр.
Си аркъэнкІэшыр щІэмыхьэу,
«Уий, си мурадым сыпокІыр!» —
ЖысІэу, шынагъуэр гум хыхьэу.

Ауэ аркъэныр шыхьауэ
СІыгъыу, хьэзыру ар здзыну,
Згъэлъэхъу алащэр щІихьауэ
Ситщ шым и ужьым. Хъарзынэу

Сэ Іэмал гуэрхэр къэсщІащи,
Зэм гъунэгъу дыдэ сыхуохъур...
Гъэр зимыщІыну, губжьащи,
ПфІощІ шы къаруми къыхэхъуэ.

Сэ сыкъалъхуакъэ ерыщу!
СыубыдыхункІэ а шыгъуэ
СызыщІэмыхьэу жэрыщэр
Си гум ищІэнкъым псэхугъуэ!

* * *

Нэщыпхъуэ тІулъами ярейуэ,
Дынабгъэу илъэсхэр дгъэкІуащ.
ПцІым пэжыр къиухьырт сэрейуэ,
Іуэху псори тфІагъэщІт зэгъэкІуа.

Иджы, зи нэщыпхъуэ Ӏухауэ,
ПсэукӀэр долъагъу зэрыхъуар.
Шынагъэм дэ ди псэр Ӏуихауэ
Щытами, ар тщӀыжкъым хъымпӀар.

Зеубгъу жьэнахуагъэм кӀуэ пэтми,
Дыгъуасэ щэхуар къосэтей.
А псори зи жагъуэ къытхэтми,
Иджы къытщырехуэ я ней!

ЩӀыхубэм зеузэщӀ и гупсысэм,
Щхьэхуиту псэуным хущӀокъу.
Хиутэу ядэжкъым хейр мысэм,
ЩыкӀахэу щытам яхурокъу.

Тпэщытщ дэ гугъуехьу мымащӀэ,
МыхъумыщӀэ щӀэинхэр ди куэдщ.
ИтӀани, мурадхэр дгъэзащӀэу,
Гур здэплъэм ерыщу дыкӀуэнщ!



## ЩӀЫМ СЫЗЭРЕПСЭЛЪАР

Щытщ къарапцӀэр шэщым къыщӀашауэ.
«КъакӀуэ, — жиӀэ сфӀощӀыр, — уэ къэшэс.
Тхьэ пхузоӀуэ, шы сэ сыпхуэхъункӀэ,
Уэ лӀы ухъуу щытмэ, Къагъырмэс!»

Си щхьэ сыщымытхъуу, сэ жысӀэнщи,
ШыфӀ мымащӀэ сэри сытесащ,
Си щӀалэгъуэм зездзрэ я нэхъ жэрым
Ижыфын езгъэжу сэ сесащ.

Ноби сфӀэфӀщ сэ, шы бэлыхь сышэсу,
Си гур хэхъуэу, зынрезгъэчын,
Сыт схужаӀэу щытми сфӀэмыӀуэхуу,
Си гъуэгуанэр шууэ зэпысчын.

Щытщ къарапцIэр.
Ар къыспэплъэу сфIощIыр:
«ИIэ, — жиIэу, — къакIуи зэ къэшэс.
Тхьэ пхузоIуэ, шы сэ сыпхуэхъункIэ,
Уэ лIы ухъуу щытмэ, Къагъырмэс!»

Уей, си кIуэд абы къикIыну щытми,
Сыношэсынщ, шы къарэ лъакъуэху!
Сэ уизгъэлъмэ, улъэтам ярейуэ,
ЩIалэ сыхъужынкъэ, уэ ужэху!

## ПКIЭЛЪЕЙМ И ПСАЛЪЭ

Сэ сыпкIэлъейщ,
Сэ сыпкIэлъейщ,
ХузощIэ цIыху Iуэхутхьэбзэ.
Лэжьыгъэ сиIэм —
Си дунейщ,
СхуэхъуакIэщ сэ ар хабзэ.
Сэ сыпкIэлъейщ —
СоIэт зыхуейр,
Сохьыф я нэхъ лъагапIэм.
ДэкIуей, ныбжьэгъу,
ЗыIэт,
ДэкIуей
ЛъагапIэм —
Уэ уи плъапIэм.
Сэ сыпкIэлъейщ.
Слъэгъуащ сэ куэд:
ЛъагапIэм йоIэ псори —
ЦIыхуфI,
ЦIыху Iей,
ЦIыху фыгъуэнэд...
Уахэтщ абыхэм уэри.
Сэ сыпкIэлъейщ.
ДэкIуей, ныбжьэгъу,
Деплъынщ уэ узыхуэдэм.
Пэжыгъэр пщIамэ уэ ижэгъу,

Плъагъунщ уэ умыкIуэдым.
Сэ сыпкIэлъейщ.
Дэсхьейм нэмыщI,
Есхьэхи куэд къыхохуэ...
Сэ сыпкIэлъейщ –
Губгъэн схуэвмыщI,
Сэ фIым и Iуэху зызохуэ.

## ГЪАЩIЭ

«Хэт къызжиIэн
ЗищIысыр гъащIэр?» –
Зыгуэр цIыху куэдым еупщIат.
«УщIалэщ зэкIэ, умыпIащIэ», –
Жэуап апхуэдэу къратат.

Псэуащ лIыжь хъухукIэ ар,
ЛIэжыгъуэм
Абы зы щIалэ еупщIащ:
«Уэ, дадэ, гъищэ къэбгъэщIащ,
Жэуап къытхуетыт дызылъыхъуэм:
ЗищIысыр гъащIэр сыт – къэпщIа?»

ЛIыжь Iущыр мащIэу погуфIыкI,
Жэуап къитын абы лъэмыкI:
«Ар сщIэну куэд сэ къэзгъэщIа?!
Нэхъыжь нэхъыфIти уеупщIам».

## ГУАУЭМРЭ ГУФIЭГЪУЭМРЭ

– Си гуфIэгъуэ, умыпIащIэ,
Зыгъэгувэ тIэкIу.
Уи IэфIагъыр зыхэзгъащIэ,
Си гукъеуэр гъэткIу.

– Сэ си хьэлкъым сыкъэувыIэу,
СкIу зэпытщ си гъуэгу.

Къыспэмыплъэу цIыху щымыIэ,
Мыхъу зысIэжьэ тIэкIу.

— Уэ, си гуауэ, нэхъ псынщIэIуэу,
Хъунумэ, сщхьэщыкI.
— ПхуэсщIэфынукъым уи лъэIур,
А уи гугъэм пыкI:
Гуауэ уэ умыгъуэтамэ,
ГъащIэр зыхэпщIэн?!
Тхьэм гуфIэгъуэ уэ къуитамэ,
Ар зи уасэр пщIэн?!

## МОТОЦИКЛ КЪУТА

Мыбы зэгуэр Iуташ гъущIыпсэ.
Ежьамэ — пфIэщIт лъэтэну
ГъущIышыр,
Хэтым хуэдэу шыпсэм,
ИщIакъым щIэх къутэну.

Иджы уолъагъур: щылъщ тхьэмыщкIэр,
Зэхэкъутарэ фэншэу.
Хэлъыжыр сыт, гъущI тIэкIу нэмыщIкIэ?..
ПIахынкъым уеблэм пщIэншэу.

Сигу къокI итIанэ: «Сыт къутакIэ,
Псэун-лIэжын зымыщIэр?!
Тесар къелауэ щыжаIакIэ —
Зэпыту укIуэ гъущIыр!»

## УЭРАМЫМ

Ещэж зауэлIым и медалыр —
Куэд щIауэ фадэм дихьэхащ.
Илъагъури ар и гъунэгъу щIалэм,
УкIытэу, щхьэр ирихьэхащ.

Ар бгъэдыхьэнт, жриIэнт мыпхуэдэу:
«Мы пщIэр емыкIущ, нэкIуэж фи дей...»
Арщхьэкlэ щытщ, къыхуэмыгъуэту
Зы псалъи — псалъэу щыIэр лейщ.

«НэкIуэж фи дей...»
Фыз, бын иIэжу
Щытамэ, хъунут жепIэ ар.
«НэкIуэж фи дей...»
ЛъакъуитI иIэжу
Щытамэ, хъунут жепIэ ар...

Йоплъых нэщхъейуэ гъунэгъу щIалэр...
Ещэж зауэлIым и медалыр...

ПАГАНИНИ

*Балладэ*



ЩIэмыхуэу залым цIыхур щIэзт.
ЗыщIар Италиер хьэщыкъ
Къихьэным сценэм псори пэплъэрт.
Арати, къохьэ Паганини.
ЛIы фIыцIэ къуэгъум и нэр лыдт.
Щытащ зымащIэрэ ар щыму,
КъеIэт итIанэ шыкIэпшынэр,
Ар и дамащхьэм трилъхьауэ,
И нитIыр мащIэу зэтрепIэ.
Абы и гущхьэ къэмыкIат
И шыкIэпшынэм телъ кIапсиплIри
НыкъуэпыупщI ящIау и бийхэм...
Абдежым занщIэу уафэгъуагъуэ
Макъ иным залым зыщеIэт.
Къэщтауэ, цIыхухэр къоуIэбжь,
Хэт къыщолъэт, хэт и нэр къож.
Тоужри зэуэ уафэгъуагъуэр,
Жьапщэшхуэм пшэжьхэр зэбгреху,
ИтIанэ дыгъэр къыщIокIыжри,
Бзу цIыкIухэр жыгхэм потIысхьэж.

ЩӀэз хъуащи залым бзу уэрэд,
Къалъыхъуэ куэдым бзухэр нэкӀэ...
ЕдаӀуэ псори итхьэкъуауэ,
ЕгъэӀу макъамэр Паганини.
Абдежым къохъур зы Ӏуэху щӀэщхъу:
КӀапсиплӀым язырыр къызэпочыр.
Зал псор арыххэу къыхощтыкӀыр.
«Концертыр, дауи, зэпыунущ,
ЩӀэрыщӀэу кӀапсэ тралъхьэху.
Мис ар мыхъуа!» — гузавэрт цӀыхухэр.
Ауэ ялъагъур: Паганини
Зэпигъэуакъым и концертыр! —
Къэна кӀапсищри ирокъу!
ИтӀани гу лъатащ нэхъыбэм
ЗэрыхъуэпскӀам абы и нитӀыр, —
Биийм къращӀам къигъэгубжьат.
ЕкӀуэкӀт концертыр. Ауэ мис
КӀапсищым язырыр къызэпоч.
Дымащ зал псор. Зы цӀыху мыхъей.
КъыпфӀощӀыр я пӀэм ижыхьа.
Ауэ концертыр зэпыуакъым!
КӀапситӀ къэнакъэ — куэду фӀыщ!
А тӀур хъарзынэуэ ирокъу.
Губжьат итӀани музыкантыр, —
Ар шыкӀэпшынэм къиӀуэтат:
Зэм ябгэу хъущӀэрт, гиерт зэм,
Дыхьэшхт ар зэми ауаныщӀу.
«СыфтокӀуэ, сыт къызэвмыщӀами!
Сэ схэлъ къарум фыпэлъэщын?!» —
КъыпфӀэщӀырт жиӀэу Паганини.
Абдеж зы кӀапсэр зэпычащ,
Иджы зы закъуэщ къэнэжар.
«А зымкӀэ сыт хузэфӀэкӀын?!
Дыхъуакъэ хуэфӀ!» ГуфӀэжт и биийхэр —
Щыуащ! Зы кӀапсэ къэнэжам
Апхуэдэ макъ къригъэкӀати,
Заплъыхьырт цӀыхухэм къэтэджауэ,
Оркестр псо къафӀэщӀу еуэ!

ЙокӀыжыр сценэм Паганини,
Къэфыгъуэ бийхэм ятекӀуауэ!

## СИ КЪЭБЭРДЕЙ

Си бгъэм сигу зэрилъым хуэдэу,
Уилъщ уэ си гум, Къэбэрдей.
Лъыуэ сщӀэтыр зезыгъакӀуэр
Уэрщ, си лъахэ, си дуней.

Уэ узиӀэу щымытамэ,
Куэд си гъащӀэм хущыщӀэнт.
УсӀахамэ — псы гъужауэ,
Гъуэгу бгынауэ сыкъэнэнт.

Сыт ухыгъэу симыӀами —
ФӀы ирехъу, ирехъу ар Ӏей,
Насып си бэу сэ слъытэнущ,
УищӀ сытетмэ, Къэбэрдей.

Уэрщ си къуэпсхэм я къежьапӀэр,
Жыгыу уи щӀым сыкъыщокӀ.
Уэ угуфӀэм — сэ согъагъэ,
Унэщхъейм — лъэкӀын лӀым слъокӀ.

Уи хьэуакӀэ сымыбауэм,
СщӀэуэ сохъур бауэкӀэщӀ.
НэгъуэщӀ хэку сэ нэху щызгъэщым,
СызэпщӀыхьыр уэрщ, адэщӀ.

ЩӀыпӀэу щыӀэм сахэгъадэ,
КъэзгъэкӀухь мы дищӀ хъурейр —
Анэ бгъафэу, захуэздзынущ
Сэ уи къуршхэм, Къэбэрдей!

## СИ ЛЪЭУЖЬ

ЛӀэщӀыгъуэ тӀощӀрэ езанэм
Къыщызолъыхъуэ си лъэужь.



2 Заказ №352

Зыхузогъазэри зэманым,
ПІейтейуэ сигу, абы соупщІ:
«Зэман, уощІэжыр, сэ зэгуэрым,
Къару семыблэу, слъэкІыр псори
Си Хэкум уэрэ фхуэзлэжьащ.
Гугъуехь мымащІэ фыщыхуэзэм —
ЗысщІын сыщІэкъурт щІэгъэкъуэн,
Сэ сфІэфІт сыфщІыгъуу, къэзмыгъазэу,
Фи хьэлъэ схьыу сывдэбэкъуэн.
Ерыщу скІуами гъащІэ гъуэгур,
Абы кІэ иІэу къыщІэкІащ.
Фэ тІур: зэманыр, фІыу слъагъу Хэкур —
Фи гъуэгу мыухт — фысщхьэщыкІащ...»
ЛІэщІыгъуэ тІощІрэ езанэм
Къыщызолъыхъуэ си лъэужь.
Ар щызмыгъуэтым си Хэку-анэм,
«ЛІэпащ» жыхуаІэр къызолэжь.
Хьэуэ! Солъагъур си лъэужьыр,
Ар уи гъуэгу иным хэтщ, си Хэку,
Ар щыщщ, Зэман, уэ уи Іэужьым,
АбыкІи хъуащ мыух си гъуэгу!

*ТхакIуэ Жылэтеж Сэлэдин къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





# КУЭДЫМ ХУЭIЭИЖЫТ

*Жылэтеж Сэлэдин Хьэмзэт и къуэр Аруан районым щыщ Аргудан къуажэм 1940 гъэм январым и 18-м къыщалъхуащ. Илъэсий ныбжьым иту Жылэтежыр къуажэ курыт еджапIэм щIотIысхьэ. ЩIэныгъэм зи гур хуэпабгъэ ныбжьыщIэм унагъуэ Iуэхухэри еджэныгъэри хъарзынэу зрегъэхъулIэ. Библиотекэм тхылъ къыIихамэ, ар унэм нэсыжыху щIиджыкIыу етIуанэу щытригъэзэж къэхъурт.*

*5-6-нэ классхэм щIэсу абы и япэ тхыгъэхэр Лэскэн районым къыщыдэкI «Бэракъ плъыжь» газетым къытехуэу хуожьэ. Япэ лъэбакъуэр журналист гъащIэм хэзычэ щIалэщIэр тхэным сыт и лъэныкъуэкIи тригъэгушхуэрт а зэманым школым и директору, иужькIэ а газет дыдэм и редактор нэхъыщхьэу щыта КIумыхъу Мухьэдин. Сэлэдин тетхыхьырт школым, колхозым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, къуажэдэсхэм я ехъулIэныгъэхэм. Абы и тхыгъэ зытемыт номер щIагъуи къыдэкIыртэкъым. Жыджэру къадэлажьэ щIалэщIэр корреспондент нэхъыфIу къальытэри, саугъэт лъапIэкIэ и цIэ кърaIуауэ, и сурэтри газетым къытрадзауэ щытащ.*

*Курыт еджапIэ нэужьым Жылэтежыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIотIысхьэ. ЕплIанэ курсым щIэсу, заочнэм зрегъэдзыжри, щалъхуа къуажэм егъэджакIуэу егъэзэж.*

*ЩыIэщ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ зыхуэмыарэзыжу нэхъ мурадышхуэхэм зезыпщыт икIи ахэр зэзыгъэхъулIэф. Апхуэдэхэрщ зыхэпсэукI лъэхъэнэр езыгъэфIакIуэр. Сэлэдини куэд щIауэ иIэт зыщIэхъуэпс. Ар нэхъапэхэм димыIауэ адыгэ лъэпкъым хуэщхъэпэну кинематографиерт. Къуажэ клубым кино къашамэ, ар, дэтхэнэ сабийми хуэдэу, фIэгъэщIэгъуэну еплъ къудейтэкъым. Абы и гъэлъэгъуэкIэм, техыкIэм, цIыху пащхъэм кино хъуауэ ипхъэным пыщIа Iуэхухэм и сабий акъылымкIэ егупсысырт, упщIэу къэувыр нэхъыбэми, жэуап зэраритыным пылът.*

*ЕгъэджакIуэр щIыхь зыпылъ IэщIагъэщ. Сэлэдин и гуи, и пси етауэ и IэнатIэм пэрытми, и хъуэпсапIэ щэхухэм къаIэщIэкIыфыртэкъым. ИкIэм-икIэжым, ар тогушхуэри Москва макIуэ. ИкIи ВГИК-м (КинематографиемкIэ Союзпсо къэрал институтым) и сценарнэ факультетым щIотIысхьэ.*

*ЦIыхущIэ къэпцIыхуху, уи гъащIэм къыпещэ. Жылэтежым фIыкIэ куэдрэ игу къигъэкIыжырт кинодраматург цIэрыIуэ Каплер Алексей. Абы сценарнэ факультетым щригъаджэрт. Алексей Яковлевич гу льетэ Аргудан щыщ егъэджакIуэм и конкурс лэжьыгъэр зэрыхъэлэмэтым, абы ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр къызэрыкIэлъыкIуэнум. Гугъут а зэманым апхуэдэ еджапIэ цIэрыIуэм ущIэтIысхьэну. Ди къэралышхуэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм ныбжьыщIэ куэд къикIат – зым и пIэм цIыхуищэ итт. Ауэ Сэлэдин и лэжьыгъэр творческэ комиссэм пхокI. Жылэтежырщ къэбэрдей адыгэхэм ящыщу мы еджапIэр япэу къэзыухар.*

*Институт нэужьым Сэлэдин Iэмал иIащ къалащхьэм къэнэну, арщхьэкIэ зи ныбжьыр хэкIуэта анэм пэIэщIэу адэкIэ хуэхьынутэкъым. ЕджапIэр къэзыухахэр здагъэкIуэну щIыпIэхэм щытрагуашэм, Жылэтежыр щIольэIу Орджоникидзе (иджы Владикавказ), Кинохроникэм и Кавказ Ищхъэрэ студием къагъэкIуэжыну. Абы зэрыщыIа илъэситхум къриубыдэу Жылэтежым лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIат. Апхуэдэщ ар яхэту «Северный Кавказ» киножурнал цIэрыIуэм и къыдэкIыгъуэ 39-рэ зэрагъэхьэзырар, езым и сценарийхэмкIэ «ЦIыхумрэ абы и гъащIэмрэ», «Адэм и сурэт», «Кировыр – Кавказ Ищхъэрэм» документальнэ фильмхэр зэрытрахар.*

*Щалъхуа хэкужьым къигъэзэжа нэужь, Сэлэдин Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм редактору мэув. Литературэмрэ искусствэмрэ я лэжьакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ къригъэблагъэурэ псалъэмакъ щхьэпэхэр ядрегъэкIуэкI. Ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм яхуитха сценарийхэмкIэ телепостановкэхэр егъэув. Апхуэдэщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Кхъужьей щIагъым» рассказым, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» повестым къытращIыкIа телевизионнэ фильмхэр. Сэлэдин и цIэр мыкIуэдыжын зыщIынухэм ящыщщ адыгэм зэи димыIауэ, нарт хъыбархэр и лъабжьэу, абы и сценарийхэмкIэ траха мультипликационнэ фильмхэр. Апхуэдэщ «Мывэм и къуэ», «Мывэм и къуэмрэ Иныжьымрэ» жыхуиIэхэр. Ахэр «Союзмультфильм» киностудием щагъэуващ, инджылызыбзэмрэ нэмыцэбзэмрэ къадэкIуэу, СССР къэралыгъуэм хыхьэу щыта республикэхэм я бзэхэмкIи зэрадзэкIащ. Абыхэм ятеухуа*

*псалъэ гуапэхэр «Советская культура», «Советский экран», «Экран – детям», «Новые фильмы» журналхэм тетащ.*

*Шэч хэлъкъым Сэлэдин и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIми и псэм щыщ Iыхьэ зэрыхилъхьам. Арагъэнщ абы и лэжьыгъэхэр цIыхухэм гунэс щIащыхъури.*

*Жылэтеж Сэлэдин зэрыкинематографист Iэзэм и мызакъуэу икIи зэфIэкI зиIэ тхакIуэт, усакIуэт, драматургт. Абы и сабий усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, повестхэр щызэхуэхьэса тхылъ 14 дунейм къытехьащ. Абыхэм ящыщщ «ГъащIэм къыпызыщэн», «Лэгъупыкъу», «ЛIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ», «Нарт и ныбжьэгъухэр», «Зэрыджэ», «Толъкъун гъыбзэ», «Сосрыкъуэ», «Мазэм ит мэлыхъуэ», «Лъапсэжь», нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи Сэлэдин и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Лъапсэмрэ къуэпсхэмрэ», «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ» тхыдэ романхэр.*

*Жылэтежым и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, тыркубзэкIэ зэрадзэкIащ. Езы Сэлэдини зыкъигъэлъэгъуащ зэдзэкIакIуэ Iэзэу. Абы адыгэбзэм къригъэтIэсащ Шекспир, Пушкиным, Лермонтовым, Кулиевым, Шахмурзаевым, Беппаевым я тхыгъэхэр.*

*Мы тхакIуэм и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри зытеухуар лъэпкъырщ, абы и блэкIаращ, къыщIэхъуэ щIэблэм я зэхэщIыкIым зегъэужьынырщ. Адыгэбзэр адыгэпсэм и лъабжьэу зэрыщытыр къызыхэщ художественнэ, публицистическэ тхыгъэхэри и мащIэкъым Жылэтежым.*

*Адыгэхэр щыпсэу къэрал куэд къызэхэзыкIухьа тхакIуэр и «Гъуэгуанэ тхыгъэхэм» щытепсэлъыхьыжащ хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ягъэва хьэзабхэм, я нобэрей псэукIэм, я гурыгъугурыщIэхэм.*

*Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэри и лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэу щытын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ куэдым уезыгъэгупсысщ Сэлэдин и «ИстамбылакIуэ» поэмэр. Мы тхыгъэр Iыхьищу зэхэтщ: «Тхыдэм и гъуджэ», «Толъкъун гъыбзэ», «Ноби хамэ щIыпIэм». Дэтхэнэ Iыхьэми езым и ухуэкIэ-гъэпсыкIэ иIэжщ, зытеухуа елъытыжауэ. «Тхыдэм и гъуджэм» къыхощыж Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм пащтыхь дзэпщхэм зэрахьа лейр.*

*«Толъкъун гъыбзэр» зытеухуар, и фIэщыгъэцIэми къызэрыбжиIэщи, зи адэжь щIыналъэр зыбгынэ цIыху цIыкIур зыIууа гугъуехьхэрщ, хьэзабырщ.*

*«Ноби хамэ щIыпIэм» Iыхьэм дыщегъэгъуазэ хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я псэукIэм, я дуней тетыкIэм, я IуэхущIафэхэм, ахэр Хэкужьым къызэрыхуэпабгъэм.*

*БлэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ лъэмыжщ Сэлэдин и «ИстамбылакIуэ» поэмэр.*

*Сэлэдин Урысейм и ТхакIуэхэми Урысейм и Журналистхэми я союзхэм хэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, «СССР-м и радиомрэ телевидениемрэ я отличник» цIэ лъапIэр.*

*Жылэтеж Сэлэдин зи гуащIэмкIэ лъэпкъ литературэмрэ культурэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа тхакIуэщ.*

*Усэхэр* ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

* * *

Зэманыр хэплъэгъуэщ,
Iэмалхэр къалъыхъуэу,
ЦIыху цIыкIур нэщхъейуэ зэхэтщ.
Гъуэгуанэр пшагъуэбэщ,
Кумблъэмбхэр нэхъыбэщ —
Пщэдейм къытхуихьынури сыт?!
Нэхъыжьи, нэхъыщIи,
МыдаIуи, жыIэщIи
Щхьэ закъуэр хихыну щыхэт
Зэманыр къэблагъэу,
Уплъапэм — къэлъагъуэу
КъызжеIэр зыгуэрым. Щыгъэт!
СогуIэри согуIэ,
ТепыIи симыIэ,
Мы си псэр зыгуэрым къетхъунщI.
НэхъыфIхэр здэщыIэр
Хэт зыщIэр? КъыджефIэ.
Тхьэ лъапIэ! ГущIэгъу уэ къытхуэщI.

## КЪЫУХЭР МЭЛЪЭТЭЖ

Къыухэр пIащIэу, джэуэ, екъуу
Хуабэ щIыпIэм мэлъэтэж,
Мы щIыгушхуэр яримыкъуу
Хуэдэ, уэгум илъэдэж.
Шабзэкъуэшхуэу къэгъэшауэ
Есу, екIуурэ заIэтыр,
Зэбгъурыту зэгъэкIуауэ,
Сурэт щIауэ зэдолъатэ.
Къыухэр зоджэ, зэхуэсакъыу,
ЗэрыIыгъыу мэIэпхъуэж.
КъагуроIуэр: зым и закъуэ
Дэнэ щIыпIи щымытхъэж.
ПлъэкIым, къыухэм уемыхъуапсэ! —
Дунеишхуэм хуиту тетщ.
Уэгуи щIыгуи я нэ-я псэу
Дэнэ щIыпIи зэдыхуитщ.

Зы гъунапкъи кърамыдзэ,
Къэралыгъуи къыур хуэмей.
Щытыншынум Iэпхъуэу щIадзэ —
ЗэгурыIуэу зэдолъей.
ЦIыхухэр фIыти, къыухэм хуэдэу,
Дунеишхуэм здыхуитатэм,
Щыпсэуну щIыпIэм хэдэу
ЩIым дыхуиту дыпсэуатэм!

## ЛЪАПСЭЖЬ

Аргуэру, мис, сыкъихьэжащ лъапсэжьым,
ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сыпхуозэш...
КIуэдыжыпа-тIэ дэ ди лъэпкъ хабзэжьыр? —
Жьэгу мафIэр ужьыхауэ сыпхуозэж.
Мэзэшыр унэр, пщIантIэри мэщыгъуэр,
Псэ хэту жыг пэзазэр къыпфIэмыщI...
Мы ди пщIантIэшхуэм удз гъэгъа нэгъунэ
ЩыIащ гуапагъэм зыри щыпамыщI...
Нэхъапэм сэ сыкъэкIуэжам жэщ ныкъуэм
Хьэ цIыкIум гуфIэу зыкъысщимыгъэнщIт:
ИгъэкIэрахъуэу кIэр, къижыхьырт пщIэууэ —
Унагъуэм си хъыбар яригъэщIэнт.
КъызэрыщIэхт си анэр япэ иту —
Унагъуэр цIыкIуи ини къыспежьэнт,
Дэтхэнэри къысхуэгуэпэну хэту,
Сэ хъыбарыфIкIэ ахэр къысIущIэнт...
Иджы мы пщIантIэм псэ зыIут дэсыжкъым,
Хьэ цIыкIури Iэджэ щIауэ щIэтлъхьэжащ,
Сабийм я жьгъыру макъи зэхэпхыжкъым —
Балигъ хъуа быныр я Iуэху хыхьэжащ.
Схуэпсэу си анэр къалэм дэсщ си гъусэу —
Абы жьэгу мафIэр щимыгъэужьых,
Лъапсэжьыр абы игу къихьат дыгъуаси,
Ныжэбэ сэри сепщIыхьащ нэху щыху:
Гъэгъахэм сатхьэкъуауэ ситт жыг хадэм,
Бжьэ цIыкIухэм я ву макъым сыщIэдэIут.
Сыщысабийм симыгъуса си адэр
Зы гъэгъа цIыкIу естыну къызэлъэIут...
Си анэм гъэгъа IэплIэ къыхихт хадэм,
Удзхэр си адэм и куэщI ирилъхьэнт,

Зэм ахэр адэм къыIихын имыдэу,
Дакъикъэм тIури сэ сфIызэщыхьэнт.
ИтIани си псэр псэхут, си гуфIэгъуэшхуэт,
Гъэгъам и епэрымэм сигъэнщIат...
Лъапсэжьым сэ зэгуэр сыщымыгушхуэу
Къэхъуауэ къысхуэщIэжкъым къэзгъэщIам.
Иджыри сыхуопабгъэ си лъапсэжьым,
Си гуауи бампIи сфIэфIу хуэсIуэтэн.
Гъуэгу кIыхь зэпысчрэ абы сынэсыжмэ,
Мы си гум жьы дэхупIэ щегъуэтыж.
Аргуэру, мис, сыкъихьэжащ лъапсэжьым,
ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сыпхуозэш.
Сэ къыспежьэн дэмысми мы пщIантIэжьым,
СыкъэкIуэжам уи деж сэ сопсэхуж.

* * *

Дадэ, даIуэт, уэ зэхэпхрэ?
Жэщыр мэIущащэ.
Е а макъыр жыыбгъэм бблихрэ,
Акъужь пхуэгумащIэу?
ЩIэдэIупэт а макъамэм,
Уи псэр егъэтыншыр,
Мыжеяхэм уэрэд щабэ
Дахэу къахурешыр.
Гъуэлъыжахэм а Iущащэр
Я пщIыхьым хуосакъыр,
А телъыджэу сэ зыхэсщIэм
Зэхэхыт и макъыр!

## УУЗЫНШЭУ, ШКОЛ!

*Уэрэд*

Сабиигъуэ дахэр щыдгъэкIуауэ,
Зэныбжьэгъухэм школыр къыдоух,
Насып тхылъыр щIэблэм къыдатауэ,
ГъащIэ гъуэгум и бжэр зэIудох.

Уузыншэу, школ!
Уузыншэу, класс!

УдиIащ уэ лъахэу махуэ къэс.
Фыузыншэу, егъэджакIуэхэ!
ФIыкIэ ди гъэсакIуэхэ!
Фытхуэхъуахэщ адэ-анэ нэс.

Мылъкуу щыIэ псоми я нэхъ лъапIэ
ЩIэныгъэфIыр тыгъэ къытхуэфщIащ,
Ныбжьэгъугъэр сыткIи дэ дгъэяпэу
Дыпсэуным ди гур хуэвгъэнщIащ.

Ди гур жану, IуэхукIэ щхьэх дымыщIэу,
Зэныбжьэгъухэм школыр къыдоух,
Хэкур къулей тщIыну дэ, ныбжьыщIэм,
ГъащIэ гъуэгум и бжэр зэIудох.

Уузыншэу, школ!
Уузыншэу, класс!
УдиIащ уэ лъахэу махуэ къэс.
Фыузыншэу, егъэджакIуэхэ!
ФIыкIэ ди гъэсакIуэхэ!
Фытхуэхъуахэщ адэ-анэ нэс.



## МАМЭ, ПАПЭ, НАНЭ, ДАДЭ

Нанэ жеIэ сэ сринэу,
Дадэ жеIэ сэ срипсэу.
Мами папи къызэхъуапсэу
Нанэ и куэщI сисщ сэ.
Нанэ жеIэ сэ сыIэфIу,
Дадэ жеIэ сэ сыфоуэ,
Мами папи къэмыфэфу,
Дадэ сэ Iэгу схуоуэ.

Мамэ, папэ, нанэ, дадэ
Сэ фэ зыми сыфхэмыдэ.
Мамэ — мамэщ,
Папэ — папэщ,
Нанэ — си нэщ,
Дадэ — си псэщ.

Нанэ жаIэ си анэшхуэу,
Дадэ жаIэ си адэшхуэу,

Ауэ мамэ нэхъ нэхъ цIыкIухэщ,
ТIури фэкIи сэ нэхъ сэщхьхэщ.
Нанэ жаIэ си анэшхуэу,
Дадэ жаIэ си адэшхуэу,
Ауэ папэ нэхъ нэхъ цIыкIухэщ,
Емызэшу сагъэджэгухэ.

Мамэ, уэри папэ схужеIэж,
Нанэ, уэри дадэ схужеIэж,
Псори фIыуэ фызолъагъур,
Сэри псоми сыволъагъур.

## ХЪАРБЫЗ

Топым хуэдэу хъуреишхуэу
Дадэ хьэсэм къыхихащ.
Бзыгъэ-бзыгъэу лат кусэшхуэу —
Сэ сыгуфIэри къэсщтащ.
«Топыр» хьэлъэт. ЩысIэщIэжым,
ТIууэ ар зэгуэудащ,
Сеплъым — зыкIи мытопыжу,
Дэпу и кур къилыкIащ.
ДетIысылIэщ хьэблэ цIыкIури,
Дэ дытхъэжу ар къиттхъуащ,
Iум тхьыхункIэ купщIэр ткIури,
Дэ псы IэфIкIэ дытхъэжащ.

## ХЬЭНДЫРКЪУАКЪУЭ

И нэр топу, кIэкIэрейуэ,
И пщэр кумбу, фиирейуэ,
Бабыщыпэу, лъабэ бгъуэшхуэу,
Гуэл хуэбам щынэшхуэгушхуэу,
Хуиту есу, мыныкъуакъуэу,
Хуримыкъуу зыхэс псыр —
Зыщыпсэу а псы цIыкIу закъуэр
ЕфIэкI фIэщIу тенджыз псом,
ЩыIэщ тцIыхуу псы псэущхьэ,
Зи щхьэр щхъуантIэу, щхъуантIэ дыдэ,
ЦIыкIухэр джэгуу къыбгъэдыхьэм,
КъыхэкIыну псым зымыдэ.
КъэфцIыхуну фэ фыхуеймэ,

Ар жыхуэсӀэ, зи нэ пӀащэр,
Псы цӀыкӀу псоми я зэдайуэ
ГъурмэджыкӀхэ ейуэ гуащэщ.

## ДИ АДАКЪЭР

Хьэблэ джэдхэм ди адакъэр
Я тхьэгъушщ,
Адакъэпщхэри и макъым
Къегъэуш.
МыӀуэу щытмэ ди адакъэр,
КъищӀкъым кӀэху,
Щэ мыӀуауи ди адакъэр
Щыркъым нэху.
Абы къещӀэ си сад кӀуэгъуэ
Зэрыхъуар,
Абы къещӀэ мы ди къуажэм
Къыщыхъуар,
ЖыӀэт, уи гур сыхьэт къеуэ,
Адакъэпщ?
Ару щытмэ, нэхъ псынщӀэӀуэу
Нэху схуэгъэщ.



## ЛЭГЪУПЫКЪУ

Мо ди бгы щхъуантӀэшхуэм
Тетщи зы гущэкъу!
Мы дунейм темыхуэ —
Уафэм йоныкъуэкъу.
ЩӀугъэнэу щыӀэр
ЗэщӀикъуа нэхъей,
Нэри пэри ехьыр —
Псори худоплъей.
Налъэ-налъэу къуэпсыр
Зэхэухуэнащ,
Плъыжьхэу, гъуэжьхэу, щхъуэпсхэу
Ахэр зэщӀэнащ.
ЦӀыкӀухэр дехъуэпсауэ
Доплъыр зы гущэкъу,
Нани къытхыхьауэ
ЖеӀэр: «Лэгъупыкъущ».

*Рассказхэр* ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

# БОЛЭТ И ЛЪАПСЭР

Болэт и адэшхуэм лIы къыIэщIэукIати, а унагъуэр, я лъапсэм ирагъэсыжын дэнэ къэна, Тэрч и сэмэгурабгъумкIэ щыс къуажэхэм ящыщ зыгуэрми щыпсэуну дамыгъэтIысхьэу, Джылахъстэнейм, Къэбэрдей ЦIыкIукIэ зэджэ Тэрч адрыщIым, ягъэIэпхъуэну унафэ тращIыхьат. Болэт и Iыхьлыхэм гузэвгъуэр къакIэщIэзэрыхьарэ тепыIэгъуэ ямыIэу зэ зы къуажэм, зэм нэгъуэщIым къыщыщIидзхэу Iэпхъуэшапхъуэхэрт. ДэнэкIэ ямыгъазэми, зэкъуэшхэм ятеIукIа «лIыукI унагъуэ» хъуэныр гъуэжькуийм, борэным хуэдэу, я ужьым итт, псэхупIи тыншыгъуи къаримыту. Иджы ящыгъупщэжауэ пIэрэ, жаIэу зы бэуапIэ ягъуэтамэ, зы мыхьэнэншэ гуэркIэ аргуэру къешынэуэжурэ, нэмыплъышхуэ къратырт. Зэ IейкIэ цIыхухэм уахэIуа хъуамэ, гугъущ уи напэр птхьэщIыжыну, ар сыт щыгъуи ныбжьу уи ужьым итынущ пкIэрымыкIыу, уилъахъэу, уигъэлъэпэрапэу, уигъэпуду. Апхуэдэхэм деж зыми и дзыхь къуимыгъэзыж, дзей уищIынуи зыри къыпхуэмеиж къудейкъым, атIэ хьэблэми, къуажэми, ар зэхэзыха дэтхэнэми пщIэ лъэпкъ къыпхуищIыжынукъым.

IейкIэ уи цIэ Iуамэ, лъы фIей пщIэту цIыхухэм ялъытэ хъуамэ, пкIэрымылъри, игъащIэм уигу къэмыкIа фIеигъэхэри къыпкIэрапхэнущ. Абы къыхэкIкIэ, Болэт и унагъуэм дэнэкIэ имыгъазэми, «хэхэскIэ» къеджэрти, гъуэгу къратыртэкъым, дзыхь къыхуащIыртэкъым.

«Iух! Iух! Я гугъу къысхуумыщIыххэ а лIыукIхэм, ахэр я къуажэм къыдахуащ, псэуху ягъэзэжыну хуимыту. Ахэр зы мастэм ишэчынкIэ къыпщысхьынукъым. Я напIэ мыджылу уаукIынщи хыхьэжынщ, уи щIыбагъ зэрахуэбгъазэу», – зэпхыжаIыкIырт а унагъуэм исхэм я Iуэху зыIутым зымащIэ тIэкIукIэ нэхъ мыхъуми щыгъуазэ хъуа дэтхэнэми. А псалъэмакъхэр езы дыдэхэми зэхахыжырт икIи я гум ешыкъылIэу игъэлIэн хуэдэу я жагъуэ хъурт. А къыхужаIэ къомым щхьэжагъуэ ищIа унагъуэр нэщхъейт, цIыкIуми инми я щхьэр къахуэмыIэту.

Я жылэм къызэрыдагъэкIрэ зыми илъэгъуакъым ахэр, гуфIэу дэнэ къэна, нэжэгужэу. Арати, гукъыдэж лъэпкъ ямыIэу, я пкъыр щIэлIарэ хьэдэ изыхам хуэдэу гъырнэIухэу къэзылъагъухэм аргуэру жьэ ягъуэтырт ахэр ягъэкъуэншэну: «Плъагъурэ я нэщхъыжьхэр зэхэукIэжауэ а лIыукIыжьхэр! ФIы ягу илъкъым а Iеижьхэм, убэлэрыгъауэ запэщIэбгъэхуэнкIэ Iэмал иIэкъым...»

Болэт и адэшхуэм езыр хуейуэ иукIатэкъым лIы – къыIэщIэукIауэ арат. Ауэ, «ер вы бжьакъуэм къокI» жыхуаIэрати, абы къыIэщIэукIар цIыху къызэрыгуэкIтэкъым, атIэ уэркъ курыхыу, нэхъ зызыгъэпагэ дыдэу ябж лъэпкъ лъэрызехьэшхуэхэм къыхэкIат, ялъ ящIэжыфын дэнэ къэна, ауэ зы мэскъалкIэ нэхъ мыхъуми зэран уахуэхъуауэ къыпхуагъэгъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Арат абыхэм щIагъэIуари гужьгъэжь хуиIэу Болэт ещэурэ ар иукIауэ – ялъ ящIэжынути, емыкIу кърамыхьыну щхьэусыгъуэ быдэ хуейхэт. Щыхьэт щыIахэщ пэжым и тельхьэ хъуну хэтахэу, арщхьэкIэ мобыхэм я мурадхэр къащIэу, лIыукIым и

гъуэгур фэдгъэхунщ, дэ фэ дывдэджэгуркъым, щыжраIэм, дыхэмыхьэмэ дитхьэлэн жаIэри, модрейхэм щIалъэфыжащ.

Болэт, и унагъуэр жылэм зэрыдахурэ илъэс тIощI хъуа пэтми, щыгъупщэртэкъым къыщалъхуа пщIантIэр, зыдэса хьэблэр. ЩIалэм и нэгум щIэкIыртэкъым ар щыджэгуу щыта, бгы лъапэм щIэукъуэдия тафэ щхъуантIэшхуэр, и сабиигъуэ IэфIым и джэрпэджэж гукъэкIыжхэр. Абыхэм хуэдэу щIыпIэ дахэ мы дуней иным зэрытемытыр Болэт хьэкъыу пхыкIа дэнэ къэна, уеблэмэ и гум, и псэм щыщ Iыхьэ а щIыпIэхэм къыщинауэ къыщыхъурти, жэщкIэ шыхэгъэпщ щыкIуэкIэ, Тэрч Iуфэ Iухьэрти, и нэхэр тенауэ адрыщIкIэ плъэуэ щытт, умэзэхауэ, и къуажэмкIэ къиIукI жэщ макъамэ дахэм щIэдэIуу. Абы къыщыхъурт псы уэрым и зэрышх макъыр мыхъуатэмэ, а къуажэм къыдэIукI хьэ банэ макъри, цIыху мыгъуэлъыжахэм я Iэуэлъауэри, гувауэ унэм зэрыхьыж шыгу-выгухэм я дыргу-сыргу макъхэри зэхихыну.

Абы и ныбжьэгъухэми шы щыхагъэпщырт Тэрч Iуфэ ныджэм. Ауэ ар адрыщIкIэт. Езыр мыдрыщIымкIэ щытт, а и ныбжьэгъухэм яхуэпабгъэу, зытет щIыгуми жыгхэми, уеблэмэ акъужь къыкъуэуми яхуэхамэгу-хамащхьэу, игури и псэри адрыщIымкIэ пхъэрауэ.

Псы ерыщыр увыIэркъым. Тэрч и макъыр жэщым егъэбатэ, жыжьэ ехь, толъкъун уэру зэтеджалэхэм я ныкъуакъуэ макъыр ерыщу гурыму йоукIуриех. Толъкъун сыджхэр зэми налкъутналмэсу мазэ нэхум полыдхэр, ткIуэпс лъеяхэр адэкIэ-мыдэкIэ зэбгредз. А псом умэзэхауэ Болэт еплъ щхьэкIэ, абы и тхьэкIумэм итыр и псэм фIэфI, игу пымыкI, сыт щыгъуи и щIэщыгъуэ, щIы къызыхуритхъ и хэкум къыщыIу жэщ Iэуэлъауэр макъамэ дахэу зыхищIэрт. Тэрч къызэприху акъужьри псэм фIэфIу гущIэм иришэхырт, и адэжьхэм я жьэгу пащхьэ бахъэкIэ гъэнщIа къыщыхъуу.

ЩIэ зимыIэу къыфIэщI уафэгу лъагэшхуэм ар зэзэмызэ дэплъейрти, зэгуэрым, я къуажэм щыдэсыжым щыгъуэ, и адэшхуэ Мурад иригъэцIыхуауэ щыта вагъуэхэр къилъыхъуэжырт. Нэхъ пасэхэм щыгъуэ Болэт къыщыхъуу щытащ Шыхулъагъуэр я пщIантIэм и щхьэщыгу дыдэм деж къыщежьэу. Иджы а лъагъуэр зыгъэнэху вагъуэхэр мы Тэрч Iуфэ дыдэ деж къыщыпщIыпщIу елъагъури, и гум нэхъ тепыIэгъуэ егъуэт, ауэ а вагъуэ дыдэхэри я пщIантIэжьым и щхьэщыгум деж нэхъ ину, нэхъ IупщIу, нэхъ благъэу, и гум, и псэм нэхъ къехуэбылIэу щилъагъуу щытауэ къыфIощIыж.

Жэщ дапщэ апхуэдэу Тэрч Iуфэ щигъэкIуа Болэт?!

Зэзэмызэ, нэхущхэм деж, мазэр нэхъ фагъуэ хъууэ хуежьэу кIэху къыщищIым ирихьэлIэу, абы и шы гуартэм хэт пцIэгъуэплъым зридзурэ щэхуу Тэрч зэпрыкIырти, и хэкужьым кIуэсэжырт. И къуажэм и жьэгу пащхьэ бахъэмкIэ бауэу ар кIэхутхьэхум хэтт, шы хэзыгъэпщи и ныбжьэгъухэм я макъ зэхихми, ахэр пэмыжыжьэ пэтми, ябгъэдыхьэн дзыхь имыщIу. Болэт къацIыхужмэ, абы фIы къызэримыкIынур, лъэпкъ зауэ кърикIуэнкIэ хъуну зэрыщытыр хьэкъыу пхыкIауэ хэти ищIэрт.

Дауэ мыхъуами, жэщ кIыфIым зыхигъапщкIуэурэ абы и къуажэм и Iэшэлъашэхэр пIащIэ-тхъытхъыу къызэхижыхьырт, кIэху къыщищIым ирихьэлIэу Тэрч зэпрыкIыжырт, хъуакIуэурэ зэбгрыджэда шыхэр зыхуихусыжырти, абыхэм япэрыувэжырт, зыщIыпIи мыкIуа хуэ-

дэу. Жэщым ар здэщыIар – Тэрч зэпрыкIыу и жылэжьым пэгъунэгъу губгъуэхэр къызэхикIухьу игъэкIуа зэманыр игу къигъэкIыжурэ пыгуфIыкIырт, и гур и бгъэм къилъэтыным хуэдэу пIейтеяуэ икIи къаруфIэу къеуэрт, ныжэбэ лъандэрэ нэхъ балигъ, нэхъ хахуэ, нэхъ бланэ хъуауэ къыщыхъужырт. А дакъикъэхэм деж Болэт насыпыфIэ дыдэу зибжыжырт. Дауэ зимыбжыжынрэт абы насыпыфIэу! Ар и хэкум, и адэжь и лъапсэм щыIащ, абы и хьэуа къабзэр и гум щызу иришэхыу, удзымэ дахэкIэ гъэнщIа хъупIэм дрикъутей-кърикъутэхыу и псэр зэгъэху итащ. Зыми къимылъагъуу, уеблэмэ шы хэзыгъэпщ и цIыхугъэ къому губгъуэм ипхъам закъримыгъэцIыхуу, зэрыхуейм хуэдэу жылэм и Iэшэлъашэр къызэхижыхьащ. Аракъэ езыр лIыгъэ жыхуаIэжыр!..

Романхэ я тетыгъуэр илъэс щищ зэрырикъум и щIыхькIэ урыс пащтыхьыр Кавказым къызэрыкIуэм и хъыбарыр Къэбэрдеишхуэми Джылахъстэнейми щызэлъащIысат. А зэIущIэм ягъэкIуэну лIыкIуэхэр къуажэ-къуажэкIэрэ къыщыхащыпыкIырт. Ахэр нэхъ шууеифIу, къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ Iэзэхэу, джэгуакIуэ Iущхэу, жьакIуэ цIэрыIуэхэу къыхахырт.

Болэт езыр къытекIуэ щымыIэу шууей зэкIужт, ауэ ар а зи цIэ къраIуэу къыхахахэм хагъэхьакъым, сыту жыпIэмэ, хэхэст, апхуэдэхэм дзыхь ирагъэзыртэкъым, пщIэ хуащIыртэкъым, щIыхь яIэтэкъым. Езыр игъащIэкIэ абы хамыгъэхьэнуми, и пцIэгъуэплъыр апхуэдизкIэ дэгъуэти, шым хэзыщIыкI дэтхэнэри къехъуапсэу къэмынэу, хэхэсым ар хуамыгъэфащэу къефыгъуэрт. Болэт здэIэпхъуа къуажэм и тетым а шыр хьэхуу Iихри, езыр зыхуэупсэ гуэр игъэшэсащ...

Сыт щыгъуи пэкIухэр щрагъэкIуэкIыу Тэрч адрыщIкIэ ныджэм пэгъунэгъуу иIэ тафэшхуэм зи лъэ вакъэ изылъхьэр щызэхуэсат. Болэти унэм щIэзэгъакъым, зэхуэсахэм яхыхьащ, ауэ абы зыкъигъэлъэгъуащэртэкъым – адэкIэ-мыдэкIэ зыкъуигъапщкIуэурэ пэкIур щекIуэкIынур къызэхикIухьырт.

МафIэгу къэувыIэпIэм деж къыщызэхуэс цIыхухэр дакъикъэ къэс нэхъыбэ хъурт. Гуп-гупурэ шууейхэр, уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, джэгуакIуэхэр къызэхуэсырт.

Болэт иризэгуэпырт и шагъдийм тес щIалэм шыр зэрыхуэмыгъэIэкIуэлъакIуэм. ЦIыхухэми зэпхыжаIыкIыу зэхихырт: «Абы нэхърэ нэхъ шы дэгъуэ мы куейм щыбгъуэтынкъым, ауэ тесыр мыкIуэмытэ гуэр хуэдэщ. ЕI, бетэмал, а шы дэгъуэм екIуну зы шууей тесыжатэмэ, уигъэлъагъунт абы лъэкIыр! Еплъыт а шым и дэгъуагъым! Абы зэрызыкърих! Йохъу-йолъ! ШхуэIум йоуэ! Гъуджэм хуэдэу дыгъэм полыд и цыпэхэр! ХуэIыгъыркъым тесым».

ШэджагъуэнэужьыфI хъуауэ пащтыхьым пэплъэу щыт цIыхухэм гъуор макъ гъумыфIкIэ къахэгуоуащ: «Зи щIыхьыр лъагэр мызэкIэ къакIуэркъым. Къызэхуэсахэм хъыбар фагъащIэ фызэбгрыкIыж зэрыхъунумкIэ...»

«Сымылъагъуу си къуажэгъухэр кIуэжым... Жыжьэу фIэкIа нэхъ мыхъуми, ахэр зэзгъэлъагъунщ, саIуплъэнщ Iэмал иIэххэмэ. Си ныбжьэгъуу щыта абыхэм зэрахэтынум шэч лъэпкъ хэлъкъым. Зымахуэ къуажэр и хъуреягъкIэ къэзжыхьа, къэсплъыхьа, къуажэбгъухэм деж нэхъ уэрам пхыдзахэм сыдыхьа щхьэкIэ, зыми сыхуэ-

закъым. Хьэуэ, ахэр зыIэщIэзгъэкIынкъым, иужькIэ апхуэдэ Iэмал сымыгъуэтыжынкIи хъунщ. Ахэр зэзгъэлъагъун хуейщ, нэгъуэщI мыхъуми сахукъуэплъынщ», – апхуэдэу гупсысэурэ Болэт цIыху Iувым, шухэм япхыкIырт, адэкIэ-мыдэкIэ къызэхижыхьырт. АрщхьэкIэ зыхуейхэм ящыщ зыри къыIэщIэлъэгъуакъым. «Дауэ мыхъуами, ахэр мы зэIущIэм къэмыкIуэнкIэ Iэмал иIакъым, зэрыкIуэжыну щыIэри зы гъуэгу закъуэщ: Тэрч телъ лъэмыжымкIэ икIыжынухэщ. СыкIуэнщи сакъыпэтIысынщ», – ахэр и щхьэм хужиIэжурэ, лъэныкъуэкIэ иунэтIри гъуэгубгъум Iутурэ псынщIэу ежьащ, шы, шыгу, шу гъусэ, фитон, тешанкIэ ежьэжахэм яхэплъэурэ...

Болэт и къуажэгъухэр къыхуэмыгъуэту гугъу ехьащ. И гугъэр хихыжауэ къыщыувыIэжым, адэ жыжьэу къыщилъэгъуащ зы фитон гъэщIэрэщIа, шы щIэщIахэр шхуэIум езауэу, Iэпслъэпсыр дыжьынкIэ зэрызэщIэблар дыгъэм зэрыпэлыдым къуигъащIэу. Ар Болэтхэ я къуажэпщырати, къицIыхужащ. Фитоныр зэтещIэ-зэтеуэу лъэмыжым хуэжэрт, шу гъусиплIым зыкърахыу тIурытIу абы бгъурыту.

Болэт гъуэгум занщIэу телъадэу, «Дауэ фыщыт, си жылэгъу дыщэхэ! Сигу фыкъэкIащ сылIэным хуэдэу! Си адэшхуэм къыIэщIэщIа щIэщхъум и узыр иджыри къэскIэ къыдофыкI. Ди лъапсэжьым зэ иплъэжыну и нэ къикIыу, ауэ ар хузэфIэмыкIыу и нэпIащхьитIыр къэбэгауэ си шынэхъыжьыр дунейм ехыжащ. Сэри си нэм, си псэм фыхуэсхьынут, сывбгъэдэсынут, сэлам гуапэ фэсхынут, IэплIэ, къуэш IэплIэ хуабэ фхуэсщIынут, ауэ неIэмал! Лъэпкъ лъыпсгъажэр къикIынкIэ сошынэри сынывбгъэдыхьэркъым», – жиIэу и макъым къызэрихькIэ кIиину зэми къытехьэрт, зэми, апхуэдэу пщIы зэрымыхъунум иригузавэу, чыцэм адкIэIуэкIэ гъуэгум бгъурыту кIуэ лъэс лъагъуэ цIыкIум тету жэрт. Жэрт бауэбапщэу, и гур къилъэтыным хуэдэу псынщIэу къеуэу. Езыр япэ лъэмыжым нэсын и гугъами, фитоныр шы бланэхэм блапхъуэтри ежьэжащ, уэзджынэ цIыкIухэр зэщIэзууэу.

Фитоным и нэхэр тримыгъэкIыу, ар зыIэщIимыгъэкIыну хэту, къарууэ иIэр зэхилъхьауэ нэхъ хуабжь зищI фIэщIми, фитоныр нэхъ жыжьэ зэрыфIэхъум иризэгуэпу Болэт жэрт. Псом хуэмыдэу шу гъусэхэм ящыщ Мусэ зэрыIэщIэкIыр абы и гум къыщIитхъырт. Ар зэрыцIыкIу лъандэрэ Болэт ицIыху къудейтэкъым – а тIур зы быдзышэ ефат. Болэт и къуэш къицIыхужар пщIэгъуалэ зыкъизыхым тест. Шы дэгъуэр шхуэIум езауэу, адэкIэ-мыдэкIэ щIэлъэту кIуэрт.

Болэт Мусэ бгъэдэлъэдэнурэ IэплIэ хуищIынут, арщхьэкIэ и адэшхуэм IэщIэукIар абы и Iыхьлыуэ зэрыщытым щIригъэгъуэжырт. Зэми, а жэрыжэм тету здэжэм, ар тегушхуэрт, «дауэ хуейми ирехъу!» жиIэу и псэм хуихь а цIыхум бгъэдэлъэдэну. ИтIани лъыщIэж хабзэжьым и Iэужьыр абы ищIэжырти, зызэтриIыгъэжырт. И щхьэратэкъым ар щIэгузавэр – лъэпкъитIым зэращIылIэну зауэр, а зауэ мафIэр къызэрылыдынур, лъыуэ ягъэжэнур и нэгу къыщIигъэхьэрт – арат шынагъуэу щыIэм я нэхъыщхьэр.

Болэт езыр щIалэ зэIэщIэлъ хэщIыхьат, къамылыфэ екIут, и нэкIущхьитIым тхъуэплъ мащIэ къыщIэлъадэми, уемыплъыпауэ хэпщIыкIыртэкъым. Ауэ ар иджыпсту дэп маскIэу къызэщIэнауэ, гъуэзыр къыщхьэщихыу жэрти, и натIэм теукъуэдия набдзэ бгъуфIитIым, и

пащIапцIэм щIэх-щIэхыурэ пщIэнтIэпсыр къыхэткIурт, къару лъэпкъ имыIэжу щылъэпэрапи къэхъурт. Жэрт итIани, бжьыхьэ акъужь мащIэр нэхъуеиншэу иришэхыу, бауэбапщэу.

Фитонри абы и шу гъусэхэри кIуэ пэтми нэхъ жыжьэ хъурт, апщIондэхункIи Болэт и гур хэщIырт.

А зэрыжэм хуэдэурэ, абы и нэгу аргуэру къыщIохьэж и сабиигъуэ блэкIар: хьэблэ щIалэ цIыкIухэр губгъуэ хуитышхуэм щызэдожэ... Абыхэм хьэндырабгъуэ ирахужьауэ кърахуэкI... А гукъэкIыжхэм къаруущIэ къыхалъхьауэ Болэт мажэ, нэхъ псынщIэ зещI.

«Мо Iуащхьэ цIыкIум сынэсыным зымащIэщ сиIэжыр. Абы и щыгум сыдэжмэ, си къуажэгъухэм сакIэлъыплъыфынущ адэ жыжьэ дыдэ нэсыжыху... ИтIанэ, зыми сыкъимыщIэми, си мурадыр, си къалэныр згъэзэщIащ. Моуэ... моуэ... зымащIэ тIэкIут къэнэжар, – егупсысурэ илъыну зыщигъэхьэзырым, лъэпэрапэри щхьэпридзу джэлащ. Болэт къыщылъэтыжыну хуежьа щхьэкIэ, хулъэкIакъым, и нэхэр занщIэу щыункIыфIыкIри гъуэгу сабэм хэхуащ. ИтIани и щхьэр къиIэтырт шухэм якIэлъыплъыну, арщхьэкIэ зыри илъагъужыртэкъым – ихъуреягъыр кIыфIт.

Гъуэгубгъум Iут кIарцхэм я тхьэмпэ Iущащэ макъым Болэт фIэфIу щIэдэIурт, акъужь мащIэри и псэм къедэхащIэрт. Уафэ къащхъуэ щIэншэр зэпиплъыхьу, зыхэтаи, къыщыщIаи имыщIэжу зыкъомрэ хъыжьпIыжьу щылъа нэужь, хуэмурэ абы и нэгум къыщIохьэж фитоныр, шу гъусэхэр, езыр абыхэм зэракIэлъыжар.

Къэтэджыну еныкъуэкъуа щхьэкIэ, хузэфIэкIакъым. Лъакъуэ ижьыр къутати, псэр хихыным хуэдэу узырт. Ар зыхуигъэшэчурэ, Болэт Iуащхьэ цIыкIумкIэ пщыуэ щIидзащ... КъэувыIэм, зигъэпсэхум, ежьэжурэ, Iуащхьэм дэпщырт...

Лъэмыжым къикIыу Iуащхьэр къэзыжыхь гъуэгум тету зыгу къеуэкIырти, абы исхэм Болэт къалъэгъуащ. Зы щIалэ гум къелъэри, абы бгъэдэлъэдащ.

– Уа, уэраи мыр, Болэт. Сыт къыпщыщIар?

ЩIалэр Болэт и шыхъуэгъухэм ящыщт.

– Си лъакъуэр... Схуэгъэхъейркъым... Къута хъунщ...

ЩIалэр гум ис и гъусэхэм еджащ. Ахэри гум къелъэри, къабгъэдыхьащ. Хуэсакъыурэ Болэт къаIэтри, шыудз цIынэ щабэ зэрылъ я гум ирагъэгъуэлъхьащ, «Иджыпсту къупщхьэщIыжым деж унэдгъэсынкъэ!» – жаIэурэ.

Гупыр ежьэжа нэужь, япэу Болэт къыбгъэдыхьа щIалэм жиIащ:

– Иджыпсту Бжейкъалэ нэблэгъэжауэ фи къуажэ щIалэхэм дахуэзати, уэ къыпщIэупщIахэщ. ТхьэмахуитI хуэдиз дэкIмэ, укъалъагъуну къэкIуэну жаIащ. «Дэ дыкъызэдэхъуащ», – жиIэри зы щIалэ псом хуэмыдэу гуапэу къыпщIэупщIащ.

Болэт гуфIэрт, узри щыгъупщэжарэ и нэ фIыцIитIыр къилыдыкIыу.

# ЖАНХЪУЭТ И ХЪУЭПСАПIЭ

Жанхъуэт щыдэплъей дыдэм ирихьэлIэу аддэ жыжьэу уафэ къащхъуэм хьэкъуей-хьэкъуейуэ телъ пщэ хужь Iэрамэхэр щхъуэкIэплъыкIэу къызэщIэнащ. Ар фIэгъэщIэгъуэну лIым зэпиплъыхьу здэщытым,

тепщэч зырызыххэ ису пшэмкIэ цIыху гуп къыхэкIыу илъэгъуащ. Ахэр къэблэгъэху, тепщэч зэрысхэр нэхъ умылъагъу хъууэрэ, кIуэдыжыпэри, Жанхъуэт деж къыщысым, цIыхухэр езыр-езыру уафэм лъэсу къехыу къыщыхъуащ.

Уэрамым тетхэр щтэIэщтаблэу цIыху къахыхьахэм еплъу здэщытым, уэгум къехахэм ящыщ зы Жанхъуэт къыбгъэдэувыIащ. Абы бжьакъуэ тет хуэдэт. Адрейхэм ар яхъумэ нэхъей, блэкIхэрт, къыблэкIыжхэрт. Хэт тхьэкIумэ лъэныкъуэт, хэти и натIэм зы нэ тест, кIэ пыту къыпщыхьуи яхэтт.

Егъэлеяуэ кууэ ис и нэхэм щIагъуэу ямылъагъу хуэдэ, къыбгъэдэувыIам, Жанхъуэт куэдрэ къызэпиплъыхьащ.

– Уэ щIылъэм щыпсэу цIыхухэм уащыщщ, дауи? – къеупщIащ ар иужькIэ.

– Ущыуакъым... – къэщтауэ пидзыжащ Жанхъуэт.

– Мы плъагъухэр пфIэгъэщIэгъуэнкъэ?

Жанхъуэт дияуэ зыри жимыIэу щытт.

– Мо си япэ иту блэкIам и нэр плъэгъуа?

– Ар къысщыхъуа, хьэмэрэ пэж дыдэ? – нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ щIоупщIэ Жанхъуэт.

– Пэжщ, абы и гум илъымрэ и жьэм жиIэмрэ зэрызэтемыхуэр и теплъэм къигъэлъагъуэу аращ.

– НтIэ, зэрыбзитIщхьитIыр къэзылъагъу псоми и теплъэмкIэ къащIэу цIыхухэм ар дауэ зыхагъэт?

– Ди щIыпIэм щыпсэу дэтхэнэми и теплъэм абы и хьэл-щэныр къегъэлъагъуэ... Дэ ди цIыхухэр илъэс 200-250-рэ къудейщ зэрыпсэур... Ди гугъэщ цIыхум я зэхущытыкIэр нэхъыфI тщIыуэ, мы дызэрыт лIэщIыгъуэм гъащIэр илъэс 300-м нэдгъэсыфыну. Абы къыхэкIкIэ мычэму зи ужь дитыр ди цIыхум и фэм къигъэлъагъуэ хьэл-щэным екIун IэнатIэ дэтхэнэми лъыса зэрыхъунумрэ абы и лэжьыгъэм и хъеру жылагъуэм нэхъыбэ зэрыIэрыдгъэхьэнумрэщ.

Дунейм тет псоми лей зэрахэмытым ещхьу, хьэлкIэ зэмыщхь цIыхухэми Iэмал имыIэу гъащIэм уащыхуеинущ. Сыт ахэр зы жыпхъэ щIибгъэувэнур? Дэ цIыху къэс зэмыщхьу дыкъыщIигъэщIар акъылкIи, хьэл-щэнкIи, зэфIэкIкIи дызэхуэдэкъыми ращ. Дэ ди цIыхухэр псори дэзыхьэх IэнатIэщ зыIутыр. Абы Iэмал къыдет дызэхуэгуапэу, ди жагъуэ зэрымыщIу дызэдэпсэуну. Фэ, ЩIым щыпсэу цIыхухэм, иджыри фи акъылыр мы лъэхъэнэм гъащIэм игъуэта зыужьыныгъэм къыкIэроху.

– Догуэт, догуэт, – зэпиудащ ар Жанхъуэт. – ЩIым щыпсэу цIыхухэм ещхьу, фэри мыхъумыщIэхэр къыфхэтмэ, дауэ псоми я гумрэ я псэмрэ дыхьэу лэжьыгъэ ефту, фи нэ-фи псэу фызэрызэдэпсэур?

– Ди деж къыщалъху сабийхэм я теплъэм ахэр зэрыхъуну цIыхур къыщигъэлъагъуэкIэ, абы мыхъумыщIагъэ зэрилэжьыну къыдалъхуа къэрур къыхах. Абы и Iэпкълъэпкъым сэбэп хъуну къару фIэкIа зыри къыханэркъым. Фэ фхуэдэу дэри медицинэкIэ еджэу щIэныгъэ диIэщ. Абы нэхъыбэ хузэфIокI фыфейм нэхърэ. Ар зэрыжысIэр уи жагъуэ умыщI. Фи щIэныгъэм щIалэгъуалэм жриIэфу щытын хуейщ еджэн щыщIидзэкIэ е IэнатIэ щыпэрыхьэкIэ, щхьэж нэхъ зыхэзэгъэну IэщIагъэр. Апхуэдэ Iэмал фызэримыIэм къыхэкIкIэ, нобэр къыздэсым



3 Заказ №352

IэнатIэ Iутым лэжьыгъэр тэмэму игъэзащIэрэ имыгъэзащIэрэ къэзыпщытэ цIыхухэр фиIэщ. Ди деж апхуэдэ зэрыщымыIэжрэ илъэс 200-м нэсащ. Дэ къыдолъытэ цIыху къэс зы Iуэхугъуэ гуэрым къыхуалъхуу, а лэжьыгъэм абы нэхърэ нэхъыфIу хэзэгъэн щымыIэу. Ар абы тэмэму, щыуагъэншэу къыхебгъэхыфмэ игурэ и псэрэ етауэ лэжьэнущ, фэ ар языныкъуэхэм деж фхузэфIэкIыркъыми, абы цIыхум и гъащIэми фи зэхэтыкIэм и зыужьыныгъэми ныкъусаныгъэшхуэ ирет.

– НтIэ, фи жылагъуэм хузэфIэкIыну пIэрэ езыр зыхуей, нэхъ зыхуэныкъуэ цIыхум хуэдэ къигъэхъуну?

– Зэгуэр хузэфIэкIыну дыщогугъ, ауэ ар къыщыхъунур иджыри жыжьэщ, лIэщIыгъуэ куэд хуейщ. КIэщIу жыпIэмэ, пасэщ абы утепсэлъыхьыну.

– Дауэ-тIэ цIыхум и теплъэмкIэ абы и хьэлыр къызэрыфщIэр? Абы фыхуеджэрэ, хьэмэ...

– Плъэмэ, мо жыгыр, уафэр, щIылъэр зэрызэхигъэкIым ещхьу, ди цIыхухэри теплъэкIэ хьэл-щэныр зэхагъэкIыфу къалъху... Мес, мобыкIэ иджыпсту блэкIар тхьэкIумэ ныкъуэщ. Ар къызэралъхуам хуэдэу медицинэр зыкIи хэмыIэзэщIыхьыжу къагъэтэджатэм, фIы зэхихми, Iей и тхьэкIумэм къицырхъэми игъэбатэурэ, иIуэтэжынут. Иджы уэри сэри тхуэдэ цIыху тэмэмщ. ... Апхуэдэ дэтхэнэми Iэмал къыхуагъуэт... Мес мо иджыпсту къызэплъэкIар и щхьэ акъылкIэ псэуфынутэкъым. Абы хэтми идэнут, уеблэмэ сабийми, зыгуэрым унафэ къыхуищIмэ. Ауэ ди щIэныгъэм и сэбэпкIэ, хэти хуэдэу, хьэрычэт хэлъу, лэжьэфу, псэужыфу ящIащ.



– НтIэ, е хузэгуэпу, е нэгъуэщI зыгуэрым къыхэкIыу цIыхум и теплъэм къигъэлъагъуэр езыхъуэнын фи щIыпIэм щыпсэуркъэ?

– Уи фIэщ зэрыхъун, щымыпсэу. АбыкIэ ди цIыхухэр фэ къыфщхьэщокI. ЩIым щыпсэу цIыхухэм фи зэхэщIыкIыр зэрынэхъ мащIэм ещхьу, фи щIыналъэри нэхъ цIыкIущ. Дэ, уафэм щыпсэухэм, фэ фщыщ дэтхэнэми хуэдэу, Хэку диIэщ. Ди хэкуу добж мо дыгъэм и хуабэр здынэс вагъуэхэри, фи щIылъэри. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр псори а дыгъэм и хабзэм зэпещIэри. Абы нэмыщIкIэ, дыгъэм бзий зэридзым хуэдиз псынщIагъ иIэу ди цIыхухэр зы щIыпIэм йокIри адрейм макIуэ...

Абы дыгъэм и нэхумрэ и хуабэмрэ здынэс гъунапкъэхэр зы хьэблэм хуэдэу благъэ къытщегъэхъу. Фэ ар фхузэфIэкIыркъым...

Абдежым Жанхъуэт къыбгъэдэта цIыхум зиIэтыжащ. Адрейхэри зырыз-тIурытIурэ абы и ужьым иувэжащ...

«Ярэби, мы ЩIылъэм щыпсэу псоми апхуэдэ цIыху зэхэгъэкIыкIэ тщIамэ сыту фIыт... Мо Мыхьэмэтыжьыр щIыхуэкIэ зэрымыщIагъуэр... ХьэзрэIил гъунэгъукIэ зэрыкъанлыр... КIэфо зэрыбжьыщIэмыхьэр... ЦIылэ зэрыIужажэр... нэгъуэщI мыхъуми, псоми наIуэ ящыхъунт. Ар сыт и уасэт!...» – егупсысурэ, щхьэж и Iуэхум щIигъэнауэ цIыху Iув зэхэзекIуэм езы Жанхъуэти яхыхьэжащ...

*Хормейстер Бицу Юрэ илъэс 80 ирокъу*





# МЫКІУЭДЫЖЫН ЛЪЭУЖЬ

*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, пщІэрэ щІыхьрэ иІэу Музыкэ къэрал театрым и хормейстер нэхъыщхьэ къулыкъум илъэс куэдкІэ пэрыта, профессор, республикэм и музыкэ гъуазджэр зэфІэувэным хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІа Бицу Юрэ илъэс 80 ирикъуащ. Ар ди щхьэусыгъуэу, дэ абы иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.*

**– Юрэ, умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым укъыщалъхуа Аушыджэр къуажэм а зэманым музыкэм щыхурагъаджэ еджапІи, абы хуезыгъэджэну щІэныгъэ зиІэ цІыхуи дэмыс пэтми, макъамэм удихьэха зэрыхъуар. Абы ухуеджэным, ар уи гъащІэ псокІэ Іэпэгъу пхуэхъуным сытыт и къежьапІэр?**

– Си адэ Мурат хьэгъуэлІыгъуэхэми, ныбжьэгъухэмрэ благъэхэмрэ я зэхэсхэми цІыхубэ уэрэдыжьхэр екІуу щигъэзащІэрт, Іэнэм пэрысхэм ягу дыхьэу. Си анэ Гуащэгъагъ адыгэ пшынэр дахэу игъэбзэрабзэу щытащ. Дауи, си адэ-анэращ макъамэм сыкъыхуэзыгъэушауэ икІи сыдезыгъэхьэхауэ къэслъытэр. Классикэ музыкэр зищІысыр сымыщІэми, радиом Моцартрэ Бетховенрэ я макъамэхэр къыщиткІэ сытемэхауэ

седаIуэрт. Курыт еджапIэм и самодеятельностым жыджэру сыхэтт, уэрэдхэр жысIэн, пластинкэхэм седэIуэн сфIэфIт. ЕджапIэр къэдухын гъунэгъу хъуауэ, иужьрей дерсхэм ди егъэджакIуэр къытхэупщIыхьырт хэт сыт хуэдэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыну щIэхъуэпсми. Абы ирихьэлIэу радиом къит макъамэ дахэм апхуэдизкIэ ситхьэкъуати, си тхьэкIумэр тегъэхуауэ седаIуэрт, егъэджакIуэмрэ си классэгъухэмрэ жаIэр зэхэзмыхыу. СызэрытегупсысыкIам гу лъызыта егъэджакIуэр набдзэгубдзаплъэу къызэплъри: «Бицум къыхиха IэщIагъэр жэуапыншэуи гурыIуэгъуэщ!» – жиIат.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Бицу зэкъуэшхэу Георгий, Александр, Бабий, Анатолэ, Юрэ сымэ.** *1970*

1957 гъэм, курыт еджапIэ нэужьым, зыми ямыщIэу, Жылокъуэ Мухьэмэдин и чэнджэщкIэ, Налшык и Музыкэ училищэм и дирижёрхор къудамэм сыщIэтIысхьащ, нотэр зищIысыр сымыщIэу. Си насып кърихьэкIри, егъэджакIуэфIхэм – Хьэсанэ Мусэ, Пахомов Николай, КIуэкIуэ Майе сымэ – сапэщIэхуащ. ИлъэсиплIкIэ абы сыщеджащ икIи музыкэ щIэныгъэ сиIэ зэрыхъуамрэ макъамэ гъуазджэр нэхъыфIыжу зэрыслъэгъуамрэ зи фIыщIэр ахэращ. 1961 гъэм къэралым и гъуазджэ еджапIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэм – Москва Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ музыкэ-педагогикэ институтым си щIэныгъэм щыпысщащ. Москва къалэр, институтыр, Театр Иным и спектаклхэр, Станиславскэмрэ Немирович-Данченкэмрэ я цIэхэр зезыхьэ музыкэ театрымрэ опереттэмкIэ театрымрэ я лэжьыгъэхэр куэдкIэ къысхуэщхьэпащ. УэрэджыIакIуэ гуп нэхъыфIхэм я концертхэм сыкIуэрт, хорым и лэжьакIуэхэм саIущIэрт, абыхэм я дерсхэм зрезгъэхьэлIэрт, сечэнджэщыну сфIэфIт. Урыс икIи европей хор гъуазджэм кууэ зыхэзгъэгъуэзащ, хорым папщIэ ятхахэм къадэкIуэу, опереттэхэм хэт хорхэри зджащ.

Си диплом лэжьыгъэр адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэм тезухуащ. Абы щыщIэдзащ лъэпкъ уэрэдыжьхэр зэхуэсхьэсыжынымрэ абыхэм са-

хэлэжьыхьыжынымрэ. Адыгэ уэрэдхэм я ежьухэмрэ я художественнэ мыхьэнэмрэ, абыхэм къаӀуатэмрэ зэрызаужьымрэ джыным сыдахьэхащ икӀи къалэн зыщысщӀыжащ адыгэ уэрэдхэм ябгъэдэлъ дахагъэр, абыхэм я ӀукӀэр хъумэным, зымащӀэкӀэ нэхъ мыхъуми, хэлъхьэныгъэ хуэсщӀыну. «Мэлыхъуэм и гъыбзэ» уэрэдыжьыр си анэм жиӀэу стхыжащ икӀи ар абы фэеплъ хуэсщӀащ. Уэрэдыр зэзгъэзэхуэжат хорым хэтхэм ягъэзэщӀэфын хуэдэу.

**– Гнесинхэ я цӀэр зезыхьэ институтыр къэбухыу Налшык къэбгъэзэжа нэужь, лэжьыгъэм узэрыпэрыхьам и гугъу уэзгъэщӀынут.**

– 1967 гъэм Москва сыкъикӀыжри, сыщеджа Музыкэ училищэм егъэджакӀуэ лэжьыгъэм сыщыпэрыхьэжащ. Макъамэ ӀэщӀагъэ зэзыгъэгъуэт щӀалэгъуалэр къыхуезджэрт щалъхуа щӀыпӀэр фӀыуэ ялъагъуну, лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ зэрыдезгъэхьэхыным сыхущӀэкъурт. ЕгъэджакӀуэр сытым дежи еджакӀуэхэм я щапхъэщ, гъащӀэм и лъапӀэныгъэу къилъытэхэр яфӀэгъэщӀэгъуэнщ.

1968 гъэм февралым и 28-м Музыкэ къэрал театрыр къызэӀуахащ икӀи абы и балетыр илъэсрэ ныкъуэкӀэ лэжьауэ, 1969 гъэм ӀуэхущӀапӀэм и лэжьакӀуэхэм къахэхъуащ ГИТИС-р, Москва Гнесинхэ я цӀэр зезыхьэ институтыр, Ленинград, Саратов, Тбилиси консерваторэхэр къэзыуха уэрэджыӀакӀуэхэр.

Композитор Листов Константин и «Севастопольский вальс» опереттэр Москва къикӀыжахэм къыздашэжащ. КъБАССР-м ЩэнхабзэмкӀэ и министерствэм и лъэӀукӀэ, абы и режиссёрыр ГИТИС-м щыӀэ ди студием и унафэщӀ, режиссёр цӀэрыӀуэ Ансимов Георгийт. Театрым и хор икӀэщӀыпӀэкӀэ къызэрагъэпэщын хуей хъуащ, а лэжьыгъэр ягъэувын щхьэкӀэ. Абы щыгъуэщ театрым хормейстер нэхъыщхьэу сыщагъэкӀуар. 1969 гъэм июлым и 15-м, хорыр къызэгъэпэщыным иужь сихьащ. Нотэ щӀэныгъэ зиӀэ яхэмытми, зэпеуэм я зэфӀэкӀ щеплъыжыну къэкӀуа щӀалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я нэхъыфӀхэр, утыкум итыну хущӀэкъухэр къыхэсхащ. ТхьэмахуитӀым къриубыдэу гупыр зэзгъэуӀури, уэрэд жыӀэным хуэзгъэсащ. Абыхэми сащысхьакъым, сэри сызыщысхьыжакъым. Хор партиехэр нотэ зымыщӀэхэм макъкӀэ къаубыдурэ жаӀэфын хуейт. Уэрэд гъуазджэм хуаӀэ лъагъуныгъэр абыхэм сэбэп къахуэхъуащ. «Севастопольский вальс» опереттэр зыгъэува Ансимовыр къыщыкӀуам, абы и хор партиехэр зэдгъащӀэрт, дызэкъуэту лэжьыгъэм яужь дитт.

Опереттэр 1969 гъэм октябрым и 11-м утыку къитхьащ. Театреплъхэр гуапэу къыӀущӀащ, пэшышхуэм тӀысыпӀэ нэщӀ имыӀэжу. Абы къыпэкӀуа гукъыдэжым театрым и лэжьакӀуэхэм дамэ къыттригъэкӀауэ оперэ, балет, опереттэ жыпӀэми, лэжьыгъэщӀэхэм нэхъри дытегушхуэрт. 1970 гъэм апрелым и 18-м ЩоджэнцӀыкӀу Алий и «Мадинэ» поэмэм ХьэхъупащӀэ Хьэжбэчыр къытрищӀыкӀа либреттэр и лъабжьэу, композиторхэу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» оперэр дгъэлъэгъуащ. Адыгэхэм я музыкэ тхыдэм къриубыдэу япэ оперэт ар. Гъуазджэр фӀыуэ зылъагъуу республикэм ис дэтхэнэри абы щыгуфӀыкӀащ. ГъэщӀэгъуэныратэкъэ, район, къуажэ пхыдзахэм щыпсэухэм щыщ къакӀуэурэ еплъырт абы. Ноби си пщӀыхьхэм хэтщ дызыгъэгушхуауэ, ди пщӀэр зыӀэтауэ щыта а лэжьыгъэр. Хорым жыджэру

хэтащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Къуныжь Алим, Мэремыкъуэ Хъусен, Пщыгъуэш Юрэ, Къардэн Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

Театр лэжьыгъэм щIыгъуу егъэджакIуэ IэщIагъэри зэпымыууэ есхьэкIащ. Музыкэ училищэмрэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтымрэ илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ дирижёрхэр згъэхьэзыру. КъищынэмыщIауэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм сыдахьэхыу сыкъекIуэкIащ, цIыхубэ уэрэдхэм сыхэлэжьыхьыжащ, хорымрэ уэрэджыIакIуэ ансамблхэмрэ ягъэзэщIэн хуэдэу, республикэм и уэрэдусхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэми си гуащIэ хэслъхьащ. 1996 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Обработки народных песен для хора» си лэжьыгъэр. Абы хэзгъэхьащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа «Андемыркъан», «Мэлыхъуэм и гъыбзэ», «Истамбыл гъуэгур», «Нысашэ уэрэд», «Кавказ къуршхэр», «Мой город Нальчик», нэгъуэщI уэрэдыжьхэри. Бицу Анатолэрэ сэрэ зэдэттхащ «Си Аушыджэр», «КъакIуэ» уэрэдхэр. Абыхэм нэмыщI, хорым, уэрэджыIакIуэхэм, художественнэ самодеятельностхэм папщIэ уэрэди 100-м нэблагъэ стхыжащ.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Мэкъуауэ Хьэсэн, Бесчокъуэ Майе, Бицу Юрэ, Дау Марианнэ, Мэршэнкъул Iэдэм, Жырыкъ Заур сымэ.** *2008*

**– Музыкэ театрым щывгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм ящыщу сыт хуэдэхэр нэхъ гукъинэж пщыхъуа?**

– Зым и ужьым адрейр иту, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу театрым щыдгъэлъэгъуащ Модуньо и «Чёрный дракон», Верди Джузеппе и «Опера из опер», «Травиата», Штраус Иоганн и «Летучая мышь», «Цыганский барон» опереттэхэр, Дунаевский Исаак и «Вольный ветер», Легар Франц и «Цыганская любовь», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Рахманинов Сергей и «Алеко», Чайковский Пётр и «Евгений Онегин», Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэхэр, нэгъуэщIхэри.

**– Хабзэ зэрыхъуауэ, театрым и лэжьакIуэхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм ирагъэблагъэурэ зыкъыщагъэлъагъуэ. Фэ дэнэ щIыпIэ фыщыIэну къыфхуихуа?**

– Урысейм и щIыналъэ куэдым драгъэблагъэурэ зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ Ереван, Астрахань, Новочеркасск, Новороссийск, Луганск, Новгород, Псков, нэгъуэщI къалэхэри.

КъищынэмыщIауэ, ехъулIэныгъэхэр диIэу нэгъуэщI щIыналъэхэм зыбжанэрэ щедгъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я махуэхэр. Апхуэдэ Iуэху дахэхэр мызэ-мытIэу Москва, Винницэ, Дон Iус Ростов, Липецк къалэхэм, гъунэгъу республикэхэм гукъинэжу къыщызэдгъэпэщащ Бэрэгъун Владимир, Темыркъан Борис, Теувэж СулътIан, Тхьэзэплъыж Ислъам сымэ дызэгъусэу. Апхуэдэ дыдэуи ди республикэм и нэгъуэщI лъэпкъхэм я артистхэр къедгъэблагъэурэ я махуэхэр щIэщыгъуэу ди деж щрагъэкIуэкIащ. А гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр уасэншэт лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ.

**– Ди республикэм и махуэшхуэхэр гъэлъэпIэнми жыджэру фызэрыхэтар куэдым ящIэж, Юрэ...**

– 1971 гъэм сентябрым и 1-м дгъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъур. Абы хуагъэпса гуфIэгъуэ концертышхуэм ди къаруи зэфIэкIи демыблэжу етхьэлIащ. Республикэм Октябрь революцэм и орденыр къыхуагъэфэщат. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ СССР-м и союз республикэхэм яIэтэкъым. Ар къыщратыну яубзыхуа пIалъэр къэблагъэрт. ГуфIэгъуэ махуэшхуэр «Спартак» стадионым щагъэлъэпIэнут, Геттуев Максим и псалъэхэмрэ Молэ Владимир и макъамэмрэ зыщIэлъ «Си лъахэу Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдымкIэ къызэIуахыу. ЦIыху мин бжыгъэ хъу хорыр (радиомрэ телевиденэмрэ я хорыр, Музыкэ театрым, музыкэ, культпросвет училищэхэм, республикэм и художественнэ самодеятельностхэм я хорхэр къызэщIиубыдэрт) пщэрылъ къысщащIат. Репетицэхэр щрагъэкIуэкIым махуэ къэс сыкIуэурэ уэрэдыр зэрагъэзащIэм сыкIэлъыплъащ, хуей хъумэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэслъхьэу. Уэрэдыр макъиплIкIэ зэгъусэу жыIэн хуейт, дэтхэнэ макъри дагъуэншэу, иужькIэ зэгъусэу къэIун щхьэкIэ. Абыи нэхъ тедгъэщIащ. Уэрэдыр жаIэн яуха нэужьи цIыху миным щIигъум я макъ жьгъырур Налшык къалэ и щIыпIэ куэдым дакъикъэ бжыгъэкIэ джэрпэджэжу щызэхэпхырт. Ди хьэщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуат дгъэхьэзыра программэр, псом хуэмыдэу хорым и зэфIэкIыр ину къалъытат. Ауэ ар зи фIыщIэр си закъуэтэкъым, хормейстер нэхъыщхьэу сыщытами. А Iуэху дахэр къыхэзылъхьахэми, зыщIрамыгъэхыу лэжьа дэтхэнэми ди зэхуэдэ фIыщIэт. А махуэ лъапIэр ноби куэдым ягу къинэжащ.

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестиваль 1991 гъэм и гъэмахуэм Налшык щекIуэкIащ. Абы хэтащ дуней псом щикъухьа адыгэхэм я лIыкIуэхэр. Хорым щхьэкIэ стхыжа «ИстамбылакIуэ» гъыбзэр фестивалым щагъэзэщIащ, кърихьэлIахэм я нэпс къригъакIуэу.

**– Лъэпкъ культурэм лъэужь дахэ, мыкIуэдыжын лъэужь къыхэбнащ, Юрэ. ДяпэкIи узыншагъэ быдэ уиIэну, уи щхьэгъусэ Мариерэ уэрэ фи щIэблэм я насып флъагъуу иджыри илъэс куэдкIэ фызэдэпсэуну ди гуапэщ.**

*Епсэльар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ**

# Бицу Юрэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

ЩIыхум и IэщIагъэр Тхьэм къыдигъэщIу къалъытэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Бицу Юрэ къызыхуигъэщIар, дауи, музыкэрт.

КъБР-м и Музыкэ театрым и япэ унафэщIу щыта Хьэсанэ Мусэрэ Шейблер Труворрэ къыхащыпыкIащ республикэм и нэхъ тхьэкIумафIэ, макъамэр нэхъ зигу изыубыдэф щIалэгъуалэр. Ди искусствэм зезыгъэужьар абыхэм музыкэм хуащIа хэлъхьэныгъэрщ. Я цIэр къипIуэмэ – ахэр Бэрэгъун Владимир, Бэгъуэтыж Светланэ, Iэщнокъуэ Розэ, Гъэсашэ Наталье, Бицу Юрэ, Молэ Владимир сымэщ. Юрэ сэ нэхърэ тIэкIу нэхъыжьт – ещанэ курсым сыщыщIэтIысхьам, абы еджапIэр къиухат. ИужькIэ ар щоджэ Москва Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ институтым.

Профессиональнэ музыкэ IэщIагъэр лIэужыгъуэ куэду зэщхьэщокI. Юрэ хорым и дирижёрт. Лъэпкъым насып диIэти, Бицу Юрэ хуэдэхэр адыгэм къыдитащ. Псэемыблэжу и IэщIагъэм зы цIыху бгъэдэту срихьэлIамэ, ар Бицу Юрэщ. Москва Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ институтыр къиуха нэужь, Налшык и Музыкэ театрым и хормейстер нэхъыщхьэу пенсэм тIысыжыху щылэжьащ. Опереттэ, оперэ, комедие жыпIэми, театрым щагъэува лэжьыгъэм хорым зыкъыщигъэлъагъуэмэ, абы и зэфIэкIым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. «Профессионал» жыхуаIэм хуэдэу, и лэжьыгъэм псэемыблэжу бгъэдыхьэрт.

Юрэ дирижёр къудейтэкъым, адыгэ цIыхубэ уэрэд куэди зэхуихьэсыжурэ итхыжащ. КъигъэщIэрэщIэжа адыгэ уэрэдыжьхэр къыдигъэкIын и пэ къысхуихьри, си гуапэу пэублэ псалъэ хуэстхат. Ар композитор IэщIагъэм хуемыджами, цIыхубэ уэрэдхэм щыхэлэжьыхьыжым, композиторым къигъэсэбэпын хуей гъэпсыкIэр, макъ зэщIэжьыуэхэр телъыджэу къехъулIащ. Бицу Юрэ итхыжа уэрэдхэр Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэу щыIэщ. Абыхэм ущедаIуэкIэ апхуэдизу гукIи псэкIи зыхыбощIэри, уи щхьэфэцыр мэтэдж.

Уэрэдыпсэу къэхъуа адыгэ щIалэм уэрэд къэс щхьэхуэу пкърилъхьэфар си щхьэкIэ схузэфIэмыкIынкIи хъунт. И IэщIагъэм апхуэдизкIэ хуэIэзэщи, и пэ иту ищIэрт хорым папщIэ зыхэлэжьыхьыжа и уэрэдхэр зэрагъэзэщIэну щIыкIэр. Адыгэм къыдалъхуа дахагъэ гуэр дунейм къытенэнумэ, Бицу Юрэ адыгэ уэрэдхэм яхилъхьэжа псэр къэнэнущ. Си гъащIэм сроплъэжри, срогушхуэ Юрэ хуэдэу зэфIэкI зиIэ музыкант ди лъэпкъым къызэрыхэкIам.

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**<br>
*УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*<br>
*КъБР-м и Композиторхэм*<br>
*я союзым и тхьэмадэ*

Музыкэ училищэр 1956 гъэм къызэIуаха иужькIэ, япэу абы щIэтIысхьахэм къытхэттэкъым макъамэм щыхурагъаджэ школ къэзыуха, хэт уэрэд мыIейуэ жиIэфу, хэти уэрэд иусыфу дыкъыхахауэ арат. Сэ етIуанэ курсым сыщIэсущ Мыз Борисрэ Бицу Юрэрэ къыщысцIыхуар. Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ училищэр Москва къыщыдухыу Налшык дыщызэхуэзэжа иужьи, дызэрыщIэу, ди лэжьыгъэкIэ дызэлъыгъуазэу дыкъекIуэкIащ. Хор хэту стха оперэхэм, спектаклхэм, опереттэхэм

къуэшу къэслъытэ Юрэ езгъэдаIуэрт, зыгуэрым игу хуэмызэгъамэ, ар зумыгъэзэхуэжауэ псэху иIэнутэкъым.

ЗэфIэкI зиIэ, музыкэр фIы дыдэу къызыгурыIуэ, сыт хуэдэ фактурэм емыплъами, нэхъыфIыр къыхэзыхыф IэщIагъэлI нэсщ Бицур.

**МОЛЭ Владимир,**
*УФ-м гъуазджэхэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*композитор*

Бицу Юрэ сэрэ музыкэ училищэм дыщызэдеджащ. Мыз Борис, Юрэ, Абрэдж Толэ сымэ а еджапIэр, КIарэ Хьэсэнрэ сэрэ абы и етIуанэ курсыр къэдухауэ дыкIуащ Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ училищэм. Хьэсэнрэ сэрэ подкурсым, адрей щIалищыр япэ курсым дыкъащтащ. Нобэми гуапэу сигу къокIыж музыкэ училищэм и унафэщIу щыта Хьэсанэ Мусэ Москва дишэу ди Iуэхухэр зэфIимыгъэкIауэ, дыщIимыгъэтIысхьауэ къызэримыгъэзэжар.

Бориси, Толи, сэри еджапIэм дыкъыщIашри дзэм драджащ, сэ Москва дзэ округым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым щесхьэкIащ къулыкъур. Абы сикIыурэ училищэм, общежитием Юрэ и деж лъагъунлъагъу сыкIуэу щытащ. Борисрэ Юрэрэ нэхъапэу къаухри къагъэзэжащ, Борис радиом и хорым, Юрэ Музыкэ театрым и хормейстер нэхъыщхьэу лэжьэн щIадзащ. Зэрынэрылъагъущи, илъэсипщI бжыгъэкIэ дыкъыздэгъуэгурыкIуащ, театрми куэдрэ дыщызэдэлэжьащ Бицумрэ сэрэ.



Юрэ цIыхуфIщ, ауэ лэжьыгъэкIэ ткIийуэ щытащ сыт щыгъуи. Зи Iуэхум пэжкIэ бгъэдэтхэр фIыуэ илъагъуу, мыдрейхэмкIэ зэрымыарэзыри имыбзыщIу. Апхуэдэу щымытамэ, ди хорыр апхуэдизу къиIэтыфынтэкъым абы. ХузэфIэкI къигъэнакъым цIыху бжыгъэр нэхъыбэ ищIынымкIэ, макъыфI зиIэхэр къыхихыу хорым хигъэхьэнымкIэ.

Бицу Юрэ ди Къэбэрдей-Балъкъэр искусствэм зегъэужьыным къаруушхуэ ирихьэлIащ. Хорыр оперэхэм, опереттэхэм хэту, концерт щхьэхуэхэр иту зыщIар Бицум и емызэшыж лэжьыгъэрщ.

**КУЭТ Къанщобий,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист*

Музыкэ театрыр къыщызэIуаха зэманым япэ дыдэу Юрэ къыхуагъэфэщащ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ хормейстер нэхъыщхьэ къулыкъур.

Музыкэ театрым и лэжьыгъэхэм увыпIэфI щызыубыд хорыр Юрэ езыр-езыру къызэригъэпэщащ икIи уэрэджыIакIуэхэр иригъэджэжащ. Нотэ зыщIэхэм я дежкIи къалэн тыншкъым дуней псом и композитор лъэщхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа, макъиплIу зэхэкIыу хорым и уэрэджыIакIуэхэм ягъэзэщIэн хуей партиехэр. А лэжьыгъэхэр екIурэещхьу, оперэм зэрыхэтым хуэдэу, игъэхьэзырырт Бицу Юрэ, языныкъуэхэр хорым зэригъэзэщIэным хуэдэу нотэм иригъэзагъэу щыхэлэжьыхьыжи щыIэу. Хорым зиужьырэ профессиональнэ зэрыхъуар зи фIыщIэр Юрэщ. Абы а Iуэхум къаруушхуэ ирихьэлIащ, уи IэнатIэм гукIи псэкIи убгъэдэтын зэрыхуейм и щапхъэу къэгъуэгурыкIуащ.

Адыгэ уэрэдыжьхэр зэманым декIуу нотэм къызэрыригъэзэгъэжар уасэншэщ. «Обработки народных песен для хора» и лэжьыгъэр

республикэм и хорхэмрэ уэрэджыIакIуэ ансамблхэмрэ ноби я дэIэпыкъуэгъущ. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ пщэрылъ къыщащIми, нэгъуэщI щIыпIэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэн хуей хъуми, Юрэ и лэжьэгъухэм я чэнджэщэгъут икIи гъуэгугъэлъагъуэт. Профессиональнэ хор дирижёру, щIэныгъэ зыбгъэдэлъу республикэ гъуазджэм япэ дыдэу къыхыхьахэм ящыщщ Бицур. Абы КъБР-м и театр гъуазджэм зригъэужьащ, хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

**ЖЫРЫКЪ Заур,**
*КъБР-м гъуазджэхэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*композитор*

1965 гъэм щIалэ зыбжанэ дыкъыхашри, Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ училищэм дагъэкIуауэ щытащ. Дэ япэ курсым дыщыщIэтIысхьам, Юрэ етIуанэм щеджэрт. Ар къиухыу къэкIуэжа иужь, Музыкэ театрым щагъэхьэзыра спектакль псоми Юрэ лэжьыгъэшхуэ хищIыхьащ. Хорыр, дирижёр IэщIагъэр ди щыпэлъагъуми, а псори тэмэму зэригъэкIуфащ Бицум.

Тхьэм гъащIэ кърит, куэдрэ ди япэ итыну си гуапэщ.

**ШУМАХУЭ ХьэзрэIил,**
*КъШР-м и цIыхубэ артист*



Бицу Юрэ куэд щIауэ соцIыху, илъэс тIощIым щIигъукIэ дыздэлэжьащ. Сэ япэщIыкIэ радиом и хорым сыхагъэхьауэ щытащ. А зэманым къыщыщIэдзауэ Юрэ и гъащIэм, гуащIэм сыщыгъуазэщ.

Хорым дэлажьэу, хор игъэлажьэу ди республикэм и IэщIагъэлI нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ Юрэ. Абы театрым щыхузэфIэкIам, хорым иIа программэ къулейм сыщыгъуазэщи, Юрэ и Iуэхум къыпызыщэфын IэщIагъэлIхэм дыщымыщIэну си гуапэщ.

**ЩIЫГЪУЭН Суфян,**
*Музыкэ театрым*
*и хорым и артист*

Бицу Юрэ еджапIэ нэхъыщхьэр Москва къыщиухыу къэкIуэжа иужь, музыкэ училищэм илъэсиплIкIэ сыщригъэджащ. Ар нобэми гуапэу си гум илъщ. Театрым сыкъэкIуа иужь дызэхуэзэжри, зэрыжаIэу, дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу илъэс зыбжанэкIэ дызэдэлэжьащ.

Илъэс щэ ныкъуэкIэ хормейстер нэхъыщхьэу щыта Юрэ дунейпсо классикэм щыщ оперэ, опереттэ цIэрыIуэ куэд щигъэуващ ди театрым. АрдыдэмкIи ди республикэм и искусствэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Юрэ пенсэ тIысыжауэ иджыпсту ди IуэхущIапIэм къэмыкIуэми, фIыуэ долъагъу, пщIэшхуэ худощI. Куэдрэ, куэдрэ Тхьэм тхуигъэузыншэ.

**БЭРЭГЪУН Руслан,**
*Музыкэ театрым и унафэщI*

## ДИРИЖЁР

*Си къуэш Биццу Юрэ хузотх*

ТӀэкӀу сыныпщытхъуну уэ
Ӏэджэрэ сигу къокӀ,
Ауэ жысӀэу: «Хъунукъым,
Хъунукъым!» — йокӀуэкӀ.

Щытхъу уэ пхэмызагъэ,
Ухуэмей пщӀэ лей,
Уащыщ пэтрэ вагъуэм
Езыдзам пкӀэлъей.

ДиӀэщ лъэпкъым тхылъу
Гъуазджэм хухаха,
Къыхэнэну тхыдэм
Уи цӀэр зратха.

А тхылъым уэр папщӀэ
Итыр мэхъу си фӀэщ:
«Музыкант щэджащэ,
Хор дирижёр лъэщ».

Уэ Темыркъан Юрэ
ПсэкӀэ урикъуэшщ, —
ӀэкӀэ хьэуам уэри
Музыкэр къыхош.

УощӀэр уэ и щэхуу
Уи ӀэщӀагъэм куэд:
ЖогъэӀэф гупышхуэм
Зыжьэу зы уэрэд;

А уэрэдыр нэхъри
ИщӀу нэхъ гунэс,
Композитор Ӏэзэу
Ежьу къогупсыс.

ЖыпӀэу «хорым папщӀэ»
Узэлэжьыжа

Уэрэдыжьхэм я пщIэр
Уэ къэпIэтыжащ.

«Мэлыхъуэм и гъыбзэм»
Щхьэфэцыр еIэт,
И ежьу гуузым
Абы — уи псэр хэтщ.

Уэ «ИстамбылакIуэр»
ЩIэрыщIэу бгъэIуащ.
Уи нэпсхэр хым хоткIуэ,
Абы уедэIуам...

ДиIэгъат хорышхуэ,
Дэнэ здэкIуэжар?
УнафэщI хуэмыхухэм
ЯгъэкIуэдыжа?

Хорырт уэрэдыжьхэм
Яхэзылъхьэр псэ...
Ари хэтщ уэ, сощIэ,
УщIэнэщхъей псом.

Си къуэш гупсысалэ,
Си къуэш псэлъэгъуей,
Уеплъых защIэщ щIылъэм,
Нотэ тет нэхъей.

Сэри, сыхагъаплъэу,
Гупсысэ си куэдщ,
Ауэ си гум псалъэщ
Илъри — схуэмыубыд.

... Хъунукъым, жысIэххэурэ
СфIощIыр сыпщытхъуа,
Зи щхьэр езыхьэхыурэ
Зи пщIэр лъагэ хъуа!

**БИЦУ Анатолэ,**
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# МЭУЭТХЭР

*Тхыдэ роман*



Хьэт къэралыгъуэм ипэжкIэ щыIа Хьэтий пащтыхьыгъуэр (ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2500 – 1700 гъэхэм) хиубыдэу щытащ Ахынрэ Iузэврэ я кавказ Iуфэм щыщIэдзауэ, Хъэзэр тенджызым нэс я зэхуаку дэлъ щIыналъэм теса пасэрей къэралыгъуэшхуэм. КIэзимыIэ щыIэкъым, жьыр мыбзэхыжмэ, щIэ къэунэхуркъым... Апхуэдэу, хьэтий лъэпкъыжьыр зэгуэр къыпыхуащ ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ щIыналъэм. ИкIи, къэралыгъуэ щхьэхуэу тIысыжри, зэIэпыкIащ хьэтийхэм я щIэблэмрэ хэкужьыр зи гущапIэу къэтэджа нарт лъэпкъхэмрэ. Апхуэдэущ къызэрыунэхуар Хьэт къэралыгъуэр, Нарт хэкур, Къэлъхъейр[1].



Кавказым щыпсэу нарт лъэпкъыжьхэм хиубыдэрт мэуэтхэр, щындхэр, щэрмэтхэр, агъырейхэр, тэрэуэтхэр, арыкъейхэр, дуней псом щыцIэрыIуэ нэрыбгей ябгэхэр... Мы лъэпкъыжьхэмрэ хы адрыщI щыIэ Хьэт къэралыгъуэмрэ зэгуэр зы лъабжьэ зэраIам щыхьэт техъуэрт зэхуэдэу зэрахьэ хабзэр, яIурылъ бзэр, я теплъэр, я щэныр.

ЗауэлI лъэпкът ахэр, лъы пщтырхэт. Зы унагъуэ пэтрэ, зэгурымыIуэ къыщихъуэ щыIэт. Нартхэр зэныкъуэкъужми, хамэщI къикIыу биидзэр къащытеуэкIэ зэрыубыдырт. Жыхапхъэр гъэлъалъи зэпыщIыкI, жаIэ. А псалъэжьым и мыхьэнэр абыхэм фIыуэ къагурыIуэрти, я зэхуэдэ хьэлъэр зэдаIэтырт, зэкъуэувэрт. Нарт хэкур налъэ-налъэу зэIылът, пщым я пщыжу зы унафэщI яIэтэкъым, Хьэт къэралыгъуэм хуэдэу, ауэ, щIыналъэ къэс ипщ тетыжу, я гъунапкъэхэр зэхэгъэщхьэхукIауэ, Iуэху щыIэмэ, хасащхьэ зэхашэрэ зэчэнджэщу къэгъуэгурыкIуэрт.

Псы Iуфэм Iусхэм кхъухьхэр яухуэрэ хым тету, хъы яджу, тафэм тесыр щакIуэу, губгъуэм исыр вэрэ сэуэ, бгылъэм щыпсэухэр къэрэгъулу, нэрыбгейхэр дзэ хьэзыру, хъумакIуэу... Дэтхэнэ лъэпкъми къалэн зырыз иIэт, щхьэжи и унэтIыныгъэм хуэIэрыхуэт.

Ащырми, Мысырми, Алыджейми щыIуагъэххэт нартхэм я хъыбар – Ахынрэ Iузэврэ я адрыщI Iуфэм къыщыщIэдзауэ Насып Iуащхьэ нэс я зэхуаку дэлъ щIыналъэр къызэщIиубыдэу къэралыгъуэ лъэщ къызэрыщыунэхуар. Дауи, бийр къехъуэпсащ сату зыщIхэм я зэблэкIыпIэ дахэ хъуа, Нарт хэкум хиубыдэ, Iузэв псыхъуэм дэс мэуэтхэм я щIыналъэм икIи къещэкIуэн щIадзащ, ар зыIэрагъэхьэн я гугъэу.

Ауэ нартхэр зи лъабжьэр кууэ щIым екIыха, зи лъэхъыцхэм заубгъуа жыг пкъыфIэм хуэдэти, абыхэм я щIыналъэр, алыджхэм зэрагугъэм хуэдэу, бубыдыныр тынштэкъым.

Псыхъуэм дэс Мэуэтейм зэгурыIуэныгъэ иращIылIауэ, Ахынрэ Iузэврэ щызэблэкIырт щэн-къэщэхуным пыщIа хьэлъэзешэ кхъухь-

[1] Къэлъхъей – иджырей Абхъазыр. /Колхида.

хэр. Абыхэм кърашалIэрт щэкI щхъуэкIэплъыкIэхэр, гъущIхэкI цIыкIуфэкIухэр, пхъэщхьэмыщхьэ телъыджэхэр, хьэкъущыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр. Аскъалэ – Мэуэтейм и къалащхьэм – щIыпIэ щхьэхуэ иIэт, сатуущIхэр хуиту щызэхэту, цIыхухэр щыщахуэу е щыхъуажэу.

Хы тхьэрыкъуэхэр зэрыгъэкIийуэ щыуфэразэрт гъащIэр къыщибыргъукI Iузэв псы Iуфэм. Дауи, зи щIыр пшэр, зи псыр къабзэ, зи мэзхэр Iув, зи цIыхухэр дахэ щIыпIэ щIэращIэм ехъуэпса алыдж лъэпкъыжьхэми ар къамызэуауэ зэрымыувыIэнур бэянт. Мэуэт пщы уардэхэми я щIымрэ щIыхьымрэ яхъумэжыну сыт щыгъуи хьэзырыххэу япэплъэрт абыхэм.

АдрыщI къэралыгъуэхэм япщхэр хэтащ Мэуэтейр благъагъэкIэ къаубыду, я зауэ бжыгъэншэхэм къыхашэну. Ауэ мэуэтхэм яухуа дуней щхьэхуэм зы хами къыхагъэпшэхъуакъым. Ухэмыхьэмэ – уитхьэлэнукъым. Нартхэр лейзехьэтэкъым, ауэ, зэман бзаджэм, зауэ гуащIэхэм хэпсэукIыфу зызыхъумэжа хьэтий лIакъуэхэм я Iэпщэм и быдагъымрэ я джатэм и жанагъымрэ ягъэлъагъуэу, утыку къихьэну и чэзут.




# *Нэрыбгей*

Iуащхьэмахуэ лъапэ и Iэшэлъашэр псэупIэ зыхуэхъуа цIыхубз ябгэхэмрэ псы Iуфэм Iус мэуэтхэмрэ я щIыналъэхэм тхьэмахуэ гъуэгуанэ я зэхуакут. Ахэр мыдрей лъэпкъхэм къахыхьэртэкъым, Iэгъуэблагъэр къызэхакIухьын, щIащыкIын щхьэусыгъуэкIэ я быдапIэ лъагэхэм къыдэкI мыхъумэ. Хабзэ ткIийхэм щIапIыкI хъыджэбзхэм зэи зыри еупщIыртэкъым зыхуейхэмкIэ – сыт хуэдэ гъащIэ щIэхъуэпсми, унагъуэ зэрагъэпэщыну, лIы дэкIуэну е щхьэхуиту ежьэжыну нэхъ къащтэми.

Нэрыбгейхэмрэ нартхэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлът, зыгуэр къатеуамэ, зауэ къэхъеямэ, зыр адрейм дэIэпыкъуну, зэдамэгъуу бийм

пэщIэтыну. Ауэ нэрыбгейхэм я хабзэтэкъым унагъуэ ихьэу, цIыхухъум гухэлъ хуащIу, я Iэщэ-фащэхэр зэращI щIыкIэр хэIущIыIу ящIу, нэжьгъущIыдзэр зауэ-банэм зэрыхуагъасэм и щэхухэр я щIасэлIхэм хуаIуатэу.

Нартхэмрэ нэрыбгейхэмрэ щызэхуэзэрт щIыпIэ хэхам щаухуа лэгъунэхэм. ЩIэблэ зригъэгъуэтын папщIэ нэрыбгейр зэ зи гъуса лIым етIуанэу трагъэплъэнутэкъым, и гур кIэрымыпщIэн щхьэкIэ. И чэзур къэсрэ нэрыбгейр зэфIэкIамэ, дунейм къытехьар хэтми щIэупщIэнутэкъым, къилъхуар езым зы псалъи къыжрамыIэу щIахынурэ дэгызэхэм иратынут. ЩIалэ цIыкIухэр щыхупIэм щадзырт, хъыджэбз цIыкIухэр къэжэпхъа, илъэсищ ирикъуа нэужь, гъэсакIуэхэм яIэрыхьэрти, шы шэсыкIэ, зэуэкIэ, бэнэкIэ ирагъащIэрт, щхьэж и хьэл-щэным теухуауи ар зыхуэIэзэ зэфIэкIхэм зрагъэужьырт. Зы нэрыбгей щыIэтэкъым къэзылъхуа и анэр ицIыхуу икIи ар зи гум къеуэу щIэупщIэ. Зы ани щыIэтэкъым и ныбэ къикIа нанум зэ Iуплъауэ, и быдзышэ ткIуэпс Iуигъэхуауэ. Нэхъыщхьэхэм зэрыжаIэмкIэ, уи бгъафэ щIэпкъуза сабийм и IэфIагъыр зыхэпщIауэ зэи узэрыщыта ухъужынукъым, нэжьгъущIыдзэр къызыхуигъэщIари щыгъупщэжынут, къызэрыгуэкI цIыхубзым и гъащIэ бэIутIэIуншэр къыIурыIэфIэмэ. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, цIыхубзыр цIыхубз зыщIыж хьэлхэмрэ гурыщIэхэмрэ нэрыбгейхэр щахъумэрт, щыцIыкIум деж щегъэжьауэ. Ауэрэ, балигъыпIэм щынэсым ирихьэлIэу, сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэми хуэIэрыхуэу, щIыуэпсым зыхигъэпщкIуэфрэ Iэгъуэблагъэм псэ зыIут щызекIуэу къыпхуэмыщIэну щабэрыкIуэу, зауэлI Iэзэу жыр хъыджэбз ткIийхэр къыхащIыкIырт.



Къыпщыхъурт нэрыбгейхэм я бгъэгур нэщIу, гу имылъыххэу. Ауэ, тхьэхэм къагъэщIа хъунтэкъым теплъэкIэ нэрыбгейхэм нэхърэ нэхъ зэкIужрэ нэхъ дахэрэ. Дэтхэнэ зы цIыхухъуми и псэр итынут, зэгуэкIуа фызшу тхьэIухудыр къыдэкIуэну, щхьэгъусэ хуэхъуну, и нэрыбгей гъащIэр къызэринэкIыну ищIамэ. Ауэ цIыхубз ябгэхэм я гум апхуэдэ гурылъ къыщызэщIэушэну Iэмал иратыртэкъым, я гупсысэхэр зэрыщыту зауэм епхауэ япIырти.

Пэжщ, къэхъурт нэрыбгейхэр я хабзэ ткIийхэм щебакъуэ, лъагъуныгъэм пэмылъэщу, я гурыщIэр гъуазэ ящIрэ я щIасэхэм ящIыгъуу щежьэж, зэи къамыгъуэтын я гугъэу зыщагъэбзэх. Апхуэдэхэм деж зи щхьи зи цIи ямыщIэ, зэи зыми имылъэгъуа, зи лэжьыгъэр фIыуэ зыгъэзащIэ «ныбжьхэр» якIэлъыпхъэрырти, зи шыпхъуухэм епцIыжар пэж дыдэу лъэужьыншэу кIуэдырт, игъащIэкIэ зэи зыми имыгъуэтыжыну.

Дауэ мыхъуами, зи тхыдэр илъэс миным щIигъужа нэжьгъущIыдзэм зэрызихъумэжыфар зи фIыгъэр а хабзэхэрат.

Мэуэтхэри фIыуэ щыгъуазэт Насып Iуащхьэ ипхъу нэрыбгей хахуэхэм я псэукIэми, ямыгъэщIагъуэу къэнакъым нэжьгъущIыдзэм я щхьэгуащэ Къатинэ тегушхуэу, псы Iуфэм Iус я лъэпкъэгъухэм къыхэщыпыкIа защIэу фызшу минкIэ къазэрыхуэупсар. Бжьыхьитху ипэкIэ мэуэтхэм тыгъэ къыхуащIа нэрыбгейхэм пщIэ зэрыхуащIым и щыхьэту, абыхэм хуагъэфэщат лъэпкъым и гъащIэр зэлъытыжа хъумакIуэ, плъыр къалэнхэр. ИкIи, пэжыр пэжщ, абыхэм жейрэ псэхурэ ямыщIэу я лэжьыгъэр нэсу ягъэзащIэ. Щхьэгуащэм и унафэм щIэмытыжми, мэуэтыпщыр унафэщIу къамылъытэ хуэдэщ нэрыбгейхэм. Есакъым ахэр цIыхухъум унафэ къахуищIу. Мэуэтыпщми акъыл хурокъу фызшу Iэлхэм я ней зыщимыгъэхуэну, ахэр бий имыщIыну.

# *Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1272 гъэ, гъэмахуэ икIыгъуэ*

ГъукIэм игъэжа джатэр зэпиплъыхьу кIыщым щIэтт Удынэ. Абы и нащхъуитIыр къыптриубыдамэ, блащхъуэм уигъэдиям хуэдэу, зыпхуэмыгъэхъеижу уи пIэм уижыхьырт. ГурыIуэгъуэт пщащэм а цIэр щIыфIащари...

Псы Iуфэ плъырхэм я нэхъыщхьэ къалэныр зи пщэ къыдалъхьа нэрыбгейм и нэбжьыц фIыцIэ кIыхьым къыщIэплъ нащхъуэр зытедия дзэпкъым къидз лыдыр пщащэм и нэгу хужь дахэм иджэгухьырт. Пэжщ мэуэтхэм жаIэр – мы псыхъуэм щыбгъуэтынукъым Джатокъуэ хуэдэ гъукIэ. ТIэкIу псэлъэгъуейщ, зэкIуэцIылъщ жумыIэмэ, и лэжьыгъэр хъарзынэ дыдэу егъэзащIэ.

КIыщыр къэзыгъэплъа мафIэм нэхърэ нэхъ гуащIэжщ гъукIэ бланэм и гум щыщIэр. Джатокъуэ къыщохъу Удынэ и щхьэц Iувым къыпих мэ гуакIуэм кIыщым зыщIиубгъуарэ къызэщIигъэгъэгъауэ. Абы и пащхьэ къит цIыхубзыр щIалэщ, дахэщ, мэуэтхэм къахыхьа нэрыбгейхэм я нэхъ хахуэщ, псынщIэщ, лъэрызехьэщ, жанщ, жэрщ, гумызагъэщ.

Пэжщ, нэрыбгейхэр зэхуэдэу ябгэу ягъасэ, ауэ щхьэж езым и хьэл хэлъыжу къалъхуркъэ! Апхуэдэу Удынэ еруми, егъэлеяуэ пагэми, щхьэзыфIэфIми, ерыщми, щхьэпсагъ хэлъкъым, атIэ зэпIэзэрытщ, губзыгъэ-бзаджэщ, бэшэчщ. Нэрыбгей щхьэплъым и гущIэм щигъафIэ гухэлъ щэхухэм къагъэнэху пщащэм и нэгу дахэри, нэхъ дахэж щIохъукI къыпкърыкI гуащIэм, узыщIешэ, укъызэщIегъаплъэ. Дауи, пщащэ куэдым я хъуэпсапIэ гъукIэ щIалэр нэрыбгей зэкIужым хьэщыкъ зэрыхуэхъуар гъэщIэгъуэнкъым.



Плъыртетым гу къылъимытэ и гугъэу, гъукIэр хуоплъэкI пщащэ жьэпкъ псыгъуэм. Нэпсейуэ зэпеплъыхь жырым хуэдэ нэрыбгей Iэпкълъэпкъ зэкIужыр. Ар щIохъуэпс пщащэм и щIыфэ хужьыр Iэгу-кIэ зыхищIэну, фом зэрыджэпс хагъэткIуа нэхъей, гъуаплъафэ щхьэц Iувыр алътесу нэкIубгъум къыIугъуэлъхьащи, абы зыхиIубэну, уеблэмэ ерагъыу зишыIэу аращ, къыщитхъыу и гурыщIэ щэхухэр иджыпсту хуимыIуэтэн щхьэкIэ.

Фэ плъыжьыфэ-кхъуэщыныфэм къыхэщIыкIа лъахъстэныр лъэпс псыгъуэкIэ ешэкIащ Удынэ и лъэнкIапIэ пцIанэхэм, бынжэ лъабжьэм зы IэгупIэ хуэдизкIэ къех дэщIым[1] бажэфэ щабэм къыхэщIыкIа кIэ кIэщI къыкIэщIэлъыр и куэпкъым и курыкупсым тоуэ. И блэгъу лъабжьэм нэса щхьэц плъыжьыфэр толъкъун хьэлъэу дамэхэм тепхъащ... Нэрыбгейм и Iэдийм къыщыщIэдзауэ и IэфракIэм нэс фIэлъщ тхыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэщIэрэщIа Iэпщэрылъыр, и шхулъэмрэ и дамэпкъ зэрытыпIэмрэ уIэгъэм щихъумэу дамэтелъ телъщ. И IэщэфащэмкIэ гурыIуэгъуэщ Удынэ зыхуэIэижьыр – джатэ гъэбзэныр.

Зэи зыми игъэгъуащэркъым ар. Нэрыбгей мин бжыгъэ къагъэува-ми, Удынэ къахэпцIыхукIынущ. ЦIыху цIыкIуу умыщIэну, уафэм къеха тхьэбыным хуэдэу дахэщ пщащэр.

КIыщым и щхьэгъубжэ цIыкIумкIэ къыдидз дыгъэпсыр зэм Удынэ и щхьэцыплъым ходжэгухь, мафIэ щIадзам хуэдэу игъаблэу, зэми ущызэкIэщIэплъ и напэ хужьым йопсэ, и нащхъуитIым хуиту ущIигъаплъэу. Узыгъэундэращхъуэ и нэ щIэншэхэр нэхъри нэхъ дахэжу нэгум къощ, и нэбжьыц кIыхьыр фIыцIафэу зэрыпилыкIам

[1] ДэщI – зауэлI фащэ, гъущIым къыхэщIыкIарэ зыщыгъыр къамэ, сэшхуэ сыт хуэдэхэм щихъумэу. /Латы.

щхьэкIэ. ЗэкъуэтIакъуэххэ къэхъу Iуэхущи – и джатэщIэмкIэ арэзыуэ погуфIыкI, и Iупэплъыр зэтежрэ и дзэ хужь захуэхэр къыIупсу. И напIэр къеIэтри, Джатокъуэ хуоплъэкI ар.

ЩIалэм и щхьэр лъэныкъуэкIэ ирехьэкI. Къыщохъу абы иджыпсту и гум къивырывыкI гурыщIэ щэхухэр Удынэ зыхищIэу, емыкIу къытехуэну. ЗышыIэн хуейщ...

ГъукIэр теплъэкIэ зэкIужщ, щIалэ бланэщ, Iэпщэ гъум хъужауэ. И лъэпкъэгъу пщащэ куэд къытелIэми, абы и гум илъыр зы закъуэщ – и пащхьэ къит нэрыбгейрщ. Ауэ Удынэ ар къыгурымыIуэ хуэдэщ...

– Сыт уасэу хуэбгъэувыр? – жиIэри, и нэр джатэ дзэпкъым ирижащ Удынэ.

– Зыри! – пегъэщхъ, и нэщхъыр зэхеукIэри, лэжьыгъэм пэроувэж гъукIэр.

– Мэл хъушэ къыпхуезгъэхунщ ныщхьэбэ, – гъукIэм жиIар зэхимыха хуэдэ, пещэ нэрыбгейм.

– Хьэуэ... Ар сэ тыгъэ пхузощI! – и щхьэр къызэримыIэтщ Джатокъуэ.

– Къахунущ жысIамэ, къахунущ, – дэщI бгъэгур зэрыгъэщIэрэщIа мыщIэ плъыжьхэмрэ налкъутналмэсхэмрэ дыгъэм пэпщIыпщIрэ нэр ирищIу, кIыщым къыщIокIыж Удынэ, джатэр сампIэм ирегъэлъадэри.

Ар пэжыжьэт Джатокъуэ зыщIэхъуэпс Iуэхугъуэхэм. Удынэ и фIыгъуэ, и дахэгъуэ, и къару илъыгъуэ дыдэщ, ауэ ар хуэнэпсейкъым лэгъунэм, и гур зыхуэкIуэн цIыхухъу хуэзакъыми. Ар и лэжьыгъэм тегуплIащ, цIыхухъу хэплъыхь ищIу игъэкIуэдын зэмани иIэкъым, армыхъумэ гъукIэ щIалэр къызэрыхуэгумащIэм гу лъимытэу, абы бын узыншэ зэрыхуэбгъуэтыфынур къыгурымыIуэу къанэркъым.



– Удынэ! – абы хэту къэса Жан, фызшу IэмащIэлъэмащIэ цIыкIур, плъыртетым и пащхьэ къиуващ бауэбапщэу. – Псым кхъухь мыцIыху гуэр тетщ...

Удынэ кIуэрыкIуэм тету зиIэтщ, шым шэсри, и пщэгурыгъымрэ нэзэрыхъэмрэ щIихъумэу, и щхьэкум папцIэу щыхэIэтыкIа, дыщэ хужьым къыхэщIыкIа, маитэкIэ[1] гъэщIэрэщIа таж екIур зыщхьэритIагъэри, зричащ.

Пщащэр щIэбзэхыкIыжами, Джатокъуэ къыщыхъурт Удынэ и щхьэц гъуафэм и мэ гуакIуэр кIыщым къыщIэнауэ, къиуфэрэзыхьу хьэуам хэту. Нэщхъей-нэщхъейуэ щIэкIыпIэмкIэ еплъэкIащ щIалэ лъагэ пIащэр. Зыпэрыт дэп гуащIэм къигъэплъарэ и щхьэцым къыкIэщIэжу жьакIэ Iувым хэлъэдэж пщIэнтIэпсыр IэфракIэм нэс дэгъэджэрэзея IэщхьэмкIэ ирилъэщIэкIщ, и бгъэ лъагэр нэхъ лъагэжу иIэту ину хэщэтыкIри, и Iэпщэм къарууэ щIэлъыр гъущI жьэражьэм трикъутэу, лэжьыгъэм пищэжащ гъукIэм.

Фызшу зэщIэузэда зыбжанэ щIыгъуу Удынэ псы Iуфэм екIуэлIащ. Къэблэгъа кхъухьыр къицIыхуащ абы, ар Хьэт къэралыгъуэм къызэрикIам шэч хэлътэкъым – щхьитI зыфIэт бгъэм и дамэхэр зэщIэхауэ тетщ чэтэн яIэтым. КъищцынэмыщIауэ, кхъухьыпэм къыщыхэбзыкIа аслъэн пагэм и щхьэ абрагъуэр зи дамыгъэр псоми ящIэ.

Кхъухь закъуэр къызыкIэлъыкIуэнкIэ хъунур къагурымыIуэу, къэуIэбжьащ плъырхэри быдапIэм къеплъых къэрэгъулхэри.

– Гъуэща хъунщ... Армырмэ, мыр икIи хьэлъэзешэкъым икIи бзаджащIэ кхъухькъым, – къэIуащ Жан и макъ псыгъуэр.

Нэрыбгейхэр «зэшыпхъукIэ» зэджэжми, зыр зым дэIэпыкъужын хуейуэ ягъасэми, я гурылъхэмкIэ зэдэгуашэу зэныбжьэгъу куэд яхэткъым. Дэтхэнэри хущIокъу адрейхэм закъыхигъэщхьэхукIыну, и

[1]Маитэ – гъущIым тращIыхь лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэ.

зэфIэкIхэм гу къылъатэну, къулыкъушхуэ къызэрыхуагъэфэщэн гуэр илэжьыну. Ауэ щыхъукIэ, зэхьэрхуэрэгъухэр куэдщи, нэри, тхьэкIумэри, бзэгури гъунэжщ. Нэхъыбэ дыдэу тIурытI-щырыщурэ зэрыIыгъыу аращ хъыджэбзхэр. Зэрыубыдами, зэхуэпэжу зэбгъэдэтщ, зым и псэр адрейм папщIэ итыфыну. Псоми ящIэ апхуэдэу Жанрэ Удынэрэ зэрыцIыкIурэ зэрызэныбжьэгъур.

Жан мылъхуэсу дунейм къытехьат. ИкIи ар къыщалъхуам щыгъуэ апхуэдизкIэ цIыкIут, IэмащIэлъэмащIэти, физгъалъхуэм занщIэу жиIат хъыджэбз цIыкIум нэрыбгей къызэрыхэмыкIынур, а махуэм къалъхуа щIалэ цIыкIухэм ящIыгъуу щыхупIэм едзыхыни хуейуэ. Нэрыбгейхэр цIыху узыншэт, жант, къарууфIэт. Дунейм къытехьа хъыджэбз цIыкIур илъэс пщыкIущ-пщыкIуплI дэкIа нэужь физшу лъэрызехьэу къахэувэн хуейт нэжьгъущIыдзэхэм, мылъхуэсхэмрэ мыузыншэхэмрэ ягъэпсэунутэкъым абыхэм.

КъалъхуагъащIэхэр щаIыгъ пэшышхуэм и бжэкъуагъым къуэт чы матэм сабийр иридзэну щыIэбэм, нанур къапхъуэри, физгъалхуэм и Iэпхъуамбэр быдэу икъузащ. КъеIэмэ, къиутIыпщыртэкъым. Хъыджэбз цIыкIум и Iэпхъуамбэхэр зэщIихыу физгъалъхуэм и Iэр хуит къищIыжыху, сабийм и лъакъуитIымкIи физым и Iэпщэм зришэкIащ. «Упсэуну уолIэри, фейцей!» – гъумэтIымащ физгъалъхуэр. Абы тэлайкIэ къыкIэлъыплъа гъэсакIуэр къэпсэлъащ:

– Абы, кIэпхъ цIыкIум хуэдэу, жыгыщхьэрыс[1] хъарзынэ къыхэкIынут, хыфIыумыдзамэ!

– Уэ абы уелIэлIэну? – къилъащ физгъалъхуэр.

– Шэч къытумыхьэ!

– Мэ, къащтэ. ФIэх мы зинэкIэ къалъхуар си Iэм, – жэщ псом мыжея, физипщI зыгъэлъхуауэ еша цIыхубзыр къытехьэпащ.

– ИлъэсипщI дэкIрэ мыбы и цIэр зэхыумыхмэ, си IэкIэ сукIыжынщ, умыгузавэ! – сабийр къищтэри, дэгызэхэм яхуихьащ гъэсакIуэм.

Дауи, абы фIыуэ хищIыкIырт и IэщIагъэм. Нэрыбгей хъунур зэ IуплъэгъуэкIи къихутэфырт. Джанэ щыгъыу къалъхуащ жыхуаIэм хуэдэу, Жан и насыпыр текIуат а махуэм. Иджы мис, уей-уей жригъэIэу къэрэгъул лъэрызехьэ къыхэкIащ. Ар икIи нэ жант, икIи лъэ жант, икIи акъыл жант, и бзэри нэхъ тIасхъэтэкъым... Арат Жан щIыфIащари.

ГЪУНЭГЪУ дыдэ къэхъуа кхъухьым и бэлагъхэр иIэтщ, хъурзэр иридзыхри, и бгъум кIэрыпха кхъуафэжьейр хуэмурэ кърамутIыпщхьэхащ. Кхъуафэжьейм зы цIыху закъуэ фIэкIа имысу псы Iуфэм къыщесылIэм, нэрыбгейхэр шым къепсыхри, абы пежьащ.

– ФIыкIэ укъытлъихьамэ, къеблагъэ Мэуэтейм! – япэ ищащ Удынэ, щхьэрыхъуэн[2] зыпылъ щIакIуэ щхъуафэр зытеубгъуа мыцIыхум пежьэри.

– ФIым дыхуиблагъэ, – кхъуафэжьейм къиувыкIри, щхьэщцэ ищIащ мыцIыхум.

Хьэтхэмрэ нартхэмрэ зэрызэпэжыжьэм, илъэс мин хъуауэ зэрызэрымыщIам къыхэкIыу, я псэлъэкIэми зихъуэжауэ зэщхьэщыкIырт мащIэу. Ауэ мы щIалэр мэуэтхэм хуэдэущ къызэрыпсэлъар. Удынэ и щIыбагъ къыдэт нэрыбгейхэр къэуIэбжьри, зэплъыжащ.

– Ухамэ ди гугъами, ди бзэм къабзэу уропсалъэ... – Удынэ и набдзэ къурашэхэр хэлъэтащ, игъэщIагъуэу.

МыцIыхум и щхьэрыхъуэныр ирегъэщэтэхри, и пащхьэ къитхэм хуиту яхоплъэ. Ар зэпIэзэрытщ, ямылейуэ зы псалъэ къыфIигъэкIынуи

[1] Жыгыщхьэрыс – зиплъыхьу жыг щхьэкIэм ис цIыху. /Наблюдатель, дозорный.
[2] Щхьэрыхъуэн – щхьэфIэкъуэ. /Капюшон.

зигъэхъеинуи хэткъым. Щыму, и нэщхъыр мащIэу зэхэлъу, и ни имыгъэпщкIуу, и щхьи имыгъэщхъыу щытщ, нэрыбгейхэм къахоплъэри. Лей зыкIэрымылъ и Iэпкълъэпкъ зэщIэкъуар щIакIуэм кIэщIигъапщкIуэми, и зыIыгъыкIэмкIэ гурыIуэгъуэщ ар къыхэщыпыкIа зауэлI лъэщхэм зэращыщыр. ЗэрыщIалэ дыдэр нэрылъагъуми, ныбжь къыхущIызыгъу жьакIэ пхъашэр иутIыпщащи, лIы ткIиифэ къытрегъауэ. Щытщ къудан екIур, щIакIуэ пIащIэр акъужьым зэрихьэу. Щытщ, и нэ фIыцIитIым къищыр гуныкъуэгъуи хуэдэу, мыарэзыныгъэми ещхьу, и нэщхъыр зэхэлъу пщащэхэм къахоплъэри.

– Сэри сымэуэтщ, – кIэщI дыдэу жиIащ щIалэм.

Зи бгъэгум аслъэныщхьэ къыхэIущIыкIа дэщI дыжьыныфэр тэджэлей[1] хужьым къытелъу зэщыхуэпыкIащ, и бгым джатэ кIэрылъщ, и Iэпщэр къупщхьэм къыхэщIыкIауэ, дыжьынрэ мыщIэ фIыцIэкIэ гъэщIэрэщIэжауэ. Зауэ губгъуэм мымащIэрэ зэрыщагъэбзам и нэщэнэу, щIалэм и IэпапIэхэр телъщ джатэ Iэпщэм. Нэрыбгей набдзэгубдзаплъэхэм абы и закъуэкъым гу зылъатар. Акъужьым щIихурыхукIыу щIакIуэр щрихьэкIкIэ, къыщIощ уIэгъэ кIыжагъащIэхэр. Шэч зыхэмылъыр зыщ: зауэлI хахуэщ нэрыбгейхэм я пащхьэ итыр.

– Умэуэтми, ухамэ-благъэу фэ птетщ! Хэт ухъуну? – Удынэ къыбгъурыт и ныбжьэгъу щхьэц фIыцIэ бзаджафэр зэрыцIыху пщтырыр псоми ящIэрт.

Вындым хуэдэ и щхьэц кIыхьышхуэр и щхьэпхэтIыгумкIэ щызэщIэкъузати, и набдзэ фIыцIэ къурашэр ишэщIауэ, пагафэт Жан. СыцIыкIуми, сыкъыпхуоплъых, жыхуиIэу, нэрыбгейм и щхьэр лъагэу иIэтри, и пыжьынэхэр триубыдащ мыцIыхум. И пкъыр захуэу иIыгъыу, и бгъэр лъагэу, и бгыр псыгъуэу, шхужь хъурей хъужарэ зэкIужу, пщащэ гурыхьым и Iэр пIэжьажьэрт шабзэм епхъуэну.

Жан шыIэныгъэ зэрыхэмылъым, зэрыбзаджэм хьэщIэми гу лъитат, ауэ мыцIыхур абы хуеплъэкIыххакъым. Абы пщащэр нэхъри иригубжьащ.

Нэрыбгейхэр лIыукI гущIэгъуншэу я хъыбар дунеижьым щыIуами, и пащхьэ къитхэм фIы ягу зэримылъыр къыгурыIуами, хьэщIэм ар зыуи къримыдзэ хуэдэщ. Абы и зыIыгъыкIэкIэ нарт лIыхъужьхэм ещхьми, теплъэкIэ, шыфэлIыфэкIэ нэгъуэщIщ...

Удынэ и щхьэр мащIэу Жан здэщыт лъэныкъуэмкIэ иригъэзэкIащ, «увыIэ», жыхуиIэу. Нэрыбгейм ар къыгурыIуэри, икIуэтыжащ.

– Си цIэр Удынэщ, сыплъыртетщ. Уэ хэт ухъуну? Сыт укъызыкIэлъыкIуар? – Удынэ кIыщым къыщIиха джатэм и Iэпщэр икъузащ.

Джатокъуэ хуигъэжа Iэщэр игъэунэхуну IэмалыфI ихуауэ къыщыхъуащ абы.

– А упщIэм и жэуапыр мэуэтыпщырщ зэсхьэлIэнур, – и напIэр хуэдакъым хьэщIэм, нэрыбгейхэр хуэм-хуэмурэ къызэрызэщIэплъэм гу лъитами.

– Ухэт уэ, ди пщым и пащхьэ уихьэну? – Жан и плIэм идза шабзэр къызэрырипхъуэтари, и щIыбым илъ шабзэшэр къызэриузэдари къыбгурымыIуэу, напIэзыпIэм зэпхъуэкIри, хьэщIэм триукъуэдиящ.

ЦIыхухъум абы мыхьэнэ лъэпкъ иримыту, унафэщIыр хэтми къыгурыIуати, и нэ ешаифэр щхьэцыплъым триубыдащ, абы жиIэным пэплъэу.

– Уи цIэр къиIуэ! – зегъэткIий плъыртетми.

– Алэдамэщ си цIэр...

---

[1] Тэджэлей – афэм къыкIэщIэлъ джанэ.

Шабзэр зышэщIа нэрыбгейм, зыгуэр къызэригубзыгъыжыр къапщIэу, и нэгур къызэхиуфэщ, зэщIэдэIукIым хуэдэу и щхьэр бгъунж ищIри, Iэщэр хуэмурэ ирихьэхыжащ. Удыни, ищIэнур къыхуэмыщIэ нэхъей, и напIэр иредзых, и Iупэплъ пIащэр зэтрекъузэ. Дауи, абыхэм зэхахат Алэдамэ и хъыбар, ауэ япэ дыдэ ирихьэлIэу арат апхуэдэ телъыджэ – ягъеижа, «щIалъхьэжа», ящыгъупщэжа пщыкъуэм[1] апхуэдиз илъэс дэкIауэ къигъэзэжу. Сыт хуэдизрэ лъыхъуа абы Мэуэтейр, сыт хуэдизрэ нэщхъея пщышхуэу Уэрыш Хахуэр?! Ягъуэтыжатэкъым, хытет бзаджащIэхэр къатеуэу, бгъэм ихьа щынэ цIыкIуу, япхъуэта пщыкъуэр. Абы и хъыбар зымыщIи зы цIыху ису къыщIэкIынкъым лъахэм. Арат нэрыбгейхэр зэхэзехуэн щIэхъуар.

– Зи хъыбар зэхэсха Алэдамэр уэрамэ, зи пащхьэ уисшэну пщыр лъыкIэ уи хамэщ, – жеIэ Удынэ.

Алэдамэ къыгурыIуащ апхуэдизу къызыхуэпIэщIа и адэр зэримыгъуэтыжынур. Сыт хуэдэу щIэхъуэпсрэт ар и унагъуэм хыхьэжыну, и адэр къеупщIмэ, щIыпIэ жыжьэхэм щилъэгъуахэр хуиIуэтэну. Сыт хуэдиз телъыджэм и гугъу хуищIынут, хы адрыщI къыщылъ щIыналъэхэм я пащтыхьыжьхэм ятеухуауэ хъыбар куэд хуиIуэтэжынут. ИужькIэ, Алэдамэ и лIыгъэр здынэсыр ягъэунэхуа нэужь, и адэм и хъумакIуэ хъунт, е дзэгъащтэхэм яхыхьэнт... Сыт хуэдэу щыгугърэт Алэдамэ, и гущхьэ иуфIыцIыхьар къэзыгъэнэхужын, IэфI къыхуэзыщIыжын адэ гулъытэрэ анэ лъагъуныгъэрэ лъахэм щигъуэтыжыну. Ауэ... Ибгына щIыналъэми щыхамэу, хэкуми зыри къыщемыжьэу къыщIэкIащ. АдэкIэ-щэ?

– Иужь дыдэу дэрдэнейхэр къыщыттеуам щыгъуэ, пщыжьыр зауэм хиха фэбжьхэм илIыкIащ, – и макъым нэхъ щабэ зрегъэщI Удынэ. 

– Дэрдэнейхэр жыпIа? – зэхихар и фIэщ мыхъуа хуэдэ, и нэщхъыр зэхеукIэ Алэдамэ.

И лъахэр зэхэзыкъута, и адэр зыIэщIэкIуэда лъэпкъым бгъурыту зауэ губгъуэм итащ Алэдамэ. Абы щыгъуэ зыри хищIыкIыртэкъым щIалэм, къуэшу ибжа алыдж лъэпкъхэм ящыщ дэрдэнейхэр Мэуэтейм зэрещакIуэм, щIэх-щIэхыу ятеуэурэ зэрытемыгъакIуэу къызэрыгъуэгурыкIуэм.

«ФыкIуэ», жыхуиIэу, Удынэ и щхьэр яхуещI и гъусэхэм. НапIэзыпIэм пщащэхэми загъэбзэхащ, псалъэ лей къыхамыгъэкIыу.

УщыцIыкIум деж псори нэхъ дахэщ, телъыджэщ, нэхъ гуакIуэщ, псыр нэхъ IэфIщ, псори гукъинэж пщохъу, псысэ гъэщIэгъуэным хуэдэщ. А гукъэкIыжхэм зыкIи екIуалIэртэкъым Алэдамэ къызрихьэлIэжар. Пэжщ, псы Iуфэм къыIукIрэ цIыхум яхыхьэмэ, мэуэт щIыналъэм гъащIэ дахэ къыщикъуэлъыкIыу къихутэнуми ищIэртэкъым щIалэм. Ауэ абы и гур асыхьэту нэщI хъуати, зы лъэбакъуэ ичыну гукъыдэжи къаруи иIэжтэкъым.

– Уи анэр... Гуащэнагъуэ... – хьэщIэр гупсысэ куум къыхешыж Удынэ и макъ пхъашэм.

– Дэнэ щыIэ си анэр? Псэу? – фIым щымыгугъыщэу, тенджызымкIэ зигъэзарэ щIэплъыпIэм хэплъэ лIыхъужьым и нэкIубгъур кърофициальнигъэзэкIащ.

Аддэ жыжьэу IукIуэтауэ къыщыт нэрыбгей гупым Удынэ Iэпэтэрмэшкlэ яригъэлъэгъуащ шитI зэрыхуейр.

– Нэшэс! – унафэ ищIри, и шым зридзащ Удынэ.

Псэр зыхуэныкъуа, зылъыхъуа, зэи къэзымыгъэзэжыну жыжьэ гуэрым хэшыпсыхьа гукъэкIыжхэр къызэщIагъэушэрт тенджызымкIэ къихь акъужьым, мэз щIыIэтыIэм щIэт хьэуа хьэлъэм, абы щыпсэу

[1] Пщыкъуэ – мыбдеж: пщым и къуэ.

псэущхьэхэм къагъэIу макъхэм, жыг щхьэкIэ зэхэкIэжахэм къызэпхридз дыгъэ бзий гуащIэм. Зэгуэр илъэгъуауэ щыгъупщэжа пщIыхь гуэр хуэм-хуэмурэ къигубзыгъыжым хуэдэт абы. Алэдамэ къищIэжыну хэтт вакъуэ адэм[1] деж яшэн и пэ къихуэу, яужь дыдэу IэплIэ къыхуэзыщIыжа анэм и нэгур, и мэр, и теплъэр. Ауэ къыхуэгубзыгъыжыртэкъым. ЦIыкIущэт ар абы щыгъуэ. ЩIалэм и нэгу къыщIидзэжыр вакъуэ адэм и унэм щиса лъэхъэнэрщ. Ари хъарпщIэрти, моуэ, Iупхъуэр иригъэкIуэтэкIыу, хэкум къыщызэринэкIа сабиигъуэм и нэр щызу хэплъэну хуейуэ и гум зишхыхьыжырт. Ар егупсысыртэкъым дэнэ кIуэми, сыт хуэдэ мэз щIэтми. Алэдамэ и гупсысэ псори зэтар мы дунеижьыр зи инагъым зы цIыху закъуэ фIыуэ къилъагъуу, къемыпцIыжауэ, жьэгур имыгъэужьыхыжауэ къыпэплъэу, къыхуэлIэу тетмэ, абы и хуабагъэм зригъэуну, и бгъэгум ищтыхьа и гур къэзыгъэвыжын анэ лъагъуныгъэ къабзэ хуэныкъуэу арати, къыхуэгъэсыртэкъым. ЩIым и гъунэм щыIэми идэрт ар. КIэлъыкIуэнут, къигъуэтынут, и анэр псэууэ зэ Iуплъэжыну ищIамэ.

Удынэ и щхьэцым дыгъэ бзийр щытепсэкIэ, гъуэгугъэлъагъуэ мафIэ нэхъей, дыщэплъу къызэщIэлыдэрт. Къэзыухъуреихь мэз Iувым а зырат нэр зыфIэнэурэ щIалэм и акъылыр зэщIэзыщта гупсысэ куухэм къыхэзышыжыр.

Зыкъомрэ кIуауэ, нэрыбгейм хуэм зищIащ. Жыгыщхьэхэр нэхъ щызэкIэщIэкI щIыпIэ нэхутхьэхум унэ закъуэ итт. Iэгъуэблагъэм псынэ зэрыщежэхыр зэхэпхыу Iущащэрт, щIыпIэр зэрымыбгына дыдэм, жылэ гуэр зэрыгъунэгъум и щыхьэтуи лъагъуэ къекIуалIэрт. Удынэ шым къепсыхри, унэмкIэ и щхьэр ищIащ.

ЯтIагъуэкIэ зэщIэшха бгъэныщхьэ унэ лъахъшэ цIыкIум и бжэм пэмыжыжьэу щыт тетIысхьэпIэ лъабжьэм кIэщIэлъ хьэпарийр къыщIэжри, и кIапэр игъэкIэрахъуэу къыпежьащ нэрыбгейм. УэнжакъыIм къриху Iугъуэ мащIэмкIэ гурыIуэгъуэт унэм зыгуэр зэрыщIэсыр. Унэм щIэлъадэу, зи нэгу щыгъупщэжа анэр къыщигъуэтыну, абы зридзу IэплIэ хуищIыну, зэрыхуэзэшар жриIэну, и щхьэр и куэщIым ирилъхьэу и гур псэхужауэ ижеихьыну хуейт щIалэр. ИтIанэми, зыгуэрым иIыгът: шынэрт и анэр абы къыщимыгъуэтынкIэ. ЩIэсыр арами, сыт жиIэу и пащхьэ ихьэжыну?! ПщIыхьэпIэм хэтым хуэдэт ар: къызэринэкIари и гъащIэм нобэ къыщыхъури къыгурымыIуэжу, и щхьэм иримыгъэзэгъэфу.

– КIуэ! – щэхуу къэIуащ Удынэ и макъыр.

Япэ лъэбакъуэр хуэм дыдэу ичу, бжьэхуцым хэтым хуэдэу, зытеувэр зыхимыщIэу ежьа щIалэм и гур къызэрыгъуэтыжщ, щIэпхъуэри, кIуэрыкIуэм тету бжэр иридзэкIащ...

Тхъугъэ мащIэ зыхидза и щхьэц кIыхьышхуэр лалэ-лалэу еухуэнэхарэ, зэран къыхуэмыхъун хуэдэу и щIыбымкIэ едзыхыжауэ, ипкъ зэкIужыр уардэу иIыгъыу цIыхубз щысщ, цыкIуэкIым шылэ Iуданэ трешэри. Бзылъхугъэм ныбжьышхуэ иIэкъым, ауэ гъащIэр къызэрыщымысхьар къапщIэу, и нэгу нэщхъейм зэлъа мащIэ телъщ. Жьыфэ къытеуащ толъкъун щэхуу цыкIуэкIыр зыгъэджэрэз, зэгуэр щабэу щыта, иджы пхъашэ хъуа и Iэ псыгъуэми. Бзылъхугъэ теплъафIэм и ныбжь дахэм екIурт абы и пкъым щыкъуза бостей кIыхь шагъырыфэр. КъыщIыхьам къеплъыну зыкъигъэзакъым абы, и щхьэр мащIэу игъэхъея мыхъумэ. Зэуэ цыкIуэкIыр игъэувыIэри, къэпсэлъащ макъ щабэкIэ:

– Нобэ сыту жьыуэ укъэкIуа, дахэ!

Алэдамэ къищIэжащ... КъищIэжащ анэм и макъыр зэрыIур, абы гуапагъэрэ щабагъэу щIэлъыр. КъищIэжащ и теплъэри. Пэш нэщIым

[1] Вакъуэ – сабий ипIыну зыбгъэдэзыша лIы. /Названый отец.

щIэс бзылъхугъэ дахэр къицIыхужащ – ар нэхъ тхьэIухудыжу щыта и анэ нагъуэрт.

– Удынэ, уэра ар? – къыщIыхьар щымт, жэуап итыжатэкъыми, щтэIэщтаблэу щIэупщIащ цIыхубзыр.

Алэдамэ зы псалъи къыхудэшейркъым. И бгъэгур къызэгуитхъыу къуалэбзууэ лъэтэжыным хуэдэу и гур къоуэ абы. И Iур игъущIыкIащи, и Iупэр пIэжьажьэ мыхъумэ, и макъым зыри къикIыжыркъым.

– Хэт ар? – къызэфIэувэщ, зыкъигъазэри, хэкъузауэ щIэупщIащ Гуащэнагъуэ.

Абы щыгъуэщ Алэдамэ къыщыгурыIуар – и анэр нэф хъуауэ арат.

– Ухэт? – бгырыпх псыгъуэм кIэрыщIа къамэ кIэщIыр кърипхъуэтащ бзылъхугъэм.

– Сэращ ар... – щэху дыдэу къэпсэлъащ Алэдамэ. – Сэращ, ди анэ! Сэ... СыкъэкIуэжащ.

– Дауэ жыпIа? – и макъыр зэуэ ехуэхащ цIыхубзым, и фэри пыкIащ. – Зэ жыIэжыт!

Гуащэнагъуэ и Iэпэхэр зэщIэкIэзызэу щыхъум, къамэр, хуэмыIыгъыжу, IэщIэхуащ, езыри етIысэхыжащ.

– СыкъэкIуэжащ... Алэдамэщ ар! – анэм дежкIэ мэбакъуэ.

– КъэкIуатэт мыдэ, моуэ къетIысэх... – и нэпсыр къекIуащ, и жьэпкъыпэр покIэзызыхь цIыхубзым.

Алэдамэ абы бгъэдокIуатэри, и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу щотIысэх. Бзылъхугъэр щIалэм и нэкIум тоIэбэ, и Iэпэ зэщIэкIэзызэхэр абы и щхьэц фIыцIэм хегъэлъадэ, зыкъеший, и быныр мэкIэ къицIыхужын нэхъей, хьэуар нэпсейуэ зыжьэдешэ. ИкIэм-икIэжым, зыкъредзри, IэплIэ къыхуещI. 55

КъекIуркъым зи къуэр зыгъуэтыжа мэуэт анэм, гуфIэми гуIэми, и макъыр иутIыпщу пыхьэну. КъекIуркъым, ауэ емыкIу къамыщIыну ищIатэмэ, зэщыджэу, гущIыхьэу, и гушыкъур трикъутэу гъуэгынут, КIэбгъулъ мэзыжьыр къигъэпсалъэу. Мэзым щIэт хьэуа хьэлъэр къыдежьууэ, дыгъужь анэхэр къыдэкъугъыу, уеблэмэ зи джэдыкIэр хамэ абгъуэхэм кIэщIэзыдзэ кIыгуугу нэгъунэ къыпэджэжу, и макъыр иутIыпщынут апхуэдиз илъэс дэкIауэ зи быныр къэзыгъуэтыжа гуащэм... Ауэ, щэху дыдэу, зэхэпх къудейуэ «еблэгъэж, си щIалэ», жиIэу, нэпс пщтырыр и нэпкъ лъагэм къытелъэда мыхъумэ, зы псалъэ леи къыфIигъэкIакъым.

Зи гур гъащIэм щыкIа, зи псэр щIыпIэ жыжьэм къыщызынэу хэкум зи лъэр къэзыхьэсыжа щIалэм анэ дамэм зыхиIубащ, и нэпс къекIуар игъэпщкIуу. Алэдамэ фIыуэ ищIэжырт зыхалъхуа гъащIэ бзаджэр зыми зэрыщымысхьыр. ИтIанэми, и гум зишхыхьыжырт, Мэуэтейм зэгуэр и гуащэу щыта и анэм къылъыса тхьэмыщкIагъэр хуэмышэчу.

Псы Iуфэм щыпсэу нартхэр зауэ зэпымыухэм зэрыхэтым къыхэкIыу, мэуэтхэм я цIыхухъухэми гъащIэшхуэ яIэтэкъым. Уеблэмэ, аслъэныгъуэм нэмысыр куэдт, абы къыхэкIыу зи ныбжь хэкIуэта лIыжьхэри мащIэ дыдэт. Арат абыхэм пасэу унагъуэ щIызэрагъэпэщыр. Лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэ имыхуэн, псынщIэу щIэблэ къащIэхъуэн щхьэкIэ. Алэдамэ и анэм деж алъандэрэ къемыкIуэлIэжу, зыщымыгугъыным щыгугъыу гъащIэм и зэхуэдитIыр зэрыблигъэкIам хущIегъуэжат. ЩIалэм и ныбжьым ит хэкурысхэм цIыкIуитI-щы яIэжу унагъуэщ, Алэдамэ иджыри фызкъэмышэщ.

– Сыт ухуэдэ, ди анэ? – зэ зыкъещIэж Алэдамэ.





**Мэуэтхэр.**

– Сылъэрытетщ, Псатхъэм и фIыщIэкIэ! – и нэпсыр ирелъэщIэкI цIыхубзми, зыкъеIэт. – КъетIысылIэт Iэнэм, си щIалэ. ТхьэлъэIушхуэкIэ сыныппежьэн хуеящ, ауэ...

– Умыгузавэ, ди анэ. Укъызэрызгъуэтыжа къудейр сыт и уасэ?! ЕтIысэх, кхъыIэ! – мэлъаIуэ анэ хуабагъэм хуэзэша щIалэр.

– Дыщысынуи дыхунэсынщ. Моуэ, зэ, ерыскъы тIэкIу Iэнэм къытезгъэгъэувэ, уэ гъуэгуанэ кIыхь къызэпыпчауэ къыщIэкIынщ, – унэм шхыну щIэлъым щыщ къещтэ анэм.

Алэдамэ къыгурыIуащэтэкъым нэф хъуа и анэр унагъуэ Iуэхум зэрыпэлъэщымрэ зэрыпщафIэмрэ. Ауэ, зы илъэсу къыщIэкIынукъым Гуащэнагъуэ и нэм зэримылъагъужрэ – зэресэжам и щыхьэту, дэнэ деж сыт щылъми, блэмыIэбыкIыу тоIэбэ. Къуэр абы пэрыуакъым, зы псалъэ къыфIимыгъэкIыу, нэщхъейуэ кIэлъыплъурэ и щхьэр игъэкIэрэхъуа мыхъумэ.

Гум и пIэкIэ зи бгъэ лъагэм гъущI щIыIэжь илъу псоми ягугъа нэрыбгейр къызэфIэзэрыхьауэ папщэрт, апхуэдизкIэ гухэхъуэт зэрыгъуэтыжа зэанэзэкъуэм уаIуплъэнуи. Яхэпсэлъыхьыну къызэремыкIури, абдеж зэрыщылейри къыгурыIуэри, Удынэ зигъэбзэхыжащ. Абы и лэжьыгъэр хьэлъэт, теплъэкъукI хъунутэкъыми, Аскъалэ игъэзэжащ.

Гуащэнагъуэ, дауи, хуэпIащIэрт и къуэр здэщыIа щIыпIэм, абы щигъэхъа IуэхуфIхэм зыщигъэгъуэзэну. Шэч къытрихьэххэртэкъым ар и адэ хуэфэщэн зауэлIу къызэрекIуэлIэжам, дэнэ щыхэмытами, и цIэр фIыкIэ ираIуэу а щIыпIэхэм зэрыщыпсэуам. НэгъуэщIу и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым, нартхэм къащIэхъуэртэкъым щIэблэ мыхьэнэншэ. Ауэ ар иужькIэщ. Хабзэм къекIуркъым гъуэгуанэ тета цIыху ешар умыгъэхьэщIауэ, зумыгъэгъэпсэхуауэ упкърыупщIыхьыну.

Хьэтуссэм хуэдэу, дыщэмрэ дыжьынымрэ къакъутэ къалэшхуэхэр яухуэртэкъым нартхэм. Абыхэм я щхьэр лъагэу езыгъэIэт хабзэ дахэ зэрахьэрт, ипэIуэкIэ зэи зыми ямылъэгъуа лIыхъужь ерухэр къащIэувэрт, пщIэ я зэхуаку дэлът. Арат абыхэм я къулеигъэу къалъытэр. ИкIи я хабзэтэкъым адэм и пщыгъуэр къуэм Iэпихыу. АтIэ, пщыр зауэм хэкIуэда е узыфэ гуэрым ихьа нэужь, жылэр зэхуэсырти, лъэпкъым нэхъ хахуэу, нэхъ зауэлI лъэрызехьэу, фIыщIэ нэхъыбэ къэзылэжьауэ яхэтыр пщыуэ хахырт. ЛIакъуэ укъуэдия мыхъуу, дэтхэнэ зыми лъэкIыр игъэлъагъуэу, абыкIэ пщы щIыхьыр къилэжьыну хуитт.

А лIыхъужьхэр къэунэхурт, уэгум къихута вагъуэщIэм хуэдэу. Къахуэблэрт лъэпкъыми, и чэзур къыщысым деж... хьэуэ, ужьыхыжыртэкъым – икIуэдыкIыжырт. Ахэр Шыхулъагъуэм хуэмурэ хэшыпсыхьыжыртэкъым, адрей вагъуэхэм хуэдэу... Ахэр уэгум ибзэхыкIыжырт напIэзыпIэм. КъащIэныр – я цIэрат, зэрахьа лIыгъэм папщIэ цIыхум къаIурынэж цIэ закъуэрат. Дауи, гуузт зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ, зи фIыгъуэ дыдэу кIуэдыж щIалэхэр иужьрей зауэм ебгъэжьэну. ЯхузэфIэкIыну псори щэхуу къэнауэ, здынэсыну лъагапIэхэми я лъэр намыхусауэ. Арат зауэлIыр щIэпсэужыр, и гъащIэм мыхьэнэуэ хэлъу къыщыхъур. Апхуэдэ гъащIэт абыхэм яцIыхур, нэгъуэщI щыIэу ящIэххэртэкъым.

Нарт щауэхэм ящIэрт гъащIэшхуэ зэрамыIэри, къыхуауха мащIэр лIыгъэкIэ гъэнщIауэ зэрыпсэуным яужь итт, нэхъри нэхъыфIыж зэрыхъуным пылът.

## *Къумал*[1]

Алэдамэ и адэр зауэм щигъуэта фэбжьым илIыкIат... ЦIыхухъур аращ къызыхуигъэщIар – зауэм. Бзылъхугъэм и натIэращи, Гуащэнагъуэ и щхьэгъусэм и щIыбым шабзэшэ хэлъу е еупщIэтэхауэ къыхуашэжатэкъыми, абы ирипагэрт. Уэрыш – Алэдамэ и адэм – и зэманыгъуэм и къарукIэ, акъылкIэ, зэфIэкIхэмкIэ къихьэхуат а щIыхьри, екIурэ-ещхьу ирихьэкIащ, лIы хуэдэуи дунейм ехыжащ: ажалым и нэм щIэплъэу, хэкур ихъумэу. Зыщымысхьыжу бийм пэщIэтат ар, дэрдэнейхэр къащытеуам, икIи и щхьэр хилъхьат. Ауэ, абы и пэ къихуэу сыт хуэдиз дэрдэней зауэлI хигъэщIар! Нобэр къыздэсым цIыхухэм яIуэтэж Уэрыш и иужьрей махуэр, абы щыгъуэ игъэлъэгъуа хъыжьагъэр, лIыгъэр...

ЩIэплъыпIэмкIэ щетIысэхыж дыгъэплъ гуащIэм и бзийр Гуащэнагъуэ и нэгум къридзэми, щIыфэкIэ зыхищIэ мыхъумэ, Iэджэ щIауэ и нитIым зыри ялъагъужыртэкъым. Ауэ къызэрыгуэкI цIыхум и нэм илъагъум нэхърэ нэхъыбэ зыхищIэрт Гуащэнагъуэ – абы и пэри, и тхьэкIумэри нэхъ жан хъуат.

Гупсысэхэм жыжьэ дыдэ яхьауэ зыщIыпIэ щыхэтми, а и IитIыр зэса лэжьыгъэр зэпымыууэ ещIэ. Гуащэм и напIэр имыгъэхуадэу щысщ, и Iэхэм езыр-езыру хъыр зэIуащэ. Илъэс дапщэ хъуа ар нэрыбгей щIыналъэр Мэуэтейм къызэрыхуэупса нэжьгъущIыдзэр жылэшхуэу щепсыха КIэбгъулъ мэзыжьым зэрыщIэтIысхьэжрэ, и щхьэр физшу хахуэхэм ярихьэлIауэ хъы яхузэIуищэу зэрадэпсэурэ! Нэрыбгейхэр мыдрей бзылъхугъэ къызэрыгуэкIхэм хуэдэу псэлъэрейкъым, атIэ зэкIуэцIылъщ, зэIусэр къыгуахыу, зызытрашащIэр ирахыу, псэлъамэ, пагъэщхъыу, пхъашэу...

ЛIыгъэкIи, къарукIи, акъылкIи адрей нарт лъэпкъхэм ефIэкI дзэ мыхэр шынагъуэщ. НэжьгъущIыдзэр зрикIуа зауэ губгъуэр лъы къуа-

[1] Къумал – епцIыжакIуэ.

лэрэ хьэдэ защIэрэщ. Псэ Iуту зы цIыху къызэранэкIынукъым абыхэм. Ауэ езыхэм мащIэ дыдэщ хэщIыныгъэу яхьыр. Ари зэрымыщIэкIэ къаукI мыхъумэ, къарукIэ, лIыгъэкIэ, бзаджагъэкIэ зы нэрыбгей биихэм хагъэщIэфынукъым. Куэд щIауэ кIуэдыжа хъунт ахэр, я щэхухэр апхуэдизу быдэу ямыхъуматэмэ, я хабзэжьхэм темытатэмэ.

Зы лIыныбжь хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, нэрыбгейхэм къагурыIуащ я гужьгъэжьымрэ зэрахьэ залымыгъэмрэ езыхэм кIуэдыжыпIэ яхуэхъункIэ зэрышынагъуэр, кIуэ пэтми я лъыр нэхъ фIей зэрыхъур, мыцIыхубз-мыцIыхухъуу къызэрызэхэнар, абы щIапIыкI щIэблэри гущIэгъуншэу къызэрытэджыр. Ауэ щыхъум, лъагъуныгъэ къабзэ лъыхъуэ, къызэрыгуэкI унагъуэм, гъащIэм щIэбэг нэрыбгей гуп щIэлъэIуащ къаутIыпщыну, дэкIуэну хуит къащIыну. Ар, дауи, щхьэгуащэм идакъым, апхуэдэ гупсысэ зиIа пщащэхэр яукIащ, ауэ загъэбзэхыу хьэт лъэпкъхэм яхыхьэжыфаи къахэкIащ. Абыхэм фIыуэ ящIэжырт нэрыбгейхэм я щэхухэр хэIущIыIу ящIмэ къащыщIынури, алъандэрэ къагъэщIар зыщагъэгъупщэу, ялIхэм ящIыгъуу загъэкIуэдын, гъащIэщIэ щIадзэн яхузэфIэкIащ, я бзэри быдэу яIыгъащ.

КъыкIэлъыкIуэ щхьэгуащэхэм гу лъатащ нэрыбгейхэм я гъунэгъу нарт щIыналъэхэм зэрызаужьыр, зэрыбагъуэр, къищынэмыщIауэ, Алыджейм и мызакъуэу, адрыщI къэралыгъуэшхуэхэм къазэункIэ зэрышынагъуэр. Нэрыбгейхэр тенджызым пэжыжьэу зэрыпсэум къыхэкIыу, хыдзэ яIэтэкъым, хым тету зэуэфынутэкъым, кхъухь зэрагъэкIуэфыртэкъым. А зырт зыхуэмыIэрыхуэр, къызэрыщIэкIымкIи, я тIасхъапIэр. Ауэ щыхъукIэ, псы Iуфэм щыпсэу лъэпкъ лъэщ гуэр IупэфIэгъу къэщIауэ, зэгурыIуэныгъэ ещIылIэн хуейти, нэрыбгейхэм я щхьэгуащэ Къатинэ Ябгэрэ абы и чэнджэщэгъухэмрэ тегушхуащ алъандэрэ зы гуащи я гущхьэ къэмыкIам...

БЖЬЫХЬИТХУ ипэкIэ Къатинэ Ябгэр мэуэтыпщым хуэупсащ хэщыпыхьауэ пщащэ минкIэ. Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдарэ лъхуэнпIэн ныбжь дахэм ит тхьэIухудхэр КIэбгъулъ мэзым щепсыхат, ар я хэщIапIэу къратати. Абы щаухуа быдапIэ лъагэм укъеплъыхмэ, Мэуэтейр зэрыщыту Iэгум илъым хуэдэу уолъагъу, хым кхъухь мыцIыху къытехьамэ, нэжьгъущIыдзэ зэщIэузэдар мэзым къыщIэкIынурэ биим хьэлэчыр халъхьэнущ, аращ я къалэнри.

Щхьэгуащэм нэрыбгейхэм унафэ ткIий къахуищIат лIы дэкIуэну я гущхьэ къамыгъэкIыну, я щэхухэр ямыIуэтэну, ауэ зыгуэркIэ щIалэ цIыкIу къалъху хъумэ, зэрахабзэу, яукIыжыну, ауэ хъыджэбз цIыкIу къалъхумэ, ахэр ягъэсэну. А унафэр зэрагъэзащIэм, дауи, цIыху щхьэхуэхэр кIэлъоплъ, нэрыбгейхэм я щIыналъэу Iуащхьэмахуэ лъапэмрэ Мэуэтеймрэ я зэхуакум хъыбарегъащIэхэр, бзэгузехьэхэр, тIасхъэщIэххэр щэхуу щызэхэзокIуэ.

Щхьэзакъуэ дыдэу дунейм къытена Гуащэнагъуэ зэрымыщIэкIэ пэшэгъу къыхуэхъуат мис апхуэдэ хабзэ ткIийхэм щIапIыкIа нэрыбгейхэр. Зи ныбжьыр хэкIуэта, зи нэхэм ямылъагъуж цIыхубзыр зыхаши мыхъуу, зыхамышэуи ялъэмыкIыу щыхъум, быдапIэм пэмыжыжьэу унэ щыхуащIщ, хьэпарий гъэсар хъумакIуэу къыхуагъанэри, зрашэлIэжауэ арат.

Ипэхэм, Гуащэнагъуэ куэдрэ хуэныкъуащ и кIэзехьэхэм, къуалэбзууэ Iущащэ и псэлъэгъухэм. И губампIэр, и гупсысэхэр зригъэзын имыгъуэту, и къуэ кIуэдами и хъыбар къыжезыIэн зы цIыхуи мы псыхъуэжьыр зи кIыхьагъым димыгъуатэу. Ауэ щыхъукIэ, зыми гу кьы-

лъамытэу нэпс гуащIэхэр щIигъэкIащ зыкъомрэ... Илъэс бжыгъэкIэ. И нэбжьыц фIыцIэ кIыхьышхуэхэр нэпсым зэкIэригъэпщIэжарэ и напIащхьэр къэпщыжауэ. ЗыкъызэщIищIэрэ, мывэ тыкъыр нэхъей, и тэмакъыщIэм гуIэныр къыщIэгъуэлъхьамэ, укIытэрэ ирикъухыжу. Гъащ... ЖэщкIэрэ... Нэф хъуху!

И щхьэгъусэм ирихьэкIа пщыгъуэм ирипагэу къэгъуэгурыкIуащ Гуащэнагъуэ. Ауэ абы нэхърэ нэхъыбэжу ар иджы иропагэ хы адрыщIкIэ щыпсэу хьэтыпщым и блыгущIэту, и хъумакIуэу, абы и гъэсэну щыта и къуэ закъуэр къызэрекIуэлIэжам. КъекIуэлIэжам и закъуэ, псы Iуфэм нэхъ и гъунэгъуу, Хьэмэз псэупIэ щиухуэри, и анэр зришэлIэжащ Алэдамэ.

– ЩакIуэ сокIуэ, ди анэ. Зызгъэгувэнкъым, – унэщIэм къыщIэбэкъукIащ Алэдамэ.

– Мэзытхьэм и нэфI къыпщыхуэ, си щIалэ! – пыгуфIыкIащ анэр, и щхьэр Алэдамэ и лъэныкъуэмкIэ кърихьэкIри.

Гуащэнагъуэ имыщIэу щыттэкъым пщыхьэщхьэ хуегъэзэкIым цIыхур щакIуэ зэрымыкIуэр. Анэм къыгурыIуат щIалэм зиплъыхьыну, къиущыхьыну, гупсысэну зэрыдэкIри, зэран хуэхъуакъым. И къуэр къызэрекIуэлIэжрэ илъэсым щIигъужами, иджыри къэс ныбжьэгъу зыри къызэримыщIар, зы пщащи къызэримыгъуэтар Гуащэнагъуэ игу къеуэрт. Бзылъхугъэ Iущым къыгурыIуат и щIалэ закъуэр зыгуэрым зэрыхуэщыгъуэр. ГъащIэм къыщохъу апхуэдэ куэд, дауи, къиутIыпщынущ Алэдамэ зыIыгъ гупсысэм. Ауэ дапщэщ?! КIыхьлIыхь зэрыгъэхъуащ. И ныбжьыр мэкIуатэ, зэманыр къыпщысхьын уэ! Арами, анэм хигъэзыхьыркъым щIалэр. КъыздекIуэлIэжам пщащэ щIыкIафIэхэр щымащIэкъым, нарт хъыджэбзхэр дахащэщ, Iущщ, гъэсащ. Зэ мыхъуми зэ зыгуэр и нэ къыфIэнэнкъэ... Мыдэ зэ цIыхухэм яхыхьэ хъуарэт, жэщищ-махуищкIэ екIуэкI хьэгъуэлIыгъуэхэмрэ джэгухэмрэ кIуэуэ къиубларэт!

Алэдамэ хуэмейуэ аратэкъым, Гуащэнагъуэ зэрыщIэхъуэпсым хуэдэу, унагъуэу тIысыжыну, и анэр арэзы ищIыну. Ауэ абы и гур гъущI кIапсэкIэ зэщIапхам хуэдэу, зыгуэрым имыутIыпщу иIыгът. Сыт ар? И лъагъуныгъэр мыужьыхарэ хьэмэрэ губгъэн?! Псори фIыт, и анэри псэут, ауэ зыгуэр къыхуэтт щIалэм. Абы и гур никъуэт, зищIысыр езы дыдэм къыгурымыIуэжу. Зэса щIыналъэ жыжьэм хуэпабгъэрэ? КъыздекIуэлIэжар къыгурымыIуащэрэ, зыхимыщIэрэ, хэмызэгъэжрэ?! Иджыри ищIэркъым, ауэ и гур нэщIщ. НэщIыпсщ. Ар зэригъэнщIыжын гуэру къыщIэкIынт зылъыхьуэри. ЗекIуэ йожьэ щIэх-щIэхыурэ, Iэшэлъашэр зрегъэцIыхуж, къэралыкумкIэ кIуэцIрокI. Ауэ зыми тригъэгупсысыкIыфыркъым и бгъэр зыкъуз, мывэ тыкъыру пщэм къыщIэгъуалъхьэ губгъэным.

Дауэ мыхъуами, Алэдамэ и блэкIар, хьэлъкъ етыжауэ, бжэ зэхуэщIащ. Ар хуейкъым и гущIэр къизылъэсыкIа Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыну. И анэм фIыщIэ хуещI лейуэ къызэрыпкърымыупщIыхьым щхьэкIэ. Хьэт къэралыгъуэм иужь дыдэу къыщыхъуа Iуэхугъуэм къыIуригъэупщIыIуэжат Алэдамэ абы зэрыщытыншари, пщIэуэ щиIари.

Хуей-хуэмейми, и нэгум къыфIыщIидзэрт фIыщэу илъэгъуа пщащэм и нэ фIыцIэр, иджыри къэс IэгукIэ зыхищIэу къыщыхъурт абы и щIыфэ къамылыфэм и щабагъыр, къилыпщIырт и Iубахъэ пщтырым.

... Алэдамэ и щхьэр иутхыпщIащ, мэзыкум щIыхыхьар щызы-

гъэгъупщэжа гупсысэхэр зыкIэригъэщэщыж нэхъей. Абдежым щIалэм и тхьэкIумэм къицырхъащ жыжьэу къэIу макъ гуэрхэр. Мыщэ?! Зыгуэр мэпапщэ, мэщэIу, мэгурым, хьэкIэкхъуэкIэ гуэри мэпырхъ... Алэдамэ и нэр зэтрипIэри, макъыр къыздиIукIыр къилъыхъуэу зэщIэдэIукIащ. Пырхъыр здэщыIэр щIалэм и сэмэгурабгъумкIэт. А лъэныкъуэмкIэ щIагъуэ зэрыщымыIэр ищIэми, Алэдамэ щIэпхъуащ. Абы къыIурыуат лъы пщтырым и мэ шыугъэр. Ар хьэкIэкхъуэкIэм илътэкъым. ЦIыхут зейр. Мес, пабжьэр зыгуэрым зэредзэ, гурым макъыр нэхъри къоблагъэ. Алэдамэ жэрыжэм тету и шабзэр зэфIидзэщ, ишэщIри, пабжьэм хэлъащ...

УIэгъэ хъуа кхъуэпIащэм и хьэдзитIым лъыр къыпыжу лIы гуэр пэкIэ кърехуэкI. ХьэщхьэрыIуэм пэмылъэщурэ зи псэр пыхуа щакIуэр къамэкIэ абы къыкIуэцIыпыджэну яужь итщ, ауэ и Iэпщэм къару хэлъыжкъыми, кхъуэпIащэм и фэ Iувым пэлъэщыркъым. Алэдамэ шабзэшэр иутIыпщри, кхъуэм и пщэм техуащ. Алъандэрэ щIым хиубэу зыщхьэщытар къигъанэри, шабзэшэр къыздикIа лъэныкъуэмкIэ зричащ кхъуэм, Хьэмэзыжьыр къигъэпсалъэу гъуахъуэу. Алэдамэ напIэзыпIэм шабзэр къиузэдыжщ, тришащIэри, гъунэгъу дыдэ къэхъуа мэзыкхъуэм и нэм техуэу еуащ. Къызэмылын дыркъуэ зыгъуэта хьэкIэкхъуэкIэр Алэдамэ и пащхьэ къихуащ, и фIалъэ лъакъуитIыр щIэхури.

ЛIыр псэут. Ар кхъуэм зэхикъутат, и Iэ-и лъэр зэхичэтхъати, лъы щIэкIырт. Узым зэщIиубыда цIыхухъум Алэдамэ щхьэщылъэдащ. УIэгъэхэр щыпхыкIын хуейт – языныкъуэм лъыр псыгъуэ цIыкIуу къриутхыкIырт, лъынтхуэхэр зэпичауэ. Ар псэлъэжыфыртэкъым, и макъыр къыхудэшейртэкъым, гурым, хэщэIукI мыхъумэ. Алэдамэ лIым и джанэ кIапэр къыпитхъыурэ лъы къыздриутхыкI и уIэгъэхэр псынщIэу зэщIипхащ. Пшапэр зэхэуэпат, кIыфI хъумэ, лIым зыри хуищIэжыфынутэкъым.

Абы фIыуэ ищIэжырт уIэгъэ, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэхъужым и щэхуу хьэтыпщым дилъэгъуа IэзэкIэри, къыгурыIуащ къупщхьэ къутахэр я пIэм игъэувэжауэ шыгъукIэ зэщIэшхэн зэрыхуейр. Ауэ абы и пэ къихуэу лIыр мэзым щIэхауэ унэ къабзэ гъэIэпхъуэн, и уIэгъэхэр тхьэщIын, дыжын хуейт.

ЩIалэм жыг къудамэ зыбжанэ къыгуищIыкIщ, лIым и лъакъуэ, и Iэ къутахэм пхъэщIэпхэ хуищIри, къызэфIэмэха лIышхуэр и дамэм телъу мэзыкум къыхихащ. КIыфI хъуарэ цIыхухэр зэгъэжауэ, Алэдамэ и шыр пщIантIэм къыдэлъэдэжащ.

– Уи мастэхэр дэнэ щыIэ, ди анэ? Къэхь псынщIэу! Шылэ Iуданэ, санэху, шыгъу, псы къабзэ... ИIэ, ди анэ, псынщIэу! – хьэлъэ гуэр зэрихьыр къыгурыIуащ анэм, Алэдамэ и бэуэкIэмкIэ.

– Сыт къэхъуар, си щIалэ? – щтэIэщтаблэу къыщылъэтащ къуэм пэплъэу щыс анэр.

– КхъуэпIащэм ичэтхъауэ мэзым зылI къыщIэсхащ. Уэздыгъэ зытIу пыгъэнэн хуейщ иджыри, зыри слъагъуркъым, – и щхьэцым псы къыпыжрэ нэгум къилъэдэжу пщIэнтIат Алэдамэ.

... ЛIым уIэгъэу иIэр Алэдамэ итхьэщIщ, санэхукIэ игъэкъабзэщ, идыжщ, и къупщхьэхэр я пIэм иригъэувэжщ, быдэу зэщIипхэри, шыгъукIэ зэщIишхэжауэ, зэанэзэкъуэр я хьэщIэ мыцIыху мэхам щхьэщытщ. Пщэдджыжьыпэщ. КъуэкIыпIэмкIэ нэхулъэр къыщызэкIэщIетхъ.

– ПхузэфӀэкӀыр пщӀащ, Алэдамэ. Иджы Псатхьэм гущӀэгъу къыхуищӀмэ, псэунщ, – жи Гуащэнагъуэ.

– Хущхъуэ зэхэщӀэн хуейщ, армыхъумэ плъыржьэрым щӀидзэмэ, и узыр узитӀ ищӀынущ, – лӀым и Ӏэпкълъэпкъыр ишытӀэурэ ешауэ, Алэдамэ и ӀитӀыр зэщӀэкӀэзызэрт.

– Хэт и адэ, хэт и щхьэгъусэ... Тхьэм ещӀэ абы къежьэу унэм щӀэсым и гум щыщӀэр, – лӀы мыцӀыхум и унэгуащэр и щхьэ ирилъытауэ, фӀэгуэныхьщ Гуащэнагъуэ.

– Хъужынщ... Къупщхьэ узыр кӀэрымыкӀыу ирихьэкӀынущ и гъащӀэр, – хэщэтыкӀащ Алэдамэ.

– Мэуэтхэр сцӀыхужмэ, ар абы и псэм техуэнукъым, си щӀалэ. Япэу къэхъей зауэм кӀуэнущ, и щхьэр хилъхьэн щхьэкӀэ, – щэху дыдэу жеӀэри, зеӀэт анэм. – Жьэгум пхъэ тӀэкӀу пэрыздзэнщ.

– Зызгъэкъэбзэжынщ сэ, – жиӀэу, Алэдамэ щӀэкӀыпӀэмкӀэ зыкъыщигъазэм, Удынэ бжэблыпкъым къиуващ, къэхъуар къыгурымыӀуэу зиплъыхьу...

Гуащэнагъуэ и къуэр къызэрекӀуэлӀэжрэ, Удынэ и щӀэупщӀэхэр нэхъ кӀащхъэ ищӀат. Зэи имыцӀыхуа анэм и фэ зриплъ бзылъхугъэм и гур къыхуеӀэрт абы, зишыӀэми. Ауэ пщэдджыжьыпэм щхьэ къахыхьэн хуей хъуа нэрыбгейр? Дзыхь къыхуимыщӀу, къыкӀэлъыплърэ?! Алэдамэ къэуӀэбжьащ.

Адрейхэм зыкӀи емыщхь, лӀыгъэ, хахуагъэ зыхэлъу фэ зриплъ щӀалэ зэпӀэзэрытым щыукӀытэрт Удынэ. Хэт и гугъэнт псэущхьэу дунейм тетым я нэхъ ерууэ къалъытэ нэрыбгейр къызэрыгуэкӀ цӀыхухъум щыукӀытэну?! Нэрыбгейм къыгурыӀуэртэкъым апхуэдэу щӀыщытыр. Гуащэнагъуэ и къуэ пагафэм гу лъимытэххэ хуэдэт Мэуэтейм цӀыхухъуу исым я хъуэпсапӀэ бзылъхугъэ дахэм. Къапщтэмэ, адрейхэр хъуапсэнэӀуу къызэреплъым хуэдэу зэи къеплъатэкъым, итӀанэми, гурыщӀэ мыцӀыху гуэрхэр Удынэ и пкъым къыщызэщӀэушэрти, абы игъэшынэрт пщащэр.

Бын дэзгъуэтарэт, жиӀэу, игу дыхьэну зылӀ ирихьэлӀакъым ар, зауэлӀ хахуэ теплъафӀэхэр Мэуэтейм щыкуэдми. Ауэ пщащэм нэмыплъ хуэзыщӀ Алэдамэ хузэфӀэкӀащ хэку псы Ӏуфэм къезышэлӀэжа кхъуафэжьейм къызэрибэкъукӀыу нэрыбгей гущӀыӀэр мафӀэ лыгъейм хидзэну. Удынэ апхуэдизкӀэ шынэрт жейм хэту Алэдамэ и цӀэр къриӀуэу Ӏуэщхъунуи, зэрымыжеиным яужь итт. Удынэ и гъащӀэм зыкъызэридзэкӀат, идэ-имыдэми.

Иджыпстуи, жэщкӀэ зэпщӀыхь щӀалэм и нэгум щиплъэм, нэрыбгейм и гур щӀэпхъуащ, ауэ зэрызыкъримыгъэщӀэным яужь иту, и нэщхъыр зэхиукӀащ.

– Сыт къэхъуар? – къыщӀобакъуэ нэрыбгейр.

– Мэзым къыщызгъуэтащ мыр... – пӀэм хэлъымкӀэ и щхьэр ещӀ Алэдами, лъэныкъуэ зрегъэз, хьэщӀэр къыщӀигъэхьэу.

И фэр пыкӀарэ Ӏупэ щхъуантӀэ хъужауэ пӀэм иукъуэдия лӀым щыӀуплъэм, Удынэ къэуӀэбжьри, къикӀуэтыжащ. Зэм Алэдамэ йоплъ, зэм Гуащэнагъуэ хуоплъэкӀ. Ину хощэтыкӀри, ауэ щыт тетӀысхьэпӀэм йотӀысэх.

– Сыт? – пщащэр апхуэдизу зыгъэгузэвамрэ къэзыгъэуӀэбжьамрэ къыгурымыӀуэу щӀоупщӀэ Алэдамэ.

– Мо уи пӀэм хэлъыр пцӀыхурэ?

– СцӀыхукъым. Уэ пцӀыхурэ?!

– Тыуарщ мыр...

Гуащэнагъуэ ар зэрызэхихыу къэскIащ.

– ... Ди пщырщ, – щэхуу пещэри, и напщIэр еIэт Удынэ.

Алэдамэ гъуэлъыпIэмкIэ зригъэзэкIщ, и жьакIэр ирилъэщIэхри, хэщэтыкIащ. Удынэ и щхьэр бжэмкIэ ищIащ, «нышIэкI», жыхуиIэу.

Мэуэтым и щхьэ къезыхьэлIа цIыхур, бийми ныбжьэгъуми, и унэм исыху зыхуей псори хуищIэнущ, пщIэ-нэмыс кIэлъызэрихьэнущ, апхуэдизкIэ пщIэ хуещI хьэщIэми. Гуащэнагъуэ и хьэщIэр уасэншэт, зыми хуэмыдэжу елIэлIэн хуейт, гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыпхъэт. Ауэ щыхъум, цIыхубзым шэнтыр гъуэлъыпIэм и гъунэгъуу игъэуври, етIысэхащ.

– Уэ умэуэтми, уи гъащIэр ди бий нэхъыщхьэу алыджхэмрэ хамэ лъэпкъхэмрэ щызэхэс щIыналъэм щыпхьащ. Ар цIыхум ящIэ. Армырми, дзыхь къыпхуащIыщэркъым, уазэрыхэмыхьэм щхьэкIэ. Иджы ди пщыр мылIэ-мыпсэууэ уи унэ илъщ. Уэри, уи анэри, ар зэзышэлIауэ щыта дэри жэуапым драшэлIэнущ, – къытехьащ Удынэ, и нэм хъуаскIэр къыщIидзу.

– Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр? – пщащэм и ткIиягъым щыгъуазэми, Алэдамэ и псэм хутегъэхуакъым Удынэ дзыхьмыщIу къызэреплъыр.

– Псори зэрыщытам хуэдэу къызжеIэж, зыри умыбзыщIу! Хьэдэгъуэдахэ къыщыхъуащ къэралыгъуэм. Iуэхум и пэжыпIэр къатIэщIыну яужь ихьэмэ, сыкъыпщхьэщыжыфынукъым, – нэхъри и макъым зригъэIэташ нэрыбгейм.



И гум дыхьа цIыхухъу закъуэм лей къылъысынкIэ шынэрти, Удынэ хуейт щIалэр хейуэ къыщIэкIыну.

– СыпщыукIыу гурыщхъуэ къысхуэпщIу ара? – и нэщхъыр зэхиукIэри, губжьа плъыртетым и нащхъуэм щIэплъащ Алэдамэ.

– АтIэ, сыт си гугъэн хуейр? Сэ сыхъумакIуэщ. Си пщым сытеплъэкъукIауэ къыщIокI, ар мылIэ-мыпсэууэ уи пIэм щиукъуэдиякIэ! – Удынэ къыщитхъыным зымащIэт иIэжыр.

Ар хуейтэкъым гухэлъ зыхуищIа цIыхухъум и щхьэр щIыфIахын щхьэусыгъуэ къылъыкъуэкIыну.

Алэдамэ абы зыри пидзыжакъым, и пэр зэIыкIыу къытехьами. Нэрыбгейр а здэщытым деж къыщинэри, езым унэмкIэ иунэтIащ.

– Дэнэ укIуэрэ? Зыри къызжепIэнукъэ?! – кIэлъыджащ абы Удынэ.

– Япэрауэ, уэ узиунафэщIкъым, уплъыртетми, – къигъэзэжри, нэрыбгейм бгъэдэкIуэташ Алэдамэ. – ЕтIуанэрауэ, зыгуэр сукIыну яужь сихьатэмэ, ар щызукIам деж и хьэдэр къыщызнэжынут, си унэм къэзмыхьу.

Алэдамэ къызэкIуэкIат, бзылъхугъэм апхуэдэ гурыщхъуэ икIагъэ къызэрыхуищIам щхьэкIэ. ЩIалэр щыпапщэкIэ, гъуэзыр Удынэ и нэгум жьэхихуэу, гъунэгъу дыдэу бгъэдэкIуэтати, пщащэр абы и нэм щIэмыплъэфу и напIэр иридзыхащ. ЦIыхухъу губжьауэ бауэбапщэм и бгъэ лъагэр дэкIуейуэрэ зэрехыжым еплъу щытт Удынэ, зыхуэмыгъэхъейуэ. Ар Алэдамэ щыукIытэрэ щышынэрэ къыпхуэщIэркъым. Къызэрилъам, зэрызыхуэмышыIам, бзылъхугъэр зэригъэшынам теукIытыхьыжат щIалэри, и пащхьэ къит тхьэIухудым и щхьэц Iувым къыпих мэ IэфIыр къыIурыуарэ, къэзыгъэгубжьа Iуэхугъуэм тригъэгупсысыкIыжу.

– Сыт къэхъуар, Алэдамэ? – и щхьэр зэрехьэхам хуэдэу, щэху дыдэу щIэупщIащ Удынэ.

Хэт илъэгъуат щхьэщэмыщI нэрыбгейм и щхьэр ехьэхауэ?! Езы

дыдэм гу зылъитэжу пIэрэ, и напIэр едзыхауэ цIыхухъу и пащхьэ зэритыр?

– Нэшэс! – апхуэдэ дыдэу щэхуу пидзыжащ абы щIалэм, и губжьыр Iупсым щIыгъуу иригъэхри. – НакIуэ къалащхьэм, Гуащэм сыхуэгъазэ.

Сыт ар зищIысыр? ЛIо иджыпсту къэхъуар? ЦIыхуитIым я зэхуаку зыгуэр къыщызэщIэлыдащ, къыщыуащ, зым адрейм гу лъригъатэу, зэришалIэу, я нэр зэхуихьу, я дунейр зэжьэхигъэуэу.

ЦIыху гъэунэхупIэм ихуащи, щхьэж сыт ищIысми зэхэкIынщ дяпэкIэ...



**Аскъалэ и лъагапIэхэр.**

ПСЫ Iуфэм къыщхьэщыт Iуащхьэхэм еубгъуэкIат Аскъалэр. Языныкъуэ Iуащхьэ задэхэм тращIыхьа псэупIэхэм унэсын папщIэ гугъу уехьын хуейт. Хьэтуссэ и уэрам Iэхуитлъэхуитхэм ягъэфIа щIалэм фIыуэ ищIэжырт ар. Мэуэтейм и лъагъуэ нэшэкъашэхэр хамэм къегугъуэкIми, езы мэуэтхэм куэду къахуэсэбэпырт Iуащхьэ задэхэм зэрытесыр. Псом япэрауэ, щэхуу къебгъэрыкIуа бийр иджыри жыжьэ дыдэ щыIэу къахутэрт. ЩIэплъыпIэмкIэ дыгъэр щетIысэхыжым нэс зэрыщыту уи Iэгум илъым хуэдэу уолъагъу. Алэдамэ щыщIыкIум щыгъуэ, и лъакъуэхэр быдэ, жэр ищIын папщIэ, и вакъуэ адэм куэдрэ къыщригъэжыхьырт а къуакIэбгыкIэхэм. Мис, иджыпстуи, ар докIуей Iуащхьэм, тенджызым щIэх-щIэхыурэ къыхуеплъэкIыу. Мэуэт гуащэм деж макIуэ, пщым къыщыщIар хуиIуэтэну. И псалъэм шэч къытрахьэмэ, а Iуащхьэм псэууэ къызэремыхыжынури фIы дыдэу ещIэ Алэдамэ. Езым и закъуэкъым а Iуэхум зи щхьэ хэзылъхьэнкIэ хъунур. Аращи, шыIэныгъэрэ акъылрэ хэлъу псэлъэн хуейщ, лей къатемыхьэн папщIэ.

– Сэ япэ сигъэщ, уэ укъацIыхуркъым абыхэм, – щIалэм и ижьырабгъуу къакIуэ бзылъхугъэр япэ ищащ.

Алэдамэ щыму хуеплъэкIащ абы, и напщIэ лъэныкъуэр иIэтри. ЩIалэм иджыри къэс хузэхуэгъэхъуртэкъым Iэщэ-фащэкIэ хуэпа фызшу унафэщIхэр, дзэзешэхэр мэуэтхэм къазэрыхэпшэхъуа щIыкIэр. Алэдамэ зэрыщыгъуазэмкIэ, нэрыбгейхэр къэралыгъуэ щхьэхуэу Насып Iуащхьэ и Iэшэлъашэм, къуэкIыпIэмкIэ щопсэу, цIыхухъу зыхамыгъэхьэу. ЗауэлI хъыжьэхэм зыкIи къакIэрымыхуу, дзэзешэ лъэрызехьэхэр, шабзауэ Iэзэхэр яхэтщ нэжьгъущIыдзэм, джатэри лъэщу ягъэIэрыхуэ, шуудзэ гуащIэщ. Иджы, илъэс мин дэкIыжауэ, бгырыс лъэпкъыр щхьэ къахыхьэн хуей хъуа псы Iуфэм Iус мэуэтхэм? А упщIэм Алэдамэ псэхугъуэ къритыртэкъым. МыхъумыщIагъэ гуэр ягу илъу къыщыхъурти, дзыхь яхуищIыртэкъым.

Хьэргъэшыргъэ къыхэмыкIыу Iуэхур мыужьыхынкIэ зэрыхъунур быдэу ящIэри, Алэдамэрэ Удынэрэ ящIыгъущ нэрыбгей гуп. Ахэр сытми хуэхьэзырщ, къикIуэти ящIэркъым.

– Фыз кIэкъуащIэм сыкъыкъуэплъу сесакъым, – шым елъэдэкъауэри, бзылъхугъэм япэ ищыжащ Алэдамэ.

– Сэ сыфызкъым! – и нащхъуэм уафэхъуэпскIыр къыщIидзу, щIалэм къыхуоплъэкI Удынэ.

– АтIэ, ухэт?! – подыхьэшхыкI Алэдамэ.

Езы Алэдами къыгурыIуэжыртэкъым бзылъхугъэм щIехъурджауэр, щIыщIэнакIэр. ЩIалэр къызэрекIуэлIэжрэ зрихьэлIа бзылъхугъэхэм ящыщу зэуэршэрылIэр Удынэ и закъуэт. Ари Гуащэнагъуэ деж лъагъунлъагъу къыщыкIуэ закъуэтIакъуэхэм, зэрызиIэжьэ тIэкIум къриубыдэу зэпадзIа мыхъумэ, нэхъыбэу зэжьэхэуэркъым. Мэуэтхэр нэрыбгейхэм есэжами, жыжьэу къапекIуэкIмэ, лейуэ зэлъэмыIэсмэ нэхъ къащтэ. Алэдамэ аракъым. Абы къыфIэIуэхукъым ахэр зэрылIыукI Iэзэр. Иджыпстуи щIалэр нэгъуэщIынэкIэщ къыбгъурыт нэрыбгейм зэреплъыр – ар дахагъэм, лъхуэн-пIэным, жьэгур хъумэным къыхуигъэщIа бзылъхугъэ зэкIужщ, тхьэIухудщ. Ауэ лIыукIкъым, ябгэкъым, залымкъым!

Иужьрей зэманым Алэдамэ гу лъитат Удынэ и теплъэ дахэр щIэхщIэхыурэ и нэгу къызэрыщIидзэм. Абы фIэкIа Iуэху имыIэу, хуейуэ егупсысу хужыIэнукъым. Ауэ къыгурыIуэркъым нэрыбгей щхьэцыплъым и нэгум щIэт нэщхъейр зищIысыр, и нащхъуэ дахитIыр щIэплъыпIэм щытеплъызэкIэ, зыпхыщэт гупсысэхэр, къыхуэубыдыркъым «ябгэ» теплъэм и щIагъ щIэлъ купщIэр.

– Дыкъэсащ, – щIыIэ-щIыIэу жиIащ пщащэм.

БыдапIэм и ищхъэрэ дыхьэпIэм деж Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдауэ хъумакIуэ гуп щызэхэтт. ЯтIагъуэкIэ къеекIа мывэ къалэр уардэу хэIэтыкIауэ мэуэт гуэлым къыщхьэщытт. Шабзауэ унащхьэрысхэр пагэу къеплъыхри, къалэм гъунэгъу къыхуэхъуа гупым зыкъытрашэщIащ.

– Мыпхуэдиз хъумакIуэ щызэхэт и хабзэтэкъым мыбдеж, – жиIащ Удынэ щэху дыдэу, и щхьэ хуэпсэлъэж нэхъей.

– Мыбы зыгуэр щыщыIэщ... – Iущэщащ Алэдами.

– Сыту пIэрэ?

– Деплъынкъэ, – щIалэр шым йолъэдэкъауэ.

ХъумакIуэхэм гъунэгъу щахуэхъум, шым къепсыхри, и шыфэлIыфэкIэ нэхъыщхьэу зыхуигъэфэща щIалэ жьакIагъуэм хуиунэтIащ Алэдамэ.

– КъыщызытеувыIэт абдеж! – къыпежьащ абы зи щхьэцыр екIуу щIэща зауэлIыр.

Алэдамэ щIалэ лъагэт, ауэ зи пащхьэ иува щхьэцыгъуэр апхуэдизкIэ инти, и жьэпкъыпэм нэсын-нэмысын жыпIэу, пелуант. ЗауэлIыр щыму и набдзэ Iувым къыщIэплъырт. И нэ щхъуантIэхэр хьэщIэм къытриубыдэри, зэпиплъыхьащ. Иужьым, и нэщхъыр зэхиукIэри, щIэупщIащ:

– Хэт ухъуну, сыт ухуей?

– Уэрыш и къуэ Алэдамэ хъужыр сэращ. Гуащэм сыхуэзэну сыхуейт, – набдзэгубдзаплъэу зэпэзыплъыхь пелуаным и нэгум иплъэу, жэуап итыжащ Алэдамэ.

– Уэрыш сцIыхуащ, ауэ уэ япэу услъагъуу аращ. Сыт хуэдэ Iуэху гуащэм хууиIэр? – и макъ гъумым зрегъэIэт напщIэхум.

– ХъыбарыфI къэтхьакъым, Адэмей! – къэпсэлъащ Алэдамэ и щIыб къыдэт нэрыбгейр.

– Сыт хуэдэ хъыбар къэвмыхьами, гуащэм иджыпсту фриIуэхукъым. ИужькIэ фыкъакIуэ.

– ДриIуэхущ, пщыр зэрыкIуэдам и гугъу пщIыуэ арамэ, – жи Алэдамэ.

Адэмейр къэуIэбжьауэ къыхуеплъэкIащ абы.

– Гуащэм дыхуэгъазэ, – хэкъузауэ жеIэ Удынэ.

КъэкIуахэр пщIантIэм дыхьэну хуит зэрищIар и гъусэхэм IэпэтэрмэшкIэ къарегъащIэ Адэмей. Гуащэм и дэлъху закъуэр – Адэмей – Мэуэтейм и дзэпщ къулыкъур благъагъэкIэ иратауэ аратэкъым, атIэ лIыгъэкIэ къихьауэ, хуэфэщэну зэрихьэрт. Абы и лIыгъэм теухуауэ хъыбарыжьхэр щаIуэтэжырт Мэуэтейм. ЖаIэрт Адэмей зауэ губгъуэм иту, и Iэ зырызымкIэ иубыда зауэлIхэр щIым къытриIэтыкIауэ игъэсысу ялъэгъуауэ, зи пщэ щиубыдыкIари псэууэ IэщIэмыкIыу, иужьрей дыдэу алыдджхэр къащытеуам щыгъуэ IэпцIанэ защIэкIэ дэрдэней гуп зэтриукIауэ. Лъы илъэгъуа нэуэж хьэщхьэрыIуэ хъуми, Адэмей пщым хуэпэж зауэлI хахуэт, щIыхь зиIэ цIыху дахэт.

Къатищу зэтет мывэ чэщанэ хъуреишхуэм и щхьэгъубжэхэм къыдэплъ хъумакIуэ зэщIэузэдахэм хьэщIэхэр зэпаплъыхьырт, ахэр къызыкIэлъыкIуари, къахьа хъыбырыр зыхуэдэри къагурымыIуэу. Алэдамэрэ нэрыбгеймрэ я щхьэр лъагэу Iэтауэ кIуэцIрокI псалъэмакъышхуэ къызыщIэIукI пэшымкIэ.

Дэшхуей шэнт лъагэм ист гуащэр, зэрыгузавэм и нэщэнэу и Iэ хужьитIыр зэригъэIуэту. Пщым и лъыхъуакIуэ дагъэкIыну гупым унафэ яхуищIу кърихьэлIат зыпэмыплъа хьэщIэхэр. Тыуар и хъыбар къахьащ щыжаIэм, псори щэху къызэрыгъэхъуащ, щIалэ мыцIыхумрэ Удынэрэ утыкур хуит хуащIу, жаIэнум пэплъэу.

НэтIасэ, гуащэ щэныфIэм, зэрыхъукIэ зызэтриубыдэну хэтт, ауэ абы и нэм къыщIих гузавэр зыкIи хуэгъэпщкIуртэкъым. Бостей кIыхь щIыху-удзыфафэм и къуапэхэр дыщэ IуданэкIэ хэдыкIарэ, дыщэ бгъэгуилъхьэ гъэщIэрэщIар и бынжэм нэс къехыу, и бгы псыгъуэм бгырыпх бгъуэшхуэр щIэкъузэжауэ щысщ. Гуащэм и Iэдий псыгъуэр щIихъумэу бостей Iэщхьэ кIыхьыр жынж[1] цIыкIу-цIыкIукIэ пхащи, зэрыгузавэм и нэщэнэу ахэр егъажэ, зимыщIэжу, ибж нэхъей. ЗэкIэлъыкIуэ дыдэу, и ныбжьым къекIуу хуэпа мэуэт гуащэр зэрылъагэм нэхърэ нэхъ лъагэж щIохъукI щхьэрыгъ дыщэ пыIэмрэ зытет дэшхуей пхъэ вакъэмрэ. НэтIасэ и щхьэцыгъуэ еухуэнэхар IэкIуэлъакIуэу и дамэ сэмэгумкIэ къыдэдзауэ, хьэлъэ-хьэлъэу телът

[1] Жынж – гъущIым къыхэщIыкIа щIыIу хъурей цIыкIу.

и бгъэм. Гуащэм и набдзэ псыгъуэ Iэтам пагафэ къытрегъауэ, ауэ и нэ щхъуантIэхэм къащIих гузавэр къытокIуэри, зимыщIэжу, и дамитIыр дрешей. ЩIалэр ирагъэцIыхуа нэужь, мазэм хуэдэу нэкIу хъурей дахэм гугъэ нэхур къипсыкIыу къеплъащ ар и хьэщIэхэм, икIи щабэ дыдэу щIэупщIащ:

– Ди пщым теухуауэ зыгуэр фщIэуэ жаIэри, щIалэ?!

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, гуащэ, ауэ цIыху лей щымыту пхуэсIуэтамэ нэхъыфIт ар, – жиIащ Алэдамэ щэныфIэу.

– КуэдыIуэ уи щхьэ тыболъхьэ, щIалэ! – пэшыр къигъэпсалъэу къэIуащ Адэмей и макъ гъуагъуэр.

– Мыбы щIэт дэтхэнэ зыми дзыхь хузощI сэ. ЖыIэ! – идэркъым гуащэм.

– Сэ яхуэсщIыркъым, гуащэ, – ерыщщ Алэдамэ.

Удынэ, укIытарэ къытехьарэ къыпхуэмыщIэу, и гъусэм къыхуеплъэкIащ. Абы жиIэм едаIуэу, гуащэм деж къызэришами хущIегъуэжат, уеблэмэ. Алэдамэ гуащэр зэрыхигъэзыхьым емыкIу пылъу къыщыхъуащ нэрыбгейм.

– Уэрыш срикъуэщ жыпIэу, уздэщыIа дыдэм и пэжыпIэр зыми имыщIэу укъызэрытхыхьэжам дыщыгъуазэщ псори. Сыт уэ ди гуащэр дзыхь пхуэтщIу и закъуэу къыпхуэдгъэнэн щIыхуейр? – къэпсэлъащ зы лIыку.

Алэдамэ абы и лъэныкъуэкIэ еплъэкIыххакъым, ауэ къыхужаIар и тхьэкIумэм зэрыблигъэцIэфтам и нэщэнэу, и Iупэр зэтрикъузэри, и напIэр мащIэу ирихьэхащ. Удынэ къыгурыIуат абы фIэкIмэ, гуащэм и пащхьэ зэхэуэ щызэхаублэнкIэ шынагъэ зэрыщыIэр, Iуэхум псалъэ гуэркIэ хэмыIэбэмэ, мыхъумыщIагъэ къызэрыхъунур. Хьэргъэшыргъэ къэхъумэ, бжэм адэкIэ къыщыт нэрыбгейхэм захуэшыIэнукъым, абы псалъэмакъ къикIынурэ, мэуэтхэмрэ нэжьгъущIыдзэмрэ зэрагъэпцIагъащIэ зэхущытыкIэ дахэм кIэ игъуэтынущ.

– Алэдамэ и гум бзаджагъэ гуэри зэримылъымкIэ шэсыпIэ соувэ, – хэкъузауэ, ину жиIащ Удынэ, и Iэ ижьыр и бгъэгум трилъхьэри.

Пэшым щIэтхэр мыарэзыуэ нэхъри къызэщIэващ.

– Ди гуащэ лъапIэ! Дауэ хъун?! И адэм зэрихьа щIыхьыр къизэужыну хущIэкъуу аращ мыр. Ди пщыр иукIауэ иджы ди гуащэм къобгъэрыкIуэ! Хуит сыкъэщIи, напIэзыпIэм и щхьэр пысхынщ, – джатэр сампIэм кърилъэфащ лIы щхьэц хъурыфэ гуэрым.

Удынэ, есагъэххэу, джатэ зэщIэлъыкIар зуужу кърипхъуэтри, иувыкIащ, хъумакIуэхэри къызэщIэстащ.

Алэдамэ хуеплъэкIащ гужьгъэжьымрэ губжьымрэ зи нэкIур зэхагъэзэрыхьа, къилъын хьэзыру зи дзэхэр зэрызыгъэшх зауэлI хэщIыхьам. Уэрыш и къуэм и зы Iэпэ хъеякъым, Iэщэми еIэбакъым, и напIи хуэдакъым. Абы апхуэдизу игурэ и щхьэрэ щхьэ зэтелът? КъагурыIуэртэкъым зыми.

КIыхьлIыхь хъуа псалъэмакъыр гуащэм игъэужьыхащ:

– Зэрыщыту фыщIэкI, Алэдамэрэ Удынэрэ фIэкIа къэмынэу! ФыщIэкI, жысIакъэ! – и макъым зригъэIэтащ гуащэ нэхутхьэхум.

Зэи зыми зэхихатэкъым НэтIасэ ину псэлъауэ. ЦIыхубз Iэщабэ-Iущабэм зыкъыщиIэтым, псори щым хъужри, пэшым щIэтхэр зэрыщIэхащ, щхьэ баринэр япэ иту.

НэтIасэ пхъэ вакъэ тету умыщIэну, къыу есыкIэу, хуэм дыдэу щIалэм бгъэдэкIуатэри, и нэгум иплъащ, и нитIыр къытримыгъэкIыу. ТэлайкIэ щыму щыта нэужь, хэкъузауэ жиIащ:



5 Заказ №352

– Ди пщыр здэщыIэмрэ и лажьэмрэ къызжеIэ, Уэрыш и къуэ!

– Си деж щыIэщ ди пщыр... – зигъэкIэщIащ Алэдами.

Гуащэр къэуIэбжьри, икIуэтыжащ.

– Ар сытым къыхэкIыу? Сыт къэхъуар?

– Мэзым къыщызгъуэтащ кхъуэпIащэм зэхикъутауэ, – жеIэ щIалэм.

– Пэжкъым! – идэркъым гуащэм.

– Тыуар щэкIуэнкIэ къытекIуэну ди хэкум зы цIыхуи искъым, – Удынэ щыхьэт техъуащ гуащэм и псалъэм.

– Аращ сэри згъэщIэгъуар. ЩакIуэ лъэрызехьэми, пщыр пщыщ, и закъуэ яутIыпщыркъым. Зыгуэр игъусауэ щытмэ, щхьэ зыри къыдэмыIэпыкъуарэ? – жи Алэдамэ.

– Зыгуэрым къиукIыну хэтащ! НэгъуэщI сыт... – и щхьэр егъэкIэрахъуэ Удынэ.

– Ееуей! Ар дауэ! – и гур ехуэхащ гуащэм.

– Умыгузавэ, гуащэ. Псэущ ди пщыр. Ауэ... Ар зыми ямыщIэмэ нэхъыфIу къызолъытэ.

– Ар сыт щхьэкIэ? – егъэщIагъуэ Удынэ.

– Пэжу хуэбгъэфэщащ – Тыуар яукIыну хэтагъэнущ. Ар къащемыхъулIакIэ, Iуэхур и кIэм нагъэсыну ныкIэлъыкIуэнущ, зэрыпсэур къащIэмэ. Абы тегушхуари къызэрыгуэкI цIыхукъым... И блыгущIэтхэм ящыщ къепцIыжауэ къыщIэкIми, згъэщIэгъуэнукъым, – жиIащ Алэдамэ, гуащэр нэхъри къигъэуIэбжьу.

– Хэт и гъусар пщыр щакIуэ щыдэкIым? – щIоупщIэ нэрыбгейр.

– ЦIыхуитIщ и гъусар – Нэжанрэ Адэмейрэ.

– КъыщекIуэлIэжам жаIар сыт? – жи Алэдамэ.

– Сытым къыхэкIыу ар уэ дзыхь пхуэсщIын хуей?! Сэ усцIыхуркъым уэ... Зыми уицIыхуркъым! – гурыщхъуэ ищIыжащ гуащэм.

– Си адэ лъапIэм и щIыхьымрэ напэмрэ къэзыгъэуфIыцIын Iуэхугъуэ зэи злэжьакъым икIи злэжьынукъым, – и щхьэр иIэтри, гуащэм и нэ дахэм щIэплъащ Алэдамэ. – Ауэ, зэрымыщIэкIэ мы Iуэхум сыхэпщIащи, сызэрагъэхамэм къыхэкIыу, ягъэкъуэншэнури сэращ. ГъащIэ сиIэмэ, ди пщым зыкъищIэжынщи, Iуэхум и пэжыпIэр къиIуэтэжынщ. Аращи, пэжыр къэстIэщIыну сызэрыхущIэкъум зыри гъэщIэгъуэни емыкIуи пылъкъым, – жеIэ Алэдамэ.

– ЯпэщIыкIэ Нэжан къыдэлъэдэжащ, пщыр дгъуэтыжкъым, жиIэри, – ифI зыкърешэж гуащэми, шэнтым йотIысэхыж. – КIэщIу Адэмеи къэсыжащ, лъыхъуакIуэ кIуэну гупыр къызэригъэпэщыну. Ауэ, зэрыжаIамкIэ, зыкъомрэ лъыхъуащ езы тIур. Ягъуэтыжакъым, здиунэтIари къахуэщIакъым, – жьы къыпиубыду гузэвэн щIедзэж гуащэм.

– ЗэгъащIэ-тIэ, гуащэ: кхъуэпIащэм и чэтхъапIэхэм къищынэмыщIа, пщым и щIыбым сапIэ телъу гу лъыстащ. Хэту щытми, пщым зыгуэр сэкIэ къепыджри, щыхупIэм иридзыхыжауэ аращ, а щыхупIэм и лъабжьэм кхъуэпIащэр зэрыщыхъуакIуэр ищIэу. Щыгугъауэ къыщIэкIынущ пщыр сэми щыхупIэми къелмэ, хьэкIэкхъуэкIэм IэщIэкIуэдэпэну, – шынагъуэт икIи фIэщщIыгъуейт Алэдамэ и псалъэхэр.

– Сыт мы жыпIэр?! – шэнтым зыкъытриIэтыкIащ НэтIасэ.

– Алэдамэ, а псори лъабжьэншэмэ, мо бжэм адэкIэ къыщыт блыгущIэтхэм къыпхуагъэгъункъым, жыпIэм егупсыс! – щэхуу жеIэри, Удынэ нэбгъузкIэ хуоплъэкI и гъусэм.

– КъызгуроIуэ, – и щхьэр ищIащ щIалэм, арэзыуэ. – А щIалэ щхьэц хъурыфэр... Хэт хъуну ар?

– Аращ Нэжан хъужыр, – къопсалъэ гуащэр.

– Ди пщыр зыукIыну яужь итар арауэ къыщIэкIмэ, зыкIи згъэщIэгъуэнукъым! – пигъэщхъащ Алэдамэ.

– Иумыгъэлей, щIалэ. Ар Адэмей и къуэдзэщ, дзыхь худощI, куэд щIауэ доцIыху. Нэжан къумалмэ, си дэлъхури жэуапым ирашэлIэнущ. Ауэ Нэжан Iуэху куэдкIэ дгъэунэхуа щIалэщ, – идэркъым гуащэм.

– Щхьэ абы теплъхьэрэ ар? – игъэщIэгъуащ Удынэ.

– Зыгуэр слъэгъуарэ, бзэгу схьыжыну сыкъэкIуа и гугъауэ арагъэнут щIэгужьеяр. Армырамэ, симыгъэпсалъэу, щхьэ сиукIыну яужь ита? – апхуэдэ бзаджагъэ куэд щилъэгъуат Хьэт къэралыгъуэми, жиIэм шэч къытрихьэртэкъым Алэдамэ.

– Сыхуейкъым ар си фIэщ сщIыну. Ауэ, ди плъыртетым дзыхь къыпхуещI мыбы укъыщишакIи, сэри си щхьэр пхузогъэтIылъ. ЖыпIэр пэжрэ, Iуэхур къэптIэщIыфмэ, усIэтынщ, ущыуэрэ – гъащIэ уиIэкъым! – гугъэ хэлъу жеIэ НэтIасэ.

– Сэ зыри сыхуейкъым, гуащэ. Щхьэхуещагъэ хэлъкъым злэжьми жысIэми, – хэкъузауэ жиIащ щIалэм, гуащэм и иужьрей псалъиищым гу лъимытэххэу.

– ГурыIуэгъуэр зыщ – пщым и хэщIапIэр хэIущIыIу тщIы хъунукъым, бзэхауи бгъэIункIэ Iэмал иIэкъым, – къыхилъхьащ Удынэ. – Зыми гу къыфлъамытауэ согугъэ дыгъуэпшыхь укъыщекIуэлIэжам, Алэдамэ!



– КIыфI хъуауэ жылэм сыкъыдыхьэжащ. Зыми дыкъалъэгъуакъым. Ауэ пщыр дгъэIэпхъуи хъунукъым, умыгъэхъеймэ нэхъыфIщ, – жи Алэдамэ.

– КIэбгъулъ хъумакIуэ гуп къаутIыпщыну хъыбар езгъэщIэнщ, гуащэ. Гу къытлъатэнущ, мыбы щыIэм ящыщ я лэжьыгъэм къытетчмэ. Алэдамэ щыпсэум и Iэгъуэблагъэр яхъумэну езгъэувэлIэнщ. Абыхэм дзыхь яхуэпщI хъунущ, – жи Удынэ.

– Нэжан теухуауэ сыт? – гуащэм Алэдамэ зыхуегъазэ.

– Ар хьэжэпхъажэ хъуащ. Гу зэрылъыстамкIэ, щIалэ пщтырщ, шыIэныгъэ хэлъкъыми, гува-щIэхами, имыщIапхъэ щимыщIапхъэм къыщыIэщIэщIэнурэ, абыкIэ къэтщIэнущ. Пщым щхьэкIэ умыгузавэ, гуащэ, ущIэупщIэнуи уныкIэлъымыкIуэ, зыгуэр къыпкIэлъыплъынщи, хъуакъым, – НэтIасэ и гум къиипсэлъыкIа хуэдэ, япэ зрегъэщ Алэдамэ.

– Псори гурыIуэгъуэщ, ауэ ди пщыр здэщыIэм, и лажьэм теухуауэ сыт цIыхум яжетIэнур? – гу лъитащ Удынэ.

– Пэжщ ари... Зыгуэр къэзгупсысынщ сэ. ФепIэщIэкI! Зыщумыгъэгъупщэ, Уэрыш и къуэ, къалэнышхуэ уи пщэ къыдэхуащ – и чэзур къэсмэ, ди пщыр псэууэ къысхуешэлIэж! Удынэ, сыпщогугъ! – хэкъузауэ жиIащ гуащэм.

Алэдамэ щхьэщэ ищIри, щIэкIыпIэмкIэ игъэзащ.

– ЗыкъищIэжмэ, псори зэхэкIынкъэ. Мис итIанэщ! – и щхьэ хуэпсэлъэж нэхъей, щэхуу жиIэурэ, абы иужь иуващ Удыни.

– Нобэ къыщыщIэдзауэ жей диIэкъым, дахэ... – зэхэпх къудейуэ пщащэм еIущэщащ Алэдамэ, быдапIэм къыщызэрыдэхыжым.

Зэшыгъуэу екIуэкI гъащIэм дяпэкIэ зэрызиужьынум и нэщэнэу, Мэуэтейм къыщыхъуа щIэщхъум зыкъригъэщIэжа хуэдэ, Алэдамэ и нэщхъыр зэхэкIат. Ар зауэлIт, ицIыхури зэсари зэрымыщIэкIэ зыхэхуа

хьэлэбэлыкъым хуэдэти, хуэныкъуэт, къызэрыщIэкIымкIэ. Иджы зыгуэрым дихьэхащи, и нэр къэплъэжам, къэушам хуэдэщ.

«Дахэ?! КъысфIэщIа, хьэмэрэ «дахэ» жиIа?! Сызэригугъам хуэдэу гущIыIэ дыдэ хъункъым мыр... Гу къыслъимытэххэ хуэдэ, зы Iуплъэгъуэ закъуи къызимыпэсу къокIуэкI. Гуащэнагъуэ зи гуапагъ Алэдамэ хуэдэ бын гущIэгъуншэ дауэ къыщIэхъуэрэт?! Ауэ щыхъукIэ, гузэрыдзэ хуэхъуа гуэр Хьэтейм къыщыщыщIауэ къыщIэкIынщ. ИкIи, пщым и блыгущIэту, и хъумакIуэу щытауэ, уеблэмэ вакъуэ адэу ипIыжауэ жиIащ Гуащэнагъуэ. Щхьэ апхуэдэ IэнатIэ хъарзынэр IэщIыб ищIа, пщышхуэр ибгына, дауи езым къаутIыпща?! Щэху куэдыIуэ щIэтщ гупсысапIэ схуэхъуа щIалэм и нэ фIыцIитIым... Сыту пIэрэ абы и нэгу нэщхъейм щIэлъыр?»

Имычэзууэ Удынэ зыкIуэцIрыщэта гупсысэхэм къыхигъэскIыкIащ гъуо макъым. Iузэв псы Iуфэм къыщхьэщыт Iуащхьэхэм тет плъыр чэщанэхэмкIэ къиIукIырт псэр зыгъэгузавэ, гум зыкъыдэзыгъазэ, лъэр щIэзыгъэху джэ макъыр. Аддэ жыжьэу, зэхэпх къудейуэ, КIэбгъулъ мэзымкIи къыщыджащ гъуор... Плъырхэм зы телъыджэ гуэр къалъэгъуащ! Мэуэтейр зэщIэдэIукIащ, псэр Iузыха хъыбарегъащIэр дапщэрэ къаджэми ябжу. Зэ къаджэмэ – кхъухь хьэлъэзешэ хым къытехьащ, тIэу къаджэмэ – хасащхьэр зэхашэ, щэ къаджэмэ – биидзэр къебгъэрыкIуауэ аращ.



**Мэуэт зауэлIхэр.**

Мэуэт зауэлI лъэпкъыжьым зыкъыдиIэтащ хьэуар дэзджызджу къэIуа ещанэ джэ макъым. Шэч хэлътэкъым щIэплъыпIэр къигъэуфIыцIу къэблэгъа толъкъуныр зэрыбиидзэм. Плъыр чэщанэм тет нэрыбгейхэм я нэгу къыщIэува хыдзэм тенджызым зыкъытриукъуэдияуэ къакIуэрт, куэд мыщIэуи псы Iуфэм къэсынут джатэ къихакIэ къызэрехьэжьа дэрдэней лъэпкъыр.

– Сымыда щхьэкIэ, Тыуар дымыгъэпщкIуу хъунукъым. Мыбдежи сэбэп дыщыхъунут... – Алэдамэ и джатэ дзэпкъыр улъииным нэсауэ зэрыщылъым егупсысри, ар псыф ищIыну IэмалыфI зэрыIэщIэкIыр и жагъуэу, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ. – Ауэ лъэпкъым хуэтщIэххэнуIамэ – пщыр дыгъэгъэIэпхъуэ. Гъуазэ тхэмытмэ, махэ дыхъунущ.

– Ди пщым и лъэрымыхьыгъуэмрэ дэрдэнейхэм я къызэрехьэжьэгъуэмрэ зы хъуащ... Зыгуэрым зэригъэпэща бзаджагъэщ мыр. КъыдэпцIыжар лIэкIей пщIыну сыт и уасэт! – къэблагъэ биидзэм хуеплъэкIщ, Алэдамэ и псалъэхэм арэзы техъуэу и щхьэр ищIри, Удынэ и шым елъэдэкъэуащ.

Алэдамэ и шыр щIихуэным нэсат... Пщымрэ и анэ закъуэмрэ хъумакIуэ иригъэувэлIэну игу къызэрымыкIам щхьэкIэ и щхьэр фIиудыжырт абы. КъызэрыщIэкIымкIэ, лъэпкъым къумал яхэтт, абы къылъыкъуэкIыну бзаджагъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ зыми ищIэртэкъым. Нэжан Алэдамэ япэ иту быдапIэм зыкъыдигъэбзэхыкIащ. Дауэ ухъут ар, Алэдамэ и делагъэкIэ и анэ закъуэри IэщIэкIамэ, мэуэтыпщри яукIамэ...

– Ди анэ! – джэурэ, пщIантIэм дэлъэдэжащ Алэдамэ.

– Сыт, си щIалэ? – унэм къыщIэIукIащ Гуащэнагъуэ и макъ щабэр.

– ИIэ, псынщIэу зыгъэхьэзыр. Пщым и хущхъуэхэр зэрылъхьэ, псы, хъыдан къабзэ. Нэхъ псынщIэIуэу, – зыщышынэр къызэрымыхъуам и гур дэпсэхужауэ унэм щIэлъэдэжщ щIалэри, пщым щхьэщыхьащ.

Анэр щIэмыупщIэми, щыгъуазэт къэхъуам. Плъыр чэщанэхэм зэIэпахыурэ напIэзыпIэм хагъэIуат биидзэр къазэрытеуар. Гуащэнагъуэ цIыху Iущти, къыгурыIуат пщыр гъэIэпхъуэн зэрыхуейр.

– Сыхьэзырыххэщ, си щIалэ, псори зэрыслъхьащ, – жиIэщ анэми, гъуэлъыпIэ натIэм фIидза къэлътмакъымкIэ еIэбэкIащ.

Абы хэту, шыгу зэщIэщIам и гублащхьэм дэсу Жан къыдэлъэдащ пщIантIэм. Алэдамэ къэуIэбжьауэ къыщIэплъащ унэм. И гум къипсэлъыкIам хуэдэу, псори хьэзырыххэу къекIуэлIэжати, нэрыбгейхэм я Iущагъымрэ замыIэжьэу Iуэхур зэрызэфIаудымрэ игъэщIагъуэрт абы.

КъызэрыщIэкIамкIэ, нэрыбгейхэм я нэIэ зэи щIэкIатэкъым Гуащэнагъуэ. Жыгыщхьэрысхэм Iэгъуэблагъэр нэкIэ ягъэхъуу, жэщи махуи къыкIэлъыплъырт Удынэ и унафэкIэ. Дэтхэнэ зыри лIипщI пэувыфыну апхуэдэт хъыджэбз хахуэхэр. Ар Алэдамэ иджы нэрылъагъу щыхъуащ, нэмыплъ яхуищIу щытами. Абы хэту Удынэ къыщIэлъэдащ пэшым.

– КъуэкIыпIэмкIэ дыкIуэцIрыкIмэ дауэ уеплърэ? – Алэдамэ, бауэбапщэу, бгъэдэкIуэтащ нэрыбгейм.

– Пэжщ. Псы Iуфэм пэгъунэгъуу Тыуар щыбгъэпщкIуну шынагъуэщ – мыгувэу Iэшэлъашэр зауэ губгъуэ хъунущ. Ди пщым и псэр пытщи, хабзэм идэркъым нэгъуэщI хэтхыну. Иджыпсту унафэр зыIэщIэлъыр гуащэмрэ дзэпщымрэщ. Пежьэнщ ахэр биидзэм екIурэещхьу, – жи Удынэ.

Уэншэку Iув щабэм телъу шыгум ирагъэзэгъа пщыр ешэжьэн хуей щыхъум, Удынэ зрилъэфыхьащ.

– Сыт? – къызэплъэкIащ Алэдамэ.

– Фи лъэужьым бий тезмыгъэувэу, фи щIыбагъыр схъумэу мыбдеж сыкъыщынэмэ си гур нэхъ зэгъэнущ. Дзыхь пхузощI ди пщыр, Алэда-

мэ, – гуащэм къыхуищIа унафэм ебакъуи мыхъуу, зэрыгузавэри и нэгум къищу жиIащ нэрыбгейм.

– МыцIыхум дауэ дзыхь хуэпщIыну уи пщыр? – щIэнэкIащ пщащэм Алэдамэ, пыгуфIыкIыу.

– Зыми дзыхь зэрыхуэзмыщIу, пхузощI. КъэдаIуэ мыдэ, тэрэуэтхэмрэ агъырейхэмрэ я зэпылъыпIэм деж жылэ цIыкIу щысщ. Абы дэсщ удыжь, Маисэ и цIэу. Ди пщыр къызэфIигъэувэжыну мы щIылъэм зы цIыху щызэхэзекIуэмэ, ар – Маисэщ. Дауи щIы, Алэдамэ, Тыуар а удым Iэрыгъэхьэ. Фежьэ! Дызэхуэмызэжмэ, зэгъащIэ зи жьэ зэIумыщIэхэм я гухэлъ зэрыщIэркъым жыхуаIэм дызэрыхуэдэр, – пыгуфIыкIми, нэщхъей-нэщхъейуэ жиIэщ, шым зридзри, нэрыбгейм зигъэбзэхащ.

Алэдамэ къыгурыIуащэртэкъым Удынэ и щIагъыбзэм щIэлъ мыхьэнэри, пщащэр и мыгъусэу зэрежьэр щIижагъуэри, абы и напэлъагъум и псэр щIыдэпсэхури, ауэ а псоми иджыпсту егупсысыну хущIыхьэгъуэ зимыIэ щIалэр гъусэ къыхуащIа нэрыбгей гупым я пашэу къуэкIыпIэмкIэ иунэтIащ.

## *Джатэпэрыжэ*[1]

Псы Iуфэм къызэрыхьэса дэрдэнеидзэр зэрыгъэкIийуэ кхъухьхэм къепкIауэ, пкIэлъей кIыхьышхуэхэр зэпаIыгърэ, джатэр ягъэдалъэу, псыхъуэм къыщцыдэлъадэм, уэлбанэ уэшхым хуэдэу ятещэщащ мэуэт шабзэшэхэр. Iузэв Iуфэм япэу щача лъэбакъуэр иужьрей яхуэхъуащ куэдым. Ауэ биидзэр апхуэдизкIэ инти, щындей, агъырей, тэрэуэт уэркъхэр къэмыс щIыкIэ быдапIэр ящтэнкIэ шынагъуэт. Дауи, дэрдэней шабзэшэхэр нэсынутэкъым мэуэт быдапIэм – лъагапIэм тет мывэ къалэм бий дэмыхьэфын хуэдэу къещIэкIат. Уэрыш Хахуэр зыхьа иужьрей зауэм губзыгъагъэ куэд хахат мэуэтхэми, я тIасхъапIэхэр къагурыIуэжри, ягъэзэкIуэжат. Дэрдэнейхэри я щыуагъэхэм зэрыриплъэжар наIуэщ. Ауэ щыхъукIэ, мы зи чэзум гугъу зэрегъэхьынущ лъэпкъитIыр.

Iэ сэмэгумкIэ шхуэр иIыгъыу, Iэ ижьым бжы IэщIэлъу мэуэт дзэпщ Iэчлъэчышхуэр къыщхьэщыхьащ бжьыпэм, езым хуэфэщэн пщIэгъуалэ лъагэм тесу. ДомбеякъыпскIэ хэдыкIа лъей плъыжьым гъуэбзиикIэтелъыр[2] лъэгуажьэтесым нэс тебзарэ, IэфракIэм нэмысыпэу гъущI Iэпщэхъу илъу, дэщI екIур къыщцылыдыкIрэ, щIакIуэ хужь пIащIэр зи плIабгъуэшхуэм тепхъуа Адэмей пелуаныр пагэу хуеплъыхащ биидзэм. Абы и щIыбагъ къыдэт мэуэтыдзэр, сытым дежи хуэдэу, хуэхьэзырт дунейкъутэжым. Я щыпэтэкъым абыхэм зауэ IэнатIэр, Iэижь хуэхъуакIэт хэкур хъумэным.

– Дэрдэнейхэр хьэрхуэрэгъу лъэщщ, абы фIыуэ дыщыгъуазэщ. Ерыщу, ерууэ, хъыжьэу зи цIэр Iуа алыдж лъэпкъыр Мэуэтейм къыттеуэну щытегушхуакIэ, ди хэкур зэрихьэхуну Iэщэ щэху гуэри къуэлъу къыщIэкIынущ, армырмэ, иужьрей зауэм щедгъэшэча гузэвэгъуэм и ужькIэ, къытрагъэзэнтэкъым. Дахуэгъэзащ! – домбей губжьам хуэдэу, жьыр зэприхулыкIыу, и макъ гъуагъуэмкIэ джащ Адэмей.

ЗауэлIхэм абыкIэ арэзыуэ зыкъызэщIаIэтащ.

– Дыгъэпс щабэр ди нэгум къиджэгухьу нышэдибэ дыкъэушами, джатэпэкIэ ди нэр зэтрапIэн я гугъэу дэрдэнейхэр къыдэкIуэщащ[3]. ЯцIыхужыркъым абыхэм хьэтыкъуэхэр! Ялъэгъуакъым абы зауэлI

[1] Джатэпэрыжэ – джатэкIэ зауэ шуудзэм щыпэрыт; егъэлеяуэ лIыхъужьыгъэ зыхэлъ.
[2] ГъуэбзиикIэтелъ – лъэдийр удыным щызыхъумэ фэ тебзэ. /Наголенник.
[3] КъыдэкIуэщэн – гу къылъамытэу, щэхуу екIуэтэлIэн.

хъыжьэ! Щыгъупщэнкъым Алыджми дэрдэнейхэр ебэетIэу Мэуэтейм щрахужа махуэшхуэр! Фыщымысхь бийм, хуэвмыщI гущIэгъу зэрыпхъуакIуэм! Ди адэжьхэм я цIэкIэ, ди щIэблэм папщIэ! Феуэ биидзэм! – и тэмакъыр щитхъыным хуэдэу, и къарум къызэрихькIэ къэкIиящ, зи щIакIуэр акъужьым щIихурыхукIыу бжьэпэм тет дзэзешэр.

– Еуэ биидзэм! Еуэ биидзэм! Еуэ биидзэм! – къыпэджэжащ абы мэуэтылI хъыжьэхэр.

Абыхэм я гум губжьыр къыщызэщIэушати, къеплъэкIи къикIуэти ямыщIэу, уафэм къепсыха щыблэу, биидзэм еуэну хьэзырт. Ауэ дэрдэнейхэр зыхуейри арат – мэуэтхэр быдапIэм къыдашу, псы Iуфэм щызэтраукIэну. Адрей нарт лъэпкъхэр къэмысауэ, псы Iуфэм щыпсэу цIыху мащIэмкIэ уапэщIэувэу зебгъэукIыным мыхьэнэ иIэтэкъым. Дэрдэнейхэми ящIэрт псы Iуфэм щепсыхрэ етIысэкIмэ, хьэуазэм мафIэ щIэгъэнауэ къызэрыхаутIыпщхьэнури, кIуэрыкIуэм тету мэуэт быдапIэм еуэну траухуащ. ДэIэпыкъуэгъур къэмыс щIыкIэ, Аскъалэ дыхьэн хуейт. Арыххэуи, бийм къызыкъуихащ и Iэщэ нэхъыщхьэр – мывэгъэлъатэр.

Адэмей къыгурыIуакъым дэрдэнейхэм я кхъухьым кърагъэжэх Iэмэпсымэ мыцIыхур зищIысыр. ПхъэкIэ зэIулIа Iэщэ абрагъуэр шэрхъиплIым тету псыхъуэм къыдагъэуващ. Абы къытепIиикI пкъор шыкIэ IэплIакIуэм хэту, яIуантIэурэ яшэщIауэ ныкъуэщылът, зэрегъэубыда кIапсэр къэбутIыпщмэ, зэрылъэтэным хуэдэу хьэзыру. А пкъом и пэм пылъ, гъущI упIэщIа зытебза кумбыгъэм абрэмывэ иралъхьа нэужьщ мэуэтхэм къащыгурыIуар я пащхьэ ит Iэщэ лIэужьыгъуэщIэр зищIысыр. Дэрдэней зауэлIыр кIапсэм щеIэм, пкъом зыкъиукъуэдийри, быдапIэм нэс къызэрылъэтари къагурымыIуэу, блыныр къигъачэу абрэмывэр къажьэхэхуащ.

– Шабзэшэхэр пывгъанэ! – къэкIиящ Адэмей.

Мэуэт шабзауэхэм я пащхьэ ит кхъуэщын хъурейхэм ярызт щIыдагъэр. Абы хащIэщ шабзэшэхэри, мафIэ пагъэнэжащ.

– Тевгъапсэ! Феуэ! – унафэ ищIащ дзэзешэм.

Дагъэ зэбгриупцIыкIам зридзыжу биидзэм тещэщащ мафIэ уэшхыр. Мывэгъэлъатэм зезыдза лыгъейр зэрагъэункIыфIу, аргуэрыжьти, телъалъэу. Алыдж Iэщэр бзаджэрыхьу къыщIэкIащ... Мывэм и пIэкIэ къэлътмакъым хьэуазэ зэкIуэцIыпха иралъхьэщ, щIыдагъэ тракIэщ, мафIэ щIадзэжри, быдапIэм кърaутIыпщащ дэрдэнейхэм.

Адэмей къыгурыIуащ зымащIэкIэ захуэIыгъыну къыщыхъуами, икIэщIыпIэкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхуейр, абрэмывэкIэ къеуэурэ мафIэ къыхадзэжмэ, мыгувэу быдапIэр дэрдэнейхэм зэращтэнур.

– ЕкIурэ ещхьу къытхуэкIуам Ахеижьыр! Афэрым! БыдапIэр уэмэ, джатэм дыкъыхуэнэжынкъэ. Мис итIанэ дызэрыгъэунэхунщ, умыгузавэ... – щэхуу жиIэри, и пащIагъуэм щIэгуфIыкIащ Адэмей, и нэ щхъуантIэхэр къилыдыкIыу.

Мэуэт дзэзешэм и гугъакъым дэрдэнейхэм апхуэдэ бзаджагъэ къалъыкъуэкIыну, щIэщыгъуэ защIэкIэ зэщIэузэдауэ къытрагъэзэжыну. КъищынэмыщIауэ, алыдж кхъухь фIыцIэжьхэр мыувыIэжу Iузэв Iуфэм къесылIэрти, зэи кIэ имыIэжыным, зэрыкъэралыгъуэу къызэрехьэжьам хуэдэт. Пщэдджыжьыпэ хъуху зэхэуа лъэныкъуитIым щыщу хэщIыныгъэ зиIэр дэрдэнейхэрат. Абыхэм яфIэкIуэда зауэлIхэм я хьэдэхэр Iуащхьэшхуэу зэтелъми, кхъухьым къимыкIауэ итхэр мин бжыгъэкIэ нэхъыбэт. Абыхэм къахуэгъэсыртэкъым мэуэт

быдапIэм хьэщхьэрыIуэдзэу теуэу щызэтракъутэнур. Адэмей и дзэр, хэщIыныгъэшхуэ дыдэ имыIэми, езэшат, быдапIэр мафIэм зэхисхьат, мывэ къалэр къещэщэхынми зымащIэ тIэкIу иIэжу арат.

Дыгъэ зыIэтыгъуэу пшэплъыр къыщызэкIэщIитхъым къуэкIыпIэмкIэ шы лъэ макъышхуэ къыщыIуащ. Къыпщыхъурт тенджызым щIыхъей къыщыхъуауэ, псы Iуфэр дэгызу. Адэмей и сэмэгурабгъумкIэ щеплъэкIым, къыгурыIуащ КIэбгъулъ щепсыха нэжьгъущIыдзэр къызэрысар. Дыгъэм плъыжьу ириIа уафэ джабэмкIэ къеха жьыхъарзу[1] къызэрыхьырт нэрыбгей зэщIэузэдахэр. Дэрдэней зауэлIхэр я пIэм ижыхьауэ, захуэгъэхъеижыртэкъым, я Iэр къэблэгъа тхьэIухудхэм къызэрыхуаIэтынур я щхьэ яхуимыгъэзагъэу. Алыджыкъуэхэм зыкъащIэжу, шабзэхэмрэ джатэхэмкIэ пхъуэхукIэ, гъущI шхуэпэбг[2] зыжьэхэлъ шы лъэдий псыгъуэ лъэпкъыфIхэр къахэлъадэри, дэрдэнеидзэм и япэ IущIэр шыбгъэгукIэ ирахащ нэрыбгейхэм. КIэбгъулъ мэзым къызэрыщIэха нэжьгъущIыдзэм къыхалъхьа хьэлэчым къелар мащIэщ...



**НэрыбгейхэмрэалыджхэмрэзобгъэрыкIуэ.**

Шы бгъэгур зылъэмыIэсахэм я пщэр зэщIэгъэхуарэ лъыкъуалэр яутхыу, я Iэ-я лъэхэр япымытыжу, я щхьэ къупщхьэхэр «нэхущ вагъуэм»[3] иущыкъуеярэ я ныбэр зэгуэпхъауэ... Iуплъэгъуейт нэрыбгейхэм къызэранэкIа зауэ губгъуэр.

ДэрдэнейхэмзыкъащIэжу, нэрыбгейхэм псыхъуэм щызэтралъхьа хьэдэ къомыр Iуахыжыху зэчэнджэщыну, унафэ ящIыну зэхыхьащ мэуэтыдзэм и унафэщIхэр.

– Афэрым! Хъарзынэу дыпежьащ биидзэм, – зэхэуэм и япэ махуэм къигъэлъэгъуамкIэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ гуащэм. – Иджы къухьэпIэмкIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къэсыху зыдмыIыгъыу хъунукъым!

[1] Жьыхъарз – жьы кIэрахъуэ. /Вихрь.
[2] Шхуэпэбг – шым и нэкIур зыхъумэу, абы пщIэхалъхьэ Iэмэпсымэ.
[3] Нэхущ вагъуэ – уадэм ещхь Iэщэ лIэужьыгъуэ, щхьэ топ фIэту, езым гъущI банэ тету. /Моргенштерн – нэмыцэбзэкIэ «нэхущ вагъуэ» жиIэу къокI).

– Дэтхэнэ зыми ди гъащIэр хэкум щхьэузыхь хуэтщIынущ, гуащэ. Дзэпщ лъэщкIэ Тэтэртуп[1] къытхуэупсащ. Ауэ дыхуэныкъуэщ мэуэтыдзэм япэ иту, тригъэгушхуэу зауэм зышэн гъуазэ. Дэнэ щыIэ Тыуар?! Ди пщыр зэрыбзэхам къищынэмыщIа, и хъыбар зыри тщIэркъым. Апхуэдэу хъунукъым! – пэшым и кIэмкIэ зыгуэр къыщыпсэлъащ.

– Пэжщ, пэжщ. Дэнэ щыIэ ди пщыр? ЛIами псэуми дыщыгъуазэкъым, лъэпкъыр дыкъызэхинэу зыщIигъэбзэхам и щхьэусыгъуэри тщIэркъым. Ди пщыр къызэрытхэмытыжыр дэрдэнейхэм къащIэмэ, къыттегушхуэнущ нэхъри. КъищынэмыщIауэ, дяпэкIэ къэсын хуейуэ дызыпэплъэ ди лъэпкъэгъухэм ар къащIэмэ, лIо къытхужаIэнур? Щындхэм заубгъуну щIохъуэпсри, я унафэм дыщIагъэувэну яужь ихьэнущ, дэ унафэщI къызэрытхэмытыжыр къагъэсэбэпу. Уеблэмэ зэгурыIуэныгъэ къуащIылIэну яужь ихьэнущ: е фыкъыдгуохьэри, дывдоIэпыкъу, е дыфхэмыIэбэу дэрдэнейхэм фахьэху, жаIэу, – пищащ нэгъуэщI зыгуэрми.

– Тыуар и хъыбар ищIэу жиIэри, Удынэ къыпхуэкIуащ дыгъуасэ, Уэрыш и къуэр щIыгъуу. ЩIалэм зигъэбзэхами, мес плъыртетыр, девгъэупщI абы, – нэжьгъущIыдзэм и уэртету хаха Удынэрэ абы и дэIэпыкъуэгъу Жанрэ дежкIэ еплъэкIащ зылI.

Е ухуэмеймэ, фIы умыщIэ жыхуаIэракъэ... Сыт хащIыкIрэт абдеж щIэтхэм Удынэрэ Алэдамэрэ лъэпкъым хуалэжьам, мэуэтыпщыр ажал фIыцIэм къызэрыIэщIатхьам. Арами, дзыхь къыхуамыщIу, Iэпэ къыхуаший. Удынэ апхуэдизкIэ къызэщIэнати, зэ уэгъуэкIэ хуфIэхынут апхуэдэу къещам и щхьэр. Ауэ, и Iуэху зытетыр ищIэжырти, зэгуэр къывгурыIуэжынщ псори, жыхуиIэу, хуэму и щхьэр игъэсыса мыхъумэ, зы псалъи къыфIигъэкIакъым.

– Хуит сыкъэщIи, и бзэгур къизгъэгъэж мо адакъэм! – щэху дыдэу мэхъуцацэ Жан, и ныбжьэгъу лъагэм зыхудришейурэ.

– Абы и ажалри зыщIыпIэ щыIэщ, и гугъу умыщI. Зыгуэр къыдджьэдашынуращи – дыбзагуэщ! Хэкум епцIыжауэ бзэгузехьэ дапщэ мы пэшым щIэтми дыщыгъуазэкъым, – пидзыжащ абы Удынэ, зыкъригъэзыхри.

Абдеж уэртетхэр къызэщIэващ, щхьэж и Iуэху еплъыкIэр псоми ящIэн хуейуэ къащыхъужу.

– Пэжщ жаIэр! Мыбдеж дыщIэмыкIыу, иджыпсту хэдвгъэх пщыр. Хэт илъэгъуа лъэпкъым гъуазэ имыIэу? Зы унафэ дыщIэмыту дауэ? Ди пщыр лIауэ тщIатэмэ, хабзэм тету, дыхуэщыгъуэху и пIэр нэщIынт. Хъыбар щыIэххэкъыми, гъуазэр иджыпсту хэтхыным емыкIу пылькъым, – нэхъри къызэщIэплъэрт цIыхухэр.

– Хуэму! – и макъым зригъэIэтащ Адэмей, и шыпхъум жиIэну зыхуейр жрамыгъэIэу псалъэмакъым зыщиужьым.

– Япэрауэ, Тыуар псэущ, здэщыIэри сощIэ. Абы шэч къытевмыхьэ. Псатхьэм къытхуищIэмэ, мыгувэу къытхыхьэжынущ узыншэу. ЕтIуанэрауэ, къумал къытхэтщ, ари быдэу сощIэ, – зыкъиIэтри, и пащхьэ ит зауэлIхэм ябгъэдэкIуэтащ НэтIасэ.

Гуащэм и нэщхъыр зэхэлъу уэртетхэм яхэплъащ, и псалъэр зэпигъэури. Дэтхэнэми и кIуэцIыкIыщIэм иплъэу, щхьэж и гум илъыр къищIэну хуейм ещхьт. ЗэпIэзэрыту яцIыхуа гуащэм зыкъызэкъуихауэ, зилъ зыщIэжыну пIэцIеижым хуэдэт.

– Ар дауэ хъунт, гуащэ, дэ къумал къытхэту? Хэкум, лъэпкъым, пщым епцIыжыну хэт тегушхуэн? – я фIэщ ящIыну хуейтэкъым уэртетхэм.

[1] Тэтэртуп – адыгэ мифологием къызэрыхэщымкIэ, зауэм и тхьэ.

– КъыдэпцIыжащ-тIэ. Тыуар яукIынуи иужь итащ. Ауэ къехъулIакъым! Аращ къыщIэтыр, фщIэн папщIэ. Апхуэдэ телъыджэлажьэ хэт илъэгъуа?! Апхуэдэ напэтех хэт зэхиха?! – нэхъри макъым зригъэIэтащ НэтIасэ. – Дзыхь зыхуэпщIу уи гур зыхузэIупххэращ къыпкIуэцIыпыджэжри. Дэнэ щыIэ Нэжан? Нэжан!

Пэшыр къигъэпсалъэу джащ гуащэр.

– СынодаIуэ, гуащэ! – уэртетхэм къахэувыкIри, щхьэщэ ищIащ къумалу зыхуагъэфащэм.

– Хэт урикъуэ, Нэжан? – зи щхьэ ехьэхауэ щыт щхьэц хъурыфэм хуеплъэкIащ гуащэр.

– Сэ зеиншэу сыкъэхъуащ, гуащэ. Си адэ-анэр сцIыхужыркъым.

– Укъыщалъхуар дэнэ щIыпIэ? – зегъэпхъашэ НэтIасэ.

– Тэрэуэтхэм сащыщщ...

– Дыгъуасэрэ ныжэбэрэ къриубыдэу дэрдэней дапщэ букIагъэн? – хуэму бакъуэурэ Нэжан бгъэдэкIуэтэпащ гуащэр.

Пэшым щIэтхэр зэхъуцацэрт, зэплъыжырт. Абыхэм къагурыIуэртэкъым дзэзешэм и дэIэпыкъуэгъум НэтIасэ апхуэдэ упщIэхэр щIритыр, и щIыхьыр хиутэну яужь щIитыр. Къэхъур къызыгурыIуэр Удынэрэ Жанрэти, къумалым къилэжьа тезырыр щытралъхьэнур къахуэмыгъэсу кIэлъыплъыртекIуэкIым.

Дзыхь хуамыщIын хуэдэу зэи зы щыуагъэ IэщIэкIатэкъым Нэжан. Адэмеи ищIэртэкъым и шыпхъум и щхьэм илъымрэ Iуэхур зыхуэкIуэмрэ, ауэ гуащэм пэрыуэу и щIыхьыр ириудых хъунутэкъыми, и щхьэр игъэкIэрэхъуа мыхъумэ, зы псалъэ къыфIигъэкIакъым.

– Ар сыткIэ сщIэн, гуащэ?! Сыбжакъым...

– Сэ бжесIэнщ биидзэм щыщу зауэлI дапщэ хэбукIыкIами! – Нэжан жиIэнур нримыгъэгъэсу, къызэпиудащ ар гуащэм. – Зы закъуэми утехуакъым. Ауэ утехуащ нэхъыщхьэ дыдэм... Ди пщым!

НэтIасэ зытепсэлъыхьыр къагурымыIуэу, жиIар ягъэщIагъуэу, зэплъыжащ уэртетхэр.

– Пэжщ! Пэжщ, мэуэтхэ! Дэрдэнеипщым тIасхъэщIэх къытхиутIыпщхьащ, гу лъыдмытэу. Нобэрей-ныжэбэрей Iуэхукъым ар, къызэрызгурыIуэмкIэ. Илъэс бжыгъэ хъуауэ къытхэсщ. Хэт ищIэрэ Нэжан имызакъуэми! Дауи, зыми и щхьэр хуэкIуэнутэкъым, «сабий зеиншэ тхьэмыщкIэр» алыджыкъуэу. Илъэс дапщэ хъуа Ахей и бзэгузехьэу укъызэрытхэтрэ? ЖыIэ! – щэхуу, хэкъузауэ щIэупщIащ гуащэр, Нэжан и нэ фIыцIитIым щIэплъэу.

Нэжан и Iупэ пIащIэр зэтрикъузащ, и пэ псыгъуэр зэIыкIащ, зэрыгубжьам и щыхьэту.

– СыткIэ къэзлэжьа мы къызупэсыр, гуащэ? Мэуэтейм сепцIыжауэ сыт гурыщхъуэ уэзыгъэщIар? Хэт апхуэдэпцI уигу къэзыгъэкIар? – къэрапэсар и гум ежэлIаифэ зытригъэуэри, и нэгур зэIууащ Нэжан.

Абы и щхьэр игъэкIэрэхъуащ, зэхихыр игъэщIагъуэ, и фIэщ ищIыну хуэмей хуэдэ.

– ФIы дыдэу зэхуэбгъэхъуат псори: ди пщым и кIуэдыгъуэмрэ дэрдэнейхэм я къыттеуэгъуэмрэ зэтехуэу. ЗауэлI нэхъыфI дыдэхэр зэщIэпкъуэу, пщым и лъыхъуакIуэ фыкIуэ хуэдэурэ, мэзым кIуэцIрыпшыну ухуея хъунщ, ара?! Абдежи зы гуп къыщывэжьэ хъунт, ди дзэзешэр япэ иту, къызэтраукIэну. Абы хэту биидзэр къыттеуэнти,

ди лъэр щIэхуат... Арыххэу, мы псыхъуэжьым дытефлъэсыкIыну фи гугъауэ къыщIэкIынщ. Аракъэ? – и пащхьэ итыр зэрыфIэгущыкIыгъуэр игъэлъагъуэу, гуащэм и Iупэ кIапэхэр иришэхащ.

– НэтIасэ! – псалъэмакъым къыдэуащ Адэмей. – ЦIыхур бгъэкъуаншэ хъунукъым, щыхьэттехъуэ уимыIэу.

– Адэмей, къэщIэжыт щакIуэ фыщыдэкIа махуэр... ЦIыхуищ фIэкIа фымыхъуу фежьащ. Щхьэ хъумакIуэ фи мыгъусарэ, псом япэрауэ?! Сыт «лъэужьыншэу» пщыр щIэкIуэдар? Дэнэ щыбзэхынкIэ хъунур Мэуэтейм и пщыр, зы шынагъуэ гуэр къыщымыщIамэ? Ар уи нэгу къыпхущIэгъэхьэрэ, пщыр бгъэкIуэдыну зеппщытыну? Хэкум зы цIыху искъым апхуэдэ напэншагъэм тегушхуэну. Пэжщ, нарт лъэпкъхэр дыщызэныкъуэкъу, дыщызэгурымыIуэ къэхъуми, лIыгъэ тхэлъщ. Нартым и нэгу къыпхуэгъэзауэ къыппэувынурэ и лIыгъэр здынэсыр къигъэлъэгъуэнущ, уи лIыгъэри игъэунэхунущ, напэтехыу уи щIыб сэ къихакIэ къыдэмыувэу, – къыщитхъащ НэтIасэ.

– Пэж ар? – пелуаныр бгъэдэкIуэтащ щхьэц хъурыфэм.

Адэмей апхуэдизкIэ къызэкIуэкIати, Iэ пцIанэкIэ зэфIитхъыфынут дзыхь хуищIу къыбгъурыта, ныбжьэгъуу ибжа щIалэр.

– Лъэпкъым хиута лIыр фызым еIэтыжри, фызым хиута лIыр лъэпкъ псоми хуэIэтыжынукъым, жаIэ... Зэи схуэмыгъэкъэбзэжыну си напэр тепхащ, гуащэ! Сэ сызауэлIщ, сынартщ, си лъахэм сыхуэпэжу нобэм сыкъэсащ, – и щхьэр лъагэу иIэтри, гъэхуауэ жиIащ Нэжан.

– ПцIыщ! Зэрыщыту пцIыщ. Дыгъуасэ лъандэрэ цIыху ныпкIэлъызогъэплъ. Зы дэрдэней утехуакъым сыт хуэдиз шабзэшэ умыутIыпщами, – гуащэр кIуэри, щэныфIэу итIысхьэжащ и дэшхуей шэнтым.

Нэжан къамыумысыпами, гуащэм и иужьрей псалъэхэм пидзыжын жэуап зэримыIэм куэд къиIуатэрт.

– ЩIалэхэ! Хьэпсым ивдзэ мыр! – бжэм деж щыт хъумакIуэхэм захуигъазэу, и макъым къызэрихькIэ джащ Адэмей.

Нэжан зы псалъэ къыфIигъэкIакъым, и напIи хуэдакъым. Пэшым щIэтхэри щымт.

– Ахей къыхуигъэува къалэн нэхъыщхьэр имыгъэзэщIами, Тыуар зэрыпсэур Iэригъэхьэну хэтынущ, нимыгъэсыжакIэмэ. Зыми тщIэркъым абы гъусэ дапщэ иIэми, сыт хуэдэ къулыкъу зэрахьэу къытхэтми. КъищынэмыщIауэ, пщым и хэщIапIэр къатIэщIыну и ужь ихьэнущ ахэр, – и шыпхъу-гуащэм хуеплъэкIащ Адэмей, губжьарэ, и пэм гъуэзыр кърихуу.

– БзаджащIэр хуит къытхуэщI закъуэ, Адэмей! Дэрдэнеипщым деж нихьэсари, езыхэр дапщэ хъуми, я гум илъри къэдумысынщ, – алъандэрэ щыму псалъэмакъым кIэлъыплъэ уэртетхэм ящыщ зы къэпсэлъащ.

– Зыри фыбгъэдыхьэнукъым! Сэ зесхуэнщ абы и Iуэху. ТIэкIу зывгъэпсэху, фи бын я щхьэфэ Iэ дэфлъи вгъэпщкIу, IэфIу фышхэ... Зыми ищIэркъым Псатхьэм гущIэгъу къытхуищIынрэ ди адэжьхэм я пащхьэ икIэщIыпIэкIэ дихьэжынрэ. ФыкIуэ, – нэщхъей-нэщхъейуэ жиIащ Адэмей.

НэтIасэ нэкIэ иригъэлъэгъуащ Удынэ зиIэжьэну.

Пэшым щIэтахэр щIэкIыжу, зэдэлъхузэшыпхъумрэ нэрыбгеймрэ къызэхуэнэжа нэужь, упщIэ хэлъу Адэмей НэтIасэ хуеплъэкIащ.

– Удынэ дзыхь хуэпщI хъунущ, Адэмей, – дэлъхум жиIэну зыхуейр къыгурыIуащ НэтIасэ.

– Дауэ къэпщIа Нэжан зэрыкъумалыр? – и шыпхъум зыхуигъэзащ дзэзешэм.

– Къытхэтщ цIыху, дэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ губзыгъэу, куэдым гу лъитэу, – зытригъэужу, ину хэщэтыкIащ гуащэр.

– Хэт зи гугъу пщIыр?

– Уэрыш Хахуэ и къуэр хуэфэщэну къыщIэкIащ, си дэлъху закъуэ! Ди пщыр ажалым къыIэщIэзыхар аращ. Алэдамэщ. Абырэ Удынэрэ дзыхь яхуэсщIащ ди пщыр, ягъэпщкIуащ. Тыуар хьэлъэу жаIэ, – губжьымрэ шынэмрэ зэхэзэрыхьыжри, гуащэм и нэпсыр къыфIытелъэдащ.

– Сыт и лажьэр? – дзэзешэр нэрыбгейм хуеплъэкIащ.

– Зыгуэр сэкIэ епыджри, щыхупIэм иридзыхыжащ, кхъуэпIащэм и гъуэм техуэу. Пщыр хьэкIэкхъуэкIэм и хьэдзитIым фIэлъу кърихьэкIыу Алэдамэ ирихьэлIэри, къыIэщIихащ. ЛIы «мыцIыхур» и унэ ихьщ, и уIэгъэхэр зыхуей хуигъазэри, къупщхьэ къутахэр зэпигъэувэжарэ, чэтхъапIэхэр зэгуидэжауэ срихьэлIащ пщэдджыжьыпэм, – къеIуэтэж нэрыбгейм.

– Алэдамэ езым дзыхь хуэпщI хъуну? – иджы псори тIасхъэщIэхыу къыщыхъурт Адэмей.

– ЩIалэр къекIуэлIэжа нэужь, си цIыхугъэ гуэрхэм сыщIэупщIати, къызэрыщIэкIымкIэ, Алэдамэ хьэтыпщым и блыгущIэту, и хъумакIуэ нэхъыщхьэу щытащ. Дэрдэнейхэр Хьэт къэралыгъуэм зауэ IуэхукIэ и дамэгъуми, Алэдамэ зыри хищIыкIакъым ахэр дэ къызэрыттеуэм. Ар къызэрекIуэлIэжрэ, нэрыбгей зыбжанэ езгъэувэлIауэ, зэпымычу кIэлъызогъэплъ. Гурыщхъуэ дэзыгъэщIын зы Iуэхугъуи дэслъэгъуакъым блэкIа зэманым кърииубыдэу, – жи нэрыбгейм.

– Нэжани хуэтщIатэкъым гурыщхъуэ, – дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу жиIэщ Адэмеи, и шыпхъум хуеплъэкIащ. – Дэнэ щыIэ Тыуар иджыпсту?

– Сэр дыдэм сщIэркъым ар, Адэмей. Ущыгъуазэщ, бийр къыткIэлъоплъ, мывэ блыныжьхэри мэдаIуэ, къызэрыщIэкIымкIэ. Зыри къызгурымыIуэжу си щхьэр хэзэрыхьыжащ! – и щхьэр егъэкIэрахъуэ гуащэм.

– Си гъащIэм кърииубыдэу цIыхугъэншэ куэд слъэгъуащ сэ... Ауэ Нэжан апхуэдэу къытхущIидзыжыну си пщIыхь къыхэхуэнтэкъым. Къуэшу сыбжат ар, НэтIасэ! Къуэшу! Иджы еплъ... – и дзэр щкъыщкъыу зэригъэшхащ Адэмей. – Удынэ, нэжьгъущIыдзэр Жан къыхуэгъани, Уэрыш и къуэр къысхуешэлIэж. ИкIэщIыпIэкIэ. Гуащэм дзыхь хуищIрэ, зэрыжыфIэм хуэдэу хахуэмэ, дгъэунэхунщ. Нэхъри, дэрдэнейхэр дэ нэхърэ нэхъыфIу ицIыху хъунщ абы, я тIасхъапIэм гу лъыдигъэтэнщ. Пщыжьым хуэдэу зауэлI Iэзэу къыщIэкIмэ, дыхуеинущ абы.

– СынодаIуэ! – жиIэри, пщащэм зигъэбзэхыжащ.

– КъыпхужьэдэшыххэнуIамэ, Нэжан и жьэр къэтIэщI. Зыми ищIэркъым абы Ахей деж нихьэса псори. Ди тIасхъапIэхэм щыгъуазэмэ... Сегупсысыну сыхуейкъым! – щIэкIыпIэмкIэ зыунэтIа и дэлъхум хуеплъэкIащ НэтIасэ.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# «Евгений Онегин»-р зэдзэкIа зэрыхъуам и IуэхукIэ


Щэуей Мидэ.

Адыгэ литературэмрэ литературэ щIэныгъэмрэ къакIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, нэхъ гугъусыгъуу зэфIэувахэм икIи зызыужьахэм ящыщщ зэдзэкIыныгъэр. Езы лъэпкъ литературэми хуэдэу, зэдзэкIыныгъэр гъуэгу нэшэкъашэкIэ къогъуэгурыкIуэ: абы и зыужьыныгъэр зы лъэхъэнэм къызэщIорыуэ, адрей лъэхъэнэм – нэхъ кIащхъэ мэхъу. ПIалъэ хэхакIэ къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэ зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм нэхъ ин дыдэу зыщиубгъуар 50-60 гъэхэм къыщегъэжьауэ 80 гъэхэм я кIэуххэм къэсыхущ. А илъэсхэращ ди усакIуэ, тхакIуэ пажэхэм (КIыщокъуэ А., ЩоджэнцIыкIу I., Гъубжокъуэ Л., Тхьэгъэзит З. сымэ, н.) я тхыгъэ куэд урысыбзэкIэ, апхуэдэуи хамэ лъэпкъыбзэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэдзэкIауэ дунейм къыщытехьар. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэхэм ди лъэпкъ усыгъэр урысыбзэм екIуу изыгъэзэгъа зэдзэкIакIуэ Iэзэхэу Гребнев Н., Козловский Я., Цыбин В., Петровых М., Звягинцевэ В., Лиснянская И., Скребов Н., Стрелковэ В., Твороговэ В., Топоров В., Алейников В. сымэ къалэн ин ягъэзэщIащ адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къэралпсо (язынықъуэхэм дежи дунейпсо) утыку ихьэнымкIэ.

Ди къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыщекIуэкIа 90 гъэхэм къыщегъэжьауэ зэдзэкIыныгъэм и Iуэхур нэхъ гугъу хъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыгъуафIэкъым, ауэ зэдзэкIыныгъэм хэхауэ телажьэ цIыхухэм – зэдзэкIакIуэкIэ дызэджэхэм – я бжыгъэр нобэкIэ зэрымащIэ дыдэр хьэкъщ. Абы щыгъуэми я фIыщIэ бгъэкIуэдынкIэ Iэмал зимыIэщ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» («Витязь в тигровой шкуре») поэмэмрэ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» усэу гъэпса романымрэ зэзыдзэкIа Тхьэгъэзит Зубер, Пушкин Александр и «Кавказым и гъэр» («Кавказский пленник») поэмэр зэзыдзэкIа Уэрэзей Афлик, Лермонтов Михаил и тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ къэзыгъэпсэлъа Ацкъан Руслан, КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр зэзыдзэкIа Мэремкъул Ларисэ, Къэшэж Иннэ и усэхэр адыгэбзэм къиизыгъэзэгъа Къармэ Iэсият, Нало Заур и «Къру закъуэр» зэзыдзэкIа Джыназ Заремэ, Къанықъуэ Заринэ и усэхэр Iэзэу урысыбзэм изыгъэзэгъа Яропольский Георгий, нэгъуэщIхэми. Абыхэм адыгэ зэдзэкIыныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэта Iуэху ин икIи щхьэпэ зэрызэфIахам шэч хэлъкъым.

БлэкIа илъэсым адыгэ тхылъеджэр зыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэхэм ящыщщ Щэуей Мидэ зэридзэкIауэ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» усэу гъэпса роман цIэрыIуэр адыгэбзэкIэ дунейм къызэрытехьар. А тхыгъэ иныр ди бзэм къибгъэзэгъэныр гугъу дыдэми,

адыгэ бзылъхугъэ-тэрмэшым а Iуэхум зыщIрипщытам и щхьэусыгъуэр абы гугъуехьу пыщIа псоми япэшэчащ, уеблэмэ ящхьэдэхащ. «Евгений Онегин»-р зэридзэкIын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр тхылъым и пэублэ псалъэм деж зэдзэкIакIуэм мыпхуэдэу къыщиIуэтащ: «Урыс литературэм и лъабжьэр зыгъэбыдауэ къалъытэ Александр Пушкиным и бзэ лъэщымкIэ игъэпса романыр си анэбзэмкIэ къэпIуэтэж зэрыхъум, адыгэбзэр абы зэрыпэлъэщым гушхуэныгъэ къызитурэ зэздзэкIа тхылъщ «Евгений Онегин»-р. ГуащIэрэ зэману а лэжьыгъэ сэркIэ мытыншам ихьар къызыхэкIар си бзэм хузиIэ лъагъуныгъэрщ, абы хуэсщI пщIэрщ, и зэфIэкI иныр утыку къэсщIыну сызэрыщIэхъуэпсырщ. ИпэжыпIэкIэ сыхуейщ гъащIэ кIыхьрэ гъуэгуанэ гугъурэ къызэзынэкIа адыгэбзэр нобэ дэтхэнэ адыгэ унэми щыIуну, ди хабзэ дахэр, ди фащэ гъуэзэджэр, ди Iуэры-Iуатэ къулейр дгъэпэжыну, тхъумэну, къытщIэувэ лъэпкъым а псоми и лъапIагъыр къагурыдгъаIуэу, зэрахьэн, зрагъэужьын зэрыхуейм хуэдгъэIущыну. Си лъэпкъ мащIэм и дэтхэнэ псэри хэкупсэу щытыныр си хъуэпсапIэщ».

Мидэ зыщIэхъуэпса Iуэхум хузэфIэкI къимыгъанэу телэжьащ, и мурад зригъэхъулIэнуи хунэсащ. Урыс классикэ литературэм и фIыпIэу къалъытэ тхыгъэшхуэр зэбдзэкIыну зэрыгугъум нэмыщI, абы зеппщытынуи дзыхьщIыгъуэджэт, сыту жыпIэмэ романым и купщIэр адыгэбзэкIэ къэпIуэтэжыныр мащIэт, абы и поэтикэри урысыбзэкIэ зэрытхам къыкIэрымыхуу адыгэбзэм и IэмалхэмкIэ гъэпсыпхъэт.

Дызэрыщыгъуазэщи, Пушкин Александр и «Евгений Онегин»-р а тхыгъэм къыхуигъэщIа «онегинская строфа» жыхуаIэмкIэ итхащ. А строфа лIэужьыгъуэм езым и щхьэхуэныгъэхэр иIэжщ: стопаиплIу зэхэт ямбкIэ тхауэ сатыр пщыкIуплI зэкIэлъыхьащ. Ар сонет жыпхъэм тещIыкIауэ, сонетым и пкъыгъуэ гуэрхэр хэплъагъуэу гъэпсами, абы къыщхьэщызыгъэкI нэщэнэхэр хэлъщ. Инджылыз сонетым («шекспировский сонет»-кIэ зэджэм) щыщу «онегинская строфа»-м строфикэ ухуэкIэр зыщIишащ – катренищрэ (сатыриплI хъу строфа) кIэIунэ езытыж сатыритIу («дистих»-кIэ йоджэ) гъэпсащ, апхуэдэуи итальян сонетым («петраркианский сонет» жыхуаIэм) и рифмэ ухуэкIэр зыхилъхьащ. Ауэ, сонетым хэт катренхэр псори рифмэ ухуэкIэ хэхакIэ зэпхамэ, Пушкиным рифмэ лIэужьыгъуэхэр къызэригъэсэбэп щIыкIэ (схемэ) щхьэхуэ къигъэщIыжащ: япэ катреныр рифмэ зэблэдзакIэ тхащ, етIуанэм рифмэ зэгуэгъу къыщыгъэсэбэпащ, ещанэм къызэщIэзыкъуэ рифмэ хыболъагъуэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «онегинская строфа»-м и рифмэ ухуэкIэр мы щIыкIэм (схемэм) тетщ: *AbAb CCdd EffE gg* (цIыхубз рифмэр хьэрфышхуэкIэ, цIыхухъу рифмэр хьэрф цIыкIукIэ къэгъэлъэгъуащ). Пушкиным и романыр зэрыщыту мы щIыкIэм тету гъэпсащ, ауэ Щэуей Мидэ адыгэбзэм къригъэзэгъа тхыгъэм «онегинская строфа»-р хъума щыхъуакъым. ЖытIар япэ Iыхьэм и япэ усэм и щапхъэкIэ щIэдгъэбыдэнщ:

«Си адэ къуэшым фIэфIт пэжыгъэр,
Джэгуншэу, лъэмыкIыж щыхъуам,
Нэмыс, пщIэ хэти къыпихыныр
Ещхьт хэкIыпIэфIу къигъуэтам.
ЩIэныгъэу ябжми, и щапхъэфIыр,
Уэ ди Тхьэ, зэшыгъуащэт мыр,
УбгъэдэмыкIыу пIэрыхэнэм

Уи жэщи махуи депхьэкIын,
ФэрыщIагъ защIэу пудыныгъэт
И зэш нықъуэлIэм тебгъэун,
Хузэбгъэзахуэу и пIэщхьагъыр,
Удэгузавэу упсэун.
Унэщхъеифэу хущхъуэ щепткIэ,
«Зэ лIэнум лIарэт!» – жыпIэу уигукIэ.

Мы сатыр пщыкIуплIым я рифмэ ухуэкIэр мыращ: *AbAb CdCd EfEf gg* (егъапщэ «онегинская строфа»-м и ухуэкIэм: *AbAb CCdd EffE gg)*. Зэрынэрылъагъуэщи, къэтхьа Iыхьэм хэт катренхэм псоми къыщыгъэсэбэпар рифмэ зэблэдзарщ, иужьрей сатыритIыр рифмэ зэгуэгъукIэ зэпыщIащ. КъищынэмыщIауэ, къыхэгъэщыпхъэщ рифмэхэри зэрымыдагъуэншэр, уеблэмэ рифмэ къэзыгъэщIын хуейуэ зэдзэкIакIуэм зэридзылIа псалъэхэм апхуэдэ къалэн зэрамыгъэзащIэр (рифмэ къагъэхъуркъым): *пэжыгъэр – къыпихыныр, щыхъуам – къигъуэтам, щапхъэфIыр – пIэрыхэнэм, мыр – дебхьэкIын, пудыныгъэт – пIэщхьагъыр, тебгъэун – упсэун, щепткIэ – уигукIэ*. Мы псалъэхэм я ударенэхэр зытехуэ макъхэр зэщхьми, нэгъуэщI зэщIэжьыуэ е макъ зэпэджэж яхэплъагъуэркъым. Ауэ Пушкиным и «онегинская строфа»-м щыщу Щэуейм сатыр бжыгъэмрэ ар зэрытха жыпхъэмрэ (стопаиплIу зэхэт ямбыр) ихъумащ. Псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ къэтхьа Iыхьэм и етIуанэ катреным и жыпхъэ ухуэкIэр мыращ:



| | |
|---|---|
| U – / U – / UU / U – / U | пир. 6 пыч.* |
| U – / UU / U – / U – | пир. 4 пыч. |
| UU / U – / UU / U – / U | пир. 2, 6 пыч. |
| U – / U – / UU / U – | пир. 6 пыч. |

Усэм и жыпхъэр хъума зэрыхъуам и фIыгъэкIэ абы и ритмикэри Пушкиным и текстым пэджэжу шэщIащ. Ар сэбэп мэхъу щIэджыкIакIуэр тхыгъэм нэхъ тыншу икIи дихьэхыу, езы Пушкиным абы къыщигъэщIа макъамэр щIэту къеджэнымкIэ.

Щэуей Мидэ зэридзэкIа «Евгений Онегин» усэу тха романым и гъэпсыкIэ-ухуэкIэм нэмыщIыса гуэрхэм ущрихьэлIэми, тхыгъэм и купщIэр къызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, ар зэдзэкIакIуэм адыгэбзэкIэ къиIуэтэжын хузэфIэкIащ.

«Евгений Онегин»-м хуэдэ тхыгъэ иныр икIи гугъур тэрмэш ищIыну еувалIэ зэдзэкIакIуэм къалэн ин и пщэ къыдохуэ: текстыр зы бзэм къипхыу адрей бзэм ибгъэзагъэ къудейм къыщынэркъым, мыпхуэдэ Iуэхум деж дуней еплъыкIэ зэхуэмыдэхэри щызэпхьэлIэн хуей мэхъу. Псалъэм папщIэ, тхыдэ лъэхъэнэ пыухыкIам къыщекIуэкIа урыс дуней лъагъукIэмрэ хабзэхэмрэ тхыгъэм щыхъумауэ, абы щыгъуэми адыгэ зэхэщIыкI-гупсысэм пэмыжыжьэу, хуэмыхамэу, адыгэ щIэджыкIакIуэм къызэрыгурыIуэн бзэкIэ къэIуэтэжыпхъэщ. Апхуэдэ лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, Щэуей Мидэ зэридзэкIа текстым къехъулIа Iыхьэхэри хэтщ, шэч гуэрхэр къызытепхьэ щIыпIэхэми ущрохьэлIэ. Романым и языныкъуэ Iыхьэхэм щыщу урысыбзэ текстымрэ адыгэбзэмрэ зэбгъэпщэну гъэщIэгъуэн дыдэщ. Абы щыгъуэми гу лъытапхъэщ езы романым хамэ лъэпкъыбзэхэм щыщ псалъэ куэд зэрыхэтым, ахэр адыгэбзэ текстми хъума щыхъуащ. Псалъэм папщIэ, япэ Iыхьэм щыщу XVI усэр:

* пиррихиер 6-нэ пычыгъуэм уващ.

*Пушкин Александр и текстыр:*

Уж темно: он садится в санки.
«Пади, пади!» – раздался крик;
Морозной пылью серебрится
Его бобровый воротник.
К *Talon*[8] помчался: он уверен,
Что там уж ждет его Каверин.
Вошел: и пробка в потолок,
Вина кометы брызнул ток;
Пред ним *roast-beef*[9] окровавленный
И трюфли, роскошь юных лет,
Французской кухни лучший цвет,
И Страсбурга пирог нетленный
Меж сыром лимбургским живым
И ананасом золотым.

*Щэуей Мидэ и текстыр:*

Пшыхь дахэр къос: йотIысхьэ Iэжьэм,
«Но, но!», – мес, шыхэм зрачащ,
Дзыдзафэ пщампIэр дыжьыныфэу
Уэс сабэм, жэщым къриIащ.
*Talon*[10]-м Iуохьэ, ауэ ещIэр
Абы Каверин къыпэплъащ.
ЗэрыщIыхьэу, лъейуэ пхъэмыф Iубыр,
Шагъыр нэхъыфI хурагъэхъуащ.
И пащхьэм итщ *roast-beef*[11] лъыфэр,
ЩыцIыкIум трюфли[12] зыхьэхуар.
Къаузэдащи франджы Iэнэр,
Телъщ ананас, дыщэу тIыгъуар,
Страсбург дэлэныр къыбгъурылъщ,
Лимбург кхъуеифIри Iэнэм телъщ.

КъызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, къэтхьа едзыгъуэм усакIуэм хилъхьа купщIэр зэдзэкIакIуэми къиIуэтэжын лъэкIащ. Ауэ тэрмэш щIа текстыр зэрыхъуа дыдэр къэпхутэн папщIэ, абы и сатырхэр зырызыххэурэ зэбгъэпщэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, япэ сатырыр:

*Уж темно: он садится в сани* — *Пшыхь* ***дахэр*** *къос: йотIысхъэ Iэжьэм*

Мыбдежым адыгэбзэ текстым лейуэ (урысыбзэм хэмытауэ) «дахэ» жыхуиIэ плъыфэцIэм дыщрохьэлIэ. Зэ еплъыгъуэкIэ ар мыхьэнэ зимыIэ пкъыгъуэу, сатырым хэтми хэмытми зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ химылъхьэу къыпфIэщIынущ, ауэ пшыхьыр зэрыдахэм, зэрыфIым адэкIэ къыщетхэкIахэм щыгъуазэ дыхуащIми, ар едзыгъуэм и пэщIэдзэм деж усакIуэм зэуэ ди пащхьэ кърилъхьэркъым, атIэ пшапэр зэрызэхэуам дыщагъэгъуазэ къудейщ. Абы къыщхьэщыкIыу, адыгэбзэ текстым деж пшыхьыр зэрыдахэр занщIэу къыщокIуэ икIи адэкIэ къыщетхэкIа псори ар щIэдахэр е зыгъэдахэр къэIуэтэным тегъэпсыхьа хуэдэу мэхъу.

[8] Известный ресторатор.
[9] *Roast-beef* (ростбиф) – мясное блюдо английской кухни.
[10] ШхапIэм и фIэщыгъэцIэщ.
[11] Былымыл гъэжьа.
[12] Iэгъэбзгу лIэужьыгъуэ.

ЕтIуанэ сатырыр:

*«Пади, пади!» – раздался крик* *«Но, но!», – мес, шыхэм зрачащ*

Мыбдежым, дэ дызэреплъымкIэ, *«Пади, пади!»* Iыхьэр *«Неуэ, неуэ!»* жиIэу зэдзэкIамэ нэхъ къезэгъырт, сыту жыпIэмэ *«Но, но!»*-р, адыгэбзэм къыщагъэсэбэпми, урысыбзэм щыщ междометиещ, шыр ирегъэжьэн е щIэгъэIэн къалэн игъэзащIэу. НэгъуэщIми гу лъытапхъэщ: Пушкиным и текстым къызэрыхэщымкIэ, «Неуэ, неуэ!» – гуо макъ къэIуащ», адэкIэ щIэджыкIакIуэм и дежкIэ гурыIуэгъуэщ шыр (е шыхэр) зэрежьэр (зэрыщIэпхъуэр, зэрызрачыр, н.). Апхуэдэ къэIуэтэкIэм – щIагъыбзэ, ехьэкI е нэмыжыIысауэ къэна гуэр зыхэлъым – тхыгъэм и художественнэ лъапIагъэр нэхъ ин ещI. Щэуей М. зэридзэкIа текстым деж шыхэм зэрызрачар занщIэу къыщыхьащ, щIэджыкIакIуэм езым и акъылкIэ нищIысыжын, гурыгъуазэкIэ къихутэжын гуэр къэмынэу: «Но, но! – мес, *шыхэм зрачащ*».

АдыгэбзэкIэ къыдэкIа «Евгений Онегин» тхыгъэм гу зылъытапхъэу нэгъуэщI куэди хэлъщ. Псалъэм папщIэ, «полуживого забавлять» пычыгъуэр «и зэш ныкъуэлIэм тебгъэун» жиIэу зэдзэкIащ. Адыгэбзэм и псалъалъэхэм зэритымкIэ, «ныкъуэлIэ»-м «полумертвый» мыхьэнэ иIэщ. «Полуживой», «полумертвый» псалъэхэм я семантикэр зэтехуэми, «полуживой»-р «ныкъуэлIэу» зэдзэкIыныр щыуагъэшхуэу щымытми, дэ дызэреплъымкIэ, «ныкъуэлIэ» псалъэр поэзие лъагэм и щапхъэу гъэпса художественнэ тхыгъэм хэзагъэркъым. «Полуживой» псалъэм мыхьэнэкIи ар къыщыгъэсэбэпа контексткIи «зи псэр пыт къудей» жыIэкIэр нэхъ хуокIуэ. Абы щыгъуэми усэу гъэпса тхыгъэм езым и ухуэкIэ хабзэхэр зэриIэжыр къыдгуроIуэ, абы и рифмэр, ритмикэр къута мыхъун папщIэ зэдзэкIакIуэхэми, ублэмэ езы усакIуэ дыдэхэми текстым хэмызэгъащэ псалъэ къыщагъэсэбэп щыIэщ. Ар къыкIэлъыкIуэу зэпкърытхыну щапхъэхэм деж усакIуэм жиIа псори зэдзэкIа текстым къыщIимытIэсам и зы щхьэусыгъуэу къыщIэкIынущ. Псалъэм папщIэ, а щапхъэхэр романым и япэ Iыхьэм щыщ етIуанэ усэм къыхэтхынущ. Контекстыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ усэр (урысыбзэ вариантри адыгэбзэкIэ зэдзэкIари) зэрыщыту къыдохь:

*Пушкин Александр и текстыр:*

Так думал молодой повеса,
Летя в пыли на почтовых,
Всевышней волею Зевеса
Наследник всех своих родных. –
Друзья Людмилы и Руслана!
С героем моего романа
Без предисловий, сей же час
Позвольте познакомить вас:
Онегин, добрый мой приятель,
Родился на брегах Невы,
Где, может быть, родились вы
Или блистали, мой читатель;
Там некогда гулял и я:
Но вреден север для меня.



6 Заказ №352

<u>*Щэуей Мидэ и текстыр:*</u>

Апхуэдэт и гурыгъухэр щауэ
Пощт шыгукIэ сабэм хыхьэжам,
Езы Зевс Тхьэшхуэм и Iэмыру
Iыхьлы щIэинхэр зылъысам.
Руслан, Людмилэ я ныбжьэгъухэ,
ЛIыхъужь роман зытестхыхьар
Иджыпсту дыдэ, зызмыIэжьэу
ФэзгъэцIыхунут, хуит сыфщIам:
Сэ хэгъэрей схуэхъуа Онегин
Нева и Iуфэм къыщалъхуащ.
ПщIэххэну щыткъым, си тхылъеджэ,
Уэри а щIыпIэм ущалъхуащ.
Зэгуэр си нэгу зыщиужьами,
Ищхъэрэу сэркIэ зэгъ мыхъуам.

Мыбдежым «молодой повеса» псалъэ зэпхауэ «щIалэ (е щауэ) щыкIа, ефэ-ешхэу, и зэш тригъэууэ зи гъащIэр езыхьэкI» мыхьэнэ зиIэр «щауэ» къудейуэ зэдзэкIащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ тхыгъэм и лIыхъужьым усакIуэм «хилъхьа» хьэл-щэныр тэрмэш щIа текстым щыкIуэдащ. АдэкIэ «летя в пыли *на почтовых*» жиIэу щитхым, усакIуэм, сатырыр нимыгъэсами, *«на почтовых лошадях (конях)»* мыхьэнэ кърикъэкIащ, арщхьэкIэ адыгэбзэ текстым деж ар «пощт шыгукIэ» жиIэу щызэдзэкIащ. Пушкиным «на почтовых» жыхуиIэм «гу» е «шыгу» къыпыувэн хуейуэ, апхуэдэ мыхьэнэ къикIыу зи гугъу тщIы сатырыр игъэпсын мурад иIамэ, «на почтов**<u>ой</u>** (повозке, карете, арбе...)» жиIэу итхынут.

Псалъэхэмрэ псалъэ зэпхахэмрэ я семантикэм е грамматикэм къищынэмыщIауэ, ахэр псалъэухам зэрыщызэкIэлъыхьами гупсысэр лъэныкъуэ пхэнжкIэ щришэкI къохъу. Псалъэм папщIэ, *«ЛIыхъужь роман* зытестхыхьар [фэзгъэцIыхунут...]» адыгэбзэ текстым хэт сатырыр «С тем, о котором написал *героический роман*» жиIэу къыбгуроIуэ, ауэ зэдзэкIакIуэм абы мыхьэнэуэ щIилъхьэну зыхэтар нэгъуэщIщ – «Роман зытестхыхьа лIыхъужьыр [фэзгъэцIыхунут...]» жиIэну арат (егъапщэ Пушкиным и текстым зэрыхэтым: «С героем моего романа [... позвольте познакомить вас]»). АрщхьэкIэ, ищхьэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, тхыгъэм и поэтикэр зэхэмыкъутэн папщIэ, зэдзэкIакIуэм инверсиер хэкIыпIэу къигъуэтащ, ауэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм поэтикэр ихъумами, къэтхьа пычыгъуэм щIэлъ гупсысэр дыкъуакъуэ ищIащ.

Едзыгъуэм и кIэухри урысыбзэ текстым хуэдэу гурыIуэгъуэу нэщIыса хъуакъым, синтаксис ухуэкIэ и лъэныкъуэкIэ ныкъусаныгъэ гуэрхэр хыболъагъуэ:

<u>*Пушкин Александр и текстыр:*</u>

... Где, может быть, родились вы
Или блистали, мой читатель;
Там некогда гулял и я:
Но вреден север для меня.

*<u>Щэуей Мидэ и текстыр:</u>*

ПщIэххэну щыткъым, си тхылъеджэ,
Уэри а щIыпIэм ущалъхуащ.
Зэгуэр си нэгу зыщиужьами,
Ищхъэрэу сэркIэ зэгъ мыхъуам.

Мыбдежым адыгэбзэ вариантым и иужьрей сатыритIым гупсысэ пыухыкIа хэлъкъым, сыту жыпIэмэ «зыужьын» глаголым пыт –***ми***-м гупсысэм адэкIэ зиубгъун (е ипэкIэ зиубгъуауэ щытын) хуейуэ къегъэув (псалъэм папщIэ, *«нобэ укъакIуэ****ми****, сыщIэсынукъым»* жыхуиIэм хуэдэу), сыту жыпIэмэ ар уступительнэ наклоненэм иту къэгъэсэбэпащ. Ауэ тэрмэш щIа текстым деж гупсысэм зыщиубгъуркъым (урысыбзэ текстым ебгъапщэмэ, зиубгъун хуейуи щыткъым). Абы къыхэкIкIэ, иужьрей сатыритIыр мыпхуэдэу зэдзэкIыпхъэт:

Зэгуэр си нэгу зыщиужьами,
Ищхъэрэ**р** сэркIэ зэгъ мыхъуа.

Е мыпхуэдэу – зэраIуатэ наклоненэм иту:

Зэгуэр си нэгу зыщиужьащ,
Ауэ ищхъэрэ**р** сэркIэ зэгъ мыхъуа.



Сыт хуэдэ тхыгъэ инри щызэбдзэкIкIэ ар усакIуэм е тхакIуэм зэритха дыдэм хуэдэу зэрызэбдзэкI бзэм къыпхуигъэтIасэ хабзэкъым, псом хуэмыдэу ар усэу гъэпса роман жанр гугъумкIэ тхамэ, Пушкин Александр хуэдэ усакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкIыу щытмэ, лъэпкъ щхьэхуэм и щыIэкIэ-псэукIэр, зэхэщIыкI-гупсысэр, щэнхабзэр къызыхэщыж тхыдэ лъэхъэнэ пыухыкIам тегъэпсыхьамэ. Апхуэдэ тхыгъэр зэбдзэкIыну зупщытыныр – ар езыр лIыгъэшхуэщ. Щэуей Мидэ а лIыгъэр къыкъуэкIащ. «Евгений Онегин» тхыгъэ иныр зэрыщыту, зы Iыхьи, зы сатыри дэмыгъэхуауэ, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, зэдзэкIакIуэр зыщIэхъуэпсар къехъулIащ, къалэну зыхуигъэувыжахэри игъэзэщIэн хузэфIэкIащ. А къалэныр езым мыпхуэдэу иубзыхуат: «Евгений Онегиныр» зэдзэкIыу, абыкIэ хэти и фIэщ сщIыну сыхущIэкъуащ ди адыгэбзэм и къулеягъыр, IэфIагъыр, гуапагъыр, Iущыгъэу щIэлъыр, зэхэтыкIэ дахэм и IункIыбзэу зэрыщытыр».

Щэуей Мидэ «Евгений Онегин» романыр тхылъуи къыдигъэкIыжыну хузэфIэкIащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, и лэжьыгъэм и лъэужь иплъэну, ар бэм зэрызэлъащIысым, тхылъеджэм къызэрыщыхъум щыгъуэзэну хунэсакъым – блэкIа илъэсым дунейм ехыжащ...

«Евгений Онегин»-р адыгэбзэкIэ тхылъ щхьэхуэу къыдэкIами, мызыгъуэгукIэ ар зылъэIэсахэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, абы къыхэкIкIэ романым щыщ зы Iыхьэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

ПУШКИН Александр

# ЕВГЕНИЙ ОНЕГИН

*Petri de vanite il avait encore plus de cette espece*
*d'orqueil qui fait avouer avec la meme indifference*
*les bonnes comme les mauvaises actions, suite d'un*
*sentiment de superiorite peut-etre imaginaire.*
*Tire d'une lettre particuliere*[1].

Дуней щыкIар си тегъэункъым,
ИтIани, сщIауэ гукъэкIыфI,
Сыныпхуоусэ си ныбжьэгъум,
СIых къофIэкIын сакъылэтыфI!
Хуэфащэ дыдэу уи псэ къабзэ
Мурад нэхъыфIхэм телэжьам,
Усыгъэ нахуэу псэ зыхэслъхьэу
Гупсысэ инхэмкIи згъэнщIар
Зэрыхъу ирехъу — стхыху сфIэбэмащIэу
СIых гупсысэфIу къэзгъэщIар,
Гуузу, зэми дыхьэшхэну,
Iыхьэ зэмыщхьу зэуIу сщIар,
Жеиншэ жэщхэм къэзгъэщIыжу
Зэгуэр сыщIалэу зыхэсщIар,
Нэхъыжь сыщыхъум къызгурыIуэу,
Акъыл, гулъытэ зыхэслъхьар,
Си гущхьэм дыркъуи тезыдзар.

## ЯПЭ IЫХЬЭ

*Псэуну мэпIащIэ,*
*ЗыхищIэну мэпабгъэ.*
**Кн. Вяземский**

I

«Си адэ къуэшым фIэфIт пэжыгъэр,
Джэгуншэу, лъэмыкIыж щыхъуам,
Нэмыс, пщIэ хэти къыпихыныр
Ещхьт хэкIыпIэфIу къигъуэтам.
ЩIэныгъэу ябжми, и щапхъэфIыр,

[1] Щхьэщытхъут, пагэти делагъэми губзыгъагъэми зэхуэдэу зригъэинт, зыкъыфIэщIыжти, и гугъэжт псоми ефIэкIыу. — Зы письмо гуэрым щыщ пычыгъуэщ (фр.).

Уэ ди Тхьэ! зэшыгъуащэт мыр,
УбгъэдэмыкIыу пIэрыхэнэм
Уи жэщи махуи депхьэкIын,
ФэрыщIагъ защIэу пудыныгъэт
И зэш ныкъуэлIэм тебгъэун,
Хузэбгъэзахуэу и пIэщхьагъыр,
Удэгузавэу упсэун.
Унэщхъеифэу хущхъуэ щепткIэ,
«Зэ лIэнум, лIарэт!» — жыпIэу уигукIэ.

II

Апхуэдэт и гурыгъухэр щауэ
Пощт шыгукIэ сабэм хыхьэжам,
Езы Зевс Тхьэшхуэм и Iэмыру
Iыхьлы щIэинхэр зылъысам.
Руслан, Людмилэ я ныбжьэгъухэ,
Лыхъужь роман зытестхыхьар
Иджыпсту дыдэ, зызмыIэжьэу
ФэзгъэцIыхунут, хуит сыфщIам:
Сэ хэгъэрей схуэхъуа Онегин
Нева и Iуфэм къыщалъхуащ.
ПщIэххэну щыткъым, си тхылъеджэ,
Уэри а щIыпIэм ущалъхуащ.
Зэгуэр си нэгу зыщиужьами,
Ищхъэрэу сэркIэ зэгъ мыхъуам.

III

И адэр щIыхуэт зэрыпсэур,
Щэнейрэ джэгу зэхишэрт зы гъэм,
Арат ар зэтезыгъэхуар.
Евгений къихъумащ ухыгъэм:
ЩIыкIуху *Madame*[2] кIэлъыплъат,
ИужькIэ ихъуэжат *Monsieur*[3]-м .
Ар, зэраншуми, сабий IэфIт.
*Monsieur l'Abbe*[4] француз тхьэмыщкIэм
Зэщимыгъэууэ сабийм игу,
Хуигъасэрт, дэджэгу щIыкIэу, куэдым,

[2] Мадам.
[3] Мистер.
[4] Мистер Аббат.

Емыгуэуащэу иущийрт,
Іэдэбу, зэранам, ешхыдэрт,
Гъэмахуэ хадэм щигъэджэгут.

IV

ГурыщІэм и къызэщІэстыгъуэу,
Зэм пабгъэу, зэм щІэнэщхъеежу,
ЩІалэгъуэ ныбжьым ар ихьащ,
Monsieur-ри пщІантІэм дахужащ.
Щхьэхуит хъупащи си Онегин,
Зэманым декІуу щхьэр щІэщащ,
Зыкърихауэ, Лондон щауэу,
Дунейм щІэщыгъуэу къытехьащ.
Франджыбзэр ещІэ абы фІыуэ,
Иротхэ, хуейм иропсэлъэф,
Мазуркэ къофэри тынш дыдэу,
Дахащэу щхьэщэхэр ещІыф.
Сыт нэхъыбэжу? Зэрыхэкуу
Ябжащ мы щІалэр Іущу, екІуу.

V

Зыгуэри хуэдэу дэ зыгуэрхэм
Дыхурагъаджэу дыкъэхъуащ.
Ди деж гъэсауэ ущабжыным
Гугъуехь пымылъуи къыщІэкІащ.
Куэдым щыгъуазэщи Онегин,
Іуэхугъуэ гугъухэм ирекуф,
(ГущІэгъу хуэхей хеящІэ ткІийхэм)
Нэмыси пщІэи къапехыф.
Ар насыпыфІэщ, зэчиифІэщ,
КъыфІэмыІуэхуу мэуэршэр,
Зытригъауэу губзыгъафэ,
Зэдауэ хъуми, зешыІэф.
ЯриутІыпщурэ хъуэрыбзэ,
ИгъэгуфІэни лъокІ хъыджэбзхэр.

VI

Дадзэжыпащ иджы латиныр;
Арами, пэжыр вжесIэм сэ,
ХузэхэгъэкIыу эпиграфхэр
ХищIыкIырт зрикъун а бзэм.
Тепсэлъыхьынут Ювенал ар,
КIэщIитхэжыфт письмом *vale*[5]
УситIу щытми къыхуэщIэжыр,
Энеид[6] тхыгъэми хищIыкIт.
Дунейр зэрыхъурэ къэхъуахэр
Зэлъимыхьыфми абы, пэжщ,
Ромул и деж къыщегъэжьауэ
Нобэм къэсыхукIэ яIуэтэж:
ГушыIэ дэгъуэу куэдыкIей
Ихъумэу гукIэ жиIэрейт.

VII

ГъащIэм и макъ зыхимыщIэфу
ХъуэпсапIэ лъагэм ар хуэхейт,
Хорейрэ ямбрэ зэхихуфу
Ар щIемысари къэщIэгъуейт.
Гомер е Феокрит хуэшхыдэм,
Смитхэ Адам и тхылъыр иджт,
И зэхэщIыкIкIэ экономым
Iуэхугъуэ куэдхэр зэпилъытт.
НэгъуэщIу жыпIэм, мылъку хэхыпIэ
Хэкум хуэхъунур къипщытэнт,
Ирикъуу иIэм ерыскъыпхъэ,
Хуэмейуэ дыщэ къилъытат.
А псор и адэм зыхимыщIэу
ЩIыхуэм пигъэувыр щIырт шэсыпIэу.

VIII

Евгений зыхищIыкI Iуэху куэдыр
Къалэн вжесIэну зыщызмыщI,

[5] Узыншэ ухъу (латин.)
[6] Вергелий итха поэмэм и фIэщыгъэцIэ.

Ауэ щIэныгъэм ищхьэм фIэкIуэр
Iуэху зэштегъэуууэ гугъэ сощI.
Балигъ зэрыхъуу ихьэхуауэ,
Нэхъ зыхуэпабгъэу къыщIэкIар,
Гугъуехь дишэчми темызашэу,
Зэш къеуэсам къезыгъэлар,
ФIылъагъуныгъэм и щIэныгъэу
Назон Iэзащэу щIэусар,
ГъащIэ телъыджэр гугъусыгъу щищIу
И хэку Италиер щIибгынар,
Хьэзаб ишэчу, щхьэхуимыту,
Молдовэ губгъуэм щIикIуэдарт.

IX

.................................................
.................................................
.................................................



X

Пасэу есар зигъэфэрыщIу
Къофыгъуэт, куэди къыпщибзыщIт
Уи фIэщ зищIыфти, ущIегъуэжу
ГущIэгъуи хуэпщIу пфIэпсэкIуэдт.
Зэм пагэ дыдэт, зэм IумпIафIэт,
Е гухэщтыншэт, гумащIэнт!
Дапхуэдэми а цIыху фэрыщIым
Пэжыгъи хэлъу къыпщыхъужт,
Гухэлъ письмохэм пцIы изытхэм
УкIытэ хэлъуи къыпфIэщIт.
Зэм къигъэлъагъуэт и гуапагъэр,
Ауэ нэсауэ щIэщыгъуэщIыр,
Нэпс жыIэдаIуэм ещхьу лыдти,
Къыдихьэхыфт зи щыпэу куэди.

XI

ЖыпIэнурамэ, фиблт а цIыхур,
ЩытыкIэ куэди фIэдурыст,

Псэемыблэжу узыIуплъэр
ГушыIэрейти, удихьэхт,
Псэлъэгъу щхьэщытхъум хэт хуэхъуами,
ИмыутIыпщыжу иущийт.
Пщащэ ныкъуэпIхэм яIущIамэ,
ФIылъагъуныгъэ яригъэщIт;
Хуэмейми, зригъэдэхащIэрт,
Я щэхухэр я гум кърихынт.
НатIэрыIуапIэ зы ищIынти,
ИужькIэ хиубыдыкIынт.
Щэхуу IущIэну пIалъэ итт,
ЗыIущIэм дерс мышыу яритт.

XII

КъыдэхьэхыкIэм есам пасэу,
Щысхьыншэу пэщIэщIэгъу хуэхъуам
Ар ныбжьэгъуфIым щытми пибжу,
Пигъэхут и щIасэр къыхихам
Къыщыхъуи щыIэт, гу лъамытэу,
Фоблас и гъэсэныжь нэхъей,
Лы гурыщхъуэщIхэр зэрымыщIэу
Къыщригъахуэ и къапхъэн! —
Пудыныгъэшхуэ ялъигъэсу
Я фызхэм щIасэ захуищIынт.
КъатригъакIэу щытми бжьакъуэ,
Зэрыщытауи къэнэжынт,
НыбэкIи фызкIи арэзыуэ,
Гунэфу икIи фыздэубзэу.

XIII. XIV

......................................
......................................
......................................

XV

Иджыри щауэр жейуэ хэлъу
ХъыбарегъащIэхэр къыкъуэкIт:

Унагъуэ тIущым зэрымыщIэу
Ирагъэблагъэуи къыщIэкIт.
Джэгу, хьэгъуэлIыгъуэ, лъэтеувэ.
ЗдэкIуэнур дэнэ? Ауей:
А псори хузэпымыгъэувэ,
Ауэ псынщIагъуэу зихуэпэнт,
Боливар[7] быхъур тегъэсауэ
Бульварым, нэху зэрыщу, кIуэнт.
Пщэдджыжь акъужькIэ зигъэнщIауэ
И шэджагъуашхэр хьэзыр хъунт.
И жып сыхьэтыр къэзуунут,
И унэм шхэнуи ар кIуэжынут.

## XVI

Пшыхь дахэр къос: йотIысхьэ Iэжьэм,
«Но, но!», — мес, шыхэм зрачащ,
Дзыдзафэ пщампIэр дыжьыныфэу
Уэс сабэм, жэщым кърилащ.
*Talon*-м[8] Iуохьэ, ауэ ещIэр
Абы Каверин къыпэплъащ.
ЗэрыщIыхьэу, лъейуэ пхъэмыф Iубыр,
Шагъыр нэхъыфI хурагъэхъуащ.
И пащхьэм итщ *roast-beef*[9] лъыфэр,
ЩыщIыкIум трюфли[10] зыхьэхуар.
Къаузэдащи франджы Iэнэр,
Телъщ ананас, дыщэу тIыгъуар,
Страсбург дэлэныр къыбгъурылъщ,
Лимбург кхъуеифIри Iэнэм телъщ.

## XVII

Бокалхэм йопхъуэ, кIэтлъет пщтырым
Псы хуигъэлIащи, тофыхьыж,
АрщхьэкIэ къэIу брегет уэзджынэм
ЩIыгъуу балетыр яублэж.
Гъуазджэм и хабзэ убзыхуакIуэу,
Мо зи щытыкIэр хэчыхьар

---

[7] Гъэмахуэ шляпэ бгъуфIэ.
[8] ШхапIэм и фIэщыгъэцIэщ.
[9] Былымыл гъэжьа.
[10] Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэ.

Джэгуакӏуэ пщащэхэм хэдэну
Онегин театрырщ здиунэтӏар.
Кулисэхэм къуэсам щыщӏыкӏум
Щытыншыр и псэр мы зыращ.
Ӏэгу тещэщэнущ *entrechat*-м[11] ,
Зыкъизых Федрэ, Клеопатрэ.
Утыку Моинэ къришэнщ
(Гу псоми залъригъэтэнщ).

XVIII

Телъыджэт мы къуэладжэр.
Пасэм зи гушыӏэкӏэр яхэӏуа
Фонвизин щигъэхъат зэгуэрым;
Княжнин тетыгъуэ щигъуэтат;
Озеров, Семёнхэ джэгуакӏуэм
Гуфӏэгъуэ нэпсхэр дигуэшат;
Мыбы Катенини арыххэу
Карнели и пщӏэр щиӏэтат;
Гушыӏэ пӏаскӏуэр Шаховскойм
Мы сценэрт къыщигъэнэӏуар,
Дидлои лъапӏэныгъэ инхэр
Мы утыку дыдэрт щигъуэтар;
Сэри мыбы и ӏупхъуэ щӏагъхэм
Сыщӏэсыгъащ сыщынэхъ щӏалэм.

XIX

Си тхьэӏухудхэ! Дэнэ? Дауэ?
Гум и къеуэкӏэр зэхэфха?
Фызэрыщыт? Е нэгъуэщӏ гуэркӏэ
Фызэрахъуэкӏыу зыфхъуэжа?
Уэрэд зэгъусэу къыджефӏэну?
Фи макъым дыщӏэвгъэдэӏун?
Урысхэм сфӏощӏ ди Терпсихорэ[12]
Зэхэсхым си гур къилъэтын.
Е физмылъагъуэм мы утыкум,

[11] Балет къафэм дэлъейуэ я лъакъуитӏыр тӏэу-щэ щызэжьэхагъауэм деж.
[12] Къафэм и музэ.

Пшыхьыр зэшыгъуэ къысщыхъунщ,
Гугъэр тезухуэмэ нэгъуэщIым,
СыщIегъуэжауи сыщысынщ.
Сызэгуэпынущ, сызэшынущ,
БлэкIахэр гум къипщытэжынущ.

XX

И Iуфэлъафэхэр зэщIэвэу,
Театрым цIыху щыкуэдыкIейщ;
Узэпхыплъыным хуэдэу псыпсу,
Уфафэу Iупхъуэр докIуэтей.
ШыкIэпшынэбзэм хуэжыIэщIэу,
КъыпфIэщIу Тхьэ къарум иIыгъ,
Щытти Истоминэр джэрэзу
Тхьэ гуащэ цIыкIухэм ар къафыхь.
Лъэпхъуамбэ закъуэкIэ щIым тету
Адрей и лъапэр егъэджэгу.
Мес, зиIэтащи тфIощI зелъатэу,
Эолэ къыжьэдэлъэт къауцу,
АдэкIэ, мыдэкIэ зегъазэ,
Лъэтамэ, лъапэр зэхуегъазэ.

XXI

Iэгуауэр инщ. Онегин шэнтхэм
Къебакъуэу лъакъуэхэм къыпхокI,
Лорнет тIуащIэу, тесу тахътэм
Фыз зызыгъафIэхэм хуоплъэкI.
Игу нэмысыщэми я теплъэр,
Лъэныкъуэ псомкIи щхьэщэ ещI,
ФIэхъус цIыхухъухэм ялъегъэсри,
ДжэгупIэ сценэр плъапIэ ещI.
Къауфэрэзыхьми гуащэ цIыкIухэм,
Гурыхь щымыхъуи Iуэхум хэлъщ.
Хущхьэу нажриIащ абыхэм:
«Балету дызэплъари куэдщ,
Езы Дидлои дужэгъуащ,
ЗэрахъуэкIынуи игъуэ хъуащ!»

## XXII

ШейтIанхэм, мелыIычхэм, блэхэм
Иджыри сценэм къыщажыхь;
ЩIыхьэпIэм, тежеяуэ джэдыгухэм,
Щалъагъу я унэIутхэм пщIыхь.
Мес, шы ешахэр щыщу, пырхъыу,
Дияуэ пщIантIэм щызэхэтщ;
Уэрамхэр, унэ кIуэцIхэр нуру
Я хьэрэфинэхэмкIэ нэхущ.
Я гущхьэдэсхэр езэшауэ,
КIэкуакуэу шыхэм ябгъэдэтщ.
Iэгу-лъэгу зэхуоуэ. Зиусхьэнхэм
Хуэшхыдэу мафIэм зрагъэу,
Ауэ Онегин щыгъын хъуэж
Иджы я унэм, мес, мэкIуэж.



## XXIII

Сэ и сурэт къэзгъэлъэгъуэфым,
Фэзгъэлъагъунут кабинет.
Щапхъэу ялъытэ ди гъэсэным
Ар зыщихуапэ, зыщитIэщIт.
Мыр ди къэралым лыкIэ, мэзкIэ,
Балтикэ хышхуэм и адрыщI
Лондон сатуи зэрыдищIэ
Хьэпшып телъыджэкIэ кудащ.
Хуэнэхъуеиншэу париждэсхэм
Фейдэ бэлыхь къызыхащIыкI,
Зыкъизыхынухэм хуащIа
ЩIыкIуфэкIу бжыгъэншэкIи гъэнщIащ
Илъэс пщыкIуий зи ныбжь щауэщIэ
Философым и пэш зэпэщыр.

## XXIV

Пщыкъалэм дэсхэр янтарь лулэщ,
Щыкъухэр чэщейщ е домбеякъщ,
Абджыпс лэдэххэм итщ и дыхухэр,
Я Iэбжьанахъуи мажьи жырщ.

Лэныстэ Iуши занщIи зиIэм
ПщIы бжыгъэм и дзэлъэщIхэр нос.
Руссо (арыххэу фIыт гу лъыфтэм)
ХузэфIэкIакъым гурыIуэн
Зызыгъэпагэ Грим и пащхьэм
Ихъуэу Iэбжьанэ ар щIитын.
Е зигъэщIагъуэу арагъэнут,
Е делэ хъуауэ къыщIэкIынт.
Щхьэхуитыныгъэм и хъумакIуэм
ИщIар сэ захуэу къэслъытакъым.

## XXV

Къохъу, Iуэху бэлыхьым упэрытми,
Ущегупсыс Iэбжьанэ Iуэху,
Сыт уэ зэманым уеныкъуэкъуми?
Пабжамэ хабзэм, ари Iуэхущ.
Евгений, Чаадаев ещхьу,
Къытепсэлъыхьхэм яфIэлIыкIт,
Ауэ щыгъынкIэ зым емыщхьу
Зихуапэу псоми къащхьэщыкIт.
ИкIи сыхьэт зытIущ емышу
Чэзууэ гъуджэхэм иплъэнт.
ИужькIэ унэм, нэхущ вагъуэу,
Лыдыжу къыщIэувыкIынт.
ЗыщитIэгъами цIыхухъу фащэ,
Ар джэгум щIэтмэ, пфIэщIт Тхьэ гуащэ.

## XXVI

Абы нэхъ къищтэр къежьагъащIэ
Уеплъ пэтми зызыщумыгъэнщIт.
И теплъэр сэ къызэрысфIэщIыр
СфIэгъэщIэгъуэну къэстхыхьынт.
Шэч хэлъкъым, ар езырщ зи Iуэхур,
Тепсэлъыхьыныр сэ къыслъос.
ЩIагъщIэлъ, Iэщхьэншэхэм фIэсщынур
Сыдохь гугъу, ди бзэм къимытIэс,
Мыр сыфщогугъ къысхуэвгъэгъуну.

Апхуэдэу, бетэмал, мыхъуам,
Е хамэ псалъэ хэзгъэхьам,
Пычыгъуэр хъунт нэхъ гъэщIэгъуэн.
Е, сыхэплъэжу псалъалъэжьым,
Хэзгъэуватэм зы псалъэжь.

## XXVII

Девгъэгупсыси Iуэхум зэкIэ,
ДыхуэвгъэпIащIэт джэгум дэ —
Пощт шыгур зыIэщIимыгъэкIыу
Онегиным здиунэтIам.
Унэ сатыру кIыфIым хэтхэу
Уэрам жей Iувым хилъэфам,
Каретэм и финар нур дахэу
Лэгъупыкъу тIуащIэ зытридзам.
ГуфIэгъуэ гуэри зыхыуигъащIэу,
Къахигъэхьэжу щIэуэ псэ
КъегъэувэкIащи дэнкIи куэду
ЕщI хьэрэфинэм унэр нэху.
Хъыджэбзхэм, щауэхэм я ныбжь
Блынджабэ псоми щызэблож.

## XXVIII

Швейцарым шэуэ къыблолъэтри,
ДэкIуеипIэшхуэм къыдокIуей.
НатIэцыр IэкIэ ирехуэкIри,
Лыхъужьыр сценэм долъэтей.
Пшыналъэ макъыр кIащхъэ щыхъум,
ЦIыху Iувым ар къыхэхуташ,
Иджы мазуркэ ужьыхыжым
ЩIэрыщIэу псэ къыхыхьэжащ;
КъызэщIокъуалъэ хъуреягъыр,
ШыгъэцIыв макъ къагъэIу шууейм,
Мэджэгу зелъатэу щIалэгъуалэр —
Фыз хьэщIэ къомыр зэплъырейр.
Гурыщхъуэ ящIу, техъуэпскIыхьу,
КъетIысэкIауэ тепсэлъыхьу.

XXIX

Си гукъыдэжхэр щыетам,
Хьэщыкъ джэгу Iуэхухэм сыхуэхъуат.
Письмо хъыджэбзхэм ептыжынум,
Мыр зэIущIапIэ тынш сщыхъуат.
Ауэ щхьэгъусэу зэдэпсэухэр
Сыхуейщи ем фыщысхъумэн,
Гулъытэ зыхуэфщIынщ вжесIэнур,
ИIэну сфIощI абы пэрмэн.
Джэгум хэвгъэхьэ хъыджэбз цIыкIухэм
Фи нэIэр зэи тевмыгъэкI!
Арыншэм... Тхьэшхуэм дыщихъумэ
Стхын хуей мы Iуэхур сэ щIэхъуам!
Ауэ зэвгъащIэ — сэ езым
Куэд щIауэ сшхыжыркъым хьэрэм.

XXX

Зыдезгъэхьэхыурэ купщIэншэм
КуэдыIуэ гъащIэу згъэкIуэдат!
Си щIыхь абы имыкъутэнум,
Иджыри джэгухэм сыхэтынт.
СфIэфI дыдэщ сэ щхьэхуит щIалэгъуэр,
ГуфIэгъуэ Iуэхухэр, цIыху зэхуэс;
Зи фащэм пщащэ егугъуахэр
ИбгъэувыкIрэ Урысейм,
Уахэплъэм, и лъэнкIапIэр дахэу
Бгъуэтынут тIу е щы къудей.
Ех! Сэ зэгуэр слъэгъуат лъакъуитIи,
А тIум... Иджыри сащI пIейтей.
Сагъэнэщхъейуэ си нэгу щIэтщ,
Си пщIыхьхэм щIыIэтыIэу хэтщ.

XXXI

Дапщэщ, дэндеж, дэтхэнэ къумым
Сигу вгъэделам фыщихужын?
Ех, лъакъуэ, лъакъуэ! Фэ удз дахэм
ВгъэщIыщIэу куэдрэ фыхэтын?

Къыфтелъэщlыхьрэ лlы щыкlахэр?
Лъэужь уэсыщlэм къытевна
Алэрыбгъу щабэ фызыхьэхур
Къывэдэхащlэу фрикlуам?
Удзыпцlэм хэкlуэдэжа лъагъуэу,
Куэд щlауэ фэ сlэщlэвгъэхуащ
Щlыхь къызэрахьи пщlэ зэрацlи,
Си хэкури тутнакъэщ сщыфщlащ.
Сфlэкlуэдыжащ фlылъагъуныгъэ
Зыхэсщlэгъари си щlалэгъуэм.

XXXII

Бгъэгухущ Дианэ, дахэ дыдэщ,
Флорэ жьэгъухури ямылейщ.
Нэр ящоджылыр си ныбжьэгъухэм!
Си Терпсихори дэгъуэкlейщ.
Псэм къыдыхьащ а зыр нэхъ лейуэ,
Плъэкlэ телъыджэхэр иlэжщ.
Къигъэпщlу гукъыдэжхэр бжьэуэ,
Хьэщыкъ и теплъэм сищlыпащ.
Сохъуапсэ, си ныбжьэгъу Эльвинэ,
lэнэ зэпытхэм тепхъуэ щlагъым,
Гъатхэ удзыпцlэм, удз гъэгъахэм,
Щlымахуэ жьэгум, жыгун хъархэм,
Паркет лыдыжхэм е хы lуфэм
Сыщыхуэзэну гранит къырхэм.

XXXIII

Хы уафэгъуагъуэр зыщхьэщытым
И толъкъун хужьхэм заlэтат,
Ирагъэхуэну lэплlэ гуапэм
Къахуэжэу лъакъуэхэм слъэгъуат.
Абы сащlыгъуу соlусэну
Сэ хы толъкъунхэм сехъуэпсат,
lупэкlэ лъакъуэм лъэlэсынум
Сегупсысыху пlейтей сыхъуат.
Армидэ[13] дахэхэм я lупэ

[13] Тассо и лlыхъужь поэмэм къыхэщ лlыхъужь.



7 Заказ №352

Е тхьэIухудхэм я жьэгъуху,
Сэ къысхуэзэшыпа бгъэгухуи,
ЩIалэгъуэ дахэм сыщитами,
Зым къызитакъым гукъыдэж
А махуэм зыхэсщIам текIуэж.

## XXXIV

НэгъуэщI зэману гум къинари
Зэгуэр си плъапIэу щытыгъат.
СыгуфIэу сIыгъти и лъэрыгъыр,
ЛъэнкIапIэр субыда сфIэщIат.
СищIт щхьэуназэ а гугъэфIым,
СылъэIэсауи къысщыхъужт.
Лъыр къигъэкъуалъэт лъагъуныгъэм,
ГугъэщIэ гуэри къэзгъуэтыжт.
КуэдыIуэ гъащIэу фтезухати,
ИныIуэу зи щхьэр зылъэгъуам
СфIэмыщI си уси си уэрэди
Хуэфащэу гугъэ къысхуэфщIам.
СощIэр фи плъэкIи, фи щыткIи
ГъэпцIакIуэщ, лъакъуэм ещхьу псори.

## XXXV

Иджы Онегин жей хуэныкъуэу,
Джэгум къикIыжри гъуэлъыжащ:
Ди Бытырбыхуи къызэщIэвэу
Бэрэбэнауэм дэушащ.
Iэнэ зэрахьэ, сату ящIэ,
Шыгузехуэм биржэм гъуэгу ныхуещI,
БжэIупэ уэсыр ягъэщIыщIэ,
Кхъуэщын зыIыгъми къежыхь.
ЩхъуантIафэу, и мэр къыпIурыуэу,
Уэнжакъхэм Iугъуэ пкъо къреху,
Щхьэгъубжэ IупIэхэр къыIуихыу,
Бжэр васисдаскIэ[14] къызэIуех

[14] Мыр сыт? (нэмыц.).

ТхылъымпIэ пыIэри зэкIупс
Нэмыцэ щIакхъуэгъажьэм, мес.

XXXVI

Ауэ, жэщ джэгур техьэлъауэ,
ХьэгъуэлIыгъуэшхуэхэм есам
И махуэр жэщкIэ ихъуэжауэ
Ар щогъуэлъыж и пIэ ухуам...
Хуэхьэзырыххэщи жэщ джэгум,
Пщыхьэщхьэр къэсым, къэушынщ.
И нобэр ещхьми дыгъуасэм,
Зэса и мардэми тетынщ.
Хуитыныгъэшхуэр зыхэзыщIэу
ТекIуэныгъэшхуэхэм есам,
Евгений псэуми насыпыфIэу,
Ефэ-ешхэн дэзыхьэхам
Дауэ пэлъэщрэт сэкъатыншэу,
И узыншагъэкIи дертыншэу?

XXXVII

ФэжьIужь гуфIэгъуэхэр хуэхъуауэ
ГурыщIэ жанхэр ужьыхыжт.
ТхьэIухуд цIыкIухэм тезэшауэ
Егупсысыныр щигъэтыжт;
Хуэмыхьыжыххэ хъуат къепцIыжхэр:
КъыфIэщIт ныбжьэгъухэм хуэмеиж,
*Beef-steaks*-м[15], Страсбург пирогыфIхэм,
ГушыIэ жаным хуэмеиж.
Шампанскэм, фадэ игъэхъуэным
Щхьэр доджэрэз, фIэмыIэфIыж,
БдзапцIэшэр, сэшхуэр, хъуанэ-цIанэр
Абы, ефэкъуэм, хуэмыхьыж.
ИIами щауэм хыхьэхэкI,
Псоми яхуищIыжат гущыкI.

[15] Былымыл лыпцIэ Iув гъэжьа.

## XXXVIII

Куэд щӀауэ игу къыщӀыдэмыжым
Щхьэусыгъуэ хуэхъуар ямыгъуэтт,
А ирагъэщхьри сплин узыфэм
Хандра псэ узу къыщӀэкӀат.
Абы ар хуэмурэ иубыдами,
Тхьэм и шыкуркӀэ щымыуа,
Гунэдж имыӀэжыххэу хъуами,
ЗиукӀыжыну хэмыта.
*Child-Harold*[16] ещхьу нэщхъеифэу
ХьэщӀэщым зэм къыщӀэхутэнт;
Ядэмыпсалъэу, мыгушыӀэу,
ЗыхимыщӀэжуи гуитӀ-щхьитӀт.
КъыщыгуфӀыкӀи къыжраӀи —
Щхьэлажьэт, хуэмеижу зыми.

## XXXIX. XL. XLI

.....................................
.....................................
.....................................

## XLII

Дуней щыкӀам и гъэфӀэн цӀыкӀухэ!
Абы фэ япэу фибгынащ;
Пэж жытӀэм, дэ ди ныбжьым итхэм
ЩыкӀа псэлъэкӀэр дужэгъуащ;
АтӀэми, къохъу Бентам е Сея
Бзылъхугъэ гуэр щытепсэлъыхь,
КъызэрыгуэкӀыурэ уэршэру
Апхуэдэхэм загъэбэлыхь:
Загъэгубзыгъэ, загъэӀущыр,
ЗакъыфӀощӀыжыр, допсэлъей,
Ирагъэлей, зыхаӀэтыкӀыр,
А зикӀэ-зищхьэми щыщтэжхэм;
ЦӀыхухъухэми защызыдзейм
СфӀощӀ Ӏэпкълъэпкъ уз къыуатын къудейу.

[16] Чайльд-Гарольд — Байрон Джордж и поэмэм хэт лӀыхъужь.

### XLIII

Фэри, ныбжьыщӀэ дахэ цӀыкӀухэ,
ГукӀэ пщыхьэщхьэм къыдаша,
Бытырбыхушхуэм и уэрамхэм
КъыщрашэкӀыу зи хабза,
Фи Ӏуэху Евгений зэрихуэжкъым;
Онегин унэм щӀозэшыхь,
Зэманыр дахэу игъэкӀуэну
Иджы къалэмым зрепщыт,
Ауэ Ӏэдакъэм хъун къыщӀэкӀкъым,
Зыри и тхыгъэхэм къимыкӀ.
ГущыкӀ хуещӀыжри а Ӏуэхум,
Лэжьыгъэ дахэми ныпокӀ.
Сэ тхэм сащыщми, итӀани,
СфӀэфӀкъым я гугъу абыхэм сщӀын.

### XLIV



Ар Ӏуэхуншагъэм есэжауэ,
Гупсысэ куум хэмызэгъэж.
Хамэ щӀэныгъэр зэрипхъуэну,
Щытхъухь лэжьыгъэм зретыж.
ЗыкъигъэтӀылъыхьауэ тхылъкӀэ
Ерыщщ, щӀеджыкӀыр зыкъомыфӀ.
Зыр пцӀыщ е псысэщ, адрейхэр
Е фӀэщхъуныгъэ зэблэшащ,
Е тхыгъэр щӀэми, жьымэ щоур,
Е пасэрейщи дадзэжащ.
ИкӀэм-икӀэжым еужэгъури,
ЗригъэзэкӀым Ӏумыплъэну
ЩӀасэ цӀыхубзу хыфӀедзэж,
Дарийр тхылъ хьэдэми трепхъуэж.

### XLV

Ӏуэхушхуэ куэд ӀэщӀыб зыщӀауэ
Мурад бэлыхьхэм зезытар
ГъащӀэм гугъуехь щызыгъэвауэ
Щытт щысхуэхъуам ныбжьэгъу сэ ар.

Гурыхьт и теплъэр, хэлът гупсысэ,
ИІэт щытыкІэ хьэлэмэт:
Ар акъылыфІэт, Іэдэбыщэт,
Сэ бампІэ сиІэт, ар нэщхъейт.
Дунейм и фІыгъуэхэм щыгъуазэ
Хъуа дигухэр хуэму упщІыІужт,
ГъащІэ къэкІуэнум и гужьгъэжьыр
ЗыхэтщІэти, дегупсысыжт,
Дыпэплъэу и пщэдджыжь щІэдзапІэм
ЦІыхубэм е ухыгъэ къакІуэм.

## XLVI

Гупсысэу цІыху есам лъэкІынкъым
ГущыкІ нэгъуэщІым хуимыщІын,
ЗэхэщІыкІ зиІэм хулъэкІынкъым
Зэман блэкІам хуемыплъэкІын.
Блэ фІыцІэм ещхь и гукъэкІыжхэу
Зыхэмытыжыр гъэщІэгъуэн
Уи напэр сыми, ущІегъуэжу
ПхузэфІэкІынущ зэбгъэпщэн.
Апхуэдэ Іуэхухэр сфІэтелъыджэщ.
Онегин сэ къыщысцІыхуам,
СигъэукІытэрт и псэлъэкІэм,
И гушыІэкІэ дыдж сщыхъуам,
И уэршэрыкІэ-ныкъуэкъуэкІэм,
Хъуэрыбзэ щІэх сызэсэжам.

## XLVII

Къохъур куэд дыдэрэ гъэмахуэу
Узэпхыплъыну дахэкІейуэ,
Псы гъуджэр псыпсу, телыдыкІыу,
Нева жэщ уафэм худэплъейуэ.
Абы къимыщми Дианэ,
БлэкІа романхэр гум къэкІыжт;
Жэщ даущыншэр къытщхьэщытмэ,
ФІылъагъуныгъэр къигъэщІыжт.
Псэри пІейтейрэ мызэгъэжу

Дэ нэхъуеиншэу зыдущэхут.
Лъахъэм е хьэпсым дыIэщIэкIыу
ДыщIэхута нэхъей мэз хуит,
А гупсысэфI, фIылъагъуныгъэм
Дыхишэжыфу ди щIалэгъуэм.

XLVIII

Мывэ къалэжьым тегъэщIауэ
Псэр гупсысэшхуэм хыхьэжат.
Езыри и щхьэм хуэусэжу
И гукъэкIыжхэр къищIэжат.
И хъуреягъыр зэкIэ щымми,
ЩымыпIэтIауэм плъыр нэмыщI,
Шыгу псынщIэ жэм я Iэуэлъауэ
Мильонэ[17] и лъэныкъуэм щыIут.
ПсынщIагъуэу хьэнцэр щызэблахыу
Псым кхъуафэжьейхэр теплъагъукIт;
УщIэдэIукIым, удихьэхыу
Торкватэ и ежьухэр къэIут.
Бжьамийр, уэрэдым и макъ дахэр
Нэхъ лейуэ IэфI тщызыщIт жэщ нэхур

XLIX

Сэ, Адриатикэ толъкъунхэ,
Уэ, Брентэ! Дэнэ фыкъисхын?
КъысхуигъэщIыжу гукъэкIыжхэр
Сыхуейт фи макъыр зэхэсхын!
Ар я Тхьэщ Аполлон и щIэблэм.
Сызыщыгъуазэщ, къыздалъхуащ.
Усыгъэ пагэу Альбионым
Гур хуитыныгъэм хуигъэпсащ.
Италием и дыщэ жэщхэм
Венецием пщащэу щытцIыхуам,
Зэм псэлъэрей, зэм укIытэххэм
Си кхъуафэжьейр тIысыпIэ фщIам,

[17] Бытырбыху и куей.

Петраркэ фщызгъэгъупщэжауэ
Къызыкъуэсхынт псэлъэкӀэ, ауэ...

## L

Чэзу, чэзу, зэ укъэсыну?
Си пӀалъэм сожьэ, игъуэ хъуащ;
СыкърикӀукӀыу хым сыӀуту
Къэслъыхъуэу жьыбгъэ сызэшащ.
Хы укъубейм сеныкъуэкъунут.
Толъкъун щхьэхуитхэм садэжэнт.
Дапщэщ хы Ӏуфэр къэзбгынэну?
Хышхуэ уфафэр сигу къэкӀащ.
Африкэ уафэм сыщӀэт защӀэу
Си гъащӀэр дахэу щесхьэкӀынт.
ТолъкъункӀэ щытми зызмыгъэнщӀу,
Урысей пшагъуэр сигу къэкӀынт:
Си лъахэу гугъэхэр щысщӀар,
Сигу дыдэри щыщӀэслъхьэжар.

## LI

Хуэхьэзырыххэми Онегин
Гъуэгуанэ сщӀыгъуу зэпичын,
Дэ тӀум ди натӀэм итт ухыгъэ
ЗэманкӀэ дыщӀызэпыкӀын.
Иджы абы щӀилъхьэжри и адэр,
Онегин къыпэщӀэуват
ЖаӀэн я куэду щӀыхуэхьыжхэр,
Дэуэнуи зыкъызэкъуахат.
Евгений зыщидзейти дауэм,
И хэщӀыныгъэм емыплъыж,
Хуэарэзыуэ ныкъуэкъуэгъухэм
ЩӀэин къэнар яхуегуэшыж.
КъищӀа нэхъей и адэ къуэшыр
Иджы ахърэтым зэрыкӀуэжыр.

LII

Онегин зэкIэ пэмыплъауэ
Управэм къыхуахьат хъыбар,
Ар зи псэ еджэ адэ къуэшыр
КъыIуплъэжыну зэрытарт.
Езыри хуейт илъагъужынуи,
А хъыбар гуауэр къыщысам,
Пощтзехьэ шыгум зыдыщIигъури,
Щхьэрыхьу и лъэр нихусат.
Зэшыгъуэу щытми зыпэплъэр,
Мылъку къылъысынум пщIэшхуэ хуищIт.
(ЗэрыщIэздзащи мы романыр);
Ар хьэлъэ гуэри щIишэчынт,
АрщхьэкIэ пщIэншэу ар пIэщIат —
И адэ къуэшым псэр итат.

LIII



Жэназы Iуэхухэр зимыжагъуэ
УнэIут куэд я пщIантIэм дэтт,
И ныбжьэгъуфIи, и жагъуэгъуи,
Iыхьлыи благъи къызэхуэст.
А махуэ дыдэм лIар щIалъхьэжыр,
ХьэщIэхэр, попхэр зэдофэж,
Хьэдэ хуэIухуэщIэхэр зэфIокIыр,
И жэназыр зэбгрокIыж.
Иджы Онегин къуажэдэсым
ЩIы, псы, заводхэри бгъэдэлъщ.
Зы зэгъэзахуэ зыхэмылъым
Мылъку бэгъуэжахэри IэщIэлъщ.
ГущыкI зыхуищIыпа псэукIэр
Зэрихъуэжами щогуфIыкIыр.

LIV

МахуитI хуэдизкIэ и щIэщыгъуэу
Губгъуэ хуитышхуэр къиплъыхьащ,
Ещанэм псыхъуи, Iуащхьи, тафи,

Жыгей мэзыжьри иужэгъуащ.
Арыкъ псынэпсхэм я даущым
Тримыгъэууэ къыщIэкIащ.
ИужькIэ жейм щиубыдыжым,
Белджылы дыдэу зыхищIащ:
Усэ, куэзыр е зэхыхьэшхуэ,
Уэрамхэм, е уардэ унэшхуэ
УсакIуэ гуэрхэми хуэхей
Зэрызэшыгъуэр мы дунейр,
Абы хандра псэ уз къыпэплъэм
КъыкIэлъижыхьырт ещхьу ныбжьым.

LV

Сэ мамыр гъащIэм сыхуалъхуауэ
Мы къуажэ щэхур схухахат:
Макъамэ псори зыхэсщIауэ
Гупсысэ инхэм сыхэхуат.
КъыщызокIухь иджы гуэл Iуфэм,
Схуэхъуауэ хабзэ *far niente*[18]
Щхьэтепхъуэнынышэ хуитыныгъэм
СыкъыщIэтаджэу нэхур щым.
Сожей, тхылъ соджэ мащIэ дыдэу,
ЩIыхь лъагэ гуэри сыхуэмей,
Зы цIэрыIуагъи къэзмылъыхъуэу,
Сопсэу, арщ гъащIэу сызыхуейр.
Си Iуэхуншагъэм гу лъамытэу
ЙокIуэкI си махуэр насыпыфIэу.

LVI

ФIылъагъуныгъэ, удз гъэгъа,
Губгъуэшхуэ, къуажэ, нэгузыужь!
Фэ, си гурыщIэр зыхьэхуа,
ХуэфщIи гулъытэ си Iэужьым,
Напэ техынкIэ IэкIуэлъакIуэ,
Си щIэджыкIакIуэ ауаныщI,
ГущIэгъу хуэхей къыдэгъэкIакIуэ,

[18] Iуэхуншагъэ, нэгузыужь (итал.).

Сэру Онегиныр фымыбж.
ЩытыкIэу иIэр къызэвгъапщэу
ЖывмыIэ къытевгъазэу фэ,
Гупсысэ щхьэхуэ симыIэххэу,
УсакIуэ Байрон ещхьу сэ
Поэмэ гуэри схуэмытхыжу,
Мыр си хъыбару къестхэкIыжу.

LVII

Гупсысэ IэфIхэр зи Iэпэгъухэм,
Хэт и усакIуи, лъыфтэм гу,
Къахуохуэ куэдрэ зыщIэхъуэпсхэм
Усыгъэм щыхалъхьэжу псэ.
КъищIауэ музэр щIэгъэкъуэн
Ди пщIыхьым, ди псэм къыхэнам
Апхуэдэщ пщIэншэу бгырыс пщащэ
Си плъапIэу сызыхуэусар.
Е Салгир Iуфэм и гъэр цIыкIухэр
Ныбжьэгъухэм къывбгъэдэкIыу сэ
Хэт зэфыгъуэжу пщащэ цIыкIухэм
Мы упщIэр къызэзыт сфIэщIар:
Хэт усэ зыхуэбгъэфэщар?
Ухуэусэнуи къахэпхар?

LVIII

ИгъэIэнкуну, игъэгугъэу
Усэ, уэрэд хэт зыхуэптхар?
Е тхьэпэлъытэу уэ бгъэгушхуэу
Уигъэгулэзу зыхэпщIар?
Мыр си тхьэрыIуэщ, си ныбжьэгъухэ!
Сэ лъагъуныгъэ уз згъэващ.
ФIылъагъуныгъэм игъэусэу
ПсэкIэ игъэвыр зытхыжар,
Ар и лъагапIэщи усыгъэм,
Петраркэ кIэлъыщIыхьэжащ,
Гум щыщIэр Iэрыубыд зыщIам
И щIыхьри лъагэу иIэтащ;

Сэри сиIащ фIылъагъуныгъэ,
СимыIэжар зэрыстхын лIыгъэщ.

LIX

БлэкIащ зэманыр, музэр къэсри,
Акъылым зиубзыхужащ.
Сэ сыщхьэхуитщ, сэ къэслъыхъуари
Къыздэгугъэн, къыздэусэнщ;
Си гур мамыру сотхэ, сотхэ,
Къалэмыр къэхъукъым щысIэщIэкI,
Нэзмытхыса сатырхэм хыхьэу
Е щхьэ е цIыхубз лъакъуэ щитх;
Къэлыдыжынкъым яжьэ щIыIэр,
Сыгъ пэтми, нэпс къыщIэмыкIын,
Борэным псынщIэу и лъэужьыр
Псэм дауцыншэу щыбзэхынщ.
ИужькIэ тIощIрэ тхурэ щIэздзэу
Фхуэстхынущ сэ уэрэд, поэмэу.



LX

СыщIэгупсыст сэ а мурадым,
ЛIыхъужьми фIэсщыну цIэм;
Ауэ мызэкIэ мы романым
И япэ Iыхьэм кIэ щестам,
Сыпхрыплъыжри гупсэхуу,
Куэд зэхуэмыкIуэу къэсхутащ.
Цензурэм щIыхуэр хуэспшыныжу
Апхуэдэу ахэр къэзгъэнащ.
Хьэлэл фхуэсщIа IэдакъэщIэкIыу
Мыр журналистхэм фэстыжащ —
Си гуащIэм тыгъэ къилъхугъащ,
КIуэ Нева Iуфэ, хуит усщIащ,
Е цIэрыIуагъэм сынэгъэс,
Е схуэгъэхъущIэ махуэ къэс!

*ЗэзыдзэкIар* **ЩЭУЕЙ Мидэщ**

ТОЛСТОЙ Лев

# ТХЬЭМ ПЭЖЫР ЕЛЪАГЪУ, АУЭ ЩIЭХ ЖИIЭРКЪЫМ

*(Къэхъуа Iуэхущ)*

Владимир къалэм щыпсэурт сатуущI щIалэ Аксёновыр. Абы зы унэрэ тыкуэнитIрэ иIэт. Аксёновыр сырыхут, щхьэц баринэт, дахэт, гушыIэрейт, уэрэд жиIэни фIэфIт. И щIалэгъуэм ар хуабжьу ефэу щытащ, ефа нэужьи къайгъэ къиIэтырт, ауэ фыз къызэришэрэ ефэн щигъэтыжати, зэзэмызэххэт апхуэдэр къыщыхъур.

Зэгуэр, гъэмахуэу, Аксёновыр ежьащ Нижнэм щыIэ жармыкIэм кIуэну. Унагъуэм сэлам ярихыжыну щыхуежьэм, и щхьэгъусэм къыжриIащ:

– Иван Дмитриевич, уэ птеухуауэ пщIыхьэпIэ Iей слъэгъуащи, мы зэм уемыжьэ.

Аксёновыр къэдыхьэшхри жиIащ:

– СыщIихьэнкIэ ушынэу ара, жармыкIэм сыдихьэхыу?

Фызым жеIэ:

– Сэ езым сщIэркъым сыщIэшынэр, ауэ пщIыхьэпIэфIкъым а слъэгъуар – къалэм укъикIыжауэ укъэкIуэж хуэдэт, уи пыIэр щхьэрыпхауэ. Сыноплъмэ, уи щхьэр уэсым хуэдэу тхъуат.

Аксёновыр къэдыхьэшхащ:

– Ар фейдэ сиIэнущи аращ. Къаплъи къэдаIуэ, сатуушхуэ къызэхъулIэнщи, хьэпшып лъапIэхэри къыфхуэсшэнщ.

Унагъуэм сэлам ярихыжри, ар ежьащ.

Гъуэгум и зэхуэдитIыр икIуауэ, и цIыхугъэ сатуущI гуэр хуэзэри, нэху щагъэщын фэтэр гуэр къагъуэтащ. Шей зэдефэхэри, пэш зэбгъэдэтитIым зырызу щыгъуэлъащ. Аксёновым куэдрэ жеин фIэфIтэкъым; ар жэщыбгым къэушащ, икIи, дыгъэр къыдэмыкIуэтей щIыкIэ ежьэмэ нэхъ къищтэу, шыгухур къигъэушри, шыхэр зэщIищIэну жриIащ. Абы и ужькIэ, нэху къыщекIа унагъуэм фэтэрыпщIэр яритри, ежьэжащ.

Гъуэгуанэф I зэпичауэ, ар аргуэру къэувыIащ, тIэкIу зэIурыун мурад иIэу. УвыIэпIэ хуэхъуам и гуэщ жьауэм щIэгъуалъхьэри, мащIэу зигъэпсэхуащ, шэджагъуэ нэсати, пырхъуэ цIыкIум къытехьэри, сэмэвар трагъэувэну унафэ ищIащ; гитарэ къищтэри, еуэу щIидзащ. Абы хэту, уэзджынэ макъ щIэту, шищ зыщIэщIа тешанкIэ пщIантIэм къыдэлъэдащ. Гум къикIащ зы къулыкъущIэ, сэлэтитI щIыгъуу. Ар Аксёновым къыбгъэдыхьэри, къыпкърыупщIыхьу щIидзащ: «Ухэт? Дэнэ укъикIрэ?» – жери.

Аксёновми псори зэрыщыт дыдэм хуэдэу жэуап иритыжащ, шей къыдефэнуи елъэIуащ. Ауэ къулыкъущIэр къыщыхьауэ къыпкъроупщIыхь: «Жэщ кIуам дэнэ нэху укъыщекIар? Уи закъуэт, хьэмэрэ гъусэ уиIа? СатуущI уи гъусар пщэдджыжьым плъэгъуа? Сыт апхуэдэу жьыуэ ущIежьэжар?» Аксёновым псори зэрыщытам хуэдэу къиIуэтэжащ, икIи апхуэдизу щIыхигъэзыхьыр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ жеIэ: «Сыт а псомкIэ укъыщIыспкърыупщIыхьыр? Сэ

сыдыгъуэгъуакIуэкъым, сыхъунщIакIуэ гуэркъым. Си Iуэху зесхуэжу си гъуэгу сытетщ, абыхэмкIэ сэ укъыщIызэупщIын щыIэкъым».

Апхуэдэу щыхъум, къулыкъущIэр и сэлэтхэм еджэри жиIащ: «Сэ сыхеящIэщ, сынызщIоупщIри мыращ: уэ узигъуса сатуущIыр жэщ кIуам фIагъэжауэ нэху къекIащ. Уи хьэпшыпхэр дыгъэлъагъу, фэ мыр къэфщ».

Унэм щIыхьэхэри, къэпымрэ шумэданымрэ къащтащи зэIапщIыкI. Абдеж занщIэу хеящIэм къэпым сэ кърихащ, икIи ину щIэупщIащ:

– Мыр хэт зи сэр?

Аксёновыр плъэри къилъэгъуащ и къэпым лъы защIэу сэ къызэрырахар, икIи къэгузэващ.

– Сэр щхьэ лъы защIэ?

Аксёновыр хуейт абы жэуап иритыжыну, ауэ зы псалъи хужыIэртэкъым.

– Сэ... сэ сщIэркъым... сэ... сэр... сысейкъым...

ИтIанэ хеящIэм жиIащ:

– Пщэдджыжьым сатуущIыр и пIэм хэлъу къагъуэтыжащ, фIагъэжауэ. Уэр фIэкIаи ар зыщIэн щыIакъым. Пэш зыщIэлъар и кIуэцIымкIэ къыщыгъэбыдауэ щытащ, уэр фIэкIаи унэм зыри щIэсакъым. Мис, уи къэпым къитхащ сэ лъы защIэри, уи нэгуми къегъэлъагъуэ ар зылэжьар узэрыарар. ЖыIэ, дауэ ар зэрыбукIар, икIи сыт хуэдиз ахъшэ къэбдыгъуар?

Аксёновым тхьэ еIуэ ар абы имылэжьауэ, шей зэдефа и ужькIэ сатуущIыр имылъэгъуауэ, сом миний иIыгъри езым и ахъшэу, сэ къагъуэтари имейуэ. Гузэвэгъуэ къызылъыса Аксёновым и макъым зыри къикIыжтэкъым, и фэр шэхум хуэдэу пыкIат, икIи, къуаншагъэ гуэр бгъэдэлъ фIэкIа умыщIэну, зэщIэкIэзызэрт.

ХеящIэм сэлэтхэр кърипджэри унафэ яхуищIащ Аксёновыр зэкIуэцIапхэу гум ирашэлIэну. И лъакъуэхэр пхауэ гум щрагъэукIурием, Аксёновым жор зытрищIэжри, къэгъащ. Аксёновым и хьэпшыпи, и ахъши къытрахщ, къалэ гъунэгъум яшэри, тутнакъэщым ирадзащ.

Аксёновыр зыхуэдэр къащIэну, ар щыпсэуа Владимир къалэм цIыху ягъэкIуащ. Абы щыпсэу сатуущIхэми къалэдэсхэми къагъэлъэгъуащ Аксёновыр зэрыщIалэрэ ефэнрэ джэгунрэ и мыжагъуэу, ауэ цIыхуфIу зэрыщытар. Абы и ужькIэ кIэщIу и судыр ящIащ, икIи Рязань щыщ сатуущIыр иукIауэ, сом мин тIощIи къидыгъуауэ ягъэкъуэншащ.

Аксёновым и фызыр, гуIэгъуэ къылъысауэ, иригузавэрт и лIым и щхьэм кърикIуам, икIи къыхуэщIэртэкъым а Iуэхум зэрегупсысыну щIыкIэр. И сабийхэр иджыри цIыкIут, уеблэмэ зыр быдзафэт. Псори зэщIикъуэри, ар кIуащ и лIыр щаIыгъ тутнакъэщыр здэщыIэ къалэм. ЯпэщIыкIэ абы къыхуадакъым и лIым хуагъэзэну, ауэ иужькIэ унафэщIхэр къигъэдаIуэри, хуит ящIащ хуэзэну. И щхьэгъусэр, и лъакъуэм лъэхъу илъу, хъунщIакIуэхэм я гъусэу Iуэ къэхухьам иту щилъагъум, занщIэу къызэфIэмэхащ фызыр, икIи, зыкъимыщIэжу, зыкъомрэ щылъащ. ИужькIэ, сабийхэр и хъуреягъкIэ къепщIэкIауэ, и лIым бгъэдэтIысхьэри, унагъуэ Iуэхухэм хутепсэлъыхьу щIидзащ, и щхьэгъусэр щIагъэкъуаншэ Iуэхур къызэрыхъуами щIэупщIащ.

Аксёновым псори къызэрекIуэкIар и фызым хуиIуэтэжащ.

– Дауэ дыхъужыну иджы? – щIэупщIащ фызыр.

– Пащтыхьым елъэIун хуейщ. Лажьэ зимыIэр апхуэдэу дауэ хэбгъэкIуэдэн?!

Фызым жиIащ пащтыхьым лъэIу тхылъ зэрыхуитхар, ауэ ар абы деж зэрынэмысар. Аксёновым зыри жиIакъым, хэплъэу, и щхьэр ирихьэха мыхъумэ.

Апхуэдэу щыхъум, фызыр къэпсэлъащ:

– ПщIэжрэ уи щхьэр зэрыщыту тхъуауэ пщIыхьэпIэу зэрыслъэгъуауэ щытар. Ар ауэ сытми слъэгъуатэкъым. Мис иджы еплъыт, гузэвэгъуэм уигъэтхъуащ. Укъемыжьащэрэт абы щыгъуэ.

ЛIым и щхьэцыр хуэму зэIипщIыкIыурэ абы жиIащ:

– Ваня, си псэм хуэдэ, уи фызым пэжыр жеIэ. Уэра ар зыщIар?

Аксёновыр къэпсэлъащ: «Уэри сэра уи гугъэщ!» И нэкIум и Iэр Iуилъхьэри, ар къэгъащ. Зытэлай дэкIри, сэлэтыр къабгъэдыхьэри къажриIащ сабийхэмрэ фызымрэ щIэкIыжын зэрыхуейр. Аксёновым унагъуэм иужь дыдэу сэлам ярихыжащ.

И фызыр щIэкIыжа нэужь, зэжраIахэр Аксёновым гукIэ зэригъэзэхуэжащ. И фызми сатуущIыр зыукIар арауэ шэч ищIу къызэреупщIар игу къыщыкIыжым, и щхьэ хужиIэжащ мыпхуэдэу: «Тхьэм фIэкIа пэжыр зыми ищIэу къыщIэкIынукъым, а зыращ зэлъэIупхъэр, абы фIэкIа гущIэгъукIэ сызыщыгугъын щыIэкъым». Абдеж къыщыщIидзэри, Аксёновым лъэIукIэ зыми зыхуигъэзэжакъым, зыщыгугъыни имыIэжу, тхьэм елъэIуным и гур триухуащ.



Аксёновым судым къытрилъхьащ, чищэ и щIыбым дахыу, каторгэ ягъэкIуэн хуейуэ. Апхуэдэуи ящIащ. ЧнутIкIэ яубэрэжьащ, иужькIэ, и уIэгъэхэр зэрыкIыжу, адрей ягъэтIысахэм я гъусэу ар каторгэ яхуащ Сыбыр.

Сыбыр каторгэм Аксёновыр илъэс тIощIрэ хыкIэ щыIащ. И щхьэцыр уэсым хуэдэу хужьу тхъуащ, и жьакIэри, хужь хъужауэ, кIыхьу, псыгъуэу кIащ. Нэжэгужагъэ лъэпкъи имыIэж хъуащ. Иджы абы и тхыр гъэшат, езыр хуэму зекIуэрт, мащIэу псалъэрт, зэи дыхьэшхыртэкъым, щIэх-щIэхыурэ тхьэ елъэIурт.

Аксёновым тутнакъэщым шырыкъуэщIэу зыщигъэсащ, икIи абыкIэ къилэжь ахъшэмкIэ православнэ тхылъ Четьи-Минеи жыхуиIэр къищэхуащи, нэху тIэкIу зэригъуэту, абы йоджэ; махуэшхуэхэм и деж тутнакъэщым я члисэм макIуэри, Апостолым йоджэ, члисэм и хорми и макъ щегъэIу, – абы и макъыр иджыри зэрыдахэт. Тутнакъэщым и унафэщIхэм Аксёновыр фIыуэ къалъагъуэрт, цIыху сабыру зэрыщытым къыхэкIкIэ. Тутнакъэщым къыдис и ныбжьэгъухэр, пщIэ къыхуащIу, абы «дадэкIэ», «тхьэм и цIыхукIэ» къеджэрт. Лъэхъуэщым исхэр лъэIуэнумэ, ар Аксёновым и пщэ далъхьэрти, унафэщIхэм я деж ягъакIуэрт; езыхэр зыгуэркIэ зэфIэнамэ, Аксёновым и деж кIуэрт, мысэр зэхагъэкIыну.

И унагъуэм щыщ зыри Аксёновым къыхуэтхэртэкъым, абы ищIэртэкъым и щхьэгъусэм, и сабийхэм я Iуэху зыIут.

Зэгуэрым лъэхъуэщым гупыщIэ къашащ. Пщыхьэщхьэм псори зэхуэсащи, куэд щIауэ исхэр къэкIуагъащIэхэм япкъроупщIыхь, хэт дэнэ къалэ, дэнэ къуажэ щыщми, хэт сыт щхьэкIэ ягъэтIысами зэхагъэкIыу.

Аксёноври, абыхэм нэхъ япэгъунэгъуу гъуэлъыпIэ кIапэм пытIысхьащи, зызэкIуэцIигъэпщхьауэ, жаIэм йодаIуэри щысщ. ЩIэуэ къахуахэм яхэтт зы лIыжь лъагэ, узыншэшхуэу фэ тету, илъэс хыщI и ныбжьыну, езыр къетхъухарэ, и жьакIэри мащIэу тегъэщхъауэ. Абы къиIуэтэжырт щIагъэтIыса Iуэхур:

– АтIэ, си къуэшхэ, сэ лажьэ симыIэу сыкъихуащ мыбы. Шыгухум и шыр Iэжьэм къыщIэстIыкIати, саубыдащ, ар къэбдыгъуащ, жари. Сэ яжызоIэ: «Сэ нэхъ щIэхыу сынэсыну сыхуеяуэ аращ, – сэ шыр сутIыпщыжащ. Шыгухури си цIыхугъэщ. Псори тэмэмкъэ?», – яжызоIэ. «Хьэуэ, къэбдыгъуащ» – жаIэ. Ауэ ящIэркъым сыт ядыгъуами, дэнэ щадыгъуами. ЩыIащ Iуэху гуэрхэри... Куэд щIат сэ мыбы сыкъихуэн зэрыхуейрэ, ауэ сакъыхущIэгъэщакъым. Ауэ иджы хабзэншагъэщ мыбы сыкъызэрихуар. ПцIыщ жыпIэр, жаIэ – ущыIащ уэ Сыбыр, ауэ куэдрэ ущыхьэщIакъым...

– Уэ езыр дэнэ ущыщ? – щIоупщIэ лъэхъуэщым исхэм ящыщ зы.

– Дэ Владимир къалэм дыщыщщ, сату Iуэху гуэрхэр зыдохуэ. Къызэрызэджэр Макарщ, си адэм и цIэр Семёнщ.

Аксёновым и щхьэр къиIэтри щIэупщIащ:

– Уэ, Семёныч, зэхыумыхауэ пIэрэ Владимир къалэ сатуущIхэм ящыщ Аксёновхэ я хъыбар? Псэууэ пIэрэ ахэр?

– Дауэ зэхэзмыхынрэ! СатуущI къулейхэщ, ауэ я адэр Сыбыр щыIэщ. Дэ тхуэдэу ари тхьэмыщкIэ гуэру къыщIэкIынщ. Уэ езыр, дадэ, сыт хуэдэ Iуэху ущIагъэтIысар?

Аксёновым фIэфIтэкъым къылъыса тхьэмыщкIагъэм тепсэлъыхьыну; ар хэщэтыкIри жиIащ:

– Си гуэныхьхэм папщIэ илъэс тIощIрэ еханэр йокIуэкIри сисщ мы лъэхъуэщым, каторгэ лэжьыгъэм сыпэрытщ.

Семёнов Макар жеIэ:

– Уи сыт хуэдэ гуэныхьхэм папщIэ?

Аксёновым жеIэ: «Апхуэдэу щыхъуакIэ, къэзлэжьа хъунщ», икIи нэгъуэщI щIигъуну хуеякъым, ауэ адрей и гъусэхэм лъэхъуэщым къихуагъащIэм жраIащ Аксёновыр Сыбыр къызэрыщыхута щIыкIэр.

Абыхэм къаIуэтэжащ сатуущI гуэр гъуэгу тету здэкIуэм зэраукIар, икIи, сэр Аксёновым къыкIэщIадзэу, лажьэ имыIэу зэрагъэтIысар.

А хъыбарыр Семёнов Макар зэрызэхихыу, Аксёновым еплъри, и IитIымкIэ и лъэгуажьэм еуэурэ жиIащ:

– Хьым, телъыджэщ! Мис ар телъыджэщ! Жьы ухъуащ, дадэ!

Абы пкърыупщIыхьу щIадзащ, а зэхихар апхуэдизу гъэщIэгъуэн зэрыщыхъуамрэ Аксёновыр щицIыхумрэ кърагъэIуэтэну, арщхьэкIэ Семёнов Макар жэуап къаритыжакъым, атIэ жиIа къудейщ:

– Телъыджэщ, щIалэхэ, дызэрылъагъун хуей щыхъуар!

Мис абдеж Аксёновым игу къокI мы лIым ищIэнкIэ хъунущ а сатуущIыр зыукIар, жери.

– Е мы Iуэхур уэ нэхъапэIуэкIэ зэхэпхауэ щытащ, Семёныч, е сэ нэхъапэм сыкъэплъэгъуащ, – жеIэ Аксёновым.

– Дауэ зэхэзмыхынрэ! Дунейр хъыбару зэхэлъщ. Куэд щIащ ар къызэрыхъурэ: зэхэсхами, сщыгъупщэжащ, – жиIащ Семёнов Макар.

– Зэхыумыхауэ пIэрэ сатуущIыр хэт иукIами? – щIэупщIащ Аксёновыр.

Семёнов Макар къэдыхьэшхри жиIащ:

– Дауи, ар зыукIар зи къэпым сэр кърахаращ. Зыгуэрым сэр къыпкIэщIидзами, сыт пщIэн, ямыубыда дыгъур дыгъуу къалъытэркъым. ИтIанэ, дауэт уи къэпым сэ нызэрыралъхьэнур? Ар уи пIэщхьагъ дыдэм деж щылътэкъэ? Ар уэ къэпщIэнут...

А псалъэхэр зэрызэхихыу, Аксёновыр мыпхуэдэу егупсысащ: «Мыращ сатуущIыр зыукIар». Ар къэтэджри жыжьэу IукIащ. А жэщым жеифакъым Аксёновыр. Гупсысэр къытеуэри, и нэгу къыщIэуващ и щхьэгъусэр, ар иужьу жармыкIэм къыщригъажьэм зэрыщытам хуэдэу. Псэууэ и пащхьэм къит хуэдэу, илъагъурт и нэхэр, и нэкIур, зэхихырт гуфIэжу къызэрепсалъэр, зэрыдыхьэшхыр. ИтIанэ и нэгу къыщIэуващ и сабийхэр, абы щыгъуэ зэрыщытахэм хуэдэу цIыкIуу – зым джэдыгу щыгът, адрейр быдзафэт. Езыми игу зыкъэкIыжащ, а зэманым зэрыщыта дыдэм хуэдэу – нэжэгужэу, щIалэу. И нэгу къыщIигъэхьэжырт увыIэпIэ ищIа щIыпIэм, иужькIэ щаубыдам, деж бжэщхьэIум гитарэ еуэу зэрытесар, абы щыгъуэ дунейр фIэIэфIу зэрыщытар. Игу къэкIыжащ нэхъ шынагъуэхэри: чищэ и щIыб зэрыдахар, чнутIыр зыIыгъар, ихъуреягъкIэ цIыхухэр зэрыщытар, лъэхъу кърралъхьар, тутнакъэщым къыдисахэр, илъэс тIощIрэ хым къриубыдэу лъэхъуэщым щихьа гъащIэр, и жьыгъуэр. ЗиукIыжыным нэсауэ, гуауэр къытегуплIат Аксёновым.

«А псори зи ягъэр а бзаджащIэрщ!» – егупсысырт Аксёновыр. Ар апхуэдизкIэ хуэгубжьт Семёнов Макари, езыр хэкIуадэми, илъ ищIэжмэ идэнут. Нэху щыху тхьэ елъэIуу хэлъащ ар, ауэ и псэм тыншыгъуэ игъуэттэкъым. Махуэ псом ар Семёнов Макар бгъэдыхьакъым икIи нэкIэ еплъакъым. Апхуэдэурэ тхьэмахуитI кIуащ. Жэщыр апхуэдизкIэ хьэлъэт абы дежкIи, нэху хуэмыгъэщу бэлыхь хэтт. Зы жэщ гуэрым къикIухьу лъэхъуэщым здыщIэтым гу лъетэ гъуэлъыпIэ лъабжьэ гуэрым ятIэ къызэрыщIэщэщым. КъызэтеувыIащи, йоплъ ар зищIысым. Асыхьэту гъуэлъыпIэ лъабжьэм къыщIэпщащ Семёнов Макар, икIи шынарэ зэщIэкIэзызэу Аксёновым къеплъащ. Аксёновыр блэкIынут, ар зримыгъэлъагъун папщIэ, арщхьэкIэ абы и Iэблэр Макар иубыдащ, икIи къыжриIащ блын лъабжьэр зэрыщIитIыкIар, пщэдджыжь къэси, лэжьапIэ щахукIэ, щIыр тIэкIу-тIэкIуурэ гъуэншэдж лъапэкIэ щIихыурэ зэрырикIутыр. Абы къыжриIащ:

– Уэ зыри жумыIэж, лIыжь, сэ уэри уздисшыжынщ. Ауэ зыгуэр жыпIэмэ, сэ сызэпрахулэкIынщ, уэри абы фIы хэпхынкъым – узукIынщ.

Аксёновыр а бзаджэнаджэм щыIуплъэм, къэгубжьауэ зэщIэкIэзызащ, и Iэблэр къыIэщIиудыжри жиIащ:

– Сэ мыбы сыщIикIыжын щыIэкъым, уэри сыщIэбукIын щыIэкъым, куэд щIащ сэ уэ сызэрыбукIрэ. Ауэ усIуэтэжынрэ узмыIуэтэжынрэ ар тхьэм сигу къызэрырилъхьэщ.

ЕтIуанэ махуэм лъэхъуэщым исхэр лэжьапIэ щахум сэлэтхэм гу лъатащ Семёнов Макар щIы зэрырикIутым. Лъэхъуэщыр щIащыкIри, ипщыпIэ къагъуэтащ. УнафэщIыр къакIуэри, тутнакъэщым ис псоми япкърыупщIыхьащ, гъуанэр зыщIар хэтми зэхагъэкIыу. Зыми зрагъэумысакъым. А Iуэхум и пэжыпIэр зыщIэхэми ар Семёнов Макар зэриIэужьыр жаIакъым, ящIэрт абы щхьэкIэ ар лIэхукIэ чнутIкIэ



8 Заказ №352

зэраукIынур. ИтIанэ унафэщIым Аксёновым зыхуигъэзащ. Аксёновыр зэрыцIыху пэжыр ищIэрти, мыпхуэдэу къеупщIащ:

– Уэ, лIыжь, уцIыху пэжщ; тхьэр ди щыхьэту къызжеIэт, хэт мыр зыщIар?

Семёнов Макар зыри къэмыхъуа нэхъей щытт, унафэщIым еплъу, ауэ Аксёновым дежкIэ мыплъэххэу. Аксёновыр, и Iупи, и Iи кIэзызу, куэдрэ щытащ зы псалъэ хужымыIэу. Ар егупсысырт: «Пэжыр щIэсхъумэу, сыт щхьэкIэ хуэзгъэгъун езым си гъащIэр зэрызэхикъутар? Ирепшыныж абы и зэранкIэ сэ бэлыхьу сызыхэтар. Пэжыр жысIэмэ, ар, шэч хэмылъу, яIэщIэкIуэдэнущ. Дауэ хъуну, сэ шэч хуэсщI къудейуэ арамэ? Сэ нэхъ сытыншыну, ар яукIкIэ?»

УнафэщIыр аргуэру щIэупщIащ: «ИIэ, лIыжь, жыIэ пэжыр: хэт мыр щIэзытIыкIар?»

Аксёновыр Семёнов Макар дежкIэ еплъэкIри жиIащ:

– Сэ слъэгъуакъым икIи сщIэркъым.

Арати, къахуэщIакъым блыныр хэт кIэщIитIыкIами. КъыкIэлъыкIуэ жэщым Аксёновыр и гъуэлъыпIэм игъуэлъхьэжу моуэ сыIурех иджы щыжиIэм зэхех зыгуэр къыIухьэу и пIэ лъапэм къызэрытетIысхьар. Къаплъэри, кIыфIым Макар къыхицIыхукIащ.

Аксёновыр къопсалъэри жеIэ:

– Сыт иджыри къыспыпхыну узыхуейр? Сыт мыбдеж щыпщIэр?

Семёнов Макар зыри жиIэртэкъым. Аксёновыр къызэфIэтIысхьэри жиIащ:

– Сыт узыхуейр? IукI! Армырамэ, сэлэтым седжэнущ.

Семёнов Макар Аксёновым зыхуигъэщхъри щэхуу жиIащ:

– Иван Дмитриевич, къысхуэгъэгъу!

Аксёновыр къопсалъэри жеIэ:

– Сыт пхуэзгъэгъунур?

– Сэращ сатуущIыр зыукIар, сэращ сэр ныпкIэщIэзыдзари. Сэ уэри узукIыну си гугъащ, ауэ пщIантIэм зэрызехьэ макъ къыщыIуати, си сэр уи къэпым илъхэм хэзгъапщкIуэри, сэ щхьэгъубжэмкIэ сыдэпщыжащ.

Аксёновыр псалъэртэкъым, ищIэртэкъым сыт жиIэнуми. Семёнов Макар гъуэлъыпIэм къехри щIым зыхуигъэщхъащи жеIэ:

– Иван Дмитриевич, къысхуэгъэгъу, къысхуэгъэгъу, тхьэм щхьэкIэ. Сэ сатуущIыр зэрызукIамкIэ зызумысыжынщи, уэ хей уащIыжынщ. Уи унэ бгъэзэжынщ.

– УэркIэ жыIэгъуафIэщ, сэ сшэча къомыр-щэ! Дэнэ сэ иджы сыздэкIуэжынур?.. Си фызыр лIащ, бынхэм сащыгъупщэжащ; сэ сыздэкIуэжын сиIэкъым ...

Семёнов Макар къэмытэджу унэ лъэгум исщи, щхьэкIэ щIым еуэурэ жеIэ:

– Иван Дмитриевич, къысхуэгъэгъу! ЧнутIкIэ сыщаукIым щыгъуэ сшэчам нэхърэ нэхъ хьэлъэщ иджы уэ сыноплъыну... Уэ сэ гущIэгъу къысхуэпщIри, сыпIуэтэжакъым. Къысхуэгъэгъу, тхьэм и хьэтыркIэ! Къысхуэгъэгъу, сэ бзаджащIэ инатым! – къыщиудащи, зэщыджэу магъ ар.

Аксёновым Семёнов Макар гъыуэ щилъагъум, езыри къыщиудауэ гъыурэ жеIэ:

– Тхьэм къыпхуигъэгъунщ; хэт зыщIэр, сэ уэ нэхърэ хуэдищэкIэ сынэхъ IеинкIэ хъунщ!

Асыхьэтуи абы зыхищIащ и псэм тыншыгъуэ зэригъуэтыжар. Иджы ар егупсысыжыртэкъым и унагъуэм, зэрыс лъэхъуэщми икIыжыну хуеижтэкъым, зэгупсысыр и ухыгъэр къыщысыну иужьрей сыхьэтырт.

Семёнов Макар, Аксёновыр къелъэIуа щхьэкIэ къимыгъанэу, лей зэрызэрихьар иIуэтэжащ. Аксёновыр унэм кIуэжыну хуит зэращIыжа унафэр къыщыдэкIам, ар лIакIэт.

# ИЛЯС

*Рассказ*

Уфа губернием щыпсэурт башкир щIалэ Иляс. И адэр лIэри, ар къэнат тэмэму зыхэпсэукIыни имыIэу. Иляс къригъашэри, илъэс нэхъ ящхьэщымытыжу, дунейм ехыжат ар. Адэм къыщIэнар зы мащIэт: шибл, жэмитI, мэлу зытIощI. Илясыр езыр псэуакIуэти, а и мылъку тIэкIур игъэбагъуэу щIидзащ: нэху щамэ, жэщ хъуху лажьэрт и щхьэгъусэмрэ езымрэ. Пщэдджыжьым псом япэ къэтэджырт, псом яужь гъуэлъыжырт, икIи илъэс къэскIэ нэхъ къулеиж хъуурэ кIуэрт. Апхуэдэу лажьэурэ, илъэс щэщIрэ тхум къриубыдэу абы мылъкушхуэ зэригъэпэщащ. Иляс иIэ хъуащ шы къудейуэ щитI, Iэщышхуэу щэрэ тхущIрэ, мэлу минрэ щитIрэ. ЛэжьакIуэхэри и куэдт. ЦIыхухъухэм шы табынхэмрэ Iэхъушэхэмрэ хуагъэхъурт, цIыхубзхэм гъэшыр зэрахьэрт: шэр къашу, тхъу трахуу, кхъуей хахыу, шху ящIу. Иляс имыIэ щыIэтэкъым, къулеищэти, ихъуреягъкIэ псори къехъуапсэрт абы и псэукIэм. ЦIыхухэм жаIэрт: «НасыпыфIэщ Иляс: сытри иIэщ куэду, ар мылIэми хъунущ».

И хъыбар жыжьэ Iуащи, Иляс зрагъэцIыху, цIыхушхуэ куэд къыкIэлъокIуэ, жыжьэ къикIа хьэщIэ лъапIэхэр къыхуопсых, ныбжьэгъу зыкъыхуащI, езыри яхуэжумартщи, дэтхэнэри егъашхэ, щхьэж фIэфI елъытауэ, хэт шей щIэщыгъуэ хуещI, хэт мэлыл хуепщэфI, хэти къымыз хутрегъэувэ, хэти я лъэпкъ ерыскъы хьэлэмэтхэмкIэ егъафIэ. ХьэщIэхэр къызэрысу, зы мэл е мэлитI яхуеукI, хьэщIэхэр куэд хъумэ, къунажыни щахуиукI щыIэщ.

Иляс быну къуитIрэ зыпхъурэ иIэт. И къуитIми къригъэшат ипхъури лIы иритат. Иляс тхьэмыщкIэу щыщытам и къуэхэри къыдэлэжьащ: шыхэри мэлхэри ягъэхъуащ, ауэ нэхъ зиужьа нэужь бынхэм зыщIрагъэхыу щIадзащ, и зы къуэм фадэр нэрыгъ хуэхъуащ. ЩIалэ нэхъыжьыр зэзауэ хэхуэри, къаукIащ. ЩIалэ нэхъыщIэм къыпэщIэхуа фызыр бзаджэт икIи пагэт. Ауэ и къуэр къемыдэIуэж щыхъум, зыхигъэкIри, уни Iэщи яритащ. Абы къыхэкIыу, Иляс и мылъкум фIыуэ хэщIащ. Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу мэлхэм уз гуэр къахыхьэри, кIэрыхушхуэ игъуэтащ. ИтIанэ гъаблэ къэхъури, мэкъумылэ яхуэгъэхьэзыракъым: щIымахуэм Iэщ уэдыкъуа куэд щIыIэм ихьащ. Гъэ техьа Iэщ нэхъыфIыIуэхэр къыргъызхэм яды-

гъуащ. Арати, Иляс и мылъкур кӀащхъэ дыдэ хъуащ. Езым и къаруриhуэмурэ щӀэкӀащ. Илъэс блыщӀым щынэсам джэдыгуи, алэрыбгъуи, уани, гуи къыхуэмынэу, псори ищэжат. ИкӀэм-икӀэжым Ӏэщ къыхуэнэжа тӀэкӀури а псоми якӀэлъигъэкӀуащ. Арати, Иляс зыри имыӀэжу къэнащ. Гу лъимытэжурэ, бгъэдэлъыж щымыӀэу къыщӀидзыжащ. Апхуэдэу щыхъум, сыт ищӀэнт, и фызымрэ езымрэ факъырэ Ӏус къыхахыу хыхьэжащ. Мылъку иӀам щыщу къыхуэнэжар зымащӀэщ: и плӀэ илъ къэпталыр, джэдыгужьыр, пыӀэр, лъей вакъэ зэрытитӀыр, жьы хъуа и фыз Шам-Шемагъи. ЗыхигъэкӀауэ щыта и къуэр щӀыпӀэ жыжьэ Ӏэпхъуат, ипхъу закъуэри дунейм ехыжати, жьы хъуаитӀыр зэзышэлӀэжын яӀэтэкъым.

Ахэр фӀэгуэныхь хъуащ я гъунэгъуу псэу Мухьэмэдшахъ. Езы Мухьэмэдшахъ къулейсызтэкъым, ауэ къулейуи пхужыӀэнутэкъым, ику иту псэурт, езыри цӀыхуфӀт. Иляс цӀыху жумарту зэрыщытар, абы и ерыскъы куэд зэришхар щыгъупщатэкъыми, и гущӀэгъу лъигъэсым нэхъ къищтэу, зыхуигъэзащ: «ЗэщхьэгъуситӀыр си деж фынекӀуэлӀэж. Гъэмахуэм хадэм фыщыпэщэщэнщ, щӀымахуэм уэ Ӏэщым мэкъу яхудэбдзэнщ, фызыжьми гъэшыр зэрихьэнщ, фи щыгъын, фи шхын фыхуэзгъэныкъуэнкъым. ФызыхуейӀамэ къызжефӀи, сэ фызгъэщӀэхъункъым». Иляс и гъунэгъум фӀыщӀэ хуищӀащ, икӀи Мухьэмэдшахъ и деж екӀуэлӀащ. Нэхъапэхэм тӀэкӀу къайхьэлъэкӀащ тӀуми, иужьым есэжхэри, я къару къызэрихькӀэ лажьэ хъуащ.

Мухьэмэдшахъ дежкӀэ фейдэт апхуэдэ лэжьакӀуэхэр пӀыгъыну, сыту жыпӀэмэ ахэр езыхэр къулейуэ, цӀыху ягъэлажьэу щытати, лэжьыгъэм и пӀалъэ ящӀэрт икӀи щхьэхтэкъым. Мухьэмэдшахъ ахэр фӀэгуэныхь хъурт, сыткӀэ фӀэмыгуэныхьынрэт: «уей-уей» жрагъэӀэу зэгуэр псэуахэр иджы ӀуэхутхьэбзащӀэу къэнэжат.



Зэгуэрым Мухьэмэдшахъ лъыхъу хьэщӀэ къыхуэкӀуащ, щӀыпӀэ жыжьэ къикӀауэ, молэри къэкӀуащ. Мэл къаубыду хьэщӀэхэм хуаукӀыну унафэ ищӀащ Мухьэмэдшахъ. Иляс мэлыр зэпкърихщ, игъавэри, хьэщӀэхэм яхуригъэхьащ. Абыхэм мэлылыр яшхащ, шей ефахэщ, итӀанэ къымызым зратащ. ХьэщӀэхэр, алэрыбгъум и щӀыӀужкӀэ телъ щхьэнтэ щабэхэм тесу, къымыз ефэхэурэ мэуэршэр. Абы хэту, Ӏуэху щӀэн зыуха Иляс блэкӀащ ахэр зыщӀэс пэшыбжэмкӀэ. Ар Мухьэмэдшахъ къыщилъагъум, и хьэщӀэм зыхуегъазэри жеӀэ:

– Плъэгъуа иджыпсту мо бжэмкӀэ блэкӀа лӀыжьыр?

– Слъэгъуащ, – жи хьэщӀэм. – Сыт-тӀэ абы гъэщӀэгъуэну хэлъыр?

– ГъэщӀэгъуэну хэлъращ: аращ япэ дыдэ беижь хъуауэ щытар – Илясщ и цӀэр, зэхэпхагъэнщ.

– Дауэ зэхэзмыхынрэ?.. – жеӀэ хьэщӀэм. – Зэи слъэгъуакъым, ауэ и хъыбарыфӀ куэд зэхэсхащ.

– НтӀэ, иджы абы зыри иӀэжкъым, и щхьэгъусэри и гъусэу, ар си деж щолажьэ, щопсэу.

ХьэщӀэм игъэщӀэгъуащ а зэхихар, икӀи и щхьэр игъэкӀэрахъуэурэ жиӀащ:

– Аращ-тӀэ, шэрхъым хуэдэу кӀэрахъуэурэ блолъэтыкӀ насыпыр: хэти и щхьэмкӀэ дрехьей, хэти лъахъшэу ирехьэх. Ар иджы Ӏэджэуи хуэзэш хъунщ и блэкӀам.

– Хэт ар зыщӀэр? Мэпсэу хуэмурэ, къаугъэншэщ, фӀыуэ мэлажьэ.

ХьэщIэр щIоупщIэ:

– Хъуну пIэрэ абы сепсалъэ? СыщIэупщIэну сыхуейт и гъащIэм и къекIуэкIыкIам.

– Епсалъэ, – жиIэщ бысымми, джащ:

– Бабай (башкирыбзэкIэ «дадэ» жиIэу аращ), къыщIыхьэ, къымыз дефэнщ, уи щхьэгъусэми еджэ.

Иляс къыщIыхьащ, и щхьэгъусэр щIыгъуу. Абы бысымымрэ хьэщIэмрэ сэлам ярихщ, тхьэ елъэIури, лъэгуажьэмыщхьэу бжэм и деж щетIысэхащ, и щхьэгъусэм гъусэ зыхуищIащ бысымым и щхьэгъусэ Iупхъуэм адэкIэ къыщысым.

Иляс шейщIэткIэ къымыз къэратащ. Иляс хьэщIэхэм захуигъэщхъщ, къымызым щыщ тIэкIу ирифри, игъэувыжащ.

– Сыт, дадэ, – кърегъажьэ хьэщIэм, – ухуэзэшакъэ уи гъащIэ блэкIам? Дэ укъыщыдэплъкIэ, япэм уи псэукIар, насыпыфIэу ущыщытар уигу къэкIыжкъэ? Иджы узыхэт насыпыншагъэр къыптехьэлъэркъэ?

Иляс мащIэу къыпыгуфIыкIри жиIащ:

– Насыпымрэ насыпыншагъэмрэ теухуауэ сэ бжесIэнухэр уэ уи фIэщ хъунукъым: абыкIэ модэ мо си нанэжьым уеупщIмэ нэхъыфIщ, абы игу илъыр и бзэгупэм пылъщ; мис абы пэж псори нэхъ къыпхуиIуэтэфынущ.

ХьэщIэм Иляс и щхьэгъусэ Iупхъуэ къуагъым къыкъуэтым зыхуегъазэри йоупщI:

– Хъунщ-тIэ, нанэжь, уэ къыджеIэт, дауэ уэ узэреплъыр япэм фиIа насыпымрэ иджы фызыхэт тхьэмыщкIагъэмрэ?

Шам-Шемагъи Iупхъуэ къуагъым къыкъуопсэлъыкI:

– Сэ сызэреплъыр мыращ: лIыжьымрэ сэрэ илъэс щэ ныкъуэкIэ дызэдэпсэуащ – насып къэтлъыхъуащ, ауэ дгъуэтакъым, мис иджы илъэситI хъууэ аращ, зыри димыIэжу, мыбы дызэрыщылажьэрэ. Иджыщ насып дыдэ къыщыдгъуэтар, нэгъуэщI лъэпкъи дыхуэмейуэ.

ХьэщIэм гъэщIэгъуэн щыхъуащ абы жиIар. ИгъэщIэгъуащ бысымми. Уеблэмэ, къэтэджри Iупхъуэр ирилъэфэкIащ, абы къыкъуэпсэлъыкI фызыжьым еплъын папщIэ. Фызыжьыр щытт, и Iэр зэтедзауэ, мащIэу къыпыгуфIыкIыу, ар и щхьэгъусэм еплъырт, лIыжьри къыпыгуфIыкIырт.

Аргуэру къопсалъэри, фызыжьым жеIэ:

– Пэжщ сэ жысIэр, икIи сыгушыIэркъым: илъэс щэ ныкъуэкIэ насып къэтлъыхъуащ, дыкъулеихукIи ар дгъуэтакъым; иджы зыри димыIэжу дыпсэуну цIыхухэм дахыхьэри, насып дгъуэтыжащ, нэхъыфIи дымылъыхъуэжыну.

– Сыт хуэдэ насып фэ иджы фиIэр?

– Ди насыпри?.. Дыщыкъулейм, лIыжьымрэ сэрэ жьыIурыхьэгъуэ дымыгъуэту, зы сыхьэт зыгъэпсэхупIэ димыIэу, дыуэршэрыну, ди Тхьэм фIыщIэ хуэтщIыну зэман дымыгъуэту, дыпсэуащ. Сыт хуэдизт дэ тщIэр! ХьэщIэ къытхуэкIуэмэ, дахуэлъэуджыджэрт – иужькIэ къытхуэмыпсэлъэжын хуэдэу, хэт сыт едгъэшхын, хэт сыткIэ дыхуэупсэн, жытIэу къэджыхьырт. ХьэщIэхэр ежьэжа нэужь лэжьакIуэхэм дакIэлъыплъырт, абыхэм яфIэфIт фIыуэ шхэуэ, фIыуэ загъэп-

сэхунуи, дэ, зыгуэркIэ дыхрагъэлъэфэнкIэ дышынэу, абыхэм ящIэр къэтпщытэжырт, гуэныхь къэтхьу. Дыгузавэрт, «ди шкIэхэм, шыщIэхэм дыгъужьыр къахэмыуащэрэт», «ди шыбз гуартэр дыгъуэгъуакIуэхэм ирамыхужьарэт», жытIэу. Дыжеину дыгъуэлъамэ, дыжеифыртэкъым: щынэ цIыкIухэр мэлхэм япIытIыжынкIэ дышынэрти, жэщым дыкIуэрти дахэплъэрт. Апхуэдэурэ жэщыр кIуэрт; псори хъарзынэкъэ иджы, щыжытIэм дежи, щIымахуэм Iэщхэр зэрыщIэдгъэкIыным, мэкъумылэр дгъэхьэзырын зэрыхуейм дегупсысын хуей хъурт. А псом и щIыIужкIэ, лIыжьымрэ сэрэ дызэгурыIуэртэкъым. Абы «мопхуэдэу дыгъэщI», жиIэнт, сэ «апхуэдэукъым», жысIэнт. Арыххэу, дызэныкъуэкъуу щIэддзэрти, Iэджэ зэтеттхъуэрт, гуэныхь хэмыкI дызэрыгъэхъурт. Мис апхуэдэу лэжьыгъэ фIэкIа нэкуи напIи димыIэу, деIэу, деIэу дыпсэуащ, ди гуэныхьыр дгъэбагъуэу, насыпи гъащIэм хэдмылъагъуэу.

– Иджы-щэ?

– Иджы лIыжьым сэрэ дыкъотэджри, дызэдоуэршэр, зэпэдубыдын диIэкъыми дызэгуроIуэ, дызэгупсысын, дыщIэгузэвэн щыIэкъым, дызэлIэлIэн диIэххэкъым. Ди къарум къызэрихькIэ долажьэ, тлъэкIыр дощIэ, тфIэфIу. Дызыгъэлажьэм фейдэ гуэр къыхуэтхьмэ, нэхъыбэ дылъыхъуэркъым. Унэм дыкъекIуэлIэжмэ, тшхын щыIэщ, къымыз догъуэт. КъыдэщIыIэкIмэ, зыдгъэхуэбэн папщIэ гуарцэ щыIэщ, джэдыгу диIэщ. Дызэпсэлъэну, Тхьэм делъэIуну зэман догъуэт. Псэ тыншыгъуэр диIэщ. Илъэс щэ ныкъуэкIэ насып къэтлъыхъуащ, ауэ иджыщ къыщыдгъуэтар.

ХьэщIэхэр зэщIэдыхьэшхащ.

Иляс къэпсалъэри жиIащ.

– Фымыдыхьэшх, си къуэшхэ, гушыIэ хэлъкъым мы Iуэхум, аращ езыр цIыху гъащIэ хъужыр. Фызыжьым сэрэ дыделэти, мылъкуу диIэр щытфIэкIуэдам, дыгъащ, дыбжащ, иджы Тхьэм пэжыр дигъэлъэгъуащ. Фи мыгугъэ губампIэдэхыу дыпсалъэу, фэ фIы фыхуэзэн папщIэщ дэ пэжыр щIывжетIэр.

Иужьым молэр къэпсалъэри жиIащ:

– Акъыл хэлъщ мы псалъэхэм, Иляс жиIар пэж защIэщ, ди Тхыгъэ лъапIэми итщ ар.

Дыхьэшхын щагъэтри, гупсысэм хыхьащ хьэщIэхэр.

*ЗэзыдзэкIар* **ХЬЭМТУ Къадирщ**

# СОНЕТ IЭРАМЭМ АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ ЩИГЪУЭТА ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭР

Усыгъэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ сонетыр къызэрыунэхурэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ мэхъу. XIII лIэщIыгъуэм Италием щызэфIэува жанрыр урыс литературэм къыщысар XVIII лIэщIыгъуэрщ. 1735 гъэм япэ урыс сонетыр В. К. Тредиаковскэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ щытащ. Абы кIэлъыкIуэу япэ сонетхэр ятхащ А. Сумароковым, А. Ржевскэм, М. Муравьевым, Е. Херасковэм, М. Херасковым, И. Дмитриевым. АрщхьэкIэ сонетым урыс литературэм зыужьыныгъэшхуэ щимыгъуэтурэ XIX лIэщIыгъуэм и 20-40 гъэ пщIондэ екIуэкIащ. А лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ сонет жанрыр къагъэсэбэпу хуежьащ урыс усакIуэ цIэрыIуэхэу Пушкин А., Брюсов В., Бальмонт К., Северянин И., Бунин А., н.

Адыгэ усакIуэхэм сонетым и фащэ гугъусыгъур къыщагъэIэрыхуар XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Япэ дыдэ а жанрым зи зэфIэкI щеплъыжар Сокъур Мусэрбийрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэщ. «Сыт си щIалэгъуэм фIыуэ сыкъэплъагъукIэ?..» фIэщыгъэм щIэту Сокъур Мусэрбий итха япэ адыгэ сонетыр 1962 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ. Илъэс зыбжанэ дэкIри, «Сокъуз, IэштIыму, мы сатыр пщыкIуплIыр...» етIуанэ сонетри а журналым дыдэм тету къыдэкIащ. ИужькIэ, 1979 гъэм Сокъурым и усыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Нэпкъыжьэ» тхылъым сонетитI («Уэрэдым гузэвэгъуэр къылъэIэсрэ...», «Сонет» жыхуиIэхэр) хыхьащ.

Сокъур Мусэрбийрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ къагъэIурыщIа жанр мыIумпIафIэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм нэгъуэщI адыгэ усакIуэхэми (КIэщт Мухьэз, Мысачэ Пётр, Жэлэтеж Сэлэдин, Балъкъэр Фоусэт, Бемырзэ Мухьэдин, IутIыж Борис, Уэрэзей Афлик, КIэмыргуей Толэ, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ, ПщыукI Латмир, Абазокъуэ Къантемыр, н.) зрапщытащ, хъарзынэу къызэхъулIахэри яхэтщ. Абыхэм я фIыгъэкIэ сонетым лъэпкъ усыгъэм зыужьыныгъэ ин щигъуэтащ, уеблэмэ жанрым и лъагапIэу къалъытэ сонет Iэрамэр ди усакIуэхэм къагъэIэрыхуэн ялъэкIащ.

Сонет Iэрамэм и зыужьыныгъэр сонет жанрым къыдожьэ, ар, сонетми хуэдэу, XIII лIэщIыгъуэм Италием щызэфIэуващ. Сонет Iэрамэм и фащэм иту япэ дыдэ урыс литературэм къыхыхьа тхыгъэр словен тхакIуэ Прешерн Франце итхауэ Корш Фёдор 1889 гъэм зэридзэкIа «Сонет Iэрамэрщ» («Сонетный венок»). Абы иужькIэ сонет Iэрамэ я Iэдакъэ къыщIэкIащ Иванов Вяч., Брюсов В., Волошин М., Кирсанов С., Дудин М., Матюшкин С., н.

Сонет Iэрамэр зищIысым, абы и зыужьыкIэм ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм я еплъыкIэхэр щызэтемыхуэ щыIэщ. Язынықъуэхэм ар лирикэ жанрым хуахь, язынықъуэхэм лиро-эпикэ тхыгъэу къалъытэ. «Усыгъэ псалъэалъэм» зэритымкIэ, ар поэмэм и зы лIэужьыгъуэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, поэмэми хуэдэу, лиро-эпикэ тхыгъэщ. Дэ ди еплъыкIэр иужьрейм тохуэ, сыту жыпIэмэ сонет Iэрамэм лирикэ къудей мыхъуу, эпикэм и пкъыгъуэ, нэщэнэ гуэрхэри хыболъагъуэ –

сюжет иIэщ, образ гуэрхэр къыхощ, лъэхъэнэ пыухыкIам щепха, щытегъэпсыхьаи щыIэщ.

И ухуэкIэкIэ, поэтикэкIэ сонет Iэрамэр жыпхъэ нэхъ гугъу дыдэхэм хабжэ. Ар сонет пщыкIутхуу зэхэтщ, зы сонетыр зэриух сатырымкIэ къыкIэлъыкIуэр къыщIидзэу зэкIэлъыхьауэ. ЕпщыкIутхуанэ сонетыр – «магистрал»-кIэ (е «магистральный сонет»-кIэ) зэджэр абы и пэ къит сонет пщыкIуплIым я пэщIэдзэ сатырхэр зэкIэлъыхьауэ ухуащ. Япэ сонетым и пэщIэдзэ сатырымкIэ епщыкIуплIанэр еух, ар дыдэри епщыкIутхуанэм и щIэдзапIэ мэхъу, псори зэхэплъхьэжмэ, сатыр 210-рэ ирокъу. Апхуэдэ тхыгъэ иныр хабзэ пыухыкIам тету бухуэныр зэрыгугъу дыдэр хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ.

Сонетхэмрэ абы хэт сатырхэмрэ хъурейуэ къекIуэкIыу зэрызэпыщIар къэплъытэмэ, зи гугъу тщIы жыпхъэм и щхьэхуэныгъэхэр наIуэу къызыпкъырыщ «венок сонетов» урыс фIэщыгъэр нэхъ хуокIуэ, «сонет Iэрамэ»-м нэхърэ: венокыр – зэхэухуэнауэрэ хъурейуэ къеблэкIа удз гъэгъащ, Iэрамэр, удз гъэгъам ехьэлIауэ жыпIэмэ (мыхьэнэр щIэдгъэнахуэр «Iэрамэ» псалъэр пшэми, щхьэцми ехьэлIауэ къагъэсэбэпри аращ – *пшэ Iэрамэ, щхьэц Iэрамэ*) – ар Iэм IэщIэхуэ удз гъэгъа зэгъэуIуащ (букет) е удз гъэгъа IэплIакIуэщ (охапка). НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, «сонет Iэрамэ» фIэщыгъэм хъурейуэ къекIуэкI ухуэкIэр къыпкърымыщми, сонет зыбжанэ зэрызэгъэуIуар, тхыгъэр сонет гупу зэрызэхэтыр къегъэлъагъуэ. Дауэ мыхъуами, сыт хуэдэ фIэщыгъэм щIэмытми, дэркIэ нэхъыщхьэр сонет Iэрамэм и жыпхъэр ди литературэм зэрыщызэфIэуварщ, иджырей лъэхъэнэми ехъулIэныгъэ иIэу зэрыщылажьэрщ.



Сонет Iэрамэхэр я купщIэкIи я гъэпсыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмкIи зэщхьэщокI. Зытеухуа и лъэныкъуэкIэ лъагъуныгъэр зи лъабжьэ, зы цIыху гуэрым хуэгъэпса, тхыдэр къызыхэщыж сонет Iэрамэхэр щыIэщ. Я гъэпсыкIэр къапщтэмэ, ар инджылыз е итальян фащэмкIэ тха сонет гупу зэхэтщ.

Адыгэ (къэбэрдей, шэрджэс, адыгей) литературэм сонет Iэрамэр къыщыхыхьар XX лIэщIыгъуэм и 70-80 гъэхэрщ. А жыпхъэм иту япэу дунейм къытехьа тхыгъэр 1973 гъэм шэрджэс усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ар япэ дыдэу «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуащ, нэхъ иужьыIуэкIэ усакIуэм «ЛIыгъэм и тхыдэ» (Черкесск, 1981) зыфIища и япэрей тхылъым иту къыдэкIащ. ГъэщIэгъуэныращи, Бемырзэм щхьэхуэу сонет итхауэ дрихьэлIакъым, ауэ сонет Iэрамэ къызэригъэщIар а жанрыр усакIуэм Iэзэу къызэригъэIэрыхуам щыхьэт тохъуэ.

1983 гъэм адыгей усакIуэ Бэрэтэрэ Хьэмид и Iэдакъэ къыщIэкIауэ сонет Iэрамэу тIу («Щхьэгъусэм хуэгъэза псалъэ», «Псэлъыхъуэр – ар цIыхур фIыуэ лъагъуныгъэрщ») дунейм къытехьащ. Ахэр усакIуэм и сонетхэр щызэхуэхьэса «Iыхьэ мыгуэш» тхылъым иту къыдэкIащ.

Сонет Iэрамэр къэбэрдей литературэм щыщызэфIэувар 80 гъэхэм икухэрщ. А лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ зыр зым кIэлъыкIуэу дунейм къытехьащ КIэщт Мухьэз и «Жьыбгъэ», «Пшыналъэм и джэрпэджэж», КIэмыргуей Толэ и «Жьыбгъэ-бгъакъэ», Жылэтеж Сэлэдин и «ЩIымрэ цIыхумрэ», Уэрэзей Афлик и «Тхыдэ», «Тхыдэм къыхэIукI

макъхэр», ПщыукI Латмир и «Иджырей гупсысэ» сонет Iэрамэхэр. Зэрынэрылъагъущи, зи гугъу тщIы жыпхъэм зыужьыныгъэ нэхъ ин дыдэ щигъуэтар къэбэрдей литературэрщ. АрщхьэкIэ тхыгъэхэм я бжыгъэр къэплъытэныр мащIэщ, абыхэм я художественнэ щхьэхуэныгъэмрэ язызхэзри жыпхъэм зэризагъэмрэ щхьэхуэу зэпкърыхыпхъэщ.

Сонет е сонет Iэрамэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа адыгэ усакIуэхэм я нэхъыбэр зытетыр «инджылыз фащэрщ»: катренищрэ кIэух сатыритIу зэхэлъу. Бемырзэ М. и сонет Iэрамэр щитхым нэхъ фащэ гугъухэр – «итальян сонетымрэ» «франджы сонетымрэ» къигъэсэбэпащ: катрену тIурэ терцету тIурэ зэдзылIауэ. Пэжщ, Бемырзэм и сонет Iэрамэм рифмэ ухуэкIэр щызэпиуди хэтщ, ауэ абы и тхыгъэм и гупсысэкIи, темэкIи, сюжеткIи итальян икIи франджы сонетым къигъэув къалэнхэр щыгъэзэщIащ. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ гупсысэр къызэщIэзыкъуэж епщыкIутхуанэ сонетыр – магистралыр:

*Нэрыгъ ипщIыкIмэ, мывэ джейри мэсыр,* **A**
*Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ.* **B**
*КъысфIэщIт зэгуэрэм уэ у-Дахэнагъуэу,* **B**
*Сэрауэ уи псэ закъуэ Джэримэсыр.* **A**

*Уи деж кIуэ гъуэгур быркъуэшыркъуэт, хьэлъэт,* **C**
*Гукъанэ зэпымычхэмкIэ гъэнщIат.* **d**
*IэмалкIэ ди жагъуэгъухэр зэхуэщIат,* **d**
*Абыхэм сэ сатекIуэфакъым хьэлкIэ.* **C**

*ФIылъагъуныгъэм нэхъ симыIэу Iэщэ,* **E**
*Илъэсхэм уардэу сэ сапхырыкIынут,* **F**
*ИджырикI сщIэнут сэ схузэфIэкIынур.* **F**

*Гугъуехь спэщIэлъыр аркъым зыщIэсIэжьэр:* **E**
*Ди натIэм илъагъэнт дызэпэIэщIэу,* **E**
*НэгъуэщI щхъэгъусэм гъащIэр детхьэкIыну.* **F**

Мы щапхъэм къызэрыхэщщи, ари адрей сонету «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» тхыгъэр къэзыгъэщIхэри мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэм тету гъэпсащ: *ABBA CddC EFF EEF* (цIыхубз рифмэхэр хьэрфышхуэкIэ, цIыхухъу рифмэхэр хьэрф цIыкIукIэ къэгъэлъэгъуащ). Мыпхуэдэ ухуэкIэм итальян сонетымрэ франджы сонетымрэ я гъэпсыкIэ хабзэхэр щызэхэухуэнащ, ауэ франджы сонетым и нэщэнэхэр нэхъыбэу хыболъагъуэ: катренитIым я сатырхэр макъитIу зэхэт къызэщIэзыкъуэ рифмэкIэ («поясная», «охватная» жыхуаIэ рифмэ лIэужьыгъуэмкIэ) зэпхащ (*ABBA CddC*), терцетхэр къэзыгъэщI сатырхэр макъищу зэхэт рифмэкIэ зэдзылIащ (*EFF EEF*).

Бемырзэ М. и сонет Iэрамэр зэрыщыту сонет жанрым нэхъ къезэгъыу икIи фIыпIэу къалъытэ стопаитхуу зэхэт ямбкIэ тхащ. ЖытIар нэрылъагъу хъун папщIэ, еханэ сонетым щыщ зы катренрэ зы терцетрэ я ухуэкIэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

*Уи псалъэхэм къысхалъхьэт сэ къару,*
*Уи нитIыр къысхуэгуапэт гъуэгугъэнэхуу,*

*Сэ сигу къокIыж, си закъуэу сыкъэнэхукIэ,*
*Уэзджынэу зэрылъэлъ уи макъ жьгъырур.*

*Уи Iупэхэм аргуэру къызжаIэжыр:*
*«НэгъуэщI си гупщысапIэу щхъэ пфIэщIа?! –*
*Уэращ сэ лъагъуныгъэ зыхуэсщIар...».*

| | |
|---|---|
| *U – / UU/ U – / U – / U –* | *пир. 4 пыч*[1]. |
| *U – / UU / U – / UU / U – / U* | *пир. 4, 8 пыч.* |
| *U – / U – / U – / UU / U – / U* | *пир. 8 пыч.* |
| *U – / UU / UU / U / U –* | *пир. 2, 4, 6 пыч.* |
| | |
| *U – / UU / U – / UU / U – / U* | *пир. 4, 8 пыч.* |
| *U – / UU / U – / U – / U –* | *пир. 4 пыч.* |
| *U – / UU / U – / UU / U –* | *пир. 4, 8 пыч.* |

«Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» сонет Iэрамэм хэтлъагъуэ сонет зэкIэлъыхьыкIэр жыпхъэм къигъэув хабзэхэм тетщ. Тхыгъэм и кIэ дыдэу къакIуэ магистрал сонетым усакIуэм сатырхэр зырызурэ къытрешри, адрей сонет пщыкIуплIым зэкIэлъыкIуэу я къыщIэдзапIэ ещI. Япэрей сонетри иужьрей (епщыкIутхуанэ) сонетри къызэрыщIидзэ, епщыкIуплIанэр зэриух усэ сатырхэр зэтохуэ – *«Нэрыгъ ипщIыкIмэ, мывэджейри мэсыр».*

Бемырзэм и сонет Iэрамэм макъхэм, рифмэм, строфар зэрыухуам, ритмикэм мыхьэнэ ин щаIэщ, апхуэдэуи образхэм, сонетхэм ящIэлъ гупсысэхэм, усакIуэм и художественнэ Iэзагъым тхыгъэм къалэн пыухыкIахэр щагъэзащIэ. И фIэщыгъэми, ищхьэкIэ къэтхьа кIэух сонетми къызэрыхэщщи, Мухьэдин и сонет Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуар лъагъуныгъэрщ, гухэлъ жэуапыншэ-насыпыншэрщ. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ усакIуэм лирикэ лIыхъужьым и дуней еплъыкIэм, щыIэкIэ-псэукIэм, гурыгъу-гурыщIэхэм, гунэджым ехьэлIа образ гъэщIэгъуэнхэр хиухуэнащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, бампIэр къыщытеуэм деж ар здэкIуэ «бгы лъапэм щыдаущ екIэпцIэ мэзыр», ар «зылъэхъэну къэIэбэ къудамэхэр», нэгъуэщIхэри. Лирикэ лIыхъужьым и гупсысэ нэщхъейхэр усакIуэм сонет къэскIэ егъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ къыщеIуатэ: *«Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ»; «Вагъуэншэ уафэу, нэщI схуэхъуащ уи гущIэр»; «СыльаIуэу Iэ сшиям къыщыдыхьэшхри, / Уэшх нэпцIу, сщхьэщыкIащ уи лъагъуныгъэр»; «Сыпсалъэми, плъыржьэрым ихь уIэгъэу, / Шэджагъуэ махуэу уи нэхэм сопщIыхьыр»; «...Зэгуэрми «фIыуэ слъагъу» жызымыIэжырщ / Зи гъащIэр гужьеигъуэкIэ гъэнщIар»; «IэмалкIэ ди жагъуэгъухэр зэхуэщIат...»; «Псы ткIуэпсрэ пэт екъутэ псыхъуэ мывэр / Ди якум ахэр (жагъуэгъухэр. –* ***Хь. Л.****) дэувахэщ хьэлэу...»; «Зэгуэпыр, блащхъуэу, гущхъэм къынэсыпэм, / Уэрэдым си гупщысэр изохъэлIэр...».* Еянэ сонетым и кIэухым – ебгъуанэм и щIэдзапIэм деж абыхэм къэсыхукIэ тхыгъэм щIэлъа гупсысэ нэщхъейр токIуэтри, фIэщхъуныгъэ лъэщымрэ псэ бэнэныгъэмрэ тепщэ щохъу. Лирикэ лIыхъужьым и плIэр иузэхужу адэкIи гъащIэм насып щигъуэтыжыным щIэхъуэпс, хущIэкъу мэхъу: *«Илъэсхэм уардэу сэ сапхрыкIынущ, / Жагъуэгъухэр гукъыдэжкIэ*



[1] Пиррихиер 4-нэ пычыгъуэм уващ.

*зэзгъэфыгъуэу. / ИджырикI гъащIэм къыспэщылъщ и фIыгъуэр, / Игъэунэхуакъым си къарум лъэкIынур,* – жеIэ абы. АрщхьэкIэ епщыкIущанэ-епщыкIуплIанэ сонетхэм деж лирикэ лIыхъужьым и гукъеуэр аргуэру къытокIуэ:

*НэгъуэщI щхъэгъусэм гъащIэр депхъэкIыну*
*КъызжаIэпами, хъунтэкъым си фIэщ.*
*Уэ сигу уилъынущ, – узыхуейр къысфIэщ, –*
*Фэеплъуи уи сурэтыр къесхъэкIынущ.*

Иужьрей – магистрал – сонетым и кIэ дыдэ сатыритIым къызэраIуатэщи, адыгэ псалъэжьым «узыхьыну псым зыдегъэзых» зэрыжыхуиIэм хуэдэу, лирикэ лIыхъужьыр арэзы тохъуэ и щхьэ кърикIуам, абыкIэ зыри игъэкъуэншэжыркъым икIи фIыуэ къыгуроIуэ Ухыгъэм и Iэмырым узэрыфIэмыкIыфынур... Аращ абы и гуауэри нэхъ гъэткIугъуафIэ щызыщIыр: *«Ди натIэм илъагъэнт дызэпэIэщIэу, / НэгъуэщI щхъэгъусэм гъащIэр детхъэкIыну...»*, – жеIэ абы.

«Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» сонет Iэрамэр адыгэ литературэм деж сонет жанрым и зыужьыныгъэм и щIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ. Абы ипэ къихуэу ди усакIуэ нэхъыжьхэм куэдрэ къагъэсэбэпакъым а жыпхъэр, псом хуэмыдэуи абы и «итальян», «франджы» фащэхэр.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм къыщегъэжьауэ сонет Iэрамэм къэбэрдей литературэм нэхъыбэу зыщиужьащ, адыгей, шэрджэс литературэхэм зэрыщызиужьам елъытауэ. А жыпхъэм иту тхыгъитI и Iэдакъэ къыщIэкIащ КIэщт Мухьэз. 1989 гъэм итха «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэр а илъэс дыдэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и етхуанэ номерым къытехуащ, иужькIэ 1991 гъэм КIэщтым и усыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIа «Тхыдэм и гъыбзэ» тхылъым хыхьащ.

И купщIэкIи, гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIи КIэщт М. и «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэр жыпхъэм нэхъыфIу изагъэу тха хъуахэм ящыщщ. КIэщтым и тхыгъэ куэдми хуэдэу, «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуар тхыдэ къэхъугъэхэрщ, лъэпкъым и блэкIарщ. Адыгэм къызэринэкIа лъагъуэхэм жьыбгъэр ирижэурэ, тхыдэм и пэжыпIэр иджырей лъэхъэнэм къехьэсыж. Жьыбгъэм къихьэсыжар усакIуэм сахуэм и образымкIэ къегъэлъэгъуэж, нэхъ пэжу жыпIэмэ, сахуэм къыхэтэджыкIыжахэм я гукъэкIыжкIэ лъэпкъ тхыдэр къеIуэтэж:

*Сэ сымыщIэж зи лIэщIыгъуэр*
*Си щхъэр щислъхъар зауэ губгъуэм.*
<...>
*Сэ сыхисхъащ тэтэр мафIэм,*
*СиупщIэтащ пащтыхь джатэм.*
*Си сахуэ пыхъэу зелъатэр*
*ЩIэгъуэлъхъэжащ щIым и бгъафэм.*

Тхыгъэр тхыдэ лъэхъэнэ пыухыкIам тегъэпсыхьауэ, абы къыщыхъу-къыщыщIэхэр зэманкIэ зэкIэлъыхьауэ щыткъым, шэщIауэ ухуа сюжет зэкIэлъыкIуи иIэкъым, атIэ блэкIам и пычахуэ гуэрхэр, напэкIуэцI щхьэхуэхэр, лирикэ лIыхъужьым и гупсысэ кIапэлъапэ-

хэр щызэхэшыхьащ. Псалъэм папщIэ, абы къыхощ Хиросимэрэ Нагасакирэ къыщыхъуа мыгъуагъэри, Чернобыль электростанцыр къызэрыуари, Кавказ зауэмрэ мухьэжыракIуэмрэ я гуауэри – кIэщIу жыпIэмэ, тхыдэм узу пкърыт Iуэхугъуэхэр мащIэ-мащIэурэ, ауэ гуащIэу щызэгъэуIуащ. Языныкъуэхэм деж тхыгъэм щIэлъ гупсысэр тхыдэм къыхокIри, гъащIэм и философием хохьэ. Псалъэм папщIэ, лирикэ лIыхъужьыр щIогупсыс:

– Iейр, мыхъумыщIагъэхэр псынщIэ дыдэу щIым зэрыщыбагъуэм:

*Псэ хухэмыхым кIэлъыджэу,*
*Ер емышыжу мэпыджэ.*

– щIым, дунеягъэм къыщыхъу псоми пэщIэдзэрэ кIэухрэ зэраIэм, зым и кIэухыр нэгъуэщIым и щIэдзапIэу зэрыщытым:

*КъыхотэджыкIри цIыху къупщхъэм,*
*Iущхьэр ныIуощIэ махуэщIэм.*

– гугъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ къаруушхуэ зэрыхэлъым:

*Мастэнэм фIэлъми ди гъащIэр,*
*Мэгугъэ щIылъэ гумащIэр.*



– емрэ фIымрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжым, ахэр зэрытемыгъакIуэу сыт хуэдэ лъэхъэни къызэрыдекIуэкIым:

*Хъуапсэу удзыпцIэ къыхэжыр*
*Атом гыным йопэмыр:*
*ГъащIэр ажалым йобэныр,*
*КъебгъэрыкIуами, дигуэжу.*

– фыгъуэмрэ фитIнэмрэ псэ къабзэм зэрытегуплIэм:

*Игу утIыпщар фIым хуэхъуапсэу,*
*Псэ къабзэ губгъуэм щылажьэм,*
*Йопль фыгъуэнэдыр щхьэлажьэу,*
*И гур мэуфIыцIыр, кIэгъуасэу.*

«Жьыбгъэ» тхыгъэм хыхьэ сонетхэр инджылыз фащэм иту тхащ – катренищрэ кIэIунэ езытыж сатыритIу зэхэтщ. Ауэ абыхэм къыщыгъэсэбэпар инджылыз фащэр зэраухуэ хабзэ рифмэ зэблэдзар аракъым, атIэ франджы сонетым нэхъ хуэщ къызэщIэзыкъуэ рифмэ лIэужьыгъуэрщ. Абы щыгъуэми катрен къэскIэ рифмэщIэ къыщокIуэ (рифмэхэм зэщхь, къытезыгъазэ яхэмыту), иужьрей сатыритIыр рифмэ зэгуэгъукIэ зэдзылIащ. КIэщIу жыпIэмэ, сонет къэскIэ рифмиплI (*abba cddc effe gg*) хэтщ, зэщIэжьыуэу блы къагъэхъуу (*aa, bb, cc, dd, ee, ff, gg*). Зи гугъу тщIыр нэрылъагъу хъун папщIэ, япэ сонетыр щапхъэу къэтхынщ:

*ЛIэщIыгъуэ бжыгъэр хуэмыбжу,* **A**
*Къежыхьыр жьыбгъэ мыпыIэм.* **B**
*Си сабиигъуэм и пыIэм* **B**
*Хиуа гынымэр къехьыжыр.* **A**

*Къегъэушыжыр фочышэ* **C**
*Дадэ и куэпкъым щыжейхэр.* **D**
*Зэман блэкIахэр къиугъуейми,* **D**
*Имыгъуэтыж сэ си чышыр.* **C**

*Зэхуешэсыжри лIэщIыгъуэр,* **E**
*Зэбгъурегъэувэ зауэлIу,* **F**
*Езыр, йожьэжри, зекIуэлIу,* **F**
*Хошыпсыхьыжыр гын Iугъуэм.* **E**

*Къыхольэтыжри зэщыджэу,* **G**
*Жьыбгъэм схуеIуатэ тельыджэ.* **G**

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIауэ, мыбдежым рифмиплI (*ABBA CDDC EFFE GG*) хэтщ, зэщIэжьыуэу блы къагъэхъуу (*AA, BB, CC, DD, EE, FF, GG*). Инджылыз сонетым и ухуэкIэ хабзэм къызэригъэувымкIэ, цIыхухъу рифмэмрэ цIыхубз рифмэмрэ зэблэдзауэ захъуэжурэ щытыпхъэт, ауэ къэтхьа сонетыр зэрыщыту цIыхубз рифмэ лIэужьыгъуэмкIэ тхащ.



«Жьыбгъэ» сонет Iэрамэм хэт сонетхэр зы жыпхъэкIэ тхакъым, атIэ зы тхыгъэм и кIуэцIкIэ жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхэухуэнащ, логаэд къагъэхъуу. Псалъэм папщIэ, зы сатырым къриубыдэу пычыгъуищу зэхэт жыпхъэхэр – хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, дактилымрэ амфибрахиемрэ – щызэдзылIауэ урохьэлIэ. Еханэ сонетым и етIуанэ катреным и ухуэкIэр мыращ:

*ЩхьэкIэр щIаупскIэу, жыг лъэхухэр*
*Бгы нэкIум нызэрыдошыр.*
*Iуащхьэжьхэр хуэму къоушыр,*
*СхуаIуатэу тхыдэм и щэхухэр.*

*– UU / – UU / – U*
*U – U / UUU/ – U* *пир. 4 пыч.*
*U – U / – UU / – U*
U – U / – UU / – U

Къэтхьа едзыгъуэм и япэ сатырым дактилу стопаищ къыщокIуэ, къыкIэлъыкIуэ сатырищыр (етIуанэр, ещанэр, еплIанэр) зы амфибрахие стопам дактиль стопаитI щIыгъуу гъэпсащ. Апхуэдэ ухуэкIэр сонет Iэрамэм и кIыхьагъкIэ хыболъагъуэ.

КIэщт М. «Пшыналъэм и джэрпэджэж» зыфIища етIуанэ сонетыр адыгэ литературэм и лъабжьэгъэтIылъ ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу итхащ. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ ЩоджэнцIыкIум и биографиемрэ

и творчествэмрэ ятеухуа къэIуэтэныгъэ къыхощ, гъэщIэгъуэныращи, ар къызыбгъэдэкIыр, зи цIэкIэ къэIуэта хъур езы усакIуэрщ. Мис, псалъэм папщIэ, зы пычыгъуэ:

*Сытехъащ зауэм и гъуэгуанэ жагъуэм,*
*Си Iэщэ жани къалэми здэсIыгъыу.*
*Ауэ, кхъухьлъатэр хъэIуцыдзу къугъыу,*
*КъуанщIэ фIыцIэжьу, дэ къыттокIэрахъуэр.*

*Ауэ борэным зэгуэр щыщта къуршхэр?*
*Дэри, къурш блыну, дапэуващ бийхэм.*
*Уи гъусэу дисми гъущIэгъуншэ бзийхэм*
*ДыпщIэзэуфырт, лъахэ, дымыдзыхэу.*

Жанр и лъэныкъуэкIэ зи гугъу тщIы тхыгъэм и щхьэхуэныгъэр къыхэбгъэщхьэхукIмэ, ар сонет Iэрамэ-фэеплъщ («венок-посвящение» жыхуаIэращ). Апхуэдэ сонет Iэрамэ ухуэкIэ КIэщт М. япэу ди литературэм къыхихьауэ аращ, абы ипэкIэ фэеплъу гъэпса сонет Iэрамэ адыгэ литературэм хэтакъым, иужькIэ ятхауи дыщыгъуазэкъым.

«Пшыналъэм и джэрпэджэж» сонет Iэрамэм, а жыпхъэм иту адыгэ усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм еплъытмэ, эпикэм и нэщэнэхэр нэхъыбэу хыболъагъуэ: сюжет зэриIэр, къэIуэтэныгъэ зэрыхэлъыр, образ щхьэхуэ зэрыщызэфIэгъэувар, абы и гъащIэ гъуэгуанэмрэ лIыхъужьыгъэ зыхэлъ и лIэныгъэмрэ къызэрыхэщыр, н. Ар сонет Iэрамэр лиро-эпикэ жанрым зэрыщыщым иджыри зэ щыхьэт тохъуэ.

Сонет Iэрамэм хэт тхыгъэхэм я ухуэкIэ-гъэпсыкIэр, рифмэ къэгъэщIыкIэр КIэщтым нэхъапэу итха «Жьыбгъэ» сонет Iэрамэм тохуэ. «Пшыналъэм и джэрпэджэж» тхыгъэми *ABBA CDDC EFFE GG* рифмэ ухуэкIэм ущрохьэлIэ. Мис, псалъэм папщIэ, еплIанэ сонетыр:

*Псэр щIыщIэттыфыр щIым и зы IэпапIэм* **A**
*Аращ дызыпIри арщ быдзышэ IэфIкIэ.* **B**
*Ди бийр мышынэу абы къыщеIэфкIэ,* **B**
*КъытфIоукъубий, толъкъуну, губжьи бампIи.* **A**

*Ноби къинауэ ди вапIэм пхъэIэщэр,* **C**
*Щхъэщэ имыщIу тэджащ мэкъумэшыщIэр,* **D**
*Рабочэ щIалэм игъэву гум щыщIэр,* **D**
*Жыр уадэм и пIэ къищташ лъауэ Iэщэр.* **C**

*Къащташ лъэпкъ псоми: лажьэншэ хэкур,* **E**
*Блэ щIыкIэу, къипщхьауэ, я бийм яфIигъэсти,* **F**
*Псыр иригъэжыхьу, дэнэ и деж нэсми* **F**
*Хигъэсэхэжти я адэжь и жьэгур.* **E**

*Замылъытэжми псоми Дамэлейуэ,* **G**
*Уи къуэхэр щысакъым къыщыплъысым лей уэ.* **G**

«Жьыбгъэ» сонет Iэрамэми хуэдэу, «Пшыналъэм и джэрпэджэжым» усэ жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыгъэсэбэпащ. Ауэ языныкъуэхэм деж сонетым нэхъыфI дыдэу хэзагъэу къалъытэ стопаитхуу зэхэт ямбым ущрохьэлIэ. Япэ сонетым и ещанэ катреным деж:

*Ситащ сэ губгъуэм, вагъуэм ситхъэкъуауэ...*
*Мэкъуауэ джалъэу псэхухэм срагъусэу.*
*Си закъуэ дыди ситащ стхыуэ усэ,*
*Гъэмахуэ жэщри пфIэщIырт зиущэхуауэ...*

*U – / U – / U – / UU / U – / U* *пир. 8 пыч.*
*UU / U – / U – / UU / U – / U* *пир. 2, 8 пыч.*
*UU / U – / UU / – – / U – / U* *пир. 2, 4, сп*о*нд.* * *5 пыч.*
*UU / U – / U – / U U / U – U* *пир. 2, 8 пыч.*

«Пшыналъэм и джэрпэджэж» сонет Iэрамэми зы катреным и кIуэцIкIэ усэ жыпхъэ зэхуэмыдэхэр щызэдзылIа щапхъэхэр хыболъагъуэ. Псалъэм папщIэ, етхуанэ сонетым и япэ катреным щыщу япэ сатырыр стопаитхуу зэхэт хорейкIэ, етIуанэ, ещанэ, еплIанэ сатырхэр – стопаитху хъу ямбкIэ тхащ:



*Уи къуэхэр щысакъым къыщыплъысым лей уэ,*
*ЩыщэIум уипсхэр, уи сабийхэр щыгъым.*
*Гъыбзэ итхакъым си къалэм сэ сIыгъми –*
*Пшыналъэ плъакIэ къыбдигуэшт гукъеуэр.*

*– U / UU / – U / UU / – U / – U* *пир. 3, 7 пыч.*
*U – / U – / UU / U – / U – / U* *пир. 6 пыч.*
*UU / U – / UU / UU / U – / U* *пир. 2, 6, 8 пыч.*
*UU / U – / UU / U – / U – / U* *пир. 2, 6 пыч.*

Дызыхэплъахэр къызэщIэткъуэжмэ, къыхэгъэщыпхъэщ КIэщт Мухьэз и сонет Iэрамэхэр лъэпкъ литературэм, хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, усыгъэмрэ сонет жанрымрэ я зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхъуар.

90 гъэхэм къыщегъэжьауэ, сонет Iэрамэм и жыпхъэ гугъум нэгъуэщI къэбэрдей усакIуэхэми зрапщытауэ щытащ. КIэмыргуей Толэ и «Бжьэпэ» тхылъым (1994) иту «Жьыбгъэ-бгъакъэ» зыфIища сонет Iэрамэр дунейм къытехьащ. Абы зи гугъу тщIы тхыгъэр сонет Iэрамэу усакIуэм къыщигъэлъэгъуакъым, атIэ сонет тIощI зэгъэуIуауэ «Сонетхэр» фIэщыгъэм щIэту тхылъым къыщыхьащ. Ауэ сонет Iэрамэм къигъэув хабзэхэм ткIийуэ тету мыгъэпсами, «Жьыбгъэбгъакъэм» сонет Iэрамэм и нэщэнэхэр хыболъагъуэ. Абы хыхьэ сонет тIощIыр зыр зэриух сатырымкIэ адрейм къыщIидзэу зэкIэлъыхьащ. Сонетхэм хэт сатырхэр, ищхьэкIэ зэпкърытха тхыгъэхэм къащхьэщыкIыу, зэфэзэщу (катренрэ кIэIунэ езытыж сатыритIкIэ е катренрэ терцеткIэ зэпымыудауэ) зэкIэлъыхьащ. Ар щыщIэныгъэкъым, сыту жыпIэмэ апхуэдэ сонет ухуэкIэр («сплошная

* спондейр 5-нэ пычыгъуэм уващ.

форма сонета» жыхуаIэращ) жанрым зы жыпхъэ лIэужьыгъуэу къыдогъуэгурыкIуэ. Сонетхэм хэтлъагъуэ рифмэ ухуэкIэр – *AbAbCdCdEfEfGG* – инджылыз сонетым и рифмэ къэгъэщIыкIэм тохуэ (егъапщэ: *AbAb CdCd EfEf GG*). ЖытIахэр нэрылъагъу хъун папщIэ епщIанэ сонетым и щапхъэкIэ щIэдгъэбыдэнщ:

| | |
|---|---|
| *Уи лъапэр къуищми, уогъэтэдж уи пщампIэр –* | **A** |
| *Дунейр мынабгъэ, и набзийр гуэрэнщ.* | **b** |
| *Къигъуэтыж хабзэщ псым езым и жапIэр.* | **A** |
| *Уи пщIыхь щытепщэр, дауи, уэ борэнщ.* | **b** |
| *Щхъэжагъуэщ ноби гъуэгуу сфIикудахэр,* | **C** |
| *ЩIивари хъунти а щIыкIейм пхъэнкIийм,* | **d** |
| *Зэхимыхыжу къэзылъхуам и дахэ* | **C** |
| *Дипхъари пщIэжкъэ хамэщI и къуэкIийм.* | **d** |
| *УIэгъэжь щIыкIэу, куэд къысфIоетэжыр.* | **E** |
| *Жылагъуэ пщIейхэр сахуэм хотэджыкI.* | **f** |
| *ИтIани, плъагъурэ, псэущ си гукъыдэжыр.* | **E** |
| *Лъэпкъ тхыдэ напэм пэжыр къызоджыкI.* | **f** |
| *ГулыцI зимыIэм щыIэн нэхъ тхъэмыщкIэ?..* | **G** |
| *ФIэщхъуныгъэншэ Алыхьым симыщIкIэ!* | **G** |

И ухуэкIэр зэфэзэщу (зэпымыудауэ) зэрыщытым емылъытауэ, мы сонетым хэтлъагъуэ рифмэ къэгъэщIыкIэмкIэ IупщIу катренищрэ кIэух сатыритIрэ къыхощ.

«Жьыбгъэ-бгъакъэм» хэт сонет псори, зэзэмызэххэ хабзэм щытекI къэхъуми, нэмыщIыса гуэрхэри хэплъагъуэми, сонетымкIэ нэхъ езэгъырабгъуу къалъытэ стопаитху е стопаих ямбымкIэ тхащ. Абы щыгъуэми, жанрым къызэригъэуву, цIыхубз рифмэмрэ цIыхухъу рифмэмрэ зэблэдзауэрэ къыщытрегъэзэж. ИщхьэкIэ къэтхьа епщIанэ сонетым и япэ катреным и ухуэкIэр мыращ:

| | |
|---|---|
| *U – / U – / UU / U – / U – / U* | *пир. 6 пыч.* |
| *U – / U – / UU / U – / U –* | *пир. 6 пыч.* |
| *UU / U – / U – / U – / U – / U* | *пир. 2 пыч.* |
| *U – / U – / U – / U – / U –* | |

Мыбдежым япэ сатырыр стопаих хъу ямбкIэ, къыкIэлъыкIуэ сатырищыр стопа тхурытхуу зэхэт ямбкIэ тхащ.

Мис иджыри зы щапхъэ, епщыкIубгъуанэ сонетым къыхэтхауэ:

*УнкIыфI-пынэжу маблэ си уэздыгъэр.*
*«Зэрыгъу-зэрышхыу» кIапсэр арагъэнщ.*
*Зэхешэ пшапэм нэхъри и кIыфIыгъэр.*
*Къэмыхъуа хуэдэщ зэи зыщигъэнщI.*

| | |
|---|---|
| *U – / U – / U – / UU / U – / U* | *пир. 8 пыч.* |
| *U – / U – / U – / UU / U –* | *пир. 8 пыч.* |
| *U – / U – / U – / UU / U – / U* | *пир. 6 пыч.* |
| *UU / U – / U – / UU / U –* | *пир. 2, 8 пыч.* |

Мыбдежым катреныр зэрыщыту стопаитхуу зэхэт ямбкIэ тхащ.

ИщхьэкIи зэрыщыжытIащи, КIэмыргуей Толэ и «Жьыбгъэ-бгъакъэ» тхыгъэм сонет Iэрамэм и жыпхъэм изыгъэзагъэ нэщэнэхэри абы пэщIэуэ ныкъусаныгъэ гуэрхэри дыболъагъу. Сонет Iэрамэм магистрал (епщыкIутхуанэ) сонетым къалэн ин щигъэзащIэмэ (абы и сатырхэр ипэ къит сонет пщыкIуплIым зырызыххэу ятеугуэшауэрэ пэщIэдзэ яхуохъу), апхуэдэ КIэмыргуейм и тхыгъэм иIэкъым, иIэнкIи Iэмал зимыIэт, сыту жыпIэмэ абы хэт сонет пщыкIубгъум я пэщIэдзэ сатырхэр зэхэбгъэувэжмэ, сатыр пщыкIубгъуу зэхэт тхыгъэ къыщIедз, бжыгъэр апхуэдизым нэса нэужь ар сонет хъужыркъым. Пэжщ, сатыр пщыкIуплIым щIигъу сонет лIэужьыгъуэхэри щыIэщ, «кIапэ (е кIэ) зыпыт сонеткIэ» еджэу («сонет с кодой» е «хвостатый сонет» фIэщыгъэ иIэу), арщхьэкIэ апхуэдэ сонетым хыхьэ сатыр пщыкIуплIым щIагъуж хабзэр е зы сатырщ, е зы терцетщ (сатырищ). КIэмыргуей Т. и тхыгъэм магистрал хуищIамэ, абы сатыритху щIигъунут. Дауэ мыхъуми, дэ дызэреплъымкIэ, магистрал сонет зэрыхэмытым къыхэкIкIэ «Жьыбгъэ-бгъакъэ» тхыгъэр сонет Iэрамэу щытын къанэркъым, сыту жыпIэмэ а жыпхъэм и нэщэнэу тхыгъэм хэлъыр щыщIэныгъэхэм йобэкI.

Сонет Iэрамэм къыкIэлъыкIуэ илъэсхэми адыгэ литературэм зыщиужьащ. Псом хуэмыдэу къэбэрдей усакIуэхэм жыпхъэм и щэху псори къагъэнэIуащ, нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ жанрым – сонетым – и лъагапIэхэм нэсын яхузэфIэкIащ. Абы и щыхьэтщ совет нэужь лъэхъэнэм дунейм къытехьа дэтхэнэ сонет Iэрамэри – Уэрэзей Афлик и «Тхыдэ», «Тхыдэм къыхэIукI макъхэр», Жылэтеж Сэлэдин и «ЩIымрэ цIыхумрэ», ПщыукI Латмир и «Иджырей гупсысэхэр».

КъызэщIэкъуауэ сонет Iэрамэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, нэхъ япэу ятхахэр иужьрейхэм ебгъапщэмэ, ар адыгэ литературэм куэдкIэ зэрыщефIэкIуар нэрылъагъущ. Лъэпкъ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI сонет Iэрамэхэм ныкъусаныгъэ щхьэхуэхэр хэплъагъуэми, жыпхъэр къызэрагъэIэрыхуар икIи зэрагъэлажьэр ди литературэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ Iуэхугъуэшхуэщ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыгъэхэри лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэ инщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



9 Заказ №352

# Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ

ШЭРДЖЭС ПЩАЩЭМ

*Уезгъэщхьынут дзэл жыг гуакIуэу*
*Iуфэм Iуту зыкъизыхым.*
*Зи къудамэхэр гъэщхъауэ*
*псым и макъыр зэхэзыхым.*

*Уезгъэщхьынут щиху жыгыщIэу*
*Хъугъэпс лъэщыр зи пкъым щIэтым,*
*ЩхьэкIэр ещIэу, нэр зэрихьэу,*
*Уэгум хуеIэу зызыIэтым.*

*Уезгъэщхьынут, уи зекIуэкIэр*
*сэ щыслъагъукIэ, сфIэфIу, пщащэ,*
*Зи бгы псыгъуэр зезыгъакIуэ*
*уардэу лилие дахащэм.*

*Уезгъэщхьынут уэ индусхэм я*
*къэфакIуэ Iэзэ дыдэм,*
*Къафэу щIидзэмэ, гурыщIэр*
*вагъуэ пщалъэкIэ зылъытэм.*

*Уезгъэщхьынут... Сыт уезгъэщхькIэ,*
*Нэрылъагъур сэ жызмыIэу:*
*ЦIыхубз псоми уэрщ яхэтыр*
*Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу.*

**БАЛЬМОНТ Константин.**



**Къ**эбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщ «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм и зи чэзу зэхыхьэр хуабжьу гухэхъуэу екIуэкIащ. Зэпеуэр къыддаIыгъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Налшык къалэ ЩэнхабзэмкIэ и управленэм, «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием, нэгъуэщIхэми.

Иджы еханэу екIуэкI зэпеуэм и пщIэм илъэс къэс хэхъуэ зэпытщ. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэри къэпщытакIуэхэри зыхущIэкъур адыгэ щIалэгъуалэр лъэпкъ щэнхабзэм дегъэхьэхынырщ, адыгэ бзылъхугъэм и дахагъыр зыхуэдэр нэрылъагъу щIынырщ (дахагъэм къызэщIиубыдэр теплъэм и закъуэкъым, псэкупсэ къулеягъырщ, акъыл жанагъырщ, гупсысэ куурщ, Iэдэбагъырщ, IэпэIэсагъырщ, нэгъуэщIхэрщ). Псори дызыхущIэкъур къыдэкIуэтей пщащэхэм адыгэ бзылъхугъэ нэсым и щапхъэр зыхегъэлъхьэнырщ, ар нэгъуэщIхэм егъэлъагъунырщ, дахагъэмрэ къабзагъэмрэ зи лъабжьэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэнырщ.

Мы гъэм зи зэфIэкI зыгъэлъэгъуэну жэрдэм зыщIахэм ящыщу пщащи 5-щ республикэ зэпеуэм нэсар. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри зэхуэфащэт жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Хъыджэбзхэм я зэфIэкIымрэ Iэзагъымрэ щагъэлъэгъуэн хуейт лIэужьыгъуи 7-у зэщхьэщыха Iыхьэхэм.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэр дэтхэнэ IуэхумкIи IэщIагъэлI защIэти, утыку къипхьэр фIэкIыпIэ имыIэу нэгъэсауэ, зэгъэзэхуауэ, шэрыуэу щытыпхъэт. Абыхэм набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъынут Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Битокъу Беслъэн,** Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ центрым дэнбзэнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Елгъэр Мадинэ**, «Нарт» ООО-м и унафэщI, «Лашын» цIыхубз жылагъуэ хасэм и гуащэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, пщафIэ Iэзэ **Бжьэдыгъу Аксанэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэм зегъэужьынымкIэ и лабораторием и унафэщI **Щоджэн Iэминат**, Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием и солист, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Хьэкъул Оксанэ**, КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ **Табыщ Мурат**, режиссёр **Хьэмыкъуэ Олег**, «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм ныбжьыщIэхэм хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэнымкIэ и комиссэм и Iэтащхьэ **Сэрахъэ Алан**, Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и «Нартсанэ» къэфакIуэ ансамблым и унафэщI **Къуэжей Темыркъан**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **НэщIэпыджэ Замирэ** (къэпщытакIуэ гупым я пашэщ).



Илъэсих лъандэрэ «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр щIэщыгъуэу, гугъэзагъэу езыгъэкIуэкI **БатI Залинэрэ Къанкъул Ислъамрэ** пшыхьыр къызэIуаха нэужь, утыку къращащ нэгъабэ пщащэ зэпеуэм щытекIуа **Гъуэт Миланэ**. Къызэхуэса псоми фIыщIэ яхуищIри, ар хъыджэбзхэм ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ. Пшыхьыр къызэIуихащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Абы жиIащ мы Iуэхур къызэрырахьэжьэрэ блэкIа илъэсихым гур хэзыгъахъуэ щIэблэ дызэриIэр пщащэхэм наIуэ къызэращIыр, адыгэбзэм, адыгэ хабзэм, щэнхабзэм къыдэкIуэтей щIэблэр зэрыщIапIыкIым щыхьэт зэрытехъуэр. «Зэпеуэр зэIухауэ, нэфI-ней хэмылъу йокIуэкI, къэпщытакIуэхэр адыгэ Iуэхум хэт, адыгэбзэм ирилажьэ, адыгэ щэнхабзэм пэгъунэгъу защIэщ, сэ абыхэм я лэжьыгъэр сыт щыгъуи си нэIэ щIэтщ. Щыщыуи щымызахуи къэхъункIэ Iэмал иIэкъым, яхуэддэнукъым», – жиIащ ХьэфIыцIэм.



**Къущхьэ Iэсият.**



Джэдмыщх Даринэ.

Пщащэхэм я утыку къихьэгъуэр къэсащ. Мыпхуэдэ зэпеуэхэм щыхабзэр аращ – япэ къихьэгъуэм хъыджэбзхэм зыкърагъэцIыхун хуейуэ арати, дэтхэнэми жьакIуэу адыгэбзэ шэрыуэкIэ утыкум щыжиIащ къызыхэкIа унагъуэм, лъэпкъым я шыфэлIыфэр, езыхэм я дуней тетыкIэр, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэр, хъуэпсапIэхэр, нэгъуэщIхэри. А псори езыхэм, я унагъуэм исхэм, я ныбжьэгъухэм, зыдеджэхэм щагъусэ сурэтхэмкIэ щIэгъэбыдащ, ахэр экраным къредзэ. Адыгэ унагъуэ щапIа адыгэ пщащэхэм я «дунейм» ухэплъэну телъыджэщ, бащэкIэ узыщыгугъ щIэблэм я къэкIуэнур езыхэм зэралъагъур гъэщIэгъуэнщ, балигъ гъащIэм хэбэкъуа къудейуэ арами, абы хуаIэ еплъыкIэм удехьэх.

«Утыку ихьэгъуэ» Iыхьэм зезыпщыта ныбжьыщIэхэм зэман кIэщIым къриубыдэу зыкъыдагъэцIыхуащ икIи дэтхэнэми теухуауэ ди еплъыкIэ гуэр зэфIэуващ. Гур хэзыгъахъуэщ абыхэм я псэлъэкIэр, дуней тетыкIэр, хъуэпсапIэхэр, мурадхэр. Шэрыуэ дыдэу щымыт адыгэбзэ зыIурылъ пщащэ щхьэц кIыхьым седаIуэрт, адыгэ унагъуэ къыщыхъуа хъыджэбзым и бзэр щIэмыкъабзэмрэ апхуэдэ щыщIэныгъэ иIэу мы зэпеуэм къыхыхьэну зэрытегушхуамрэ згъэщIагъуэу. И къэпсэлъэныгъэр икIэм щынэсым жеIэ: «Хуабжьу къызохьэлъэкI сыщыцIыкIум адыгэбзэ зэрызамыгъэщIар. Сэ сыкъыдэкIуэтея нэужь, езыр-езырурэ зэзгъэщIэжауэ аращ. АдыгэбзэкIэ гупсысэурэ ар зи бзэкIэ къэзыIуэтэжыфым и насыпщ. КхъыIэ, фи бынхэм адыгэбзэ евгъащIэ», – жиIэу и тэмакъ къызэфIэзэрыхьам имыгъэпсалъэу зи нэпс къызыфIыщIэкIа пщащэм и лъэIур зи гущIэм нэмыса а пэшым щIэсакъым. Зэпеуэм хэтт адыгэбзэ шэрыуэкIэ къэпсалъэхэри, щIалэгъуэ гъащIэм удрагъэхьэхыу зи дуней тетыкIэр къэзыIуатэхэри. Апхуэдэ зы Iыхьэ къэс



Къуэныкъуей Лианэ.



Дзасэжь Лианэ.

къэпщытакIуэхэм балл бжыгъэхэр къаIэтырт, пэшым щIэсхэм я Iэгуауэмкlэ арэзы къадэхъуу.

Бзылъхугъэм и Iущагъым мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Пщащэ акъылыфIэхэр» унэтIыныгъэм ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ адыгэ псалъэжьхэмкIэ щызэпеуэн хуейуэ арати, къикIуэт яхэмыту къыщIадзащ. ИтIани, хьэрхуэрэгъум иригъэкIуэтами, ящIэ псалъэжьхэр, гузавэурэ, яIэщIэхужами, пщащитI къызэхуэнащ – Чэт Лианэрэ Къуэныкъуей Лианэрэ. Гур хигъахъуэрт а тIум я зэпеуэкIэм, псалъэжьу щыIэр гукIэ ящIэ фIэкIа умыщIэну, зэпадзыжу зыкъомрэ утыку зэдита нэужь, зым дичыхащ.

IэпэIэсагъэм Iуэхур щынэсым пщащэхэм мастэ Iуданэр зэфIащIэри, дакъикъэ бжыгъэм щэкI кIапэм щIыIу щырыщ ирадащ. ТIэкIу епIэщIэкIми, абыкIэ гурыIуэгъуэт хъыджэбзхэр а Iуэхуми зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр.



ПщэфIэныр къэзэрехъулIэр «Адыгэ шхыныгъуэхэр» унэтIыныгъэм къыгъэнэIуащ. А махуэм къэпщытакIуэхэм я Iэнэм къытрагъэува ерыскъыр унэм зэрыщапщэфIым видео трахауэ экранкIэ къагъэлъэгъуэжырт, шхыныгъуэм хэлъхэм, ар зэрапщэфI щIыкIэм тепсэлъыхьу.

КIэпхынхэр яIулърэ, Iэлъэщ цIыкIухэр ятелъу хъыджэбзхэм нэжэгъужэу къаIуэтэжырт анэхэм зыхуагъэса Iуэхугъуэхэр. ЭкранымкIэ къагъэлъагъуэрт япщэфIыну джэдыр хадэм къижыхьу зэритым деж щегъэжьауэ, Iэнэм зэрыкIуэр. Уеблэмэ пхъэ къутар унэм къыщIихьэу хьэкум мафIэ иращIэу, пэрыIэбэкIэ яжьэ-мафIэр зэригъэзэхуа нэужь, пIащIабзэу ихуурэ игъэхьэзыра щIакхъуезэтеупIэщIыкIыр тезыгъэува пщащэм и видеор фильм псо хъуат, унэлъащIэхэмрэ къигъэсэбэп хьэкъущыкъухэмрэ пасэрей лъэхъэнэм ухурагъэплъэкIыжу. Кхъуейжьапхъэ, лэкъум, дэлэн,



Чэт Лианэ.

джэд ла, щIакхъуэзэтеупIэщIыкI, лыцIыкIулыбжьэрэ пIастэрэ Iэнэм къытрагъэуващ а махуэм.

Пщащэхэр адыгэ щэнхабзэм зэрыхэтыр гукъинэжу утыку щагъэлъэгъуащ щхьэж езым и зэфIэкIымрэ тхури зэгъусэу ягъэзэщIа къафэмкIэ. «Щэнхабзэм и лъахэм» унэтIыныгъэм хэтахэр усэ къеджэнми, поэмэм щыщ пычыгъуэ жыIэнми, къэфэнми пэлъэщахэщ.

А псоми гупсысэ пыухыкIа щIэлъу утыку кърахьэрт. Теплъэгъуэ гукъинэж хъуат зы пщащэм игъэлъэгъуар. КъызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI бзылъхугъэ фащэр и пащхьэм щыфIэдзащи, толъэщIыхь, зрегъапщэ, ар щыщыгъым деж и дахагъыр и нэгу къыщIигъэхьэурэ зыщогуфIыкIыж, зыхуегъафIэ фащэм, зегъэдахэ. ЛъэныкъуэкIэ къыщытщ цIыхухъу джанэмрэ гъуэншэджымрэ тращIыкIа иджырей бзылъхугъэ фэилъхьэгъуэр. Ар къэзыухъуреихь «гупсысэхэм» пщащэр ирашажьэ, дахьэхын щхьэкIэ ямыщIэ къагъанэркъым, а фэилъхьэгъуэр щыгъмэ зэманым нэхъ декIуу, цIыхум нэхъ къахэщу, и Iэпкълъэпкъыр нэхъ екIу щIэхъукIыу, и дунейр нэхъ игъэдахэу и фIэщ ящIын мурадкIэ къыкIэрыхъыжьами ярейуэ, зрашалIэ. Адыгэ фащэм кIэлъыIэбэурэ цIыхухъу щыгъынымкIэ ирашэкI, а гупсысэхэм дахьэх, зыщIаубыдэ хуэмей-хуэмейуэрэ... ГущIыхьэщ икIи шынагъуэщ а теплъэгъуэм узригъэгупсысыр, ауэ зэпеуэм и мыхьэнэмрэ абы хэт хъыджэбзхэм я адыгагъэмрэ гур къызэрегъэгъуэтыжри, адэкIэ къыпещэ...

Хэдэгъуейт абы къыкIэлъыкIуа унэтIыныгъэм щыдагъэлъэгъуа дахагъэм. Пшыхь фащэхэр зэкIужу ящыгъыу, псы хуэм ес къэзу, утыку къихьэрт хъыджэбзхэр, дэтхэнэми адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр зыхэт, нобэрей махуэм декIу фащэхэр ящыгът, пасэм адыгэ бзылъхугъэм къигъэсэбэпу щыта хьэпшып зырыз яIыгът. «Адыгэ пщащэм и пшыхь фащэ» унэтIыныгъэм нэм щилъагъур гур хэзыгъахъуэщ, псэр зыгъэпсэхущ, гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэщ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъужщ. Сыт нэхъ дахэ адыгэ фащэм нэхърэ? Ар зыщыгъ адыгэ пщащэращ!




**Зэпеуэм хэтахэмрэ къэпщытакIуэхэмрэ.**

Иужьрей утыку къихьэгъуэм хъуэхъу зырыз жаIэн хуейуэ арати, абыи егугъуащ хъыджэбзхэр, хъуэхъур зытеухуа Iуэхугъуэхэр теплъэгъуэу къагъэлъагъуэу. Лъэтеувэм къыщыIу бзылъхугъэ хъуэхъу дахэри, зи къуэрылъху къиша нанэр хьэгъуэлIыгъуэ махуэм зэрыдэжри, нэгъуэщI куэди дагъэлъэгъуащ, хъуэхъу дахэхэр зэхыдагъэхащ.

ЖыпIэнуракъэ, гугъут къэпщытакIуэхэм я Iуэхур. Апхуэдиз гуакIуагъэ Iущагъэ зыгъэлъэгъуа пщащэ нэсхэм я нэхъыфIыр зэрызэкIэлъыкIуэу къыхэхын хуейт. «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм и хабзэм къызэригъэувым тету хъыджэбзхэм увыпIэхэр мыпхуэдэу хуагуэщащ:

«Адыгэ пщащэ-2019» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ **Къущхьэ Iэсият** (Налшык).

Япэ Адыгэ пщащэ хъуащ **Джэдмыших Даринэ** (Къундетей).

ЕтIуанэ Адыгэ пщащэр **Къуэныкъуей Лианэщ** (Тохъутэмыщей).

Ещанэ Адыгэ пщащэщ **Чэт Лианэ** (Къуэшыркъуей).

Пщащэ зэчиифIэу зэпеуэм къыщалъытащ **Дзасэжь Лианэ** (Налшык).

Зы пщащи къэнакъым Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Налшык къалэ ЩэнхабзэмкIэ и управленэм, «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я ЩIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ зрамыта. Удз гъэгъа Iэрамэхэр, «Черкесика» серием щыщу 2019 гъэм къыдэкIа тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр пщащэ псоми яритащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм.

КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствищым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием я ЩIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ увыпIэхэр къэзызыхьахэр.

Саугъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэщар, дауи, «Адыгэ пщащэ-2019» хъуа **Къущхьэ Iэсиятщ** – ар 2020 гъэм и гъэмахуэм Израилым кIуэнущ! КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри зыгъэбыдэ проект купщIафIэ иIэщ. Хамэ къэрал щыщ адыгэ сабийхэр илъэс къэс зыгъэпсэхуакIуэ къешэ, зыгуэркIэ къыхэжаныкIа хэкурыс ныбжьыщIэхэр зыплъыхьакIуэ егъакIуэ. Iэсият и кIэн къикIащ мы гъэм Израилым кIуэну, Кфар-Камэ щыпсэу адыгэхэмрэ абыхэм я щыIэкIэмрэ зригъэлъагъуну.

Саугъэт щхьэхуэхэр пщащэхэм иратащ икIи ехъуэхъуащ Кэнжэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Пщынокъуэ Олег, Къудей Владимир, Зыхьэ Оксанэ, ЩоджэнцIыкIу Леонид, Елгъэр Мадинэ, Умых Залинэ, «Жако» IэфIыкIэ щащI фабрикэм, Кэнжэ дэт «Чистюля» тыкуэным.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Мамий Аслъэн, Вындыжь Аскэр, Иуаз Азэмэт, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, пшынауэхэу Дэрокъуэ Рами, Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ, «Нал цIыкIу» ансамблым.

А пщыхьэщхьэм утыку ита пщащэхэм хуэхъуахъуэу, ахэр зыгъэхьэзырахэм фIыщIэ хуащIу, зыгъэса адэ-анэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъазэу, Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Мамий Заретэрэ абы и гупымрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ ехъуэхъуу къэпсэлъащ нэхъыжьыфIхэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, БакIуу Хъанджэрий, къэпщытакIуэ гупым хэтахэр.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ*

# БЕШТО ЗЭКИЙ И АДЫГЭ ХЬЭПШЫПХЭР

Ди лъэпкъым илъэс мин куэд хъуауэ къыдокIуэкI тхыпхъэщIыпхъэ щIын IэщIагъэр. Гъуаплъэм, гъущIым, бдзапцIэм, дыжьыным, дыщэм, фэм, пхъэм тхыпхъэ телъыджэхэр тращIэрт, къыхащIыкIырт. А IэщIагъэм ноби ирилажьэ, хамэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху IэщIагъэлI щэджащэхэр диIэщ. Зи гугъу сщIыр хэкурысхэращ. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыпхалъхьэ гушхуэныгъэм и инагъыр къэлъытэгъуейщ. Лъэпкъ IэщIагъэжьхэр мухьэжырхэм я щIэблэм къыщагъэIурыщIэм деж-щэ?! ПсалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ абы къыуит гурыщIэр. Псэм щыщ Iыхьэ гуэр хамэ щIыпIэ ущыщрихьэлIэкIэ зыхэпщIэ гуапагъэр пщалъэ гуэркIэ къыпхуэлъытэнукъым.

Апхуэдэ гурыщIэ къызитащ Тыркум щызэзгъэцIыхуа модельер-дизайнер цIэрыIуэ, зи Iэпэм дыщэ къыпыщ, дыщэми, дыжьынми, фэми, щэкIми адыгэ хьэпшып дэгъуэхэр къыхэзыщIыкI, адыгэм и цIэр зыIэт, и пщIэр зыгъэлъагэ, сыт хуэдэ лъэпкъ Iуэхуми хуэIэкIуэлъакIуэ, зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, усэбзэм зи къалэмыр хуэжан, IуэрыIуатэм кууэ хэзыщIыкI Бешто Зэкий и творчествэм. Истамбыл зы пщыхьэщхьэ дыщызэбгъэдэсати, телъыджэ сщыхъуащ: абы и Iэм имыщI, адыгэ теплъэ зримытыф зы хьэпшыпи щыIэкъым. Ахэр и щхьэ, и унагъуэ щхьэкIэ къигъэсэбэпыжым и закъуэкъым, Зэкий талантышхуэ зыбгъэдэлъ модельеру къэрал куэдым къыщацIыху, зыми щымыгъхэр ирагъэщIу гъуазджэм, щэнхабзэм хэт цIыху цIэрыIуэ куэд къыкIэлъокIуэ. ЖыIэн хуейщ абы щыгъ джани, гъуэншэджи, кIэстуми, вакъи, бгырыпхи езым и IэкIэ зэрищIыжар, абыхэм Бештохэ я лъэпкъ дамыгъэр екIурэ дахэу зэрыхилъхьэфар.



Бешто Зэкийрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ.

Зи IэрыкIхэр къэрал куэдым щызэбграх цIыху щэджащэм бгъэдэлъ зэчийр плъыфэбэу зэтопщIыкI. Аращ абы и IэдакъэщIэкIхэр щIэщыгъуэ зыщIыр, и щхьэр зыгъэлъапIэр. Iэмал гъэщIэгъуэн къыщегъэсэбэп абы и лэжьыгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы унэтIыныгъэ къыхихыу абы тету аракъым. Адыгэгу зыкIуэцIылъ цIыхухъум дежкIэ лъапIэщ къызыхэкIа лъэпкъыр, абы и къекIуэкIыкIар. Куэдым къацIыху модельер Iэзэм дежкIэ нэхъапэщ нобэ цIыхухэм я зэхэтыкIэр, зыхуэпэкIэр, гупсысэкIэр. Мис а зыкIи зэмыкIуалIэ IуэхугъуитIыр зэрипхыу телъыджэу ду-

нейм къытезыгъэхьэ ІэщІагъэлІым и творчествэр гъунапкъэншэщ. И лъэпкъым папщІэ зи псэр зытыну хьэзыр Зэкий иукъуэдийркъым адыгэ тхыпхъэщІыпхъэхэр дуней псом зэрахьэн хуейуэ, апхуэдэ дыдэуи нобэ цІыхухэм ягу ирихьыр мыращ жиІэу, купщІэ зимыІэ, гупсысэ зыщІэмылъ хьэпшып къигъэщІыркъым. Абы ипкъ иткІэ, щэнхабзэ лъагэр зи дуней цІыхум ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдекІуэкІ хьэпшыпхэмрэ абыхэм я теплъэмрэ нобэрей гъащІэм зэрекІуным хуэдэу хепщэф. Ахэр цІыхухэм щІызэбграхым, щІыпІэ куэдым щыщхэр къызэрыщІэупщІэм и щэхур къэщІэгъуейкъым: къыхиха ІэщІагъэм игури и псэри етауэ пэрыт щІалэм и Іэдакъэм къыщІэкІ псоми и лъэпкъ гупсысэмрэ и псэ Іыхьэмрэ хелъхьэфри, ар къару нэрымылъагъу хуохъу.

– Псом нэхърэ нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр, си гулъытэр зыхухэсхыр адыгэ, дунейпсо щэнхабзэм щІэуэ къыхыхьахэрщ, ижь-ижьыж лъандэрэ си лъэпкъым зэрихьа Іэщэ-фащэмрэ хьэпшыпхэмрэщ, – къыддогуашэ Зэкий. – А псори «модэкІэ» зэджэ пщалъэм изгъэзэгъэфыныр аращ си къалэн нэхъыщхьэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дунейм къэралыгъуэу тетым ягу ирихьу щатІэгъэн хуэдэу сщІын хуейщ зиужь ситыр, абы щыгъуэми адыгэ щэнхабзэм ижь къызэрыщІихуар къапщІэу, зэ ІуплъэгъуэкІэ цІыхум гу лъитэу щытын хуейщ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, зи фІагъыр лъагэ фэм къыхэщІыкІа вакъэм шым пщІэхалъхьэ шхуэр къытещынкІэ мэхъу, е уанэр цІыхубз щыгъын гуэрым дэплъагъункІэ хъунщ.



Ар Іэмал хъарзынэу къысщохъу ди лъэпкъыр адрей къомым къегъэщІыхунымкІэ. Уи щхьэм, уи лъэпкъым, уи лъахэм я закъуэ утелажьэкІэ, уи хъыбар зыми зэхихынукъым, зыми укъицІыхунукъым. Ауэ уи хьэпшыпхэмрэ къыбдекІуэкІ хабзэмрэ Іэмал гуэрхэр къэбгъэсэбэпрэ утыку къипхьэмэ, хамэхэр къридэпхьэхыфмэ, мис итІанэ уи Іуэху къикІынущ, уи щэнхабзэми нэхъ зиужьынущ, уи цІэри нэхъ жыжьэ Іунущ. Аращ модэмрэ адыгэ Іуэхумрэ зы щІэсщІар.



**Зэкий и ІэдакъэщІэкІхэр.**

Зэкий дуней псом къызэрацIыху и IэщIагъэм зэрыцIыкIурэ дехьэх. ЩIалэщIэу щыщытам и щыгъынхэм ящыщ зыгуэр къэтIэпIамэ, и анэм зыхуигъазэртэкъым, атIэ езым идыжырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къежьа хъуащ дэн-бзэным зэрыдихьэхар. ЦIыхухэм щыгъынхэр яхуиду хъуа нэужь, ар зигу ирихьыр куэдти, абыхэм трагъэгушхуэурэ фэилъхьэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, вакъэхэр, къэлътмакъхэр, бгырыпххэр, бохъшэхэр (цIыхухъухэми цIыхубзхэми яйуэ), нэгъуэщI куэди ищIу щIидзащ.

ГъэщIэгъуэнщ Зэкий и лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр. Хьэпшыпыр занщIэу етIысылIэурэ ищIу аракъым абы. АтIэ IэпщIэлъапщIагъэм и мызакъуэу, зэчий зэрыбгъэдэлъым къыхэкIкIэ, ищIыну зыхуейр япэщIыкIэ и нэгум къыщIегъэхьэ, и щхьэм щызэрегъэзахуэри, иужькIэ абы нэхъ екIуну щэкIхэкIыр е фэхэкIыр къегъуэт, итIанэ абы трищIэну тхыпхъэр къегупсыс, апхуэдэурэ зэи зыми имылъэгъуа щыгъын телъыджэ дунейм къытохьэ. Абы и закъуэ?

– Дуней псом щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ, артист куэдым утыку къызэрихьэну щыгъынхэр яхуэсщIащ сэ, – къыддогуашэ адэкIэ Бештор. – Езым фIэкIа нэгъуэщIым щымыгъ апхуэдэ вакъэхэр, фэилъхьэгъуэхэр куэдым яIэщ, ар адрей псоми къащхьэщегъэкI, зэрыжысIащи, адыгэ теплъэ зэриIэм. Ауэ мыпхуэдэ зы хьэли сиIэщ – цIыху гуэрым хьэпшып щызигъэщIым деж и теплъэр слъагъун, и псэлъэкIэр зэхэсхын, и гупсысэкIэм Iэмал имыIэу зыщызгъэгъуэзэн хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а псори хызолъытэ сэ сызыпэрыт лэжьыгъэм. ИтIанэ а цIыхум хуэсщIар игуми и псэми дыхьэ мэхъу, зыхилъхьэ щымыIэу зэрехьэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сэ блажьэу хыфIэбдзэжын щыгъын сщIыркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хьэпшыпым и нэхъыбэр IэкIэ сощI, машинэ къыщызгъэсэбэпыр зэзэмызэххэщ, апхуэдэуи си псэм щыщ Iыхьэрэ ар зейм и хьэлрэ дыщIызогъу.

А псом къадэкIуэу Бештор Зэкий и IэщIагъэм лъабжьэ хуэхъур адыгэ щэнхабзэращ. Модэр къигъэсэбэпурэ адыгэм и цIэр щIыпIэ куэдым щызэхригъэхыну аращ зыпылъыр. И щхьэм ахъшэ къыхуилэжьыж къудей мыхъуу, адыгэ зэхэщIыкI зиIэ, адыгэгу зыкIуэцIылъ щIалэм и лъэпкъ щIыхьыр япэ ирегъэщ. Абы и хъуэпсапIэщ и IэщIагъэм ирилажьэу хэкум исхэр зригъэцIыхуну, абыхэм ядэлэжьэну. Апхуэдэуи зыхунэмыса Iуэхухэмрэ и щхьэм илъ гупсысэхэмрэ куэдщи, и къалэным хуэмыщхьэхыу, жыджэру и Iуэху иужь итщ. АтIэми дэпыншэу къызэщIэплъэ гурыщIэ сытым дежи иIэщи, абы иригъэтIысэхыркъым, блэкIам къыщыхъуа мыгъуагъэхэр ди нобэм зэрыщигъэзэкIуэжыным и къарур етащ.

– Си IэщIагъэм, си лэжьыгъэм си закъуэ насыпыфIэ сищIкIэ зэфIэкIынукъым, – жеIэ абы. – Ар лъэпкъпсо Iуэхуу зэрыщытыр, сыкъызыхэкIахэм яфI зыхэлъ гуэр сэ сщIэм къыдэкIуэн зэрыхуейм срителъхьэщ. Дунейм щекIуэкIа зауэжьхэм я нэхъ гуащIэм тхьэмыщкIэ ищIа лъэпкъхэм дащыщщ дэ. Дызэбгрыпхъауэ допсэу, хэкурысхэр мащIэрэ, нэхъыбэр хамэщIхэм щыIэу. Мис апхуэдэ лей къызытехьа ди лъэпкъым сыдэIэпыкъуну сыхуейщ. Си щхьэ закъуэкIэ а псори зэрызээмышэлIэжыфынур фIыуэ къызгуроIуэ, ауэ си IэдакъэщIэкIхэмкIэ нэхъ зэпэгъунэгъу схуэщIыну пIэрэ, хамэ

щIыпIэхэм щыхэхэс адыгэхэр гурэ псэкIэ зэрызгъэщIэфыну пIэрэ, жысIэу согупсыс.

– ЦIыхум сыадыгэщ жиIэу дэткIэ ар адыгэ хъунукъым, псом нэхъ-рэ нэхъыщхьэр адыгэбзэр пIурылъынырщ. Ар пфIэкIуэдмэ, зыри уимыIэжу аращ, – жеIэ Зэкий. Езым Iурылъ адыгэбзэм и беягъыр щызгъэщIагъуэм жиIащ, ирипсалъэ къудей мыхъуу, уси зэрыритхыр. «Си усэхэр зытеухуам укъыщIэупщIэмэ, мыпхуэдэу бжесIэнущ: сэ си IэрыкI щыгъынхэм усэ яхузотх, хьэпшыпу сщIам усэ яIэщ».

Апхуэдиз къарурэ зэчийрэ зрихьэлIэ щыгъынхэр, дауи, адрейхэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ, ауэ апхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ ущрихьэлIэну-къым, уи хьэлым, уи дуней тетыкIэм ещхьу зы тыкуэни къыщыпху-хэхынукъым.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Бешто Зэкий и творчествэм и кууагъымрэ и къарум и инагъымрэ. Ар, си мызакъуэу, куэдым ягъэщIагъуэ, и цIыхугъэхэми лэжьыгъэ IуэхукIэ къыкIэлъыкIуэхэми. Езым а псор Тхьэм къыбгъэдилъхьауэ къелъытэри, мыпхуэдэ зы хъы-бар цIыкIуи ди псалъэмакъым и кIэухыу къыхелъхьэ:

– Тыркухэм мыпхуэдэ зы нэщэнэ яIэщ: «МелыIычыр уафэм къохри, и кумбыгъэм итым щыщ цIыхухэм яхуегуэш – хэт бжэмышхкIэ, хэт шынакъжьейкIэ». Иджы ар си щхьэм изохьэлIэри срогушыIэ, а мелыIычыр джэгу кIуэну пIащIэрт, игуэшыху гувэнути, сэ къыщызихьэлIам кумбыгъэм итыр псори къызитри, игуэша хуэдэу дэкIуеижащ, – мэдыхьэшх Зэкий.



**Бзылъхугъэ фащэм щыщ пкъыгъуэхэр.**

Пэж дыдэу, лъэпкъым къыдекIуэкI фIыгъуэ мылъытэхэр уи IэрыкIыу, уи анэдэлъхубзэр пщIэжу, уи хабзэр зепхьэжу, уи цIэр дуней псом щаIуатэрэ фIыуэ плъагъу IэщIагъэр уи Iэпэгъуу упсэуныр Тхьэм къыббгъэдилъхьэ насыпышхуэщ.

Бешто Зэкий Тхьэр къызэрыхуэупсахэм ящыщщ мылъку къызы-хих, и псэр зыгъэтынш, и дунейр зыгъэдахэ IэщIагъэ зэриIэр. Истам-был дыщыщызэхуэзам и мурадхэм я нэхъыщхьэм сыщыщIэупщIэм абы къызжиIат и IэдакъэщIэкIхэр Налшык щигъэлъэгъуэну

зэрихъуэпсапIэр, хэкужьым исхэр зригъэцIыхуным зэрыхуэпабгъэр. Ари зригъэхъулIащ Бештом, илъэс зыбжанэ дэкIа нэужь. ЦIыху куэдым яфIэтелъыджэу Зэкий и гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIауэ щытащ Налшык къалэ дэт, Сэралъпхэ я уардэунэм.

Абы щагъэуват пхъэм къыхэщIыкIа шы лъагэ, и пкъыр тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэгъуэну гъэдэхауэ. Псом хуэмыдэу узыIэпашэрт щэкI бзыхьэхуэ цIыкIухэм къыхэщIыкIауэ шым и теплъэр къызытещ сурэтхэм. Лъэпкъ дамыгъэхэми увыпIэ хэха щаубыдащ Зэкий и гъэлъэгъуэныгъэм. Апхуэдэуи Бештом Налшык утыку къыщрихьащ бзылъхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпшыпхэр – Iэлъынхэр, Iэпщэхъухэр, вакъэхэмрэ чысэхэмрэ, дэтхэнэми екIупс адыгэ нагъыщэхэр якIэрылъу.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIми и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр щынэрылъагъущ, и IэпщIэлъапщIагъэм псэ зэрыхэтыр зыхыбощIэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

*Нарт хъыбархэр*

# Ныбжьэгъук Iэ узэджэ хъунур

Нарт Дзэгъащтэ жьы хъури, и унэ итIысхьэжащ. Зы къуэ иIэти, къриджэри жриIащ:

– Сэ си ныбжь нэсащ, зекIуэм сахыхьэжыфынукъым. Иджы зи чэзур уэращи, зекIуэм уахыхьэмэ, лIыгъэ зыхэгъэлъ. ЛIыгъэ къыбдалъагъумэ, ныбжьэгъуи бгъуэтынщ.

Дзэгъащтэ и къуэр зекIуэм яхыхьэ хъуащ. ЗекIуэм яхэтурэ, зы илъэс дэкIащ.

– Ныбжьэгъу бгъуэта? – еупщIащ Дзэгъащтэ и къуэм, щIалэр зы илъэскIэ зекIуэм яхэта нэужь.

– Згъуэтащ, – къыжриIащ и къуэм. – Си гъунэжщ, зекIуэ сызыдежьэр си ныбжьэгъущ, сыкъэзыгъэщIэхъуни къахэкIынукъым.

– Армэ, дэгъуэщ, – жиIащ Дзэгъащтэ. – Сэ игъащIэм зекIуэм сыхэтщи, зы ныбжьэгъу фIэкIа згъуэтакъым. Уэ нэхъ лIыгъэ къыбдалъагъуагъэнщ, зы илъэсым апхуэдиз ныбжьэгъу щыбгъуэтакIэ.

«Дэгъуэщ» жиIа щхьэкIэ, игу загъэртэкъыми, и къуэм и ныбжьэгъухэр игъэунэхун мурад ищIащ. Зыбжанэ дигъэкIри, и къуэр къриджащ:

– Уи зы ныбжьэгъу сыгъэцIыху, – жери.

– УэзгъэцIыхунщ, – жиIащ и къуэм.

– СыбгъэцIыхунумэ, къэшэс, – жери Дзэгъащтэ гъуэгу техьащ, и къуэр игъэIущри.

И къуэм япэ зи цIэ къриIуа ныбжьэгъум и хьэщIэщым ихьащ Дзэгъащтэ.

– Мы щIалэм лIы IэщIэукIащ, – жриIащ Дзэгъащтэ бысымым. – ДыкъащIэ хъунукъым: щтапIэ къисшащи, уи хьэщIэщым игъэс, ди щэхур дунейм къытумыгъэхьэ. Iуэхур кIэщуэщ хъужмэ, сыкъэкIуэнщи, сэ исшыжынщ.

Зи хьэщIэщ ихьам зрилъэфыхьащ:

– ДыкъащIэ хъужыкъуэмэ, бэлыхь дыхэхуэнщ, сыти фхуэсщIэнщ – мы зымкIэ сыхэвмыгъэзыхь.

– Хъунщ, тхьэразэ къыпхухъу, – жери Дзэгъащтэ и къуэр хьэщIэщым къришыжащ.

И къуэм зи цIэ къриIуа псоми я хьэщIэщым ихьащ Дзэгъащтэ, арщхьэкIэ я щэхур зрахьэлIэн къахэкIакъым, щхьэусыгъуэ ящIурэ. Иужьым и къуэр и унэ иришэжри, и пащхьэ иригъэтIысхьащ.

– ЗекIуэ узыдежьэм ныбжьэгъу къыпхуэхъун къахэкIакъым, – жриIащ Дзэгъащтэ и къуэм. – Гузэвэгъуэ ущыхэхуэм зи щIыб къыпхуэзыгъэзам ныбжьэгъукIэ уеджэ хъунукъым. Апхуэдэ ныбжьэгъум зекIуэ удемыжьэ – гъуэгум укъытринэнщ.

Абы и ужькIэ, зекIуэ ежьэн хъумэ, ныбжьэгъурэ гъусэкIэ сакъ хъуащ Дзэгъащтэ и къуэр.

# Нарт Дзэгъащтэрэ щауэмрэ

Зы щауэ гъуэгу здытетым шууищ ирихьэлIащ. Гъуэгур зыгуэрым дитхъуати, шууищыр зэпрыкIыфыртэкъым. Гъуэгум къытенауэ тетт шууищыр.

– Хэт гъуэгур дэзытхъуар? – еупщIащ щауэр шууищым.

– Дэзытхъуам и цIэ-и щхьэ тщIэркъым. Дяпэ къищри, зы шу зэпиупщIащ гъуэгур. ЩызэпиупщIым, гъуэгур джатэмкIэ дитхъуащ, – къыжраIащ шууищым.

Ар гъэщIэгъуэн щыхъури, гъуэгур дэзытхъуа шум и лъэужьым теуващ щауэр:

– Мыр зищIысыр къэзмыщIауэ секIуэлIэжынкъым, – жери.

КIуэм-лъэурэ, зы шу щIыхьащ. Шум щIыхьэри, и ужь иуващ.

Шур къызэплъэкIакъым: уанэгум щхьэукъуауэ исщ, и джатэм щIыр детхъу. И ужь итурэ, шур къызэщыури къызэплъэкIащ:

– Си ужьыр щхьэ къэпхурэ? – жери. – Си ужь икI, фIы ухуэзэнкъым.

Ар жери щхьэукъуэжащ. Щауэри и ужь къикIыркъым. И ужь итурэ здэкIуэм, шур къызэщыури, къызэплъэкIащ аргуэру.

– Си ужь икI бжесIакъэ? – къыжриIащ шум. – Си ужь икIи, уи гъуэгу техьэж.

– УзищIысыр къызжеIэ. УзищIысыр къызжумыIауэ уи ужь сикIынукъым, – жиIащ щауэм.

– Сэ сызищIысым уи Iуэху хэлъкъым, – жери абы къыфIигъэкIакъым шум.

Шур ежьэжри зы теуэгъуэ зэпачауэ, Iуащхьэ ирихьэлIащ. Iуащхьэм нэсри шур епсыхащ. Щауэр и ужь икIатэкъыми, къеджащ.

– Уи псэр бужэгъужагъэнущ уэ щIалэм. Сэ сыздежьам сыкъэсащ. Си ужь ущимыкIынукIэ, мыдэ къызбгъэдыхьи, си шыр убыд.

Щауэр шум бгъэдыхьэри, шхуэмылакIэр иубыдащ.

– Шыр умыутIыпщ, дунейкъутэж къэхъуми, – къыжриIащ щауэм. – Сэ Iуащхьэ щIагъым сыщIыхьэнущ. Iуащхьэ щIагъым жэщибл-махуиблкIэ сыкъыщIэмыкIыжмэ, си шыр къыпхуэнащи, уи гъуэгу теувэж.

Ар жери, шым епсыха лIыр Iуащхьэ щIагъым щIыхьащ.

Зыбжанэ дэкIауэ дунейм зыкъызэщIищIащ, щыблэ уащ. Щыблэм Iуащхьэр дэзджызджащ. Жэщибл-махуиблкIэ увыIакъым щыблэмрэ уафэгъуагъуэмрэ. Iуащхьэ щIагъым щIыхьа лIым и шыр армыгъуейуэщ щауэм зэрызэтриIыгъар – щыблэмрэ уафэгъуагъуэмрэ ягъэщтати.

Еблэнэ махуэм лIыр Iуащхьэ щIагъым къыщIэкIыжащ:

– Упсэу? – жери.

– Сыпсэущ, – жиIащ щIалэм. – Дунейкъутэж сыхэтащ.

– Зы бий къысхуэнэжати, и гъуэм изукIыхьыжащ, – жиIащ лIым. – Иныжь зэшиблым а зыр къысхуэнэжат, – жери лIыр шэсыжащ.

– Ухэт? КъызэупщIым хэт сыхуэзауэ жесIэнур? – еупщIащ щIалэр шум.

– Нарт Дзэгъащтэ срихьэлIащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым, – жери шур ежьэжащ.

ЩIалэри и гъуэгу техьэжащ, нарт Дзэгъащтэ ар дилъэгъуауэ.

# Лъэбыцэжьейрэ нарт шумрэ

Нарт шу гуп епсыхауэ тхьэрыкъуэф Iэнэ бгъэдэсти, Лъэбыцэжьей и хъыбар къэхъеящ. Лъэбыцэжьей тIуащIэм дэст, и лIыгъэшыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуауэ. И хъыбар къызэрыIумкIэ, езыр лIы цIыкIут, шым шэсамэ, уанэкъуапэм къыкъуэщыркъым жыхуаIэм хуэдэт.

Лъэбыцэжьей и лIыгъэ-шыгъэм тепсэлъыхьурэ, нартхэр къызэрыгъэплъащ. Иужьым зы тэджри шэсащ:

– Зи гугъум фигъалIэр псэууэ къыфхуэсхьынщи, фи пащхьэ къизгъэувэнщ, – жери.

Шэсри гъуэгу техьащ. ТIуащIэм нэблэгъауэ, гъуэгущхьэм зы лIы лъахъшэ цIыкIу щрихьэлIащ шур.

Шур лIы цIыкIум еджащ:

– Мыдэ къызбгъэдыхьэт, – жери.

ЛIы цIыкIур къыбгъэдыхьащ.

– Лъэбыцэжьей сыкъылъежьащ. И хэщIапIэ къызжепIэн?

– Унэблэгъащ и хэщIапIэ. Гъуэгум думыдзыхмэ, гъуэгум уишэнущ, – къыжриIащ лIы цIыкIум.

Шур ежьэжащ, итIани къигъэкIэрэхъуэжри, лIы цIыкIум къыбгъэдыхьэжащ.

– Лъэбыцэжьей и хъыбар къызжепIэн: сыт и шыфэлIыфэ?

– И шыфэлIыфэкIэ сэ схуэдэнщ, – къыжриIащ лIы цIыкIум. – Сэр нэхърэ нэхъ инкъым, нэхъ цIыкIукъым.

– И джэгукIэ, и бэнэкIэ ущыгъуазэ? – еупщIащ шур лIы цIыкIум.

– Сыщыгъуазэ къудейкъым: хэтIэхэсэ дызэдэджэгу зэпытщ.

– Дауэ фызэхуэхъурэ-тIэ?

– ДызэрытегъакIуэркъым, – къыжриIащ.

– Лъэбыцэжьей уэ къыппэмылъэщынуи? – игъэщIэгъуащ нарт шум.

– ГъэщIэгъуэн щхьэ къыпщыхъуа? Фэ къызэпплъыркъэ?

– СымыгъэщIагъуэу хъурэ: Лъэбыцэжьей и хъыбар яхуэIуэтэщIыркъым, лIыгъэ-шыгъэкIэ пэлъэщын щыIэкъым жари зэхыдох. Уэ сыноплъри, пкъуэлъIауэ гу плъыстэркъым. ИтIани, дызэрытегъакIуэркъым къызжыбоIэ. Ар сщIамэ, сыкъежьэнтэкъым.

– УщIегъуэжамэ, гъэзэж: Лъэбыцэжьей и лIыгъэ-шыгъэ здынэсыр аращ, – къыжриIащ лIы цIыкIум.

– Згъэзэж хъунукъым, – жиIащ нартым. – Спхынщи, псэууэ къыфхуэсхьынщ жысIэри сыкъежьащ.

– ПщIэншэрыкIуэ ухъункIэ сошынэ. ПщIэншэрыкIуэ умыхъуну ухуеймэ, сэ укъызэбэнынщи, Лъэбыцэжьей упэлъэщынрэ упэмылъэщынрэ плъагъунщ.

Шур лIы цIыкIум бгъэдэкIуэтащ, зригъэзыхри еIэдэкъэуащ: лIы цIыкIур и пIэ икIакъым.

– Сэ сылъэсщ, уэ ушущ, – жиIащ лIы цIыкIум. – Шурылъэс



10 Заказ №20

укъыздэджэгунумэ, сыхьэзырщ. ХэтIэхэсэ жыпIэмэ, къепсых.

Нартыр епсыхащ.

– Лъэбыцэжьей дэтхэнэм нэхъ хуэIэрыхуэ?

– Уэ узэрыхуейуэ къыбдызекIуэнущ Лъэбыцэжьей.

– Абы щыгъуэ хэтIэхэсэ дызэдэджэгунщ.

– Дызэдэджэгунумэ, сыкъэбгъуэтащ.

Нартымрэ лIы цIыкIумрэ зэрыубыдащ. ХьэтIэхэсэ джэгуурэ лIы цIыкIум нартыр и пщэ гурыгъым нэс щIым хихуащ.

– Ай, емынэжьей, уи хъыбар зэраIуатэм ухуэдэщ, – къыхэпсэлъыкIащ нартыр щIым. – Сигу къеуэр си щхьэр зэрыфIэпхынуркъым. «Хэт иукIа?» жаIэмэ, «Лъэбыцэжьей иукIащ» зэрыжаIэнуращ сигу къеуэр.

Лъэбыцэжьей нартым и щхьэр фIихащ, нартым и щхьэр уанэкъуапэм ирипхыжри нартым и шыр иутIыпщыжащ.

# ПСЫМ Я НЭХЪ КЪАБЗЭР ПСЫНЭПСЩ, ГУ КЪАБЗЭ ЗИIЭР ЦIЫХУ НЭСЩ



*Хабзэм, бзэм и хъумакIуэу, лъэпкъымкIэ гууз-лыуз иIэу, лэжьыгъэ зэфIигъэкIыу «хэкупсэ нэс» зыхужыпIэ хъунухэм ящыщщ нобэ фэдгъэцIыхуну щIалэр. Гупсысэ куу, куэдым емыщхь гъащIэ еплъыкIэ иIэщ, и гукъэкIхэр тегушхуауэ наIуэ къещIыф. ЦIыху пэжщ, щхъэх зымыщIэщ, и IэщIагъэм хуэIэижьщ. АкъылкIэ зэригъэзэхуар псалъэ шэрыуэкIэ къэзыIуатэщ нобэ ди псэлъэгъур. Гу къабзэкIэ фIым хуэлажьэ щIалэм и гуащIэр псом япэу зрихъэлIэр щIалэгъуалэр, къыдэкIуэтей щIэблэр зэманым декIуу, хабзэр яIыгъыу гъэсэныр щ.*

**– Артур, журналым еджэхэм зыкъебгъэцIыхуамэ, си гуапэт.**



– Сэ Гугъуэтыжхэ сащыщщ, Урыху къуажэ сыкъыщалъхуащ, абы дэт етIуанэ курыт еджапIэм сыщеджащ. 2000 гъэм епщыкIузанэ классыр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием (иджыпсту КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым) и «Природоохранное обустройство территорий» жыхуиIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. 2005 гъэм лэжьэн щIэздзащ, IуэхущIапIэ зыбжанэ зэсхъуэкIащ. УнагъуэкIэ зэкъуэшитI дохъу, къуэш нэхъыжьыр унагъуэ щхьэхуэу Налшык дэсщ. Сэ сынэхъыщIэщи, адыгэм зэрыдихабзэу, адэ-анэм сабгъэдэсщ.

**– Сыт хуэдэт уи сабиигъуэр? Уи гум сыт нэхъ къинэжа а зэманым щыщу?**

– Хуабагъэ куэд уигу къэзыгъэкIыж упщIэщ мыр. Нобэрей зэманым ебгъапщэмэ, ди сабиигъуэр гъэщIэгъуэнт, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIати, унэм дыщIэзагъэртэкъым. Хьэблэ сабийр сытым щыгъуи дызэгъусэт, дызэрыщIэрт, хуей хъумэ, зыр адрейм къыщхьэщыжынут. ЗыгуэркIэ дызэщыхьэжми, жыжьэ нэсынутэкъым, псынщIэ дыдэу зы дыхъужт. Сэ гуапэу сигу илъщ хьэблэм дэс дэтхэнэ нэхъыжьри я нэIэ къыттету, ууей-сысейкIэ дамыгуэшу, дязыхэзымкIи жэуап яхьу фIэкIа умыщIэну, къызэрытщхьэщытар. Сигу къинащ щIымахуэм шыгу Iэжьэм дису, уэсыр «къыдэпсалъэу», ди адэм мэзым дыздишэу зэрыщытар. Дэри, къалэнышхуэ ди пщэ дэлъ хуэдэ, ди бгъэр къигъэкIауэ тфIэфIу дыкIуэрт. Апхуэдэхэращ адэ-анэмрэ бынымрэ зэгъунэгъу зыщIыр, дзыхь яку къыдэзылъхьэр.

**– Сытым нэхъ удихьэхыу щыта уи цIыкIущхьэм? Нэхъ балигъ ухъуа нэужь абыхэм захъуэжа?**

– Сытым дежи Iэдэуадэр сIэщIэлът, си IэкIэ сщIа хьэпшып унагъуэм илъыну, зэзгъэпэщыжа гуэр щыIэну сфIэфIт. Нобэми абы сытетщ, пхъэм солэжь, унэлъащIэ сощI.

**– Къыхэпха IэщIагъэм ущыхущIегъуэжа къэхъуа?**

– СхужыIэнукъым сыхущIегъуэжауэ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, IэщIагъэр цIыхум къыдалъху, балигъ хъухукIэ нэхъ наIуэ къэхъуурэ, къызыхуигъэщIар езым къыгуроIуэж. Зыхэзэгъэнур, къехъулIэнур хузэхэмыгъэкIыу имыIэщIагъэ еувалIэ, абы гугъу дехьу, и гуи, и пси бгъэдэмыхьэу илъэс бжыгъэхэр езыхьэкIи щыIэщ. Ари зы насыпыншэкIэщ. Сэ апхуэдэм щыхъума сыхъуащ.

**– Артур, щIэнығъи ббгъэдэлъщ, уи IэщIагъэри къалъыхъуэм хуэдэщ. «ЩIэныгъэ хьэмэрэ IэщIагъэ?» жаIэмэ, сытым нэхъ тебгъэчыныхьыну, е а тIур зэкъуэпч мыхъунухэм ящыщ?**

– IэщIагъэр къыузэритщ, щIэныгъэр зэрызэбгъэгъуэтщ. Уи Iэпэм къыпыкI дахагъэри, уи щхьэм илъ щIэныгъэри зыми кьыпIэщIимыхыфын беигъэщ, зэгъусэмэ уехъулIащ. Сыт хуэдэ IэщIагъэми ухуеджэн хуейщ и щэхухэр къызэIупхыу ууей дыдэ хъуным папщIэ. Уеджэ къудейкIи зэфIэкIкъым, къэбджар лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпу, уи IэщIагъэр абы иримыгъэфIакIуэмэ. Аращи, укъызыхуигъэщIа IэщIагъэр нэгъэса хъун папщIэ, абы уэри щIэныгъэкIэ удэгъуэгурыкIуэн хуейщ. Абыхэм зэкIэщIэх яIэкъым.

**– Сыт хуэдэ тхылъхэм, тхакIуэхэм нэхъ удахьэхрэ?**

– Ди IуэрыIуатэр, ди тхыдэр апхуэдизкIэ куущи, удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Нэхъыбэу щIэзджыкIхэри ди тхакIуэ, ди усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэрщ: КIыщокъуэ Алим, IутIыж Борис, Хьэх Сафарбий, нэгъуэщIхэри. ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса «Iэгуауэншэ пшыхь» тхылъыр иджыблагъэ къысIэрыхьащи, зэрытха адыгэбзэм зыщызгъэнщIыркъым. Дэтхэнэ адыгэм дежкIи щапхъэщ ХьэIупэм и бзэр, и усэ куэдым макъамэ щIэту къыпфIощI. Абыхэм адыгагъэм, цIыхугъэм, пэжыныгъэм дыкъыхураджэ, дызытет дунейм и лъапIагъэр къыдгурыIуэнымкIэ щхьэпэщ.

**– Нобэ гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм дауэ уеплърэ? Сыт тхуэхъумар, сыт тIэщIэкIар?**

– ГъащIэм икъукIэ псынщIэу зеужь, ди псэукIэр, ди лэжьыгъэр нэхъ тынш тщызыщI щIэ куэди къыхохьэ. А зэхъуэкIыныгъэхэми зыдедмыгъэкIуу хъунукъым. Ауэ дэтхэнэ зы лъэпкъри адрейхэм хэзымыгъэгъуащэр, къыхэзыгъэбелджылыкIыр и бзэмрэ и хабзэмрэщи, а тIур пхуэмыхъумэрэ – зэманым удекIукъым, атIэ къыптекIуэу аращ. Сыт зэманми и фIыпIэр къыпхухэхрэ уифIри пхуэхъумэжмэщ ущылIыфIыр.

**– ИджыпстукIэ сыт хуэдэ Iуэху нэхъ иужь уит?**

– Илъэс зыбжанэ хъуауэ «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыхэтщ. Зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зытригъащIэр ди къэкIуэнур зыщыдгъэгугъ щIэблэм ядэлэжьэнырщ. Илъэс къэс хабзэм, бзэм, псапащIэм хуэунэтIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр идогъэкIуэкI. А Iуэхугъуэхэр, удихьэх къудей мыхъуу, IэмалыншэӀу лэжьын хуейщ, сыту жыпIэмэ, лъэпкъыр щыIэным, абы зиужьыным телэжьэныр дэтхэнэ зыми и пщэрылъщ.

**– Артур, уи усыгъэхэр гъэщІэгъуэнщ, икъукІэ гупсысэшхуэ зыщІэлъщ. Уаущий, узыщІагъэгупсысыж, зыкъуагъэщІэж. Сыт хуэдэ щІыкІэкІэ уи гъащІэм къыхыхьа усэ тхыныр?**

– Сатыр хьэлэмэт гуэрхэр сигу къридзэми, къысфІэмыІуэхущэу къэнэжу, псалъэ зэгъэкІуахэр си щхьэм къыщихьэми, сфІэмыбэлыхьурэ екІуэкІащ зы зэман. Ауэрэ тхылъымпІэмрэ къалэмымрэ зэсхьэлІэн хуейуэ си псэм сызэрихуэ хъуащ. Аргуэрыжьти, стхыІами, схъумэну, сыхэлэжьыхьурэ усэм хуэзгъэкІуэну семылІалІэурэ гъэхэр кІуэрт. Илъэситху-хы хъууэ аращ тхэным нэхъ мыхьэнэ ест зэрыхъурэ, сызэрыдихьэхрэ. Нэхъыбэу къызыхэкІари сигу, сил зыщІэуз ди бзэм, ди хабзэм ягъуэта щытыкІэм шэщІауэ сигъэгупсысэ зэрыхъуар аращ.

**– Сыт уи усэхэмкІэ къэпІуэтэну, цІыхухэм нэхъыбэу гу зылъебгъэтэну узыхуейр?**

– ЗэрыжысІащи, усэхэр нэхъыбэу сигу къишхыдыкІ гупсысэхэм къытепщІыкІыжуращ. А гупсысэхэр хуэгъэзащ хабзэм, бзэм, гъэсэныгъэм, фІыри Іейри щызэпэшачэ дунейм. Бэлыхь гуэрхэр схузэфІэкІыну жысІэркъым, ауэ сыщогугъ си гупсысэкІэм, гъащІэ зыхэщІэкІэм къытехуэ щыІэну, кІуэтэху апхуэдэхэр нэхъыбэ хъуну. СыщІохъуэпс зылІ и быну дызэкъуэувэжу, адыгэлъыр къарууфІэу лъэпкъым и лъынтхуэм къыщылэжьэжыну.

**– Усэр ар зытхым и гъэсэныгъэм епхауэ пІэрэ?**



– Усэм уи щхьэ имылъ гупсысэ пхухэлъхьэнукъым. Дэтхэнэ усакІуэми и ІэдэкъэщІэкІым абы и цІыху щІыкІэр кьыпхуиІуэтэнущ. Уи псалъэ къыхэхыкІэмкІэ, къэпІэта Іуэхугъуэм тежыпІыхьымкІэ, набдзэгубдзаплъагъэмкІэ, нэгъуэщІ ІэджэмкІи къыбогъэлъагъуэ уи гъэсэныгъэри, уи гупсысэр здынэсри, уи къэухьым къиубыдыр зыхуэдизри. Усэм къеджэхэм тхылъымпІэм итым и закъуэкъым ялъагъур, сатыр зэхуакухэм нэхъыбэ къыдаджыкІ.

**– Адыгэбзэр кІуэдыжынкІэ хъуну зэрыжаІэм дауэ уеплърэ?**

– ЩІэблэр я анэдэлъхубзэм зэрыдедгъэхьэхын Іэмалыщ Іэхэр къэдмыгъуэтмэ, хэплъэгъуэщ бзэм и Іуэхур. Гущэкъу уэрэдхэм зи нанур щІэзыгъэдэІукІ анэхэри, зи къуэрылъху-пхъурылъхухэм таурыхъ хуэзыІуатэ нэхъыжьхэри ди мащІэ хъуащи, абы крикІуэр лъэпкъым и цІыхумрэ и бзэмрэ зэпэІэщІэ зэрыхъурщ. Си анэбзэр кІуэдыжыну си жьэ къысхуегъэкІуэнукъым, ауэ жызоІэ шынагъуэ къызэрыщхьэщыхьар. Адыгэу зызылъытэж цІыху къэс езыр и анэдэлъхубзэм ирипсэлъэныр, и унагъуэм ар щызэригъэкІуэныр пщэрылъу щыІэм я нэхъыщхьэщ.

**– Бзэр зыІэщІэмылъыж лъэпкъым сыт и дунейр?**

– Си зы жыІэгъуэкІэ жэуап естынщи, бзэр лъэпкъым и купщІэщи, зи бзэ кІуэда лъэпкъыр дэ купщІэншэ пэлъытэщ. Дэ купщІэншэр зэрысэбэпыншэм хуэдэщ, лъэпкъыцІэ зезыхьэу куцІ зыкІуэцІымылъыжри.

**– Ди щІалэгъуалэм сыт яжепІэфын?**

– Къалмыкъ Юрэ зэрыжиІэгъащи, сыт къэмыхъуами, узыщыщ лъэпкъым гурэ псэкІэ убгъэдэтын хуейщ. Дэнэ фыщымыІэми, фыкъызыхэкІа лъэпкъыр зыщывмыгъэгъупщэ, фи бзэ, фи хабзэ ІэщІыб

фымыщІ. Фи узыншагъэм зэран хуэхъунум пэІэщІэ зыфщІи, щІэныгъэр Іэпэгъу къэфщІ.

**– Ди адыгэ лъэпкъым сыткІэ ухуэхъуапсэрэ?**

– Зи дыгъэр сыт щыгъуи къызыхуепсу зи къуэпсыр мыгъун лъэпкъ зэкъуэт хъуну сыхуохъуапсэ.

**– ЦІыху насыпыфІэу зыкъэплъытэжрэ?**

– Насыпми еплъыкІэ щхьэхуэ хузиІэщ. «ЩыІэкъым гъащІэм насып хэха, ЦІыху насыпыншэуи къалъхуа...» Аращи, нобэ уи Іуэху дэкІмэ унасыпыфІэу, пщэдей узэрыхуейуэ зэрыщымытыжым щхьэкІэ унасыпыншэу жыпІэ хъунукъым. Нэху укъызыхуекІ дэтхэнэ зы махуэми фІы хэплъагъуэмэ, хэбгъуатэмэ, ари насыпым щыщщи, сэри насыпыфІэу зыкъызолъытэж.

*Епсэлъар* **ХЬЭЩІЭЛІ Заирэщ**

*Усэхэр* ГУГЪУЭТЫЖ Артур

* * *

Дыщэ мыщIэншэр — гъущI пщIанэщ,
Гу пщIанэ цIыхур — хьэлэлщ.
Хьэл-щэныр дахэм — цIыхум и фIыпIэщ,
Теплъэ къудейкIэ къамыщIэщ.

IэмыщIэм икIыр — уи псапэщ.
ПсэкIэ яхъумэр — цIыху напэщ.
Гъуэгу зэхэкIыпIэр дыкъуакъуэщ,
Напэр текIынум — лъэбакъуэщ.

Бакъуэм и гъуэгум хегъэщI,
Тафэри щIакъуэм дэкIыпIэу къыфIощI.
Уафэр зи плъапIэр лъатэу йопщIыхь,
ПщIыхьым щыпсэур гъащIэм хоплъыхь.



* * *

Дунеижьыр мэкIэрахъуэ:
Хэти бжьахъуэщ, хэти Iэхъуэщ,
Хэти хъупIэхэр егуэш:
Хэт и благъэщ, хэт и къуэшщ.

КъигъэхъуапIэр зэмыфэгъущ:
Хэт мэфыгъуэ, хэт мэдыгъуэ,
И пщIэнтIэпсым къыпэкIуэну фIыгъуэ
Хэти гугъэ егъэтIыгъуэ.

Хэт, ишхам кърикъеижу,
И щхьэр уафэм дрекъейр,
Хэт, къузащи къурмакъейр,
ЩогуфIыкI къылъыс щыкъуейм.

МэкIэрахъуэ щIы хъурейр
Хъуэхъуи хъуэни кърехьэкI.
Зэхьэзэхуэщи дунейр,
Гужьеяуэ дыдокIуэкI.

* * *

Доджыж дядэжьхэм я лъэужь,
Лыхъужь диIахэм я Iэужь...
Маржэ, адыгэ! ЗыкъэщIэж!
Псэр щIэзытахэм я Хэкужь
Дахуэмыфащэу гъэужь дохъуж.

* * *

ГъащIэм и купщIэм дылъыхъуэурэ,
Ди гъащIэр нэду къыщIокI.
Тыншыгъуэр лъапIэу къэтщэхуурэ,
Напэр пщIэншэу тIэщIокI.

МащIэр фIыщIэ дымыщIурэ,
Нэхъыбэ къэтлъыхъуэу дыщокI.
ЩэкI и нэхъыфIыр ди фащэурэ,
ПцIанэу дунейм дохыж.



* * *

«Сыт си лъэпкъым хуэсщIэфыну?» —
А упщIэр си щхьэм изотыж.
Сэ лъэпкъым папщIэ псэр стыфыну
ЖызоIэри, сызыщотхъуж.

Хуэщхьэпэну пIэрэ лъэпкъым,
ХэкIуэдэжкIэ щIым Iэплъэпкъыр?!
Сытехъуэну арэзы
Жэуапу згъуэтыр зыщ:

Хуэпсэу уи лъэпкъым пхулъэкIыху,
Хъуф щапхъэ дахэ упсэуху.
ЖегъэIэ хамэм уилъагъуху:
«Хуэфащэщ лъэпкъым, лъэпкъ и цIыхущ».

* * *

ЩIым къытепхыжыр тепсэрщ.
Къуэпс къызыкъуэжыр лъабжьэрщ.

Лъабжьэ быдэр — лъэпкъыщ.
Лъэпкъ и жылэр — бынщ.

* * *

БжьыхьэщIэм аргуэру жыгхэр етIэщI.
Гу лъащIэм щIэлъыр гупсысэм къетIэщI.
Къалэмым итхым тхылъымпIэр хегъэщI,
Сигу щыщIэ къэзыщIэ щымыIэ нэгъуэщI.

ЛъыхъуакIуэу цIыхупсэр ди Тхьэм къегъэщI.
Гъуэщащи си псэр, къелъыхъуэ хьэщIэщ.
ХуэщIащи зы бжэр, тоуIэ нэгъуэщI:
«ГъущIащи си Iур, Iубыгъуэ сывгъэщI».

Къыпещэ лъыхъуэным, гъуэгуанэм хегъэщI.
ПIалъэр цIыху гъащIэщ, псынщIэу мэкIуэщI.
Дыгъуасэ псэхупIэу иIащ анэ куэщI,
Нобэ и пIалъэм хэщIащ илъэс щэщI...



КъыкъуокIыр дыгъэщIэ, къегъэщIыр махуэщIэ.
Пхырешыр лъагъуэщIэ, хуэпIащIэу гъащIэщIэм.
ХагъащIэм гугъуехьхэм, уIэгъэр едыж.
Лъыхъуэну насып гукъыдэж къегъуэтыж.

* * *

ЩыIащ зэман, къалэмкIэ ятхыу тхыгъэ.
Ар мыпоэмэт, мыромант.
ЩIэупщIэрт цIыхум, и унагъуэм,
Письмо зэхуатхырт, къыхэщу гуапагъэ.

Хэмылът а тхыгъэм фэрыщIыгъэ,
ЗыхэпщIэрт цIыхум и хуабагъэ.
Яхэтт, уигу къеIэу, узыгъагъи,
УигъэгуфIэу, узыдэгъагъи.

ПIейтейуэ ежьэхэрт жэуап...
Иджы сыт диIэр? Инстаграм, ватсап...
ДогуфIэ «смайлкIэ», донэщхъей,
Спектаклым хэт актёр нэхъей.

* * *

Хэку и уасэр пщIэрэ, тIасэ? —
УпщIэм псэр егъэгузасэ.
Сегупсысмэ ди хэхэсхэм,
Гум къыхаIум хуэдэщ дзасэ.

НатIэ пхуэхъуар уимыхэкумэ,
Щыужьыхамэ мафIэр жьэгум,
ИкIам хуэдэщ дыгъэр уэгум —
УпэIэщIэщ адэжь хэкум.

## КЪЕГЪЭЗЭЖЫР ПСОМИ

Къегъэзэжыр псоми, къегъэзэж.
Япэу мывэ бгъажэм ухуозэж.
Ди IуэхущIафэхэри щхьэж
Джэрпэджэжу къытподжэж.

Къегъэзэж гуапагъэм —
ХъуэхъукIэ дэ къытхуоупсэж.
Къегъэзэж хьилагъэм —
Хъуэным хъуэн къыкIэлъадзыж.

Къегъэзэжыр псоми, къегъэзэж.
ЩIыхум и щыуагъэхэр къещIэж.
Къигъэна лъэужьхэм ироплъэж…
Ауэ… Зэман кIуам имыщIэ къэгъэзэж.



## ЖЫIЭГЪУЭХЭР

■ Уи Iэгу икIыр псапэщи, уи жып илъыр сабэщ.

■ Жыгыр мащIэм — мэзыр къуийщ, къуэш уимыIэм — гъащIэр ткIийщ.

■ ПIэхэнэу къэнам гъащIэр и мыгъуэщи, ажалым къелам и щIэщыгъуэщ.

■ Пщагъэр фIыуэ бгъэтэджынум — хэлъхьэ кIытэ, бын гъэса къэбгъэтэджынум — хабзэм щIыгъу укIытэр.

■ Уи тхьэкIумэ къицырхъар, умылъэгъуамэ, шыпсэу лъытэ. Уи IэмыщIэ мылъку къихьар, уимыпщIэнтIэпсмэ, шыпсыранэм пэлъытэ.

■ «Къэсщтэнщ» жиIэу хамэ мылъку еIэбыр мыгъуэ Iус хоIубыр.

■ ЩIыбагъкIэ убэрэ гупэкIэ убзэр зыIубыжыр и бзэрщ.

■ Бзэр лъэпкъым и псэщ, и лъапсэщ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ кIапсэщ.

■ КъарукIэ псоми уатекIуэну ухэмыт, хущIэкъу акъылкIэ ухъуну пэрыт.

■ ЧэнджэщкIэ Iущыр Iуэху щIэгъуэм щымщ.

■ Дэ кунэфи цIыху гунэфи щыIэщ.

■ Сом къэблэжьмэ, уи жып изщи, псапэ блэжьмэ, уи гур изщ.

■ Псым я нэхъ къабзэр псынэпсщ, гу къабзэ зиIэр цIыху нэсщ.

■ Зэрымытхэ къэрэндаш пэ папцIэщи, цIыху сэбэпыншэ пэ лъагэщ.

■ Жыг мыхъунур лъабжьэншэщ, лъэпкъ мыхъумыщIэр хабзэншэщ.

# ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий

# ХЬЭМРЭ ЖЫГЫМРЭ

*Рассказ*



Гъэмахуэ мазэти, июль дыгъэр жьэражьэу уафэгум итт. Дунейр апхуэдизкӀэ зэщӀэплъати, къэлдыдыным хуэдэт. ЗуплъыхьакӀи, зы тхьэмпэ закъуи хъейуэ бгъуэтынутэкъым.

ПщӀантӀэкум илъ хьэжьым и щхьэр къиӀэтри, занщӀэу иридзыхыжащ. ИужькӀэ зэуэ къыщылъэтри, иму пщӀэууэ, унэшхуэм и хъуреягъыр къижыхьу щӀидзащ. Унэм и бжи, и щхьэгъубжи гъэбыдат, цӀыху щӀэсу умыщӀэну. Хьэжьым сыт хуэдизрэ къимыжыхьами, и пэр щӀиӀуну зы жьауапӀи къыхуэгъуэтакъым.

Зыри щымыхъум, хуабэм игъэмэха хьэр кӀуэри, машинэм зэхикъутауэ щылъ и гъуэм къыбгъэдэувыӀащ. КъыбгъэдэувыӀащи, нэщхъейуэ абы йоплъри щытщ. БауэкӀэщӀ хъуарэ и Ӏупсыр къыӀурыжу здэщытым, и нэгу къыщӀыхьэжащ хьэпшыру щыщытар...

«Сыту сынасыпыфӀэт абы щыгъуэ..., — жиӀэрт игукӀэ, и нэпсыр къызэпижыхьауэ. — Мис иджыпсту хуэдэу сощӀэж мы унагъуэм я щӀалэ цӀыкӀум и фӀыгъэкӀэ мыбы сыкъызэрыщыхутар. «Папэ, папэ, сэ мы хьэ цӀыкӀуращ сызыхуейр», — жиӀэри, абы яхутекӀатэкъым. Папэри занщӀэу арэзы хъури, а и къуэ цӀыкӀум и ӀэплӀэм сису мыбы сыкъахьат. ДыкъыщыӀукӀыжым, сыкъезытам мыпхуэдэу къыщӀигъуэжат: «Фэ фызыхуейр хьэ цӀыкӀуу щытмэ, мыр фымыхь, мыр хьэшхуэ хъунущ», — жери. Ауэ абы и псалъэхэр зыми зэхихыжакъым.

Унэм дыкъызэрысыжу, хьэблэм сабийуэ дэсыр къызэжащ. Псоми саӀыгъыну хуейт, Ӏэ къыздалъэрт, псалъэ дахэхэр къызжаӀэрт. Сшхыр яфӀэмащӀэт, щӀым сынамыгъэсу сыкърахьэкӀырт.

Сэ зы хьэгъуэ схуащӀати, псысэм хэтхэм ещхьт. И зы къуапэм адакъэ сурэт тетт, мыдрей къуапэм — жьыху, жьыр къыздепщэмкӀэ зигъазэу. И джабэхэм вагъуэ сурэт хэщӀыхьыжат. СызэрышхыкӀ

фалъэр апхуэдизкIэ дахэти, узримыгъэплъ жыхуаIэм хуэдэт. И джабэхэм удз гъэгъа сурэт хэтрэ и IупщIакIэр дыщэпскIэ лэжауэ.

Мо сызыхуей псори здэзгъуэтым, сэри псынщIэ дыдэу зыкъэзужьу щIэздзащ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, нэхъ ин сыхъухукIэ, гулъытэу къысхуащIым кIэрыху хъуащ. Я псалъэ дахи зэхэзмыхыу, Iэи къыздамылъэжу тхьэмахуэ псо щыкIуэ щыIэт. Ауэрэ сагъэшхэну къащыгъупщэ хъуащ. Мис, нобэ махуиплI мэхъури, си джиймзы ерыскъы ехакъым, уеблэмэ зы псы крушкIэ сезыгъэфэн къахэкIакъым. Си Iур игъуущыкIащ...»

Хьэжьым иджыри куэд игу къигъэкIыжыну къыщIэкIынт, ауэ, хуабэм хэмытыжыф щыхъум, зричри, пщIантIэм къыдэжащ. «Си ныбжьэгъу жыг цIыкIум и деж сыкIуэнщи, абы и жьауэм зыщызгъэпщкIунщ, щхьэ баринэм жьауэшхуэ къиту щытащ. Си гукъеуэри хуэсIуэтэнщ», — жиIэрт игукIэ, здэжэм.

Хьэр жыгым и деж нэсащ, ауэ зэ IуплъэгъуэкIэ ар къыхуэцIыхужакъым. Абы жьауэ лъэпкъ ищIыртэкъым. Илъагъур и фIэщ мыхъуу, жыгым и хъуреягъыр тIэу-щэ къижыхьащ, иужькIэ и щхьэкIэм дэплъеящ. ГущIыхьэт ар зыIуплъар. Япэм щхьэ хъурейуэ, тхьэмпэ Iуву щыта жыгыр иджы щхьэгуэт, и къудамэхэри ныкъуэгъут. Къэхъуар къыгурымыIуэу, еплъу здэщытым, езы жыгыр къэпсэлъащ:

— СлIожь, си ныбжьэгъужь, сыкъыумыцIыхужу ара? Пэжыр жысIэнщи, сэри занщIэу укъысхуэцIыхужакъым, уэщхьу къыпхэнэжар уи натIэху закъуэращ.

— АтIэ, тIуми ди Iуэху щымыщIагъуэкIэ, ди мыгъуагъэ зэхуэтIуэтэнщ, — жиIащ хьэм.

Хьэм кърригъажьэри, гукъеуэу иIэр, къанэ щымыIэу, жыгым хуиIуэтащ. Мыпхуэдэуи иухыжащ:

— Аращи, си ныбжьэгъу жыг цIыкIу, уолъагъу сызэрыхуа щытыкIэр. ЗгъэзэжкIи, зыри къысхуейкъым, нэгъуэщI екIуэлIапIэ сщIыни сиIэкъым, зы чэнджэщ гуэр уэ къызумытмэ. Си гугъэнтэкъым цIыхухэр апхуэдизу гущIэгъуншэу, щIэщыгъуэщIу. СыцIыкIухукIэ, зэштегъэууэ сраIащ, иджы ин сыхъуати, хьэпшып лейм хуэдэу сыкъыхыфIадзэжащ.

Зи нэгур зэхэуауэ щыт хьэм къеплъри, жыгым хуэмурэ кърригъэжьащ:

— ЖыпIар пэжщ, си ныбжьэгъу, цIыхухэр щIэщыгъуэщIхэщ, гущIэгъунши яхэтщ, ауэ псори Iейуэ жыпIэ хъунукъым. ЦIыхуфI

куэди щыIэщ, ахэр мыхъуамэ, уэри сэри мы дуней дахэм зэи дытеплъэнутэкъым... Иджы уэ чэнджэщ уэстын и пэ къихуэу, сэ си щхьэ кърикIуами къедаIуэ. Зы махуэ гуэрым сэ сыгуфIэжу дыгъэпсым зезгъэуууэ сыщытт. Си жьауэм щIэс лIыжьхэм апхуэдизкIэ хъыбар гъэщIэгъуэн яIуатэрт, си щхьэщыгу къис бзухэм апхуэдизкIэ уэрэд дахащэ кърашырти, сыIурихыным зы мащIэт иIэжар. Шэджагъуэ нэужь хъуху уэфIу щытащ. ИужькIэ хуэм-хуэмурэ пшэхэм зэхуэсу щIадзэри, си щхьэщыгу дыдэм хуэзанщIэу пшэ фIыцIэ Iэрамэшхуэ къиуващ. Абы хэту, уафэр ину къэгъуэгъуащ, пшэ фIыцIэ зэхуэсам зы нур гуэр къыхэцIэфтри, мафIэр къыпылъэлъу, си щхьэщыгу дыдэм къихуащ, икIи си щхьэкур зэрыщыту кърисыкIащ. Сисыпэну къыщIэкIынт асыхьэту, пэгункIэ кърakIыхым хуэдэу, уэшхышхуэ къемышхамэ. Сисыпами нэхъыфIт, мыпхуэдэу сыкъэна нэхърэ. А мыгъуагъэм лъандэрэ зы цIыху къызбгъэдыхьэжыркъым. Сыт щхьэкIи къызбгъэдыхьэн, жьауэшхуэ зыщIу щыта си щхьэ баринэр сиIэжкъым. А мафIэсым и ужькIэ зы тхьэмахуэ нэхъ мыхъуми псы къысщIакIауэ щытамэ, сэ зыкъэзужьыжынут. АрщхьэкIэ ар зигу къэкIын къахэкIакъым цIыхухэм. Нэхъапэхэм щыгъуэ махуэм хуэзэу тIэу псы къысщIакIэу щытащ. Иджы жэщкIэрэ пщIыхьэпIэу солъагъу, джыдэ жан иIыгъыу, лIышхуэ гуэр къызбгъэдэту. Сэ куэд къэзгъэщIэжыну къыщIэкIынукъым, — жиIэри, жыгыр къэгъынэнащ.

Жыгым и хъыбар гуузыр хьэм и гум апхуэдизкIэ щIыхьати, ищIэнур имыщIэу щытт, жыгым къыжриIэнум пэплъэу.

— Иджы си чэнджэщым къедаIуэ, — жиIащ жыгым, хьэм зыкъыхуигъазэри. — Уэ уи Iуэхур хэплъэгъуэщ, ауэ хэкIыпIэ уиIэщ. Япэрауэ, уэ иджыри жьы ухъуакъым, уи Iэпкълъэпкъри уи дзэхэри узыншэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, еуи ежьэж. ШхапIэ гуэрым гъунэгъу зыхуэщIи, Iэдэбу, нэмысыфIэу щыс. Iэмал имыIэу, зы цIыхуфI гуэрым гу къыплъитэнущ.

— Уи чэнджэщыр сигу ирихьащ, — жиIащ хьэм. — КъызэрызжепIа дыдэм хуэдэу сщIынщ. Уэри тхьэм уигъэIуэтэж, зы тхьэмахуэ уэшхи тхьэм къыуит. Псы куэду бгъуэтмэ, зыкъэбужьыжынщ.

Абдежым жыгымрэ хьэмрэ сэлам щызэрахыжри, зэбгъэдэкIыжахэщ. Хьэм, къебэ-небэу, шхапIэ гъунэгъу здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ. Жыгри нэщхъейуэ уафэм дэплъеящ, езыр мыгъупэ щIыкIэ уэшх къешхыу, абы къыдэщIэрэщIэжыным щыгугъыу.

# Нэщэнэхэр

■ Бэзгупэр шхэмэ, пцӀы къыптралъхьэ.

■ Бзу абгъуэм уиӀэбэмэ, Ӏэ бэгу уохъу.

■ Блэ букӀар башыпэкӀэ къапщтэу ижь зыщӀумыгъэху.

■ Блэ зэраукӀа башыр къыумыщтэ.

■ Блэ щӀымахуэм плъагъумэ, тхьэ ущӀелъэӀур къыпхуещӀэ.

■ Блэгъум уемыгъу — фӀыкъым, лыр сэкӀэ къыкӀэрыбгъэжурэ пшхын хуейщ.

■ Блэгъур жьэдумычу хыфӀэбдзэу ядэртэкъым.

■ Блэм япэ шындырхъуо плъагъумэ, уи Ӏэпкълъэпкъыр псынщӀэу гъэр ибох.

■ Блэр ныкъуэукӀ пщӀауэ къэбгъэнэжыну фӀыкъым.

■ Бостейм е къэпталым и щӀыӀур зэблэппхыкӀамэ, щыгъыныщӀэ щыптӀэгъэнущ.

■ Джэдынэ зышхыр мастэнэкӀэ Ӏэзэ мэхъу.

■ Дзэлыр пхъащхьэм хэплъхьэну фӀыкъым.

■ Ежьам кӀэлъыджэртэкъым, кӀэлъыгъыртэкъым, фӀыкъым, жаӀэрти.

■ Ежьауэ кӀуэ шум и шыр пырхъамэ е хущхьамэ, фӀыкъым, къигъэзэжын хуейщ, жаӀэрт.

■ Ерыскъы зытелъ Ӏэнэм уи щӀыб хуэбгъэзэну фӀыкъым.

■ Ерыскъым уелъэпэуэну фӀыкъым, зэ дзэкъэгъуэ нэхъ мыхъуми едзакъэ, упэуджэжынщ, жаӀэрт.

■ Жэм лъхуам ущытхъумэ, зокӀуэкӀ.

■ Жэм лъхуэщӀэпам и кӀэм хъыдан плъыжь кӀэращӀэрт.

■ Жэмым и пэр щӀым егухауэ гъуэгмэ, фӀыкъым, щӀыр мэхъей, жаӀэрт.

■ Жэмым и шэр мафӀэм пэрыпкӀэмэ, жэм быдзыр зэпытхъыу жаӀэрт.

■ Жэмым и нэр топым хуэдэу къижмэ, бжьэкӀэрэфмэ, и кӀэпкъыр и кӀэбдзым фӀэкӀмэ, езыр лъакъуэ псыгъуэмэ, зэрыгъэшыфӀэм и нэщэнэщ.

■ Жэмыр жьэгъуашхэмэ, фӀыщ, гъэшыфӀэщ.

■ Жэмыр зэрылъхуа бжыгъэм и зырыз зэпытхьэлыкӀыпӀэ и бжьакъуэм къытредзэ, жаӀэрт.

■ ЗыщӀыпӀэ ӀуэхукӀэ уежьамэ, унэм ущӀэкӀауэ къэбгъэзэж хъунукъым — уздэкӀуэр къохъулӀэнукъым.

■ Зыгуэр зыфӀэкӀуэдам кхъузанэ игъэкӀэрахъуэмэ, дыгъум и щхьэр уназэ мэхъу.

■ Зыгуэр зыфӀадыгъуам шыгъум ебжурэ мафӀэм пэридзэмэ, дыгъум и щӀыфэр пӀэнкӀыу щӀедзэ.

■ Зыгуэрым уи нэр тебубыдауэ уеплъурэ уи Ӏупсыр ебгъэхмэ, абы и щхьэр уз мэхъу, нэ тохуэ.

# ПСАЛЪЭЖЬУ ЗЭХЭЛЪ ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкІуэкІыу:* **5.** ДжэдыкІампІэм ... хуэдэщ. **6.** Гур кІуэдмэ, лъэр .... **8.** Зи къуэш мащэ ... йохуэж. **10.** Уи псалъэ гъэІэси, уи ... гъэбыдэ. **11.** Уи ... уи нитІрэ. **12.** Лэжьыгъэм ... щІэныгъэми хогъуазэ. **17.** ... жьэр и лІыкІуэщ. **18.** Дэтхэнэ зыми ... иІэщ. **20.** Делэм и гъуэмылэр .... **21.** ... дыгъужь фІэбэлацэщ. **22.** ... здэщыІэм хэгъэреи щыІэщ. **26.** Къуэш егъу нэхърэ — .... **30.** Гуауэ зымылъэгъуам ... зэхищІыкІыркъым. **31.** ... пшэм щІилъафэкІэ ункІыфІыркъым. **32.** Уи щхьэ мыузу боз .... **33.** ... жьы хъумэ адэжынэ мэхъуж. **34.** ... щыту малІэ.

*Къехыу:* **1.** Лыр къэмывэу лэпс .... **2.** Нэхъыжь зымыгъэлъапIэр щхьэ ... ихуэркъым. **3.** Джэд нэхърэ ... нэхъ Iущщ. **4.** Мыщэ жея къыумыгъэуш, лIы ... умыгъэгубжь. **7.** ЩIакIуэ нэхърэ ... нэхъ благъэщ. **9.** Шу гъуэгурыкIуэм бзыпхъэ .... **13.** ... щIэхщи, зэдэпшх IэфIщ. **14.** ... уэгъурэ бадзэуэгъуэ уэлбанэрэ. **15.** Нэри ..., псэри хьэхущ. **16.** ... псори зы анэм къилъхуркъым. **17.** ... яхэтми, къахощ. **19.** Дыщэ ... нэхърэ – ди унэжь. **23.** Дзыгъуибл зэдеIэмэ, кхъуей кIадащхьэ ... . **24.** ... щынэ къилъхуркъым. **25.** Уи ... хэплъи, уи джатэ гъэдалъэ. **27.** Гунэс ямыщI ... умыщI. **28.** ... гъуэншэджрэ. **29.** Быдэ и анэ ....

---

## Нэгъабэрей ехакэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр



*ЕкIуэкIыу:* **7.** Нэхъыжь. **9.** Щэхущи. **10.** Псалъэ. **11.** Къуэш. **12.** Мастэ. **15.** Iугъуэ. **20.** ЗыхуащIэ. **21.** Тхылъыр. **25.** Iэзэгъуэ. **27.** Уэзджэр. **29.** Улъэсу. **30.** ЗанщIэу. **33.** Благъэжь. **35.** Пщэдеи. **37.** Унэкъуэщ. **40.** Бий. **42.** Лэгъуэщ. **45.** Фэр. **46.** ЩIэхщи. **48.** Гъатхэ. **49.** Уемыш.

*Къехыу:* **1.** Зэкъуэш. **2.** ЛIы. **3.** Пщым. **4.** УиIэ. **5.** Ес. **6.** Слъагъум. **8.** ЖьыфI. **10.** Псы. **13.** Адэ. **14.** Тет. **16.** Нысэ. **17.** КIапэ. **18.** ЦIыкIуу. **19.** Жылэ. **22.** Джэлам. **23.** ГуфIэгъуэ. **24.** ЗэфIэкI. **26.** Гъусэ. **28.** Зил. **31.** ЩIэщхъу. **32.** Уадэ. **33.** Бжэн. **34.** Анэм. **36.** Ипэ. **37.** Унэ. **38.** ЩищIэн. **39.** Нэмыс. **41.** ЩIэи. **42.** Лыгъэ. **43.** Щхьэм. **44.** Бэу. **47.** Щэ. **50.** Ед.

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 07.02.20. Выход в свет 13.03.20
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать
офсетная. Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.525 экз.
Заказ №352 Подписная цена на 2 месяца 34р. 73к.
Подписная цена на 6 месяцев 104р. 19к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ленинын и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».

КЪЭШЭЖ Иннэ

*12.02.1944 – 14.05.2000*

* * *

Лэкъум сигу къохьэ, адыгэ лэкъум,
Зэгуэр си анэшхуэм схуищIу щытам ещхьу.
ЩIым ерыскъыуэ щапщэфI псоми я щхьэу
КъысфIощIри –
СшхынкIэ ар сримыкъун!

Лэкъум сигу къохьэ, хъурей дахэу щIауэ,
Плъыжьыбзэу жьауэ нартыху лэкъум IэфI.
ИIыгъыу ар си анэшхуэр къыспежьауэ
Си сабиигъуэм сепщIыхьын сэ сфIэфIщ.

Си сабиигъуэу сэхуран дагъэмэ,
Жьэгу Iугъуэ гуакIуэм и мэ къызыпих,
Сыт хъунт зы махуэ узиIэжыгъамэ,
АрщхьэкIэ сыноджакIэ –
Зэхыумых!

Псы хуэлIэу гъуэгурыкIуэ итым къум,
Хуэдабзэу нобэ лэкъум IэфI сигу къохьэ.
Ауэ си анэшхуэм мэсеиж и кхъащхьэр,
Си анэм ар щиIуэхукъым ди къалащхьэм,
Сэращи –
Сэ схуэпщэфIыркъым лэкъум.

*ЗэзыдзэкIар* **БИЦУ Анатолэщ**